M.Seytimbetov, S.Saymanov

# ULLÍ JIPEK JOLÍ HÁM ONÍŃ ADAMZAT TARIYXÍNDA TUTQAN ORNÍ



S 40

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATÍNDAǴÍ QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI

«ÓZBEKSTAN HÁM QARAQALPAQSTAN TARIYXÍ» KAFEDRASÍ

M. SEYTIMBETOV, S. SAYMANOV

# ULLÍ JIPEK JOLÍ HÁM ONÍŃ ADAMZAT TARIYXÍNDA TUTQAN ORNÍ

*(oqıw qollanba)*

NÓKIS
«QARAQALPAQSTAN»
2020

UDK: 94(4-015/5-11)(075.8)
BBK: 63.3(5 Qar) ya 7

**M.Seytimbetov, S.Saymanov.**
**«ULLÍ JIPEK JOLÍ HÁM ONÍŃ ADAMZAT TARIYXÍNDA TUTQAN ORNÍ»** [Tekst] *(oqıw qollanba)*. — Nókis:. «Qaraqalpaqstan» baspası, 2020-jıl, 144 bet.

«Ullı Jipek jolı hám onıń adamzat tariyxında tutqan ornı» atamasındağı oqıw qollanbada Batıs hám Shığıs arasında kópir xızmetin atqarğan Jipek jolınıń ótmishi, búgingi kúni hám keleshegi arnawlı túrde izertlenedi.

Bunda Ullı Jipek jolınıń qáliplesiwi, onıń rawajlanıw basqıshları, ilimiy-izertleniw tariyxı, ruwxıy hám mádeniy jańalıqlardı tarqatıwda tutqan ornı hám búgingi kúni onı tiklew boyınsha ámelge asırılıp atırğan jumıslar bayan etiledi.

Oqıw qollanba joqarı oqıw orınları studentleri hám xalqımızdıń ótmishine qızığıwshılarğa arnalğan.

*Pikir bildiriwshiler*

**B.Koshanov** — *Tariyx ilimleriniń doktorı, professor.*
**J.Aytmuratov** — *Tariyx ilimleriniń kandidatı, docent.*

QMU Ilimiy-metodikalıq Keńesi tárepinen 2020-jıl 4-marttağı 8/7.4-sanlı bayanlaması menen tastıyıqlandı hám baspağa usınıs etildi.

ISBN 978-9943-6476-5-7

BERD... ATINDAĞI
QA... LPAQ
MÁMLEKET... SITETI
MÁLIM... RESURS
590654 ... ORAYI

© «Qaraqalpaqstan» baspası, 2020.
© M.Seytimbetov, S.Saymanov, 2020.

## KIRISIW

Jáhán xalıqlarınıń tariyxı sonnan gúwalıq beredi, dúnyadağı hárbir gárezsiz mámleket xalıqaralıq sheriklikten ajıralğan halda ózi menen ózi jasawı múmkin emes. Ásirese, bul process gárezsiz rawajlanıw jolına kirgen jas mámleketler ushın júdá úlken áhmiyetke iye. Sonlıqtan, gárezsiz rawajlanıw jolın tańlap alğan hárbir mámleket jer júzilik sherikliktiń teń huqıqlı ağzası bolıwğa háreket etedi. Álbette, 1991-jılı óz gárezsizligine erisken Ózbekstan Respublikası da solar qatarına kiredi.

Jer júzilik sheriklikte «Ullı Jipek jolı» bağdarlamalarınıń tikleniwi boyınsha háreketlerde Ózbekstannıń da óz ornı bar. Óytkeni, Ózbekstan aymağı bul joldıń kesispesinde jaylasqan. Bul jerge hár qıylı mámleketlerdiń sawdagerleri, ónermentshileri, alım hám muzıka bilimdanları qádem qoyğan.

Hár qıylı xalıqlar hám mámleketler arasındağı ekonomikalıq-mádeniy baylanıslar adamzat tariyxınıń barlıq dáwirlerinde tınıshlıqqa, jaqsılıqqa hám rawajlanıwğa xızmet etip kelgen. Áyyemgi dáwir hám orta ásirlerde Shığıs hám Batıs elleri arasındağı ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarda Orta Aziya, sonıń ishinde Ózbekstan aymağı úlken áhmiyetke iye bolğanlığı belgili. Shığıs civilizaciyasınıń oraylarınan biri esaplanğan Ózbekstan ásirler dawamında Ullı Jipek jolınıń oraylıq buwını, Shığıs hám Batıs civilizaciyaları ushırasatuğın, birge islesetuğın aymaq sıpatında áhmiyetli orın tutqan.

Ullı Jipek jolı – bul xalıqaralıq baylanıslar jolı bolıp tabıladı. Áyyemgi dáwirde bul jolda tek sawda-satıq hám basqa ekonomikalıq baylanıslar ğana emes, bálkim mádeniyat hám ağartıwshılıq, ónermentshilik hám basqa kóplegen tarawlarda da óz ara almasıwlar júzege kelgen. Bul mádeniyat hám sawda aylanısına shığısta Tınısh okeanınan baslap, batısta Atlantika okeanına shekem bolğan barlıq mámleketler tartılğan. Bunday

tariyxıy procesti Ullı Jipek jolında jaylasqan áyyemgi qala hám awıl qarabaxanalarınan tabılǵan arxeologiyalıq estelikler arqalı úyreniw múmkin. Tariyx iliminiń aktual máselelerinen biri Ullı Jipek jolınıń tariyxıy mádeniy proceslerin anıqlaw bolıp tabıladı.

Ullı Jipek jolınıń payda bolıwı eller hám xalıqlar arasında bir-biri menen sawda, ilimiy hám mádeniy baylanıslardıń zárúrligine baylanıslı kelip shıqqan. Erte dáwirlerden baslap-aq Orta Aziya arqalı Evropanı Aziya menen baylanıstırǵan hár qıylı jollar payda bolǵan. Olar «shax jolı», «lazurit jolı», «batıs meridional jolı», «shiyshe jolı», «jipek jolı» hám t.b. atamalar menen atalıp kelingen.

Ullı Jipek jolı áyyemgi dáwirde hám orta ásirlerde kóplegen mámleketlerdiń hám xalıqlardıń qadaǵalawında bolıp kelgen. Bunda sogdılar, iranlılar, túrkiy qáwimler arasında talas-tartıslar bolǵan. Degen menen, mámleket basshıları onıń áhmiyetin túsingen hám joldıń qáwipsizligine ayrıqsha itibar bergen, kárwan saraylar qurdırǵan. Orta Aziya aymaǵında, sonıń ishinde Ústirt keńisliginde arxeolog alımlar tárepinen kóplegen kárwan saraylar qazıp izertlendi. Bul estelikler haqqında maǵlıwmatlar kóplegen jazba dereklerde saqlanıp qalınǵan. Jipek jolı ótken qalalar tariyxın izertlew, kárwan saraylardı ashıp tabıw hám jazba maǵlıwmatlardı ilimiy aylanısqa kirgiziw tariyxshı alımlar aldında turǵan áhmiyetli wazıypalardıń biri bolıp qalmaqta.

Kárwan jolı óz dáwiriniń ulıwma adamzatlıq nızamları menen jasadı, sonıń menen birge óziniń nızamların hám dástúrlerin payda etti. Kárwanlarǵa xızmet etken hár qıylı sociallıq qatlam wákilleri boldı. Kárwan jollarda diniy topardıń wákilleri de boldı. Olar haqıyqıy mánisinde dindi tarqatıwǵa xızmet etti. Jipek jolınıń boylarında buddizm dini keń tarqalǵan. Termiz, Dalvarzintóbe átiraplarında arxeologlar tárepinen Buddaǵa baǵıshlanǵan xramlar kóplep tabılmaqta.

Jipek jolı boyında jaylasqan mámleketler boylap tek dinlerdiń tarqalıwı bolıp ǵana qoymastan, mádeniy, sonıń ishinde muzıka, jazıwlar, úrp-ádet, dástúrler almasıwlar ámelge asırıldı.

Jipek jolınıń áhmiyetiniń biri sonnan ibarat, ol xalıqlardıń aralasıwına múmkinshilik jaratıp berdi. Jaqın hám Uzaq Shıǵıs elleri, Orta hám Oraylıq Aziya aymaǵında jasaǵan xalıqlardıń, rasalardıń aralasıwı, mádeniy almasıwlar bolıp ótti.



Jipek jolı heshkimdi sırtqa ılaqtırıp taslamastan, hámmesin birlestirdi, tuwısqan hám jaqın barlıq xalıqlardı óziniń qáwenderligine aldı. Jipek jolı boyınsha qay jerge barmasın Qıtaydan Jer Orta teńizi hám Hindstan baǵdarında, yamasa kerisinshe baǵdarda bárqulla háreketler bolıp turdı.

Qubla Aral boyınıń iri qalaları Arqa menen Qublanı, Shıǵıs penen Batıstı baylanıstırǵan Ullı Jipek jolınıń áhmiyetli buwınında jaylasqan edi. Qıtaydan jolǵa shıqqan sawda kárwanları Ferǵana oazisi, Jizzax, Samarqand, Buxara arqalı Xorezmge jetip kelgen hám sońınan Kaspiy teńiziniń arqa tárepinen aylanıp ótip Kavkaz, Ural boyı, Altın Orda, Bulgar, Rus hám Evropa mámleketlerine qaray ketken. Kárwanbasılar hám sayaxatshılar arasında «Arqa jol» dep at alǵan bul joldıń jáne bir baǵdarı Ámiwdáryanıń shep jaǵalıǵı arqalı Úrgenish, Amul-Charjaw, Merv, Seraxs qalaları arqalı ótip Awǵanstan, Iran, Hindstan hám Arab mámleketlerine jetip barǵan.

Orta Aziya, sonıń ishinde Ózbekstan aymaǵı arqalı ótken Ullı Jipek jolınıń baǵdarların izertlew, tariyxshı-sayaxatshılar tárepinen jazıp qaldırılǵan maǵlıwmatlardı úyreniw áyyemgi hám orta ásirlerdegi ullı Oraylıq Aziya civilizaciyasın ańlap jetiw hám túsiniw imkaniyatın beredi.

Ullı Jipek jolı tariyxına baylanıslı eski qoljazbalar, Qıtay jılnamaları, grek-rim alımlarınıń miynetleri, arab, parsı hám basqa tillerdegi sayaxatshılar menen elshilerdiń kúndelik dápterleri jazıp qaldırılǵan. Arxeologiyalıq qazıwlar nátiyjesinde kóplegen zatlar tabılǵan, kórkem óner estelikleri hám basqa da derekler biziń kúnimizge shekem jetip kelgen.

## ULLÍ JIPEK JOLÍN ILIMIY ÚYRENIW TARIYXÍ

XIX ásirdiń ekinshi yarımında Ullı Jipek jolı haqqında dáslepki materiallar toplandı. Shıǵıs Túrkstanda hindstanlı sayaxatshılar Muxammed ibn Xamid (1860-j.) hám Ram Chand (1873—1874-jj.) tárepinen qum astında qalıp ketken áyyemgi qalalar haqqında materiallardıń tabılıwı úlken áhmiyetke iye boldı[1].

1. Кобзева О.П. Великий Шёлковый путь и мировая цивилизация. —Т.: 2002, с. 17.

Ullı Jipek jolın izertlew ushın Rossiya Ilimler Akademiyası 1898-jılı D.A.Klemenc basshılıǵında Shıǵıs Túrkstanǵa arnawlı arxeologiyalıq ekspediciya shólkemlestiredi.

1898-jılǵı D.A.Klemenc ekspediciyası Shıǵıs Túrkstandı izertlew boyınsha alımlardıń jumısların tezlestirdi. Orta hám Shıǵıs Aziyanı úyreniw boyınsha Xalıqaralıq Associaciya shólkemlestirildi. Onıń orayı Peterburg bolıp, bul jerde Orta hám Shıǵıs Aziyanı tariyxıy, arxeologiyalıq, lingvistikalıq hám etnografiyalıq tárepten úyreniw ushın Rus komiteti shólkemlestirildi.

1900-jılı Rus arxeologiyalıq jámiyeti Tarim alabına 3 jıl múddetke ekspediciya shólkemlestiriw haqqında qarar qabıl etti. Rossiya finans ministrligi ekspediciyanı qárejet penen támiyinlewden bas tartadı. Bul jerde izertlew jumısların alıp barıwdı nemis, inglis, francuz, shved, yapon hám qıtay alımları óz qollarına aladı[2].

Rus geografiyalıq jámiyetiniń ekspediciyalarında qatnasqan alımlardan biri M.M.Berezovskiy 1905-jıldıń aqırında Kuchada *jumısın basladı hám bul* jerde 1907-jıldıń dekabrine shekem jumıs alıp bardı. M.M.Berezovskiy usı waqıt ishinde 20 áyyemgi qalalardı anıqladı. Izertlewler nátiyjesinde tabılǵan sanskrit, uyǵur, toxar, braxmi jazıwları dúnya alımlarınıń itibarın ózine tarttı.

1908-jılı rus húkimeti Shıǵıs Túrkstanǵa akademik S.F.Oldenburg basshılıǵında ekspediciya shólkemlestiriw haqqında qarar qabıl etti. 1909—1911 hám 1914—1915-jılları olar tárepinen toplanǵan etnografiyalıq hám arxeologiyalıq materiallar Orta hám Oraylıq Aziyadaǵı budda hám islam kórkem óneri haqqında ilimiy jumıslardıń júzege keliwine tiykar boldı. Bul ekspediciya tárepinen kóplegen úńgirler, budda jazıwları hám xramlar tabıldı.

1914-jılı Shıǵıs Túrkstanda rus alımlarınıń izertlewleri qayta tiklendi. Akademik S.F.Oldenburg basshılıǵında ekinshi ekspediciya Dunxuan úńgirlerinde jumıs alıp bardı. Izertlewler dawamında Shıǵıs Túrkstan hám Orta Aziya hár qıylı mádeniyatlar toplanǵan mákan ekenligi haqqında juwmaq islendi. S.F.Oldenburg

---

[2] Кобзева О.П. Великий Шёлковый путь: Анализ проблем изучения и перспектив возрождения. Автореферат диссертации на соискание ученой степени доктора исторических наук. —Т.: 2010, с. 23.



izertlewleri dawamında tapqan tabılmaların Aziya muzeyine hám Ermitajdıń Shıǵıs bólimine tapsırdı.

Patsha Rossiyası dáwirindegi izertlewlerde Ullı Jipek jolınıń tariyxına baylanıslı, máselen, trassa boyındaǵı qalalar hám qala mádeniyatın úyreniw hám basqa da tariyxıy waqıyalar haqqında hár qıylı pikirlerdi bayan etiwge itibar berilgen. Olar tiykarınan ayırım waqıyalardı bayan etiw hám ulıwma faktler menen sheklengen edi. Bul topardaǵı alımlardan N.S.Lıkoshkin, V.A.Obruchev, V.V.Bartold, I.V.Mushketovtıń[3] jumısların atap ótken maqul.

Ullı Jipek jolı tariyxın izertlewde Batıs Evropa alımlarınıń xızmeti úlken boldı. 1877-jılı Berlinde, D.Rayner baspaxanasında Ferdinand fon Rixtgofenniń kóp tomnan ibarat «Qıtay» dep atalǵan monografiyası baspadan shıǵadı. F.fon Rixtgofen (1833—1905) nemis geografı hám geologı bolıp, Qıtaydıń tábiyatın izertledi. Ol óziniń keń kólemli ilimiy jumısın tórt bólimge bóldi. Bul shıǵarmasında F.fon Rixtgofen birinshi márte Ullı Jipek jolı atamasın ilimiy aylanısqa kirgizdi.

1895-jıldıń aqırında shved geografı Sven Gedin Takla Makan qalalarına jol aladı. Onıń menen birge M.Aurel Steyn sayaxatta qatnasadı. Ol keyin Ullı Jipek jolınıń birinshi arxeologı boldı.

Ataqlı shved sayaxatshısı Sven Gedin (1865—1952-jj.) 1893—1897-jılları Tashkentte bolǵan. Sayaxattıń baslanıwında Sven Gedin Rossiya arqalı Bakuge, sońınan Samarqand qalasına temir jol transportı menen kelgen. Keyin ol Ullı Jipek jolı boyınsha Tashkent, Qoqand, Marǵulan, Osh hám Qashǵarǵa barǵan[4].

1900-jılı A. Steyn áyyemgi kárwan jolı boyınsha jolǵa shıǵadı. Jipek jolınıń qubla jolı bolǵan Xotan, Turfan, Loulandaǵı

---

[3] Лыкошкин Н.С. Очерк археологических изысканий в туркестанском крае до учреждения туркестанского кружка любителей археологии// ПТКЛА.-Вып.1.-Т., 1896; Обручев В.А. Краткий обзор экспедиций.снаряженных Русским географическим обществом для исследования материка Азии с 1846 по 1896 г. // Известия.Вост.Сиб.Отд. РГО. 1897. - Т. XXVI; Бартольд В.В. К вопросу об археологических исследованиях в Туркестане.- Т. Изд-во Бр.Каменских. 1899; Мушкетов И. Туркестан. В 2 х т. Пг.Изд-во ИРГО, 1915. Т.- 1.

[4] Джамалхаджи И.Н. Свен Гедин в Ташкенте: путешествие по Великому Шёлковому пути в XIX столстии. Буюк Ипак йўлининг ўтмиши ва хозирги куни: ривожланишнинг ижтимоий-маданий, тарихий, сиёсий ва иктисодий йўналишлари. Халкаро илмий-амалий конференция материаллари тўплами. — Т.,2013.

qazılmaları hám Dunxuandaǵı izertlewleri dawamında tabılǵan jańalıqları onıń atın pútkil dúnyaǵa málim etti.

Dunxuanda tabılǵan kóplegen materialların A.Steyn 1907-jılı Londonǵa alıp keldi hám Britaniya muzeyine tapsırdı. Aurel Steynniń jańalıǵınan soń Ullı Jipek jolı boyınsha haqıyqıy ilimiy izertlewler baslandı.

Sven Gedin Tibet, Sinczyan, Mongoliya, Shıǵıs Túrkstan, Arqa Iran, Kashmirde izertlewler alıp barǵan. Ol 1923—1935-jılları Arqa Amerika, Yaponiya, Mongoliya, Sibir hám Qıtayǵa sayaxat etedi.

XX ásir basında Ullı Jipek jolın úyreniw boyınsha keń kólemli arxeologiyalıq ekspediciyalardıń shólkemlestiriliwi menen birge, rus, nemis, francuz, inglis hám yapon alımlarınıń xalıqaralıq birge islesiwi baslandı. Usı dáwirde Oraylıq Aziyanı lingvistikalıq úyreniw boyınsha Xalıqaralıq associaciya (Rim, 1899-j.) shólkemlestirildi. Bul associaciyaǵa Franciya, Ullıbritaniya, Germaniya, Rossiya, Niderlandiya, Daniya, Shveciya, Norvegiya, Finlyandiya, Avstriya, Vengriya, Shveycariya, Italiya, AQSh hám basqa mámleketlerdiń alımları aǵza boldı.

1906—1908-jılları ataqlı francuz alımı Pol Pellio basshılıǵındaǵı ilimiy ekspediciya izertlewler alıp bardı.

Izertlewler dawamında tabılǵan materiallar tiykarında P.Pellio daosizm, buddizm hám Qıtaydaǵı shet el dinleri haqqında ilimiy jumıslar jazadı. Sinczyanda tabılǵan barlıq qoljazbaların P.Pellio Parij milliy kitapxanasına sawǵa etedi.

1920—1930-jılları Shıǵıs Túrkstan úlkesinde Ullı Jipek jolın úyreniw boyınsha birneshe ilimiy ekspediciyalar shólkemlestirildi. Amerikalı D.Uorner (1923, 1925) hám skandinaviyalılar X.Xaslund, Kristensen (1927—1930), S.Gedin (1933—1935), F.Bergman (1934) hám basqalar Shıǵıs Túrkstanda izertlewler alıp bardı.

XX ásirdiń 30—40-jılları Ullı Jipek jolı boyınsha toplanǵan materiallardı qayta islew hám olardı bahalaw boyınsha tınımsız jumıslar alıp barıldı.

Ekspediciyalar hám sayaxatshılar haqqında qızıǵarlı materiallar, Ullı Jipek jolın ilimiy úyreniw boyınsha bahalı maǵlıwmatlar I.P.Magidovichtıń[5] jumıslarında bayan etilgen.

[5] Магидович.И.П. Очерки по истории географических открытий. В-4 - х т. - М. Просвещение, 1982-1985. Бернштам А.Н. Проблемы истории Восточного Туркестана. //Вестник древней истории —М. 1947. -№2;



1946-jılı Xorezm arxeologiyalıq-etnografiyalıq ekspediyası S.P.Tolstov basshılıǵında Ústirtte izertlewler alıp baradı. S.P.Tolstov Belewlidegi kárwan saraydı: «X—XI ásirlerge tiyisli bekkem kárwan saray»[6] dep esapladı.

Ullı Jipek jolı tariyxı boyınsha áhmiyetli máseleler, sonıń ishinde onı dáwirlerge bóliw máselesi B.Ya.Stavisskiydiń izertlewlerinde sóz etiledi[7].

Shıǵıs Túrkstandı úyreniwdiń tiykarǵı basqıshların, sonıń menen birge bul jer arqalı ótken Ullı Jipek jolın izertlegen alımlar haqqında maǵlıwmatlar A.N.Bernshtam hám B.A.Litvinskiydiń ilimiy maqalalarında bayan etilgen[8].

N.X.Axmetshin óziniń eki monografiyasında Ullı Jipek jolın izertlew máselesine itibar beriw menen birge, sonday-aq, Qıtay siyasatı, ótmishtegi hám házirgi dáwirdegi geografiyalıq atamalar, sánelerdi anıqlastırıwǵa ayrıqsha itibar bergen[9].

Ullı Jipek jolın qayta tiklew mashqalası boyınsha akademik G.A.Pugachenkova redaktorlıǵında keń jámáátshilik tárepinen tayarlanıp baspadan shıǵarılǵan «На среднеазиатских трассах Великого Шёлкового пути. Очерки истории и культуры» kitabı úlken áhmiyetke iye boldı[10]. Usı jılı «Áyyemgi hám orta ásirlerde Oraylıq Aziyada Ullı Jipek jolı trassalarınıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı» atamasında ilimiy toplam baspada járiyalandı[11].

Ǵárezsizlik jılları respublika alımları tárepinen keń kólemli ilimiy miynetler baspadan shıǵarıldı. Olardan R.G.Mukminova,

[6] Толстов С.П. По следам древнехорезмской цивилизации. —М.: 1948.
[7] Ставиcский Б.Я. Великий Шёлковый путь // Культурные ценности. Международный Ежегодник. —М.:Европейский дом. 1995.
[8] Литвинский Б.А. Труды Альберта фон Лекока по древней культуре Восточного Туркестана // Народы Азии и Африки. —М. 1981. № 4; Его же Изучение древней истории и культуры Восточного Туркестана в отечественной и зарубежной науке. // Народы Азии и Африки. —М. 1982.№1; Исторические судьбы Восточного Туркестана и Средней Азии (проблемы этнокультурной общности)// Восточный Туркестан и Средняя Азия: история., культура, связи / под ред. Б.А. Литвинского. —М.: 1984.
[9] Ахметшин Н.Х. Тайны Шёлкового пути. М.: Вече, 2002. Его же. Тайны Великой пустыни. Миражи Тахла Макан. —М.: Вече. 2003.
[10] На среднсазиатских трассах Великого Шёлкового пути. Очерки истории и культуры /Под ред. Г.А. Пугаченковой. —Т. : Фан. 1990.
[11] Формирование и развитие трасс Великого Шёлкового пути в Центральной Азии в древности и средневековье; тезисы докладов международного семинара ЮНЕСКО. — Самарканд,1-6 октября 1990. —Т.,. Фан. 1990.

Ullı Jipek jolı tariyxı boyınsha alımlar tárepinen jazılǵan ilimiy jumıslar qatarında Amriddin Berdimurodov hám Shoira Indiaminovanıń «Buyuk Ipak yo'li (Qit'alar hám asrlar osha)»[19] kitabın ayrıqsha atap ótken maqul. Bul kitap áyyemgi dáwirden baslap Shıǵıs hám Batıs mámleketlerin ekonomikalıq hám mádeniy jaqtan baylanıstırıp kelgen sawda kárwan jolı – Ullı Jipek jolınıń tariyxın úyreniwge baǵıshlanǵan.

Ullı Jipek jolınıń adamzat jámiyetiniń rawajlanıwında tutqan ornı, onıń rawajlanıw basqıshları haqqında kóplegen ilimiy jumıslar baspada járiyalanǵanın aytıp ótiw zárúr. Degen menen, onıń áhmiyeti, házirgi dáwirde onı qayta tiklew máselesi, Orta Aziya aymaǵı arqalı ótken Jipek jolınıń baǵdarları, qalalar tariyxı hám basqalar ele de izertlewdi talap etip turǵan mashqalalardıń biri bolıp qalmaqta.

## ORAYLÍQ AZIYA AYMAǴÍNDA ÁYYEMGI TRANZIT JOLLARDÍŃ QÁLIPLESIWI

Oraylıq Aziya aymaǵı arqalı ótken tranzit sawda jolları ishinde Altaydan baslanıp Iran, Mesopotamiya, Arabstan hám Arqa Afrikaǵa hám Edil hám Jayıq dáryaları aralıǵındaǵı dalańlıqlardan Hindstanǵa alıp barıwshı jollar áhmiyetli orın tutqan. Sonıń menen birge, Iran hám Kishi Aziyanıń oraylıq aymaqlarınıń Altay menen baylanıslarında Qarateńizdiń arqasındaǵı dalańlıqlardan shıǵısqa qaray sozılǵan skifler úlkesi de ózine tán tranzit aymaq bolǵan. B.e.sh. I m. j. ortalarında Qarateńiz boylarınan baslanıp, Don dáryasınıń tómengi aǵısı arqalı qubla Ural, Irtısh dáryası alabı hám Altayǵa alıp barǵan hám «Dala jolı» atı menen belgili bolǵan xalıqaralıq tranzit áhmiyetke iye baylanıs jolı qáliplesken.

Grek tariyxshısı Gerodottıń parsı patshası Dara I tárepinen skifler eline shólkemlestirgen áskeriy júrislerin analiz etsek, Qarateńizdiń arqasındaǵı dalańlıqlardan Altayǵa shekem sozılǵan bul baylanıs jolı baǵdarların ayqın kóriw múmkin. Bul jol Qarateńizdiń arqasındaǵı sawda qalalarınan (Tir, Olviya, Xersones, Pantikapey hám basqalar) baslanıp, Don dáryasınıń tómengi

[19] Бердимуродов А., Индиамнова Ш. Буюк Ипак йўли (Китъалар ва асрлар оша). —Т.: «Ўзбекистон», 2017.



aǵısındaǵı Tanais qalası, tómengi Volga boyı, Aral boyı, Qubla Qazaqstan arqalı joqarı Irtısh hám Zaysan kóli aymaǵına, argishpiyler jurtı bolǵan Alay hám Shıǵıs Túrkstanǵa alıp barǵan[20]. Altaydan Evropaǵa alıp barǵan bul jol Sibir toǵaylarınıń qubla bóliminen, Ural hám Volga dáryalarınıń tómengi aǵısınan ótken. Bul jol haqqında Qıtay derekleri de maǵlıwmat beredi[21].

Altaydan Sibir hám Ural artı dalańlıqları arqalı Qarateńiz jaǵalawlarına alıp shıqqan Dala jolı xızmetiniń baslanıwı ádewir aldınıraq dáwirge barıp taqaladı. Kishi Aziyadaǵı bronza dáwirine tiyisli Xett mádeniyatına tiyisli ayırım belgiler Oraylıq Aziyadaǵı túrk-mongol qáwimleri mádeniyatına uqsaslıǵı, b.e.sh. VIII ásirlerde Altay hám Assiriya ortasında mádeniy baylanıslardıń jolǵa qoyılǵanlıǵı hám basqa maǵlıwmatlar Dala jolı xızmetin b.e.sh.II–I mıń jıllıqlarda qálipleskenin dálilleydi. Bul aymaqlardaǵı materiallıq tabılmalar da Áyyemgi Shıǵıs dúnyasınıń Altay menen ekonomikalıq-mádeniy baylanısları ádewir keń kólemde bolǵanlıǵın dálilleydi.

Mesopotamiya hám Irannıń Altay aymaǵı menen baylanıslarında Oraylıq Aziya aymaǵı da óziniń qolaylı geografiyalıq jaylasıwınan kelip shıǵa otırıp, tranzit sawda sıpatında áhmiyetli orın tutqan. B.e.sh. VIII–VII ásirlerde aymaǵımızdıń Assiriya hám Altay aymaqları menen ekonomikalıq-mádeniy baylanısları bolǵanın tastıyıqlawshı kóplegen maǵlıwmatlar buǵan dálil bola aladı. Ayırım qánigelerdiń pikirinshe, Altay xalıqları kórkem ónerinde hám Axameniyler dáwiri parsı tradiciyalarınıń payda bolıwında aymaǵımız tranzit sawda jolı sıpatında áhmiyetli orın tutqan bolıwı múmkin[22]. Altaydaǵı Pazirik qábir qorǵanlardan tabılǵan júnnen toqılǵan gilem qaldıqları óz ózgesheligi menen Orta Aziya gilemlerine uqsap ketiwin, ataqlı «Ámiwdárya ǵáziynesinde»gi altın buyımlarda ushırasatuǵın hayal súwreti, besinshi Pazirik qábir qorǵanlarınan tabılǵan gezlemedegi súwretler menen júdá uqsaslıǵın da bul aymaqlar ortasındaǵı mádeniy baylanıslar nátiyjesi sıpatında qaraw múmkin[23].

[20] Ртвеладзе Э.В. Великий Шёлковый путь. —Ташкент, 1999, с. 29.

[21] Хўжаев А. Яйлов йўли. Ўз. М.Э. —Ташкент, 2005. 10 жилд, б.362.

[22] Пьянков И.В. Бактрийский гриф в античной литературе. Сб. История и культура народов Средней Азии (древность и средние века). —М., Наука, 1976, с.23.

[23] Мавлонов Ў. Марказий Осиёнинг кадимги йўллари. —Т., «Академия», 2008, б. 90.

B.e.sh. I m.j. baslarına kelip, Altaydı Assiriya hám sońınan Axameniyler mámleketi oraylıq qalaları menen baylanıstırıwshı jollardıń eki bağdarı – skifler aymağı arqalı ótiwshi Dala jolı hám aymağımız arqalı ótiwshi jol xızmet kórsetken. Dala jolınan paydalanıw áyyemgi dáwirlerde qálipleskenine, bul jol kóshpeli sharwa qáwimlerdiń migraciyasında da úlken orın tutqanlığına shet el izertlewshileri itibar qaratqanın atap ótiw kerek[24].

Áyyemgi Shığıs mámleketlerinde hár qıylı júdá názik hám qımbat bahalı taslar, minerallar hám metalğa bolğan talap b.e.sh. I m.j. baslarında Áyyemgi Shığıs dúnyasının qúdiretli mámleketleri Assiriya, Midiya, sońınan Axamaniyler saltanatı bul ónimler bar bolğan aymaqlardı yamasa olardı alıp ketiwde tranzit áhmiyetke iye orınlardı óz qadağalawına alıwğa umtılıwı tábiyiy edi. Sońğı jıllardağı izertlewler Oraylıq Aziyanıń Áyyemgi Shığıs mámleketleri menen siyasiy baylanıslarınıń baslanıwı Axamaniyler dáwiri (b.e.sh. VI–IV ásirler)nen ádewir burın ornatılğanın kórsetpekte[25]. Orta Aziyanıń ayırım wálayatlarında Shığıs dúnyasında talap úlken bolğan ónimler ushın shiyki zat bolğan názik mineral hám metallardıń bolıwı sebep bolğanın ańlaw qıyın emes. Axamaniy húkimdarlarınan Dara II hám Artakserks II sarayında belgili bir dáwir táwip wazıypasında xızmet kórsetken grek tariyxshısı Ktesiy Knidskiy Baqtriyada gúmis hám altın kánleri bar ekenligi tuwralı xabar berse, áyyemgi parsı jazıwlarında Sogdiana hám Baqtriyadan Aldınğı Aziyağa lazurit jetkizip berilgeni haqqında mağlıwmatlar bar[26]. Ulıwma alğanda, Áyyemgi Batriya aymağın tábiyiy baylıqlarğa (altın, mıs, gúmis, lazurit h.t.b.) bay úlke sıpatında táriyplew jazba dereklerde sońğı orta ásirlerge shekem saqlanıp kelgeni málim. Bul jerde áskeriy-siyasiy qatnasıqlar ekonomikalıq faktorlar menen bekkem baylanısqan hám qosılıp ketken bolıp; jańa shiyki zat orınların tabıw zárúrligi áskeriy júrislerge de alıp kelgen. Máselen, áyyemgi grek tariyxshısı Ktesiy Assiriya húkimdarı Nin hám onıń hayalı Semiramida tárepinen b.e.sh. VIII–VII ásirler shegarasında Áyyemgi Baqtriyağa shólkemlestirilgen júrisler, sonday-aq, baqtriyalılardıń assiriyalılar

[24] Бул да сонда, б.91.
[25] Ртвеладзе Э.В. Великий Шёлковый путь. —Ташкент, 1999, с. 18-19.
[26] Сагдуллаев А. Қадимги Ўзбекистон илк ёзма манбаларда. —Т., 1996, б.27.



hám midiyalılır menen, parfiyalılar hám saklardıń midiyalılar menen urısları haqqında jazadı[27]. Áyyemgi Shığıs húkimdarlarınıń áskeriy-siyasiy maqsetlerin basqa bir derek – lazurit alıp keliw ushın (tawlı Badaxshanğa) jiberilgen, lekin lazuritti nızamsız jol menen alıp ketiwge urınğanı sebepli jergilikli xalıq qarsılığına ushırap, óz patshasınan úlken kúsh jiberiwdi hám lazuritti alıp ketiwdi sorap jazğan xatı da tastıyıqlaydı[28].

Áyyemgi Shığıs mámleketlerinde qımbat bahalı hám siyrek ushırasatuğın metallarğa, máselen, gúmis hám altınğa bolğan talap Axamaniyler dáwirinde, múmkin onnan da burınıraq, ilimiy ádebiyatlarda rasmiy túrde «Altın jolı» dep atalğan tranzit sawda jolı xızmetin payda etti. Tawlı Altaydağı altın kánlerinen baslanıp, Orta Aziya arqalı Hindstan hám Iranğa alıp baratuğın bul jol áyyemgi dáwirdiń eń úlken siyasiy hám strategiyalıq áhmiyetke iye jollarınan esaplanadı. Altayda taw kán óndirisi sońğı bronza hám erte temir dáwirlerine tuwrı keliwi, b.e.sh. I m.j. baslarında bul aymaqta altın qazıp alıw keń jolğa qoyılğanlığı haqqında juwmaq shığarıw múmkin. Áyyemgi grek dereklerinde Altaydağı qáwimler haqqında mağlıwmatlar keltirilgende, bul qáwimler «altın qarawıllaytuğın graflar» atı menen atalıwı, Altay xalıqlarınıń sırtqı baylanıslarında altın qazıp alıw jetekshi orın tutatuğınlığı haqqında áhmiyetli juwmaqlarğa keliwimiz múmkin. Bul jerde Hindstannıń arqasındağı aymaqlarda altın qazıp alınıwı hám altın qumlar arnawlı tayarlıq kórgen adamlar toparı tárepinen jasırın túrde alıp ketiliwi haqqındağı ápsanalıq mağlıwmatlar Gerodottıń dıqqatın tartadı. Altın kánlerin qarawıllaytuğın graflar hám basqa ápsanalıq haywanlar haqqındağı mağlıwmatlardı Aristey (b.e.sh. VII ásir), Ktesiy (b.e.sh. V ásir) hám basqa grek avtorları shığarmalarında da ushıratıw múmkin. Álbette, bunday gúrrińler Tibet hám Altaydağı yamasa Gobi sahrasındağı kánlerden altın qazıp alıwshı qáwimlerdiń qarsılasların qorqıtıw ushın oylap tapqan hiylelerinen biri bolıwı múmkin. Usığan qaramastan, grek avtorlarınıń mağlıwmatların analiz etken qánigeler hindstanlılar paydalanğan bul altın kánleri Tibette yamasa Altay hám Gobi sahralarında bolğanlığına itibar qaratadı. Bul altın qumlardı alıp keliwshiler

[27] Бул да сонда, б. 29.
[28] Ртвеладзе Э.В. Великий Шёлковый путь. —Ташкент, 1999, с. 18-19

altın alıw texnikasın ózlestire almaǵanı sebepli, altın qumlardı arzan bahada qánige hám sawdagerlerge tapsırǵan. Dara I diń Suzadaǵı jazıwlarında Baqtriya parsı patshalarınıń altın saqlawshı ornı (Sard qalasındaǵı ǵáziynexana menen birge) sıpatında atap ótilgenligi málim[29]. Joqarıdıǵı maǵlıwmatlardan kelip shıǵıp, Altay hám Gobi sahrası (yamasa Tibet) aymaqlarınan alınatuǵın qımbat bahalı shiyki zat – altınnıń qublaǵa alıp ótiw baǵdarların tómendegishe bolǵanın shamalaw múmkin:

Altay – Shıǵıs Túrkstan – Jetisuw – Sogd – Baqtriya.

Altay – Shıǵıs Túrkstan – Ferǵana alabı – Shash – Ustrushana –Sogd – Batriya.

Altay – Gobi sahrası – Tibet – Pamir taw dizbekleri – Baqtriya[30].

Altay kánlerinen baslanǵan altın jolınıń bir baǵdarı Oraylıq Aziyanıń ishki aymaqları arqalı da ótken. Oraylıq Aziyanıń qublası hám oraylıq aymaqlarınıń Sibir, Altay hám Shıǵıs Túrkstan menen baylanıslarında óziniń geografiyalıq jaylasıwına qaray Tashkent alabı hám Jetisuw shegaralıq aymaqlar sıpatında úlken orın tutqan. Tashkent alabında erte temir dáwirine tiyisli mákanlardan tabılǵan bronzadan islengen pıshaqlar Sibirdegi Qarasuw mádeniyatına tiyisli mákanlarda da ushırasıwı, Oraylıq Aziya – Sibir aymaqları ortasındaǵı baylanıslar baǵdarları hám bul baylanıslarda áyyemgi Shash alabınıń tutqan ornı haqqında áhmiyetli maǵlıwmatlar beredi.

Erte temir dáwirinde Orta Aziyanıń Hindstan menen baylanısları dawam etken bolıp, bul baylanıslar ámelge asırılǵan jollar baǵdarlarında bir qansha ózgerisler júz bergen. Bul dáwirde Hind dáryası alabın Hindukush taw dizbekleri arqalı Ámiwdáryanıń joqarǵı aǵısı menen baylanıstırıwshı jol Xanabaddárya hám Qundız yamasa Daren-Bangi Panj dáryaları alabı boylap ótken. Bul aralıqta Kalafagan, Kukcha, Ayxanım, Rustak, Yangiqala sıyaqlı erte temir dáwirine tiyisli mákanlardıń

29. Пьянков И.В. Бактрийский гриф в античной литературе. Сб. История и культура народов Средней Азии (древность и средние века). —М., Наука, 1976, с.25.

30. Мавлонов У. Древние пути Центральной Азии. К проблеме древних взаимосвязей Средней Азии и Алтая. (Великий Шёлковый путь. Культура и традиции. Прошлое и настоящее: Материалы международной научно-теоретической конференции. —Ташкент, 2006, 122-123)



tabılıwı bul baylanıs jolı baǵdarların anıqlawda úlken áhmiyetke iye boldı[31].

Orta Aziyanıń Hindstan menen baylanıslarında úlken orın tutqan hám neolit dáwirinde-aq ózlestirile baslanǵan taw jollarınan paydalanıw keyingi dáwirlerde jáne de kúsheydi. Baqtriya hám Sogdiana shegarasında Temir dárwaza janında áyyemgi bajıxana qaldıqlarınıń tabılıwı, grek-rim dereklerinde de taw jolları hám bálentlikleri tuwralı maǵlıwmatlar barlıǵına tiykarlanıp, b.e.sh. I m.j. ortalarında Aqqorǵan hám Tasqorǵan bálentlikleri arqalı Qashqadárya alabına ótiwshi taw jolları turaqlı xızmet kórsetkenligin aytıw múmkin. Bul dáwirde Orta Aziyanıń dala hám shólleri arqalı ótken jollardan da keń paydalanılǵan. Hindukushtan Kerki arqalı Qashqadáryanıń tómengi aǵısı hám Buxara alabına, arqada Murǵab alabına hám Ámiwdárya boylarına, Murǵab dáryasınıń tómengi aǵısınan Aral boyına, Qashqadárya Zarafshan alabına alıp barıwshı jollar Orta Aziyanıń sheksiz dala hám shólleri, sahraları arqalı ótken. Bul óz náwbetinde, áyyemgi jollar boyında qudıqlar qurıwǵa, qáwipsizligin támiyinlew hám basqa tiyisli xızmetler sistemasın qáliplestiriwge alıp kelgen.

Orta Aziya hám Hindstan ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarında iri dáryalardan, máselen, Ámiwdáryadan da paydalanılǵan. Qánigelerdiń pikirinshe, I m.j. baslarında Ámiwdárya Sarıqamıs hám Uzboy dáryası arqalı Kaspiy teńizine quyǵan. Bul bolsa Ámiwdáryanıń joqarǵı aǵısınan Kaspiy teńizine shekem bolǵan úlken aymaqta suw jolı arqalı baylanıstırıw imkaniyatın bergen. Hindstannan áyyemgi Batriya hám Xorezm arqalı Ámiwdárya suw jolı boylap Kaspiy teńizi – Kavkaz artı – Qarateńizge alıp barıwshı baǵdar sheshiwshi xalıqaralıq áhmiyetke iye bola baslaǵan.

Solay etip, Orta Aziya xalıqlarınıń sırtqı ekonomikalıq-mádeniy hám siyasiy baylanısları erte temir dáwirinen baslap óziniń rawajlanıwında jańa basqıshqa kirdi. Bul bolsa, óz náwbetinde, aymaǵımız hám qońsı aymaqlar ortasında ulıwma mádeniy baylanıslar birligine, turmıs tárizi hám ádep-ikramlıqtıń jaqınlıǵına alıp kelgenligin kóremiz.

31. Сагдуллаев А.С. К эволюции древнейших путей на юге Средней Азии. (На Среднеазиатских трассах Великого Шёлкового пути. Очерки истории и культуры. Ташкент, Наука, 1990, с.14.)



BERDAQ ATINDAǴI QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI MÁLIMLEME RESURS ORAYI 580654

Bul procesler Orta Aziyanıń úlken bólimi Axamaniyler saltanatı quramına kirgennen keyin jańa dáwirge say dawam etti. B.e.sh. VI ásirdiń ekinshi yarımınan baslap, áskeriy topılıslar nátiyjesinde Hindstannıń arqası hám Orta Aziyanıń qublasınan Jer Orta teńizine shekemgi bolǵan jerlerdegi kóplegen xalıqlardı ózine boysındırǵan Axamaniyler imperiyası shólkemlestirildi. Axamaniylerdiń Orta Aziyadaǵı siyasiy ústemligi 200 jıl dawam etti. Bul imperiyanıń hár qıylı áskeriy-adminstrativlik okrugları – satraplıqları quramına kirgen aymaǵımız xalıqları-parfyanlar, xorezmlilier, sogdlar, baqtriyalılar hám sak massagetler salıqlar tólep, hár qıylı miynet minnetlemelerin orınladı.

Axamaniyler dáwirinde Orta Aziya sırtqı ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarında da úlken orın tutqan tranzit jollar xızmet kórsetken. B.e.sh. VI ásirdiń sońǵı shereginde Dara I húkimdarlıǵı dáwirinde «Shax jolı» atın alǵan baylanıs jolı óz xızmetin baslaǵan edi. Axamaniylerdiń iri sawda hám adminstrativlik oraylarınan bolǵan Sard hám Suza qalalaların baylanıstırıwshı jol Lidiya, Frigiya, Kappadokiya, Kilikiya, Armeniya, Matien hám Kissiya arqalı ótken. Kissiyadaǵı Xaospa dáryası boyında Suza qalası jaylasqan edi. Bul joldıń uzınlıǵı 2400 km bolıp, hár 24—25 km aralıqta bándirgiler qurılǵan. Shax jolı boylap pochta-baylanıs xızmeti júdá jaqsı jolǵa qoyılǵan bolıp, asıǵıs xabar alıp kiyatırǵan shabarmanlar bul bándirgilerde attı almastırıw, xabar yamasa xattı arnawlı shabarmanlarǵa beriwi múmkin bolǵan. Usılayınsha asıǵıs xabar hám maǵlıwmatlar úlken imperiyanıń hár qıylı shetlerinen paytaxt qalaǵa júdá qısqa múddette jetkizip berilgen[32].

Bul dáwirde Orta Aziya aymaǵında da bir kúnlik jol aralıǵında, yaǵnıy hár 24—25 km de arnawlı rabatlar qurıla baslaǵan. Bul rabatlar bekkemlengen qorǵan kórinisinde bolıp, kárwan jollardı qorǵaw wazıypasın orınlawshı kishi áskeriy bólimler de usı jerde jaylastırılǵan edi.

Axamaniyler saltanatı quramına kirgen Orta Aziya satraplıqlarınıń oraylıq qalalarınan Persepol, Suza hám imperiyanıń basqa iri qalalarına alıp baratuǵın baylanıs sawda jolları b.e.sh.

---

[32] Мавлонов Ў. Марказий Осиёнинг қадимги йўллари. —Т., «Академия», 2008, б. 96.



VI—IV ásirlerde aymaqtıń ekonomikalıq-mádeniy hám jámiyetlik-siyasiy turmısında úlken orın tutqan. Bul dáwirdegi Baqtriya qalasınan Murǵab alabı hám Qubla Túrkmenstan arqalı Axamaniyler mámleketiniń sawda qalalarına alıp baratuǵın baylanıs sawda jolınıń áhmiyetin ayrıqsha atap ótiw kerek.

Axamaniyler dáwirinde erte temir dáwiriniń sońǵı basqıshlarında qáliplesken hám Axamaniyler imperiyasınıń oraylıq aymaqları hám Hindstandı Orta Aziya hám onıń arqasındaǵı dalańlıqlar arqalı Altay hám Shıǵıs Túrkstan menen baylanıstırǵan «Dala jolı», «Altın jolı» sıyaqlı tranzit baylanıs sawda jolları xızmeti dawam etti. Axamaniyler dáwirinde Orta Aziyanıń Hindstan menen bolǵan baylanısları dawam etkenligi bul baylanıslarda Baqtriya aymaǵınıń tranzit áhmiyetke iye bolǵanın dálilleydi.

Bul dáwirde Orta Aziyanıń ayırım tariyxıy mádeniy wálayatlarınıń Qıtay menen baylanısları da jolǵa qoyıla baslaydı. Máselen, tariyxıy izertlewler I m.j. ortalarında-aq Baqtriyadan Pamir taw bálentlikleri arqalı Qıtayǵa alıp baratuǵın jollar ózlestirilip, Qıtayǵa da Badaxshan lazuritin jetkizip bergenligin kórsetpekte. Badaxshannan Pamir taw bálentligi hám Qashǵar arqalı Qıtayǵa alıp barıwshı sawda jolı qáliplesken. Tek qısqa jaz máwsiminde xızmet kórsetken bul taw jolınan, ádette, kishi sawda kárwanları, elshilik missiyası aǵzaları, sayaxatshılar, budda monaxları hám basqalar paydalanǵan.

Bul dáwirde Orta Aziyanıń arqa shıǵıs aymaqları da Altay hám Shıǵıs Túrkstan jerleri arqalı Qıtay menen baylanıslar ornatqanlıǵı múmkinligin aytıp ótiw zárúr. Jaqın waqıtlarǵa shekem Qıtayda jipek sawdasınıń baslanıwın b.e.sh. I m.j ortaları menen baylanıstırıwshı ilimiy kózqaraslar ústemlik etetuǵın edi. Sońǵı jıllarda qıtaylı arxeologlar Tayxu kóli boyındaǵı Chmeczyaek wálayatında alıp barǵan izertlewleri nátiyjesinde bunnan 4 mıń jıl burınǵı dáwirge tiyisli jipek buyımların tabıwǵa eristi. B.e.sh. V—IV ásirlerden baslap Qıtay jipek buyımları Batısqa shıǵarıla basladı. Altaydaǵı Pazirik qorǵanlarınıń birinde Feniks súwreti túsirilgen jipek xalat qaldıqları tabılǵan bolıp, bul «shax» qorǵanı b.e.sh. V ásirge tiyisli bolǵan. Evropa aymaǵındaǵı b.e.sh. VI—V qábir qorǵanlardan da jipek gezlemeler

tabılǵanı bul dáwirde Qıtay jipegi Evropaǵa kirip kelgenin kórsetip turıptı[33]. Oraylıq Aziya jipekshilik áyyemnen qáliplesken oraylardan biri bolǵan. Ózbekstannıń qublasındaǵı bronza dáwirine tiyisli Sapalli tóbeden tabılǵan jipek buyımları bunıń dálili. Bul pikirlerden Qıtaydıń Orta Aziya hám batıstaǵı basqa úlkeler menen baylanısları Ulli Jipek jolı xizmeti baslanıwdan ádewir ilgeri qáliplese baslaǵanı haqqında juwmaq islew múmkin.

Axamaniyler dáwirinen baslap aymaǵımızdaǵı áyyemgi jollardıń áskeriy strategiyalıq áhmiyeti arttı. B.e.sh. I mıń jıllıq ortalarınan baslap, bul jollardan hár qıylı qáwimler hám xalıqlardıń bir aymaqtan ekinshi aymaqqa kóshiwinde yamasa hár qıylı aymaqlarda jasawshı xalıqlardıń óz ara baylanıslarında, bálkim áskeriy basqınshılıq júrislerin alıp barıwda da paydalanıla baslandı.

B.e.sh. IV ásirde Axamaniyler imperiyası qaldıqlarında Aleksandr Makedonskiy saltanatınıń dúziliwi Orta Aziya tariyxında rámziy ráwishte «antik dáwir dep atalatuǵın» úlken tariyxıy dáwirdi baslap berdi. Orta Aziyada grekler ústemliginiń ornatılıwı aymaǵımızdaǵı jámiyetlik-siyasiy jaǵdayǵa hám usınıń menen baylanıslı halda ishki hám sırtqı tranzit jollar xızmetine de ózine tán tásirin tiygizdi. Bul dáwirde burınǵı tariyxıy dáwirlerde paydalanıp kelingen tiykarǵı baylanıs jollarınıń baǵdarları menen birge, jańa tariyxıy jaǵdayǵa baylanıslı halda, ekonomikalıq-mádeniy baylanıslardıń jańa baǵdarları payda boldı.

Aleksandr Makedonskiy armiyası Baqtriyadan Sogdiananıń iri qalası Marakandaǵa sol dáwirde xızmet kórsetken eń qısqa hám qolaylı jol arqalı kirip kelgen. A.Makedonskiy armiyası tómendegishe: Baqtriya – Termiz – Sherabaddárya – Nautaka – Marakanda yamasa Baqtriya – Shurab yamasa Shoshqagúzar ótkeli – Sherabaddárya – Uradárya – Daratóbe – Uzunqır – Marakanda baǵdarlarında háreket etken bolıwı múmkin. Ámiwdáryanıń Kelif ótkelinen Sogdiana paytaxtına alıp baratuǵın jol suwsız shólistanlıq arqalı ótiwi hám bul aralıqta Kushanlar dáwirinen erterek esteliklerdiń ushıraspawı sonı ańlatadı, yaǵnıy grek-makedon áskerleri Baqtriya – Kelif – Erqorǵan – Marakanda

[33] Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Тошкент, «Ўзбекистон миллий энциклопедиси». Давлат нашриёти, 2007, 82-83 бб.



yamasa Baqtriya – Kelif – Nautaka – Marakanda baǵdarı boylap háreket etpegen bolıwı múmkin[34].

Erte antik dáwirde Orta Aziyanıń grekler tásirinde bolǵan aymaqlarda kóplegen qorǵanlar, qalalar qurılǵanı málim. Aymaqtaǵı áhmiyetli strategiyalıq jollar boyında qurılǵan bul grek qalaları basıp alınǵan úlkeler ústinen áskeriy-siyasiy qadaǵalawdı ámelge asırıwdan tısqarı aymaqtaǵı áskeriy-sawda baylanısların ámelge asırıwda (bajı tólemlerin óndiriw, salıqlar jıynaw hám basqalar) da oraylıq orın tutqan.

Aleksandr Makedonskiy basqınshılıǵı aymaqta qáliplesken ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarǵa, aymaqtıń ishki hám sırtqı sawda jolları xızmetine sheshiwshi tásir etti. Bul tásir, ásirese, grekler basqınshılıǵına qattı qarsılıq kórsetken Sogdianada hám oǵan qońsı qubla-batıs úlkelerde ádewir sezilerli bolǵan hám sawda-satıqtıń krizisine alıp kelgen. Salavkiyler dáwirine kelip salıstırmalı siyasiy turaqlılıqtıń ornatılıwı, ótkerilgen finanslıq reformalar, pútkil mámleket aymaǵında hárekette bolǵan gúmis teńgelerdiń aylanısta bolıwı ekonomikalıq xojalıq qatnasıqlarınıń tiklenip, sawda jolları xızmeti qaytadan janlanıwına túrtki berdi.

Grekler dáwirinde aymaǵımızdıń hár qıylı aymaqlarında qurılǵan qalalar salavkiylerdiń boysındırılǵan aymaqlar ústinen áskeriy-siyasiy qadaǵalawın támiyinlew menen birge, tez arada ózine tán sawda oraylarına da aylanıp qalǵan. Bul, birinshi gezekte, bul qalalardaǵı áskeriy adamlardıń azıq-awqat ónimlerine, transport quralları retinde paydalanıwǵa hám shiyki zatqa bolǵan talabı menen baylanıslı bolsa, ekinshiden greklerdiń ózleri de tez arada jergilikli bazarlarǵa óz ónermentshilik ónimlerin shıǵara baslaǵanın kóremiz. Olardıń joqarı sapalı ónimlerge jergilikli aqsúyekler hám xalıqtıń bay qatlamı arasında talap payda bola baslaydı. Bul talap, óz náwbetinde grek hám jergilikli qádiriyatlar tiykarında jaratılǵan, yaǵnıy jergilikli talaplarǵa ádewir jaqınlasqan ónimler payda bolıwına alıp keldi. Bul procesler aymaqtaǵı grekler qalaların dógerektegi awıllar, shiyki zat kánleri aymaqlıq hám jergilikli áhmiyetke iye jollardıń jańa baǵdarlarınıń payda bolıwına da alıp kelgen.

[34] Сагдуллаев А.С. К эволюции древнейших путей на юге Средней Азии. (На Среднеазиатских трассах Великого Шёлкового пути. Очерки истории и культуры. —Ташкент, Наука, 1990, с. 9.

Erte antik dáwirdegi sawda jolları ishinde Baqtriya qalasınan Ayxanım arqalı Termizge, bul jerden Sherabad alabı hám Temir Dárwaza arqalı Sogdıǵa alıp barıwshı joldıń áhmiyeti úlken edi. Ámiwdáryanıń oń jaǵalawında, áhmiyetli ótkel boyında jaylasqan Termiz b.e.sh. I m.j. ortalarınan baslap Arqa Baqtriyadaǵı eń iri qala sıpatında aymaqtıń qublasınıń ishki hám sırtqı baylanıslarında, máselen, Baqtriya paytaxtın Arqa Baqtriyadaǵı mákanlar hám Sogd menen baylanıstırıwshı jollar sistemasında tiykarǵı orın tuta baslaydı[35].

Arqa Baqtriyadaǵı ishki jollar sisteması Ámiwdáryanıń oń jaǵalawında bolǵan Sherabaddárya, Surxandárya, Vaxsh, Kofirnixon, Qızılsuw sıyaqlı dáryalar hám olardıń jaǵalawları boylap jaylasqan qalalar, qorǵanlar hám awıllardı baylanıstırıwǵa xızmet etken. Bul jollar Pamir taw dizbeginiń quramlı bólimleri bolǵan tawlardan baslanıp, qubla-batıs baǵdarda, Ámiwdáryaǵa qaray aǵıwshı suw jollarına parallel ráwishte xızmet kórsetken. Olardıń ishinde Termizden Sherabaddáryanıń shep jaǵalawı boylap Zartóbe hám Jandáwlettóbe estelikleri arqalı Nondaxana jırasına, bul jerden Shurabsay alabı hám Temir Dárwaza arqalı Sogdiana qalalarına barıwshı baǵdar aymaqtaǵı tranzit jollar sistemasında úlken áhmiyetke iye edi. Bul baǵdar Sogdını hám aymaqtıń oraylıq aymaqların Baqtriya paytaxtı hám Hindstan qalaları menen baylanıstırıwda tiykarǵı orın tutqan.

Baqtriyanı aymaqtıń ishki aymaqları menen baylanıstırıwshı jollar ishinde Arqa Awǵanstandaǵı Ayxanım arqalı Termizge, Kempirtóbe esteligi janındaǵı Shurab ótkelinen Sherabad arqalı Surxan alabı hám Xisor tawlarındaǵı alaplarǵa alıp barıwshı joldı aytıp ótiw múmkin. Arqa Baqtriyanıń taw aldı hám tawlı aymaqlarındaǵı qalalar da úlkeniń ishki jolları arqalı óz ara baylanısta bolıp kelgen. Olardıń ishinde Surxandárya alabında jaylasqan Dalvarzintóbe, Xalchayan, Termez hám de Kofirnixon hám Vaxsh dáryaları alabındaǵı qala hám qorǵanlar áhmiyetli orın tutqan.

Baqtriya paytaxtın Sogdiana menen baylanıstırıwshı jol, tiykarınan, eki baǵdarda baslanǵan. Birinshisi, Termiz, Temir Dárwaza hám Aqrabat biyikliginen Nautaka, Taxtaqaracha

[35] Пидаев Ш.Р. Сирли кушонлар салтанати. —Тошкент, 1992.



biyikligi arqalı Samarqandqa yamasa Kishi Uradárya hám Gúzardárya boylap tómengi Qashqadáryaǵa alıp barǵan. Ekinshi baǵdar Baqtriya qalasınan Ámiwdáryanıń orta aǵısındaǵı ótkeller – Kelif Kerkige shekem ótken. Kelif ótkelinen Nakshipa qalasına (Erqorǵan esteligi), bul jerden Kókdala hám Jam shólistanlıqları arqalı Marakandaǵa baratuǵın jol bolǵan.

Sońgı bronza – erte temir dáwirinen baslap jedel paydalanıp baslanǵan Ámiwdáryanıń orta aǵısındaǵı ótkeller Axamaniyler hám erte antik dáwirde de Orta Aziyanıń oraylıq aymaqlarınan Áyyemgi Shıǵıs mámleketleri menen baylanıstırıwda tiykarǵı orın tutqan. Aymaqta úlken ekonomikalıq siyasiy áhmiyetke iye bolǵan Áyyemgi Baqtriya mámleketi hám onıń paytaxtına alıp barıwshı jollar sistemasında tiykarǵı orın tutqan bul ótkeller, máselen, Termiz janındaǵı Shurab ótkeliniń áhmiyeti bul dáwirlerde ádewir joqarı edi. Sońgı jıllardaǵı arxeologiyalıq izertlewler sebepli Ámiwdáryanıń oń jaǵalawında áyyemgi Shurab ótkeli boyında jaylasqan Kempirtóbe esteligi tawıp úyrenildi. Bul estelik antik dáwirde ótkeldi qadaǵalap turıw ushın xızmet etken iri qorǵan qarabaxanaları bolıp esaplanadı. Arxeologiyalıq izertlewlerdiń kórsetiwinshe, Kempirtóbe qarabaxanaları ornındaǵı qorǵannan b.e.sh. I eramızdıń II ásirlerinde belsendi paydalanǵan. Bul qorǵan ótkeldi, sonıń menen birge Termiz – Úrgenish suw jolın da qadaǵalap turǵanlıǵı, bul jerde bajıxanadan tısqarı kemeler toqtawǵa arnalǵan buxta da bolǵan[36]. Bul maǵlıwmatlar antik dáwirde Shurab ótkeli arqalı ótiwshi baylanıs jolları Baqtriyanı Sogdiana hám aymaǵımızdıń arqa aymaqları menen baylanıstırıwda tiykarǵı rol tutqanlıǵın kórsetedi.

Bul dáwirde Murǵab alabınıń bas qalası Mervtiń aymaqtıń arqa-shıǵıs hám oraylıq aymaqların Parfiya menen baylanıstırıwshı áhmiyetli qala sıpatındaǵı áhmiyeti arta basladı. Qaraqum menen orap alınǵan Margiananıń ekonomikalıq imkaniyatları qońsı Sogd, Baqtriya, Xorezm hám Parfiyaǵa qaraǵanda ádewir sheklengen edi. Bul Murǵab alabınıń siyasiy qúdiretine de tásir etiwi sebepli Merv qalası, birinshi gezekte, bul qala arqalı ótiwshi júdá úlken áskeriy strategiyalıq áhmiyetke iye

36. Дудаков С.А. Раскопки пристани Кампиртепа. (Археология, история и культура Средней Азии. —Ташкент, 2002, с. 51.

kárwan jolı ústinen qadaǵalaw ornatıwǵa qońsı úlkelerde umtılıw kúshli edi.

Aymaǵımızda Salavkiylerdiń siyasiy ústemligine shek qoyılǵan dáwirden baslap, Margiana, tiykarınan Arshakiyler dinastiyası qol astında bolǵan Parfiyaǵa baǵınıshlı bolıp kelgen. Sogdianadan Ámiwdárya ótkeli arqalı kelgen jol Mervten Kopetdagtıń arqa janbawırında jaylasqan Jańa Niso qalası arqalı Parfiyanıń oraylıq bólimlerine ótken. Házirgi Ashxabadtan 20 km qublada jaylasqan eski Niso Parfiya húkimdarları – Arshakiylerdiń ata miyras qalası esaplanǵan. Bul jerde dinastiyalıq maqbaralar, Parfiya shaxlarınıń arxiv hújjetleriniń tabılıwı onıń áhmiyetin dálillese, Jańa Nisodan shetten keltirilgen ónimler, teńgeler tabılıwı bul qalanıń Parfiyanıń ishki hám sırtqı baylanıslarında qatnasqanlıǵın kórsetip turıptı.

Antik dáwirde Ámiwdáryanıń tómengi aǵısları greklerdiń tásir maydanınan shette bolsa da, Orta Aziyanıń oraylıq aymaqların, máselen, Sogdını Xorezm menen baylanıstırıwshı jollardıń áhmiyeti de saqlanıp qaldı. Bul jollar, tiykarınan, eki baǵdarda bolǵan. Birinshi baǵdar Marakandadan Buxara hám Zarafshannıń tómengi aǵısındaǵı Paykent arqalı Farabqa, bul jerden Ámiwdáryanıń oń jaǵalawı boylap Xorezmniń usı dáwirdegi paytaxtı Topıraqqalaǵa hám basqa da iri qalalarǵa barǵan. Xorezm oazisiniń Buxara alabı menen shegaralas aymaqlarınan tabılǵan antik dáwirge tiyisli estelikler bul aymaqlardı baylanıstırıwshı sawda jolları baǵdarlarınan gúwalıq beredi[37].

Antik dáwirde, sonday-aq, Amul ótkelinen ótip, Ámiwdáryanıń shep jaǵalawı boylap Xazaraspqa hám basqa antik dáwir mákanlarına baratuǵın sawda jolı da xızmet kórsetken. Sogdını Xorezm menen baylanıstırıwshı jáne bir baǵdar Buxaradan Qızılqumnıń batıs aǵısındaǵı mánziller hám qudıqlar arqalı ótken.

Xorezm oazisindegi antik dáwir baylanıs jolları sisteması da keń tarmaqlı bolıp, olardıń ishinde Ámiwdáryadan alınǵan iri kanallar boylap jaylasqan iri hám orta kólemdegi mákanlardı óz ara baylanıstırǵan jollardı, otırıqshı diyqanshılıq mákanların

[37] Итина М.И. Археологические памятники на древних торговых путях вдоль берегов Амударьи. (Древности Южного Хорезма. ТХАТЭ. М.,1991, с.16.)



qońsı mámleketler, kóshpeli sharwalar iyelegen aymaqlar menen baylanıstırıwshı jollardı aytıp ótiw múmkin. Bul jollar óz dáwiri ushın úlken áhmiyetke iye bolǵan.

## ULLÍ JIPEK JOLÍNÍŃ QÁLIPLESIWI HÁM ONÍŃ BAǴDARLARÍ

Qıtay jipek buyımları batıs aymaqlarǵa b.e.sh. I mıń jıllıq ortalarınan baslap shıǵarıla baslaǵan hám tiyisli sawda jolları baylanısları qáliplesken. Biraq, jipek jetistiriwshi tiykarǵı mámleket bolǵan Qıtaydı «Batıs úlkeler» menen baylanıstırıwshı baylanıs jollarınıń sawda hám diplomatiya jolları sıpatındaǵı xızmetiniń qáliplesiwi tek b.e.sh. II ásir ortalarında, Oraylıq Aziyada payda bolǵan geosiyasiy jaǵdayǵa baylanıslı jaǵdayda baslandı. Qıtaydıń Xan dinastiyası dáwirinde, anıǵıraǵı, imperator U-Di húkimranlıǵı dáwirinde (b.e.sh. 140—87-jj.) alıp barılǵan sırtqı siyasatında kóshpeli xunlarǵa qarsı gúreste áskeriy-siyasiy awqamlaslar tabıw maqsetinde «Batıs úlkeler» menen baylanıslar ornatıwǵa úlken itibar qaratıldı. Bul umtılıw Qıtay ushın «Batıs úlkeler»diń hám olarǵa alıp barıwshı jollardıń payda bolıwına, olar arqalı Orta Aziya hám basqa mámleketler, tiykarınan, Parfiya, Hindstan hám Rim imperiyası menen baylanıslarınıń baslanıwına alıp keldi. Bul baylanıslarǵa hám baylanıs jolları xızmetine Xan imperiyasınıń paytaxtınan shıqqan kárwan hám oǵan basshılıq etken elshi Chjan Czyan tiykar saldı. Qıtaydıń batısındaǵı úlkelerge 13 jıl dawamında etken «sayaxatı» nátiyjesinde ol Orta Aziyadaǵı Usunlar jurtı, Davan hám Kanǵ mámleketleri, Úlken Yuechji (Kushanlar mámleketi), Daxya (Baqtriya), Ansi (Parfiya), Yancay sıyaqlı úlkeler haqqında, olardıń qalaları hám sawda jolları haqqında kerekli maǵlıwmatlar toplawǵa eristi. Bul elshi tapqan hám keyingi dáwirlerde jańa-jańa baǵdarlar hám tarmaqlarına tiykar salınǵan baylanıs jolları boylap qıtay jipegi hám basqa ónimleri Orta Aziya aymaǵı arqalı Jer Orta teńizi boyındaǵı qalalarına shekem jetip bara basladı.

Sol sebepli tariyxqa «Ullı Jipek jolı» atı menen kirgen xalıqaralıq tranzit baylanıs jolı xızmeti baslandı.

Ullı Jipek jolınıń qáliplesiwi menen Orta Aziya Qıtay baylanıslarınıń jańa dáwiri baslandı. Ullı Jipek jolı qáliplesken

dáslepki dáwirde, tiykarınan, tómendegi eki – Qubla hám Arqa bağdarları xizmet kórsetken[38].

Qubla tarmağı (Nandao) tómendegi jóneliste – Yuyminguan (Yanguan) – Shanshan (Pshamshan) – Lobnor kóli (duzlı kól) – Kunlunnıń (qubladağı taw) arqası dárya boylap Batısqa – Shache (Yarkent) – Vaxon bálentligi – Badaxshan úlkesi. Bul jerde jol eki tarmaqqa bólinip: a) Úlken Yuechjiler jurtı (Baqtriya) hám Ansige (Parfiya) hám b) Hindstanğa alıp barğan.

Ullı Jipek jolı qáliplese baslağan dáslepki dáwirlerde-aq Qıtay paytaxtınan Turfan oazisi hám Pamir taw dizbekleri (Irkishtam, Mıńtoğay, Tasqorğan, Vaxon) arqalı Baqtriyağa ótiwshi bul jol onıń áhmiyetli tarmaqlarınıń birine aylandı. Chjan Czyan óz esabında Qıtaydı batıstağı mámleketler menen baylanıstırıw múmkin bolğan qáwipsiz jónelisler haqqında toqtap, Daxya (Baqtriya)ğa Shu (házirgi Siychuan) hám Shendu (Kashmir) arqalı ótiwshi joldı, yağnıy xunlar tásiri kóleminen shetirekte bolğan jónelisti usınıs etken. Qıtay ushın «Batıs úlkeler» jolın ashqan elshiniń pikirleri hám bul jónelistiń qıtaylılar tárepinen ózlestiriliwinde úlken áhmiyetke iye bolğanlığı gúmansız.

Ullı Jipek jolınıń Arqa tarmağı (Beydao) Oraylıq Aziyanıń ishki aymaqları arqalı ótken. Batıs Shash hákimi rezidenciyasınan baslanğan bul jónelis «Arqa taw» — Tyanshannıń shığıs dizbekleri janbawırları boylap dárya arqalı Davan (Ferğana)ğa, Qanğqa, Yancay hám Ansige alıp kelgen[39].

Batıs úlkeler menen siyasiy hám ekonomikalıq baylanıslar ornatıwğa umtılğan qıtaylılar 121-jıl xunlar ústinen jeńiske erisedi, imperiyanıń batıs shegaralarında jollar hám olardı qorğawğa mólsherlengen bekkem qorğanlar qura baslaydı. Bul dáwirden baslap, dereklerde kórsetiliwinshe, Qıtay imperatorları tárepinen Batıs úlkelerge (Davan, Ansi, Yancay hám basqalar) jılına bes-altı, ayırım jıllarda on márteden kóbirek iri (quramında birneshe júz adamnan ibarat) hám kishi (júzden artıq adam) elshilik missiyaları jiberilgen. Olar aldına Batıs úlkeler haqqındağı áskeriy-siyasiy áhmiyetke iye tıńshılıq mağlıwmatlar toplaw, baylanıs-sawda jolları jónelisleri hám olardıń qáwipsizligi máselesin, ekonomikalıq-sawda baylanısların ornatıw imkaniyatların

[38] Ртвеладзе Э.В. Великий Шёлковый путь. —Т., 1999, с. 120

[39] Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Тошкент, «Ўзбекистон миллий энциклопедиси». Давлат нашриёти, 2007, 77—78-бб.



úyreniw hám hátteki jergilikli húkimdarlardı Qıtay imperatorına boysınıwğa kóndiriwge umtılıwı sıyaqlı úlken strategiyalıq wazıypalar qoyılğan.

Qıtaydıń bul dáwirdegi «Batıs úlkeler» menen bolğan siyasiy-ekonomikalıq baylanıslarında Davan mámleketine úlken itibar qaratıla baslandı. Bunı bir tárepten, Ferğana oazisiniń Qıtay ushın «Batıs úlkeler dárwazası» sıpatında tutqan geografiyalıq ornı hám geosiyasiy jağdayı menen túsindiriw múmkin. Ekinshiden, Qıtaydıń iri strategiyalıq áskeriy-siyasiy maqsetlerin, tiykarınan ishki hám sırtqı qáwipti (birinshiden, arqadağı kóshpeli xun qáwimleri hújimlerin) boldırmaw, saltanat aymağın basqıshpa-basqısh keńeytip barıw hám basqa wazıypalardı ámelge asırıwda tiykarğı kúsh bolğan tez háreket etiwshi atlı armiya ushın Ferğananıń belgili «dúldúl atları»na bolğan talabın da itibarğa alıw lazım. Qıtaydıń diplomatiyalıq hám sawda baylanısları arqalı «dúldúl atları»na iye bolıw rejesi nátiyje bermegennen soń, bul maqsetke kúsh penen erisiw ushın Davanğa shólkemlestirgen áskeriy júrisleri bul talaptıń Qıtay ushın tutqan áhmiyetinen dálil boladı.

Ullı Jipek jolınıń Qıtaydan Orta Aziyağa keliwshi jónelislerinde dáslepki aymaq sıpatında Ferğana oazisi ayrıqsha orın tutqan. Davan mámleketinde 70 ten artıq qalalar bar bolıp, olar Ullı Jipek jolı jónelislerinde jaylasqan yaki olar menen jergilikli jollar dizimi arqalı baylanısqan edi. Bul qalalar Ullı Jipek jolı qáliplesken dáslepki dáwirlerden baslap Ferğana oazisiniń ayrıqsha ekonomikalıq mádeniy orayları sıpatında aymaqtıń ishki hám sırtqı baylanıslarında tolıq qatnasıp kelgen. Ferğana oazisiniń arqasında jaylasqan Yuychen qalası Qıtaydan Jetisuw arqalı keliwshi sawda jolı boyındağı birinshi qala bolıp, házirgi Úzgen ornında bolğan. Keyingi ayrıqsha qala, kópshilik dereklerde Davan mámleketi paytaxtı sıpatında esaplanğan Ershi qalası bolsa Osh qalası ornında bolğan. Ferğana oazisinde kórip shığılıp atırğan dáwirge tiyisli estelikler, tiykarınan, Yassi, Kurshob, Qaradárya, Qarasuw, Kugart oazislerinde jaylasqan. Olar ishinde Úzgennen 10 km arqa-batısta jaylasqan Shorabashat esteligi (70 ga) Yuychen qalası qaldıqları ekenligi haqqında pikirler bar[40].

[40] Ходжаев А. Сведения древних китайских источников о городах-государствах Ферганы. // Буюк Ипак йўли ва Фарғона водийси. Республика илмий-амалий анжумани материаллари. —Т., 2004. 60-68 бб.

Ullı Jipek jolınıń Ferǵana oazisi qalaları arqalı ótken tiykarǵı jónelisleri Asht jırası arqalı Xojentke yaki Chatqal tawlarındaǵı Qamchiq hám Roziq bálentlikleri arqalı Shash dáryası oazisindegi qalalar hám mákanlar arqalı Sırdáryadaǵı ayrıqsha ótkellerge qaray ótken. B.e.sh. III—II ásirlerde Tashkent oazisinde keyingi dáwirler ushın da úlken áhmiyetke iye bolǵan sociallıq-ekonomikalıq ózgerisler baslandı. Bul birinshiden, oazistiń qúdiretli Qanǵ mámleketi qáliplesken aymaq sıpatında ornı menen hám áyyemgi qalalardıń payda bolıwı hám olardıń ekonomikalıq -mádeniy orayları sıpatındaǵı áhmiyetiniń artıp barıwı menen baylanıslı edi.

Samarqandtan Ámiwdárya keshiwlerine qarap ketiwshi jollar bul dáwirde Qubla Sogd, yaǵnıy házirgi Qashqadárya wálayatı aymaǵı arqalı ótken. Qubla Sogdiananıń tiykarǵı suw deregi bolǵan Qashqadárya boyındaǵı Kesh, Nakshipa (Erqorǵan), Naxshab sıyaqlı iri qalalar aymaqtıń ishki hám sırtqı ekonomikalıq baylanıslarında úlken orın tutqan[41].

Sogdianadaǵı jollar Ullı Jipek jolı qáliplesip, aymaqtıń sırtqı ekonomikalıq baylanısları ráwajlanıp barıwına sáykes ráwishte keńeyip bardı. Samarqandtan tómengi Qashqadárya aymaǵı arqalı Ámiwdáryanıń orta aǵısındaǵı keshiwlerge alıp shıǵıwshı jollar Sogdiananıń aymaqlıq áhmiyetine iye kárwan jollarınan edi. Bul dáwir Zarafshan dáryasınıń tómengi bólimine, Buxara aymaǵına, bul jerden Ámiwdáryaǵa shıǵıp, Xorezm aymaǵına ótilgen jollar hám jedel ózlestirilgen dáwir sıpatında áhmiyetli.

Bul dáwirde Xorezm aymaǵındaǵı tiykarǵı mákanlar – qalalar, qorǵanlar Ámiwdáryanıń tómengi aǵısınan dáryanıń hár jaǵalıǵına shıǵarılǵan iri kanallar boylap jaylasqan edi. Shep jaǵalıq Xorezmde antik dáwirge tiyisli estelikler sanı 14 bolıp, olar, tiykarınan, Kelteminar (Bazarqala), Tazabaǵjap (Qırqqız yamasa Búrkitqala), Yakka Parsan hám Gauxara kanalları boylap aymaq sisteması tiykarında jaylasqanlıǵın kórsetedi[42].

Arqa Baqtriyadaǵı antik dáwirge tiyisli mákanlar aymaqtıń ishki baylanıs jolları boyında, Surxandárya (Dalvarzintóbe, Xalchayan, Termiz hám basqalar), Kofirnixon hám Vaxsh dáryaları

---

[41] Сулейманов Р.Х. Древний Нахшаб. –Т., Фан, 2000, с. 14-15.

[42] Гулямов Я. Г. История орошения Хорезма с древнейших времен до наших дней. –Т., 1957, с-99

boylap jaylasqan. Olar ishinde aymaqlıq áhmiyetke iye jollar menen baylanısqan Termiz qalası úlken orın tutadı. Ámiwdáryadaǵı keshiw boyında jaylasqan bul qala aymaqtıń oraylıq bólimlerin Arqa Awǵanstan hám Hindstan qalaları menen baylanıstırıwshı áhmiyetli tranzit jol boyında jaylasqanlıǵı hám Ámiwdárya suw jolındaǵı áhmiyetli mákanlarǵa iye bolıwı menen de aymaǵımızdıń basqa qalalarınan ajıralıp turadı[43].

Ullı Jipek jolınıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı Oraylıq Aziyanıń xalıqaralıq baylanıs-kommunikaciya sistemasındaǵı áhmiyetiniń ósiwine alıp keldi. Qıtaydı Orta Aziya aymaǵı arqalı Parfiya hám Rim imperiyası menen baylanıstırıwshı tranzit baylanıs-sawda jolları xızmetinde áyyemgi Ferǵanadaǵı Davan mámleketi, Sırdáryanıń orta hám tómengi aǵısındaǵı Qanǵ mámleketi hám Kushanlar saltanatı sıyaqlı oraylasqan mámleketlerdiń tariyx saxnasına shıǵıwı úlken orın tutadı. Aymaǵımız hám oǵan qońsı úlken aymaqlardı iyelegen bul mámleketler sırtqı sawdadan úlken payda alǵanı sebepli kárwan jolları qáwipsizligin támiyinlew kepilligi maydanǵa shıqtı. Kárwan jolları boyında bajıxanalar, jol boyı qurılmaları qurıldı, sawda kárwanlarınıń zárúrli talapların (azıq-awqat hám suwǵa, at arba jegiw ushın ot-jem hám basqalarǵa bolǵan talaplar) támiyinlewge xızmet etiwshi tiyisli infradúzilmeler dúzildi. Bulardıń barlıǵı ishki hám sırtqı ekonomikalıq-mádeniy baylanıslardıń rawajlanıwına túrtki berdi.

Áyyemgi Davan (Ferǵana) mámleketi hám Jetisuwdaǵı kóshpeli sharwalardıń Usun mámleketi Qıtaydan hám Qashǵardan Tyanshan tawı bálentlikleri arqalı aymaǵımızǵa kirip kelgen baylanıs-sawda jollarınıń dáslepki baǵdarların baqlap barǵan bolsa, Sırdáryanıń orta hám tómengi aǵısları arqalı ótiwshi jollar, keshiwler qúdiretli Qanǵ mámleketi aymaǵı arqalı ótetuǵın edi. Ámiwdárya hám Sırdárya aralıǵındaǵı aymaqlar bolsa áyyemnen sawda-satıqta jetekshi orında turǵan sogdlar baqlawında edi. Sogd sawdagerleri Ullı Jipek jolı xızmeti baslanǵan dáslepki dáwirlerden-aq Shıǵıs Túrkstan hám Arqa Qıtay aymaǵında óz sawda wákilxanaların dúze baslaǵanlıǵı, sogdlardıń xalıqaralıq sawda baylanıslarında áhmiyetli tayanıshı bolǵan bul sawda

---

[43] Пидаев Ш.Р. Кухна Термиз ва Буюк Ипак йўли. // Буюк Ипак йўлидаги Марказий Осиё шахарлари. —Самарканд, 1994. 52-53 б.

wákilxanaları tap IX–X ásirlerge shekem saqlanıp turǵanlıǵın aytıp ótiw kerek[44].

Ullı Jipek jolınıń oraylıq tarmaǵı házirgi Ózbekstan aymaǵındaǵı qalalar arqalı ótken bolıp, birneshe baǵdarda bolǵan. Tiykarınan, Qashǵardan Ferǵana oazisine, al bul jerden Shash-Iloq aymaǵı, Ustrushana, Samarqand, Buxara, Merv arqalı ótip Iran hám Siriyaǵa jetip barǵan joldıń áhmiyeti oǵada úlken edi.

Aymaǵımızdıń Hindstan menen baylanıslarında Arqa Baqtriya dáslepki aralıq aymaq sıpatında úlken orın tutqan. 1972-jılı Dalvarzintóbeden tabılǵan altın buyımlar ishinde Hindstanda islengen taǵınshaqlardıń tabılıwı Kushanlar dáwirinde Orta Aziya–Hindstan baylanısları turaqlı dawam etkenligin kórsetedi.

Solay etip, b.e.sh. II ásirdiń sońǵı shereginen baslap Qıtaydı Orta Aziya hám ol arqalı Hindstan, Iran, Rim imperiyası aymaqları menen baylanıstırıwshı Ullı Jipek jolınıń xalıqaralıq áhmiyetke iye tranzit jónelisleri qáliplese basladı. Aymaǵımızdıń ekonomikalıq-mádeniy baylanısları rawajlanıwında úlken orın tutqan bul baylanıs-sawda jolları dáwirler ótiwi menen keńeyip, jańadan-jańa tarmaqları payda boldı. Sırtqı baylanıslar, óz náwbetinde, aymaqtaǵı ishki jollar tarmaqlarınıń keńeyiwine hám tiyisli xızmet kórsetiw sistemasınıń rawajlanıwına xızmet etti. Bul procesler keyingi tariyxıy dáwirlerde jáne de jedel tús aldı.

## ÁYYEMGI JOLLARDÍŃ JIPEK GEZLEME SAWDASÍNDAǴÍ ÁHMIYETI

Áyyemgi zamanlarda Qıtaydan Túrkstanǵa, sońınan Evropaǵa alıp barılǵan tovarlar ishinde jipek gezlemeler hám basqa jipek ónimleri tiykarǵı orındı iyelegen. Kópshilik jaǵdayda jipek gezlemeleri xalıqaralıq sawda baylanıslarında satılatuǵın tovarlardıń bahasın belgilewshi ólshem yamasa aqsha ornında da qollanılǵan. Eramızdan burıńǵı dáwirlerde hám eramızdıń baslarında Qıtaydıń batıs tárepinde jasawshı xalıqlar palız eginleri

[44] Ртвеладзе Э.В. Великий Шёлковый путь. –Т., 1999, с. 120.



ónimi, miywe hám keptirilgen miywe sıyaqlılardı da jipek gezlemege almastırǵan. Qıtayǵa hayal qullardı alıp barıp satıw sawdasında onıń bahası jipek gezleme menen belgilengen. Óytkeni, Takla Makan shólistanlıǵınıń qubla-shıǵıs tárepinde jaylasqan áyyemgi Niya qalası qarabaxanasınan tabılǵan bir hújjette «Sujideniń xabar etiwine qaraǵanda, Sujisaka hayalınıń bahası 41 oram jipek gezlemesinen ibarat. Bul tamǵalanǵan xat qolıńa tiygennen keyin, tikkeley óziń ol hayaldıń haqıyqattan da satıp alınǵan alınbaǵanlıǵın sorastırıp kór. Hámme nárse nızamlı bolıwı kerek» dep jazılǵan. Bul hújjet mazmunınan áyyemgi zamanlarda bir hayal quldıń bahası Qıtayda 41 bólek (bólek – áyyemgi ólshemde 546,53 metr) jipek gezlemege teń bolǵanlıǵı málim boladı[45].

Jaqın waqıtlarǵa shekem Qıtayda jipek sawdasınıń baslanıwın b.e.sh. I m.j ortaları menen baylanıstırıwshı ilimiy kózqaraslar ústemlik etetuǵın edi. Sońǵı jıllarda qıtaylı arxeologlar Tayxu kóli boyındaǵı Chmeczyaek wálayatında alıp barǵan izertlewleri nátiyjesinde bunnan 4 mıń jıl burıńǵı dáwirge tiyisli jipek buyımların tabıwǵa eristi. B.e.sh. V—IV ásirlerden baslap Qıtay jipek buyımları Batısqa shıǵarıla basladı. Altaydaǵı Pazirik qorǵanlarınıń birinde Feniks súwreti túsirilgen jipek xalat qaldıqları tabılǵan bolıp, bul «shax» qorǵanı b.e.sh. V ásirge tiyisli bolǵan. Evropa aymaǵındaǵı b.e.sh. VI—V ásirdegi qábir qorǵanlardan da jipek gezlemeler tabılǵanı bul dáwirde Qıtay jipegi Evropaǵa kirip kelgenin kórsetip turıptı[46]. Oraylıq Aziya jipekshilik áyyemnen qáliplesken oraylardan biri bolǵan. Ózbekstannıń qublasındaǵı bronza dáwirine tiyisli Sapallı tóbeden tabılǵan jipek buyımlar bunıń dálili. Bul pikirlerden Qıtaydıń Orta Aziya hám Batıstaǵı basqa úlkeler menen baylanısları Ullı Jipek jolı xızmeti baslanıwdan ádewir ilgeri qáliplese baslaǵanı haqqında juwmaq islew múmkin.

Eramızdan burıńǵı Rim mámleketinde baylar, ásirese hayallar arasında jipek gezlemeden kiyim kiyiw sonday dárejede kúndelikli tártipke aylanǵanlıǵı sonshelli, rimliler hind sawdagerlerinen jılına orta esapta 5500 «sesterciy» altın teńge kóleminde hár

[45] Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. –Тошкент, «Ўзбекистон миллий энциклопедиси». Давлат нашриёти, 2007, 176 б.

[46] Бул да сонда, 82-83 бб.

qıylı gezleme satıp alǵan. XIX ásirdegi baha menen esaplaǵanda, 5500 «sesterciy» 1 mlrd frank altın teńgege teń bolǵan.

Xan dinastiyası tariyxında «Batıs mámleketlerge barǵan elshi yamasa sawdager jipek gezlemelerdi ilajı bolǵanınsha kóp etip alıp barıwı kerek. Onday bolmasa «jewge awqat ta taba almawı múmkin», dep jazılǵan qatarlardı ushıratıw múmkin[47]. Bul maǵlıwmat Ullı Jipek jolındaǵı xalıqaralıq sawda baylanıslarında jipek gezlemeleri júdá úlken áhmiyetke iye ekenligin kórsetedi.

«Tariyxıy eslewler» kitabında «Qıtayǵa Batıstan hám Arqadan kelgen elshilerdiń izi kórinbeydi. Oraylıq Aziyadan kelgenler ishinde Ansi (Arshak, Parfiya) mámleketinen kelgenler basqa tilde sóylese de sawda islewdi jaqsı biledi. Dasya (Áyyemgi Rim) mámleketi Davan (Ferǵana) mámleketiniń batısında jaylasqan bolsa da, ol jerden kelgenler sawda etiwdi jaqsı biledi»[48] dep jazılǵan. Ullı geograf Ptolemeydiń maǵlıwmatlarına qaraǵanda, Iskender (Aleksandr Makedonskiy)diń sawdagerleri Baqtriya hám Tarim alabı arqalı Qıtayǵa barıp jipek gezlemelerin alıp kelgen.

Rimde Qıtaydıń jipek gezlemeleri, tiykarınan, altın aqshaǵa satılǵan. Hátte, eramızdıń I ásirinen keyin Rimde Qıtaydıń jipek gezlemesin satatuǵın arnawlı bazar da ashılǵan. Rim mámleketinen Qıtayǵa kelgen kárwan makedoniyalı iri sawdager Meylske (qıtaysha Meysi) tiyisli bolǵan. Ol jeke ózi Qıtayǵa barmaǵan, biraq onıń kárwanı eramızdıń 99-jılınıń kesh gúzinde Makedoniyadan saparǵa shıǵıp, Damask, Xamadan, Hirot, Pamirdegi Vaxon jolı, Tasqorǵan, Tarim alabındaǵı Yarkend, Xotan, Krurona hám Xeshi jolındaǵı Dunxuan wálayatı arqalı 12 ay jol júrip Qıtaydıń ekinshi paytaxtı Loyan qalasına jetip barǵan.

Bul maǵlıwmatlar, bir tárepten áyyemgi Qıtaydan Evropa mámleketlerine eksport etilgen tovarlar arasında gezlemeler tiykarǵı orında turǵanlıǵın kórsetse, ekinshi tárepten, Qıtaydıń jipek gezlemeleri bul mámleketlerge Tarim alabı, Pamir, Ózbekstan hám Iran arqalı alıp keilgenligin ańlatadı. Bul jáne aymaqlar arqalı ótken sawda jolı haqıyqıy Ullı Jipek jolı ekenliginen derek beredi.

---

[47] Бул да сонда, 177-б.

[48] Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Тошкент, «Ўзбекистон миллий энциклопедиси». Давлат нашриёти, 2007, 177-б.



Qıtay jipek buyımları batıs aymaqlarǵa b.e.sh. I mıń jıllıq ortalarınan baslap shıǵarıla baslaǵan hám tiyisli sawda jolları baylanısları qáliplesken. Biraq, jipek jetistiriwshi tiykarǵı mámleket bolǵan Qıtaydı «Batıs úlkeler» menen baylanıstırıwshı baylanıs jollarınıń sawda hám diplomatiya jolları sıpatındaǵı xızmetiniń qáliplesiwi b.e.sh. II ásir ortalarında, Oraylıq Aziyada payda bolǵan geosiyasiy jaǵdayǵa baylanıslı jaǵdayda baslandı.

Ullı Jipek jolınıń qáliplesiwi menen Orta Aziya Qıtay baylanıslarınıń jańa dáwiri baslandı. Ullı Jipek jolı qáliplesken dáslepki dáwirde, tiykarınan eki – Qubla hám Arqa baǵdarları xızmet kórsetken[49].

Bunnan 2000 jıl aldın Qıtayda jipek gezlemelerin sawdaǵa qoyǵanda, olardıń awırlıǵı, túri, qalıń yamasa juqalıǵına qarap baha belgilengen. Olardıń uzınlıǵı $\pi$ «pi» (orama yamasa bólek, bólekshe) menen ólshengen bolıp, $\pi$ uzınlıǵı 13,33 metrge teń bolǵan. Jipek gezlemeleriniń qalıń hám juqalıǵı awırlıq ólshemi menen ólshengen. Ortasha esapta, awırlıǵı 25 lyang (932,5 gramm) qa teń bolǵan bir bólekshe qalıń toqılǵan aq jipek gezlemeniń bahası 680 chyan (teńge), awırlıǵı 24 lyang (895,2 gramm) keletuǵın gezlemeniń bir bólekshe bólegi 367 chyan (teńge) edi. Eger de jipek gezlemeleriniń bahasın paxtadan toqılǵan gezlemeler bahası menen salıstırılsa, ol ádewir joqarı bolatuǵının kóriw múmkin. Óytkeni, paxtadan toqılǵan gezlemeni jipek gezlemege almastırǵanda, 13,33 metr uzınlıqtaǵı bir bólekshe aq bóz 290 teńge, bir bólekshe siyle bóz 106,3 teńge esaplanǵan[50].

Sol dáwirdegi kiyiniw úrp-ádeti boyınsha, 13,3 metr keletuǵın bir bólekshe jipek gezlemeden bir uzın kóylek tigilgen. Bir kóyleklik jipek gezleme satıp alıw ushın diyqanlar arzanshılıq bolǵan jılları 10 pud (600 kg), qımbatshılıq bolǵan jılları 6 pud (360 kg) dán sarıplawı lazım edi. Usı esaptan kelip shıǵıp aytqanda, 5 adamnan ibarat shańaraǵı bolǵan ortasha diyqan ushın jıllıq ónimi kóp bolsa 5 kóyleklik jipek gezleme satıp alıwǵa jetken. Bunday jaǵdayda xalıqtıń kópshilik bólimi ushın shańaraq aǵzaların jılına bir márte jipek gezlemeden tigilgen

---

[49] Ртвеладзе Э.В. Великий Шёлковый путь. —Т., 1999, с. 120

[50] Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Тошкент, «Ўзбекистон миллий энциклопедиси». Давлат нашриёти, 2007, 178 б.

kiyim-kenshek penen kiyindiriw qıyın edi. Usınnan málim, áyyemgi zamanlarda Qıtayda tayarlanǵan jipek óniminiń tiykarǵı bólimi eksport etilgen.

Orta Aziya óz aymaǵı jaylasıwına qarap Qıtay jipek buyımlarınıń Qubla-batıs Aziya hám Evropaǵa alıp barılıwında dáslepki úlke ekenligi sebepli tez arada xalıqaralıq jipek sawdasında áhmiyetli orın tuta basladı. Qımbat bahalı jipek buyımların Batısqa jetkizip beriwde oraylıq aziyalı sawdagerler tiykarǵı rol oynaǵan. Qıtaydıń aymaǵımız benen baylanıslarında dáslepki aymaq esaplanǵan Ferǵana oazisiniń antik dáwirge tiyisli kóplegen mákanları Qıtaydan keltirilgen ayna buyımlar hám qıtay jipeginen tayarlanǵan jipek gezlemeler hám de basqa kóplegen ónimler tabılǵanlıǵı belgili. Qıtaydıń u-shu, qayyuan tun-bao túrindegi teńgelerdiń Ferǵanadaǵı mákanlarda ushırasıwı, bir tárepten, bul aymaqlar arasında tıǵız ekonomikalıq baylanıslardıń bolǵanlıǵına dálil bolsa, ekinshi tárepten, Xan imperiyasınıń aymaǵımızda óz tásir kólemin keńeytiw jolında alıp barǵan tıǵız siyasiy-ekonomikalıq siyasatınan dálil boladı.

Qıtaydıń jipek hám basqa hár qıylı ónimlerin Jer Orta teńizi jaǵalawlarına jetkerip beriwshi tiykarǵı tranzit jollarınıń áhmiyetli jónelisleri Kushanlar baqlawındaǵı aymaqlar arqalı ótetuǵın edi. Jıl máwsimleri ózgeriwi hám ayırım jaǵdaylarda aymaqtaǵı ishki siyasiy jaǵdayǵa baylanıslı jaǵdayda Ullı Jipek jolınıń ayırım jónelisleri xızmeti waqtınsha toqtap qalıp, nátiyjede, onnan basqa jańa jollar ózlestiriledi. Usınday etip baylanıs-sawda jollarınıń keń tarmaqları payda boldı. Ishki siyasiy kelispewshilikler sebepli sawda jolları jónelisleri ózgerip turǵanlıǵı biziń eramız baslarında Kushan mámleketi hám Parfiya múnásibetleri mısalında kóriwimiz múmkin. Máselen, áyyemgi Qıtay dereklerinen bolǵan Xouxanshu – Kishi Xan tariyxında Rim imperiyası qalaların Qıtay jipegi menen támiyinlewde monopoliyaǵa umtılǵan Parfiya óz aymaǵınan rimli hám qıtaylı sawdagerler ótiwine jol qoymaǵanlıǵı haqqında maǵlıwmatlar da bar. Sol sebepli Qıtay jipegin Rim imperiyasına Parfiya baqlawındaǵı aymaqlardı shetlep ótiwshi sawda jolları arqalı jetkerip beriw zárúrligi payda boladı. Bul sawda jolınıń tómendegi eki tiykarǵı baǵdarın kórsetiw múmkin:



1) Qıtay jipegi Kushanlar baqlawında bolǵan Arqa Hindstan aymaǵı arqalı Hindstandaǵı sawda portlarına, ol jerden teńiz jolı arqalı Jer Orta teńizi mámleketlerine jetkerilip berilgen. B.e.sh. I ásirge tiyisli Qıtay jılnamalarında sawda-satıqtı jolǵa qoyıw maqsetinde kelgen kashmirli elshiler haqqında, olardıń bir jılda birneshe márte kelgenligi haqqında sóz júritiledi[51]. Bul dáwirde Kashmirdi Oraylıq Aziyanıń tawlı aymaqları menen baylanıstırıwshı Qaraqurum taw jolınan da keńirek paydalanılǵan. Bul jol arqalı Hindistan–Qıtay baylanısları da ámelge asırılǵan.

2) Qıtaydan shıǵıs Túrkstan arqalı Vaxon qıspaǵı hám Pamir taw bálentlikleri (Qarategin) arqalı Baqtriya qalasına, ol jerden Efrat dáryasınıń tómengi aǵısı boylap Rim imperiyası aymaǵına barıwshı qurǵaqlıq jolı bolǵan.

Solay etip, áyyemgi zamanlarda jipek ónimleri Qıtaydıń tiykarǵı eksport ónimi bolıp ǵana qalmastan, bálkim basqa xalıqlardan satıp alınatuǵın tovarları ushın beriletuǵın tólew quralı da edi.

## ULLÍ JIPEK JOLÍNÍŃ AT SAWDASÍNDAǴÍ ÁHMIYETI

Qıtay menen Túrkstan arasındaǵı at sawdası Chjan Czyannıń Ferǵanaǵa keliwi hám bul jerde arǵımaq atlardı kóriwi menen baylanıslı. Bunnan burın qıtaylılar qollanǵan atlar, tiykarınan, Mongoliya aymaǵında jetistirilgen atlardan ibarat bolǵan edi. Usı atlar keń jawırınlı, ayaqları salıstırmalı túrde kelterek, boyı kishirek bolıp, tez shappaǵan. Chjan Czyan Ferǵanada kórgen arǵımaq atlar bolsa tezlikte hám uzaqqa shabıwda ol atlardan ádewir ózgeshe bolǵan. Sonlıqtan, elshi arǵımaqlardıń ózgeshelikleri hám olardı baǵıw usılı menen jaqsı tanısqan.

Batıs úlkeler menen siyasiy hám ekonomikalıq baylanıslar ornatıwǵa umtılǵan qıtaylılar 121-jılı xunlar ústinen jeńiske erisedi, imperiyanıń batıs shegaralarında jollar hám olardı qorǵawǵa mólsherlengen bekkem qorǵanlar sala baslaydı. Bul dáwirden baslap, dereklerde kórsetiliwinshe, Qıtay imperatorları tárepinen Batıs úlkelerge (Davan, Ansi, Yancay hám basqalar)

[51] Луба-Лесниченко Е.И. Китай на Великом Шёлковом пути. Шёлк и внешние связи древнего Китая. —М., 1991, с.110.

jılına bes-altı, ayırım jıllarda on márteden kóbirek iri (quramında birneshe júz adamnan ibarat) hám kishi (júzden artıq adam) elshilik missiyaları jiberilgen. Áyyemgi Qıtay dereklerindegi maǵlıwmatlardı kórip shıǵıp olar aldına Batıs úlkeler haqqındaǵı áskeriy-siyasiy áhmiyetke iye tıńshılıq maǵlıwmatlar toplaw, baylanıs-sawda jolları jónelisleri hám olardıń qáwipsizligi máselesin, ekonomikalıq-sawda baylanısların ornatıw imkaniyatların úyreniw hám hátteki jergilikli húkimdarlardı Qıtay imperatorına boysınıwǵa kóndiriwge umtılıwı sıyaqlı úlken strategiyalıq wazıypalar qoyılǵanlıǵı haqqında juwmaq shıǵarıw múmkin.

Qıtaydıń bul dáwirdegi «Batıs úlkeler» menen bolǵan siyasiy-ekonomikalıq baylanıslarında Davan mámleketine úlken itibar qaratıla baslandı. Bunı bir tárepten, Ferǵana oazisiniń Qıtay ushın «Batıs úlkeler dárwazası» sıpatında tutqan geografiyalıq ornı hám geosiyasiy jaǵdayı menen túsindiriw múmkin. Ekinshiden, Qıtaydıń iri strategiyalıq áskeriy-siyasiy maqsetlerin, tiykarınan ishki hám sırtqı qáwipti (birinshiden, arqadaǵı kóshpeli xun qáwimleri hújimlerin) boldırmaw, saltanat aymaǵın basqıshpa-basqısh keńeytip barıw hám basqa wazıypalardı ámelge asırıwda tiykarǵı kúsh bolǵan tez háreket etiwshi atlı armiya ushın Ferǵananıń belgili «dúldúl atları»na bolǵan talabın da itibarǵa alıw lazım. Qıtaydıń diplomatiyalıq hám sawda baylanısları arqalı «dúldúl atları»na iye bolıw rejesi nátiyje bermegennen soń, bul maqsetke kúsh penen erisiw ushın Davanǵa shólkemlestirgen áskeriy júrisleri bul talaptıń Qıtay ushın tutqan áhmiyetinen dálil boladı.

Chjan Czyan Chananǵa qaytıp barǵannan keyin U-di qaǵanǵa arǵımaq atlar hám olardı baǵıw ushın úlken áhmiyetke iye bolǵan ósimlik – jońıshqa haqqında barlıq kórgen hám bilgenlerin aytıp bergen. Qıtay qaǵanı elshiniń sózin esitip, dárhal sonday tulpar atlar menen armiyasın tolıq támiyinlep, olardıń jawıngerligin arttırıw rejesin dúze baslaǵan. U-di arǵımaq atlar alıp keliw ushın bul mámleketke úlken baylıq penen adam jiberedi. Biraq, ferǵanalılar bir-eki attı sawǵa etiw menen sheklenip, kóp muǵdarda at satıwǵa kelisim bermeydi.

Bunnan keyin b.e.sh. 104-jılı U-di Ferǵanaǵa Li Guangli basshılıǵında úlken ásker jiberip, jergilikli húkimetti arǵımaq



atlardı beriwge májbúr etpekshi boladı. Birinshi mártebe Ferǵanaǵa jiberilgen áskerler maqsetine erise almay, Úzgennen keyinge qaytadı. Jeńiliske kónlige almaǵan Qıtay qaǵanı bunnan qattı qapa bolıp, Li Guanglidi úlken ásker menen ekinshi mártebe Ferǵanaǵa jiberip urıs alıp baradı. Bul urıs ta Qıtay qaǵanına ol kútken nátiyjeni bermeydi.

B.e.sh. 102-jılı Ferǵana menen qırǵın sawashlardan keyin Qıtay ayırım maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda 14, basqa bir maǵlıwmatlar boyınsha 30 dan artıq at alıp qaytqan. Usı waqıttan baslap Qıtayda áste-aqırın arǵımaq atlar payda bola baslaydı[52].

Attıń bahası da joqarı bolǵan. Sol dáwirde, bir jalǵız attıń bahası 100 tillaǵa, bir júk tasıw yamasa arba ushın qollanılatuǵın attıń bahası bolsa, eń arzan bahada esaplaǵanda 5 mıń teńge bolǵan. Ayırım dáwirlerde attıń bahası júdá joqarı bolǵanlıǵı málim. Óytkeni, b.e.sh. 93-jılı minetuǵın bir attıń bahası 150 mıń teńgege kóterilip ketken.

Satıp alınǵan atlardıń hámmesi derlik áskeriy maqsetler ushın paydalanılǵan. Bunnan tısqarı Qıtayǵa jeke sawdagerler tárepinen de at alıp barılıp satılǵan. Ádette, jeke sawdagerler tárepinen satılǵan atlar, tiykarınan, miniw ushın hasıl tuqımlı atlar bolǵan.

Orta ásirlerde, ásirese Tan dinastiyası dáwirinde at baǵılatuǵın ayırım aymaqlar bul dinastiya tárepinen iyelep alınǵan edi. Sonlıqtan, sol dáwirde áyyemgi Qıtayda attıń bahası ádewir arzan bolǵanlıǵı kórsetilgen. Óytkeni, bir ortasha attıń bahası 40—50 bólekshe jipek gezlemege teń edi. Jipek gezlemege salıstırǵanda attıń bahasınıń arzanlawı keyingi birneshe ásirler dawamında kózge taslanadı. Onıń sebeplerinen biri Oraylıq Aziya xalıqları arasında chay ishiw ádeti keń tarqalǵanlıǵı, ekinshiden Qıtayǵa barǵan sawdagerler alıp barılǵan atlardıń úlken bir bólimin chayǵa almastırǵanı, úshinshiden, Qıtayda chaydıń bahası ádewir joqarılawı menen baylanıslı edi.

Biraq, qıtaylılar menen basqa xalıqlar arasındaǵı sawda baylanıslarınıń ulıwma kólemi kózqarasınan qaraǵanda, Qıtay ushın at sawdası joqarı orında turǵan.

---

52. Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Тошкент, 2007, 180 б.

Onıń birinshi sebebi, xalqı tıǵız bolǵan Qıtay aymaǵı sharwaǵa qánigelespewi hám qıtaylılar at baqqan jaǵdayda da olardı kóbeytiw imkaniyatına iye emesliginde edi. Bunday imkaniyatqa qıtaylılar keń jaylawlar jaylasqan Mongoliya, Tibet, Shıǵıs Túrkstan sıyaqlı aymaqlardı iyelep alǵannan keyin ǵana iye bolǵan. Sonlıqtan, qıtaylılar ushın at sawdası júdá qádirli hám qımbat bahalı sawda tovarı esaplanǵan.

Ekinshiden, sol zamanlarda at tek háreket quralı bolıp ǵana qalmastan, al tez háreket etiwshi qúdiretli jawınger kúshtiń tiykarı esaplanatuǵın edi. Sonlıqtan, áyyemgi zamanlarda qaysı mámleket yamasa xalıqtıń áskeriy kúshi atlı áskerlerden ibarat bolsa, olar kúshli esaplanǵan. Bul jaǵday Qıtay menen onıń arqasındaǵı kóshpeli xalıqlar arasındaǵı soqlıǵısıwlarda bayqalǵan. Qıtaylılar ózleriniń atlı qarsılaslarınıń hújimine qarsı gúresiw maqsetinde birneshe mıń kilometr keletuǵın arqa shegaraları boylap biyik diywallar qurǵan. Bunıń ushın qárejet hám insan miyneti sarıplanǵan. Janlıwshı qurallardıń payda bolıwına shekem bul diywallar belgili dárejede óz nátiyjesin kórsetkenligi hámmege málim. Qıtayday úlken abıraylı mámlekettiń áskeriy kúshin atlı áskerler menen támiyinlew atlardıń sanın kóbeytip, qartayıp qalǵan atlardı jas atqa almastırıp turıw talap etiletuǵın edi. Bunıń ushın mámleket úlken kólemde qárejet sarıplap turaqlı túrde at satıp alıwǵa májbúr edi. Ásirese, Davan (házirgi Ferǵana)da jetistirilgen «aspan tulparları» — arǵımaqlar Qıtayda ataqlı bolǵan[53].

Úshinshiden, Qıtaydıń ózinde at jetistirilgen bolsa da, qıtaylılar ushın atta júriw júdá úlken abıray esaplanatuǵın edi. Sol sebepli baylıq arttırǵan hárbir adam hasıl at satıp alıwǵa umtılǵan.

Qıtayǵa kelgen elshiler hám kárwan iyeleri jergilikli xanlarǵa hám hámeldarlarǵa at sawǵa etse, olardıń bul sawǵaları joqarı bahalanǵan. Álbette, attıń bahası bárqulla birdey bolmaǵan. Degen menen, ortasha alǵanda, VII - VIII ásirlerde Qıtayǵa alıp kelingen hárbir atqa 40—50 bólekshe (hárbir bólekshe 13,3 metrden) jipek gezleme almastırıp alıw múmkin edi.

Orta ásirlerde Qıtayǵa at alıp barıp satıw, tiykarınan, túrkiy xalıqlar, sonıń ishinde uyǵırlar hám tibetlilerge tiyisli bolǵan.

[53] Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Тошкент, 2007, 182 б.



Olar Qıtayǵa at satıw ushın saparǵa shıqqanında, keminde 3—4 mıń at aydap barǵan. 735-jılı túrkler Qıtayǵa 15 mıń at alıp barıp satqanlıǵı málim. Sonda bul atlar esabına tólew ushın mámlekettegi bar jipek gezlemeler jetpey qalǵan eken. 830-jılı uyǵırlar tárepinen Qıtayǵa satılǵan atlar esabına húkimet 230 mıń bólekshe jipek gezleme tólegen. Ayırım jılları satıp alınǵan atlarǵa tólew ushın jipek gezlemeler jetpey qalıp qarız esabına at satıp alǵan jaǵdaylar tez-tez ushırasıp turǵan. 780-jılǵa kelip, Tan dinastiyasınıń uyǵırlarǵa bolǵan qarızınıń ulıwma muǵdarı 1.08 mln bólekshe jipek gezlemeni quraǵan. Bunnan keyin Tan dinastiyası usı qarızdıń bir bólimi ushın 100 mıń lyang (mısqal, 1 lyang 37,3 grammǵa tuwrı keledi) altın menen qaytarǵan[54]. Bul maǵlıwmatlar tek mámleketler aralıq at sawdasına tiyisli edi.

Usı jerde sonı aytıp ótiw zárúr, Qıtayǵa eksport etilgen atlardıń sanı kóbeyiw menen birge, Oraylıq Aziyadan alıp barılǵan er-turmanlardıń muǵdarı da kóbeyip barǵan.

Áyyemgi waqıtları Qıtay importında qoy hám qara mal sıyaqlı úy haywanları salmaqlı orın tutqan. Bunnan tısqarı gilem, ayna, qayta islengen teri, jún hám paxtadan toqılǵan gezlemelerdi Qıtayǵa alıp barıp satıp, onıń ornına jipek gezleme alıw múmkin edi.

## ULLÍ JIPEK JOLÍNÍŃ CHAY SAWDASÍNDAǴÍ ÁHMIYETI

Xalqımız arasında keptirilgen chay japıraǵınan demleme tayarlap ishiw sonday dárejede ádetke kirip ketken, chaysız ómirdi kóz aldıńa keltiriw qıyın. Chaydıń kók hám qaraǵa ajıratılıwı onıń quwırılǵan yamasa quwırıp qurǵatılǵanlıǵı, joqarı hám tómen sortları onıń jańadan kógerip shıqqan yamasa pisip jetilisken japıraqlardan tayarlanǵanlıǵına baylanıslı. Ásirler dawamında chay óziniń ájayıp dámi, shóldi basıwı, insan salamatlıǵına paydalı bolıwı menen tek Oraylıq Aziyada emes, al pútkil dúnyada úlken itibarǵa sazawar boldı hám xalıqaralıq sawda baylanıslarında áhmiyetli orın tuttı. Onıń tutınıwshıları da kóbeyip bardı. Degen menen, Oraylıq Aziyaǵa, sonıń ishinde

[54] Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Тошкент, 2007, 183 б.

Ózbekstan aymağına chay qashan kirip kelgen degen sorawlar elege shekem sır bolıp kelmekte.

Qıtay dereklerindegi mağlıwmatlar chaydıń dáslepki watanı házirgi Qıtay Xalıq Respublikasınıń qubla-shığıs wálayatları bolğanlığın kórsetpekte.

B.e.sh. IV ásirde Qıtayda chay ósimligi tábiyğıy jağdayda óskenligi málim. Chay IX ásirden Yaponiya hám Koreyada, XIX ásirden Indoneziya, Hindstan, Shri-Lankada egile basladı. 1885-jıldan Gruziyada, 1901-jıldan Rossiyanıń Krasnodar úlkesinde, 1913-jıldan Azerbayjanda chay plantaciyaları payda boldı.

Ózbekstanda chay ishiw qashannan baslap ádetke aylanğanı haqqında anıq mağlıwmatlar joq. Ayırım dereklerge qarağanda, Túrkstan qalalarında qıtaylı, hind sawdagerleri chay sawdası menen shuğıllanğan.

Qalalar hám awıllar gúzarlarında tek chay ishimligi, nan-qant penen sawda etetuğın chayxanalar bolğan. XX ásir baslarında hind sawdagerleri Samarqandta chay qadaqlaw kárxanasın shólkemlestirgen. 1913-jılı Orta Aziyağa sırt elden 720 mıń pud chay alıp kelingen (75 % kók chay), onıń 240 mıń pudı Túrkstan úlkesinde, 150 mıń pud Buxara xanlığında, 40 mıń pudı Xiywa xanlığında satılğan.

1923-jılı Orta Aziyada birden-bir shetten alıp kelingen shiyki zatta isleytuğın Samarqand chay qadaqlaw fabrikası iske túsirildi.

1990-jıllardıń basında Samarqand, Namangan, Tashkent qalalarında Ullı Britaniya, Hindstan, Argentina, Shri-Lanka, Qıtay firmaları («Veta Tea», «Tata», «Impra», «Akbar», «Lipton» h.b.) menen birgelikte chay importı, qadaqlaw hám satıw menen shuğıllanatuğın qospa kárxanalar payda boldı yamasa shet el firmalarınıń wákilxanaları ashıldı.

Qıtay tiliniń sózliginde «Chay teregi (chashu) watanımızdağı Yanczi (rus ádebiyatında Chanczin, Yanczi) dáryası boylarında hám onıń qublasındağı wálayatlarda ósedi hám tárbiya etiledi, Yaponiya, Nepal, Hindstan yarım atawına Qıtaydan tarqalğan» dep jazılğan. «Chay» sóziniń Qıtaydan dúnyağa tarqalıwı hám chay Qıtaydan tarqalğan, degen pikirdi tastıyıqlaydı. Haqıyqatında da, Qıtaydıń ataqlı wálayatlarınıń tábiyatı ıssı, jawınlı, qıs kúnleri



qattı suwıq bolmawı, qar derlik jawmawı chay tereginiń ósiwine sáykes keledi.

Házirgi qıtay tilinde chay «cha», ayırım dialektlerde «sa, ca, sha» dep ataladı, lekin onıń bul tilde bunday atalıwı keyin payda bolğan. Máselen, Shığıs Jin mámleketi alımı Go Puning (273—324) «Túsindirmeler toplamı» shığarmasında atap kórsetiwinshe, áyyemgi waqıtları qıtaylılar chaydı basqa ieroglif penen sáwlelendirgen.

Tan dinastiyası (618—907) dáwirinde jasağan Lu Yuy tárepinen arnawlı chayğa bağıshlanğan «Chay nızamı» («Chaczin») shığarmasında bayan etiliwinshe «chay» sózin jazıw ushın qollanılıp kiyatırğan «cha» ieroglifi shóp hám ağashtı bildiriwshi eki ieroglifti birlestiriw tiykarında 713—741-jılları júzege kelgen. Bunnan burın chay «tu» dep oqılatuğın ieroglif penen kórsetilgen. Áyyemgi dáwirde qıtaylılar chaydı «ming», «ji», «she», «chuan» dep atağan. Lekin, «ming» hám «chuan» ieroglifleri chaydıń ósip jetilisken hám qartayıp qalğan túplerine baylanıslı qollanılğan. Chaydıń «sha» dep atalıwı házirgi Qıtaydıń Sichuan úlkesiniń qublasında jasağan xalıq tiline sáykes keledi. «Qıtaydıń Ullı Jipek jolı sózligi» («Chjuntuo sichou chjilu cidyan»)nde chay burın «ming» dep atalğanlığı kórsetilgen.

B.e. III ásirinen burın jazılğan shığarmalarda, sonıń ishinde dinastiyalar tariyxında hám shayırlar shığarmalarında chay japırağınan demleme tayarlap shóldi basqan ishimlik sıpatında qollanğanı haqqında mağlıwmat ushıramaydı. Házirgi zaman qıtay tariyxshıları shığarmalarında da Batıs Xan dinastiyası dáwirinde (b.e.sh. 221 - eramızdıń 8) chay mákanı bolğan Sichuan wálayatında chay teregi japırağınan shóldi basatuğın ishimlik tayarlaw ádeti joq ekenligi bayan etilgen. Li Mingvey Qıtayda «chay ishiwge tiyisli dáslepki mağlıwmat Batıs Xan dinastiyasınıń sońğı dáwirinde bolsa kerek» dep shamalaydı. Lekin, onıń bul mağlıwmatları chaydı shóldi basatuğın ishimlik sıpatında qollanıw eramızdıń baslarında payda bolğanlığın bildirmeydi[55].

III–IV ásirlerde Qıtayda chay japırağınan araqqa uqsağan ótkir ishimlik tayarlaw ádeti payda bolğan.

---

55. Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Тошкент, 2007, б. 185.

VI ásirde Qıtayda chay sonshelli dárejede qádirlengen, ol neke toyı sawǵaları arasında bahalı nársege aylanǵan. Hátteki, neke toyı páyitinda qız tárepke sawǵa jiberiw mirásimi «chay jiberiw» («shyacha»), qız tárepten bul sawǵanı qabıl etiw «chay qabıl etiw» («shoucha») dep atalıw ádetke aylanǵan. Hár qıylı sebeplerge baylanıslı ótkerilgen miyman kútiw «chay ilajı» («chali») dep atalǵan. Áhmiyetli jumıslar haqqında sóylesiw yamasa másláhátlesiw ushın toplanǵan ánjuman «chay májilisi» («chaxuey» yamasa «chatangxuey») dep atalǵan. Áyyemgi zamanlarda bunday májilislerdi shólkemlestiriwge tek baylardıń shaması jetken[56].

«Tan dinastiyasınıń jańa tariyxı» («Sin Tang shu»)nıń 136 hám 196-baplarında keltirilgen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, VII ásirdiń ortalarında Qıtayda chay japıraǵınan demleme tayarlap ishiw ádeti keń tarqalǵan bolıp, ol jergilikli xalıqtıń kúndelikli turmısında gúrish hám duz sıyaqlı turaqlı azıqqa aylanǵan.

Chaydıń xalıq arasında keń tarqalǵanlıǵı sol dáwirde jasaǵan shayırlardıń shıǵarmalarında óz sáwleleniwin tapqan. Máselen, qıtay xalqı arasında chaydıń bilimdanı hám «chay piri» («chashang») dep belgili bolǵan shayır hám alım Lu Yuy óz shıǵarmasında «chay ishiw ádeti samal sıyaqlı tez tarqaldı» dep jazǵan.

Keltirilgen maǵlıwmatlardan sol nárse málim boladı, eramızdıń baslarında hám onnan burıngı dáwirde «cha» dep atalǵan ósimlik qıtaylılarǵa belgili boladı, biraq olar bul ósimliktiń japıraǵınan shóldi basatuǵın ishimlik tayarlawdı ele bilmegen. Eramızdıń III ásirinde Qıtayda chay japıraqlarınan spirtli ishimlik tayarlanǵan hám ol jasırın túrde qollanılǵan, chaydıń jas japıraqlarınan shóldi basatuǵın ishimlik ishiw ádeti IV ásirdiń birinshi yarımında payda bolǵan. Bunnan keyingi eki ásir dawamında chay demlemesin qollanıw jergilikli xalıq arasında keń tarqalǵan. Demek, chay Túrkstanda V ásirden burın tarqalǵan.

«Loyangtegi buddizm ibadatxanası eslewi»nde Tan dinastiyası dúzilmesten burın Qıtayda chay ishiw keń tarqalmaǵan, jaylawlarda jasaytuǵın hám sharwashılıq penen shuǵıllanıwshı xalıqlar chay qollanbaytuǵın edi dep bayan etilgen.

---

[56] Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Тошкент, 2007, 186 б.



1987-jılı áyyemgi Qıtaydıń ekinshi paytaxtı Chanan (házirgi Sian) qalasınıń janında jaylasqan Faminshi («Buddanıń izinen barǵanlar ibadatxanası» mánisin ańlatadı) atamasındaǵı buddizm ibadatxanasınıń minarasınıń tómenindegi jer tóleden b.e. VII—VIII ásirlerine tiyisli buyımlar tabılǵan. Olardıń ishinde chay japıraǵın qayta islew, onı keptiriw, quwırıw, qadaqlaw, onnan demleme etip ishiw ushın zárúr bolǵan ásbap-úskeneler, altın, gúmis hám shiysheden islengen ıdıslar, belgisiz boyawlar menen boyalǵan shiyshe keseleri, ashıq-sarı reńdegi shiysheden islengen keseler, chay demlemesi tayarlanatuǵın basqa ıdıslar bar ekenligi anıqlanǵan. Olardıń kópshiligi, ásirese shiyshe chay ıdısları – Shıǵıs Rim imperiyasında islengen bolıp, olar Qıtayǵa IX ásirde alıp kelingen. Bul buyımlar Evropaǵa chay IX ásirden burın tarqalǵan dep aytıwǵa tiykar boladı.

VII ásirdiń ortalarınan baslap arab sawdagerleri teńiz arqalı Qıtayǵa kele baslaǵan bolsa da usı dáwirde Evropa mámleketleri menen bul chay mámleketi arasındaǵı sawda baylanıslarınıń kópshilik bólimi Túrkstan, sonıń ishinde házirgi Ózbekstan aymaǵınan ótken Ullı Jipek jolı arqalı ámelge asırılǵan. Chay ishiw ádeti túrkstanlılarda Evropa mámleketlerine qaraǵanda ádewir aldın payda bolǵan dep esaplaw orınlı bolıp tabıladı.

B.e. V–VIII ásirlerine tiyisli dereklerde kórsetiliwinshe, bul dáwirde chay Qıtaydan uyǵırlar hám tibetliler tárepinen kóplep satıp alınǵan. Orta ásirlerde jazılǵan «Feng Chjiningtiń esitken hám kórgenlerin bayanlawı» («Feng Chji ven jyanlu») shıǵarmasınıń 6 babında «Uyǵırlar hár sapar Qıtay qaǵanı sarayına kelgende hasıl tuqımlı atlardı chayǵa almastırıp ketetuǵın edi» dep jazılǵan[57]. Bul shıǵarmanıń ekinshi bir ornında uyǵırlar Tan dinastiyası sarayına kelgende, kóp at alıp kelip chayǵa almastırıwı Tan húkimetinde úlken táshwish payda etken. Tan dinastiyası bunnan qutılıw ushın at, chay, jipek gezlemeler sawdasın hám bul tovarlardı satatuǵın bazarlardıń kóbeyiwin sheklewge májbúr bolǵanlıǵı bayan etilgen. Shıǵarmada «Tan dinastiyası dáwirinde uyǵırlarda chay ishiw ádeti bar edi» dep atap kórsetilgen.

---

[57] Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Тошкент, 2007, 186 б.

Ullı Jipek jolınıń Shıǵıs Túrkstan bólimin qadaǵalap turǵan Uyǵır qaǵanlıǵı 755—757-jılları Qıtayda júz bergen An Lushan kóterilisin bastırıwda Tan dinastiyasına járdem bergenligi nátiyjesinde bul mámlekette erkin sawda etiw huqıqına iye bolǵan. Sonlıqtan, Qıtaydan Ullı Jipek jolı arqalı eksport etilgen chay uyǵırlardıń erkinde bolǵan.

Qıtay alımlarınıń xabar beriwinshe, usı dáwirde uyǵırlar kóbinese góshli hám maylı awqat paydalanǵan, sút qosıp tayarlanǵan chay demlemesi bolsa góshli awqattı sińdiriwde, organizmge toplanǵan may zatlardı azaytıwda áhmiyetke iye bolǵan. Haqıyqattan da, uyǵırlarda sút penen chay ishiw keń tarqalǵan bolıp, bunday chay olardıń tilinde «etgan chay» dep ataladı.

Dereklerden belgili bolıwınsha, Tan dinastiyası dáwirinde, yaǵnıy VII—IX ásirlerde chay Qıtaydıń tiykarǵı eksport etiwshi tovarlarınıń birine aylanǵan. VII ásirdiń birinshi shereginde áyyemgi Qıtaydıń arqasındaǵı xalıqlar menen qıtaylılar arasında bolǵan sawdada chay, jipek gezleme, duz, at tiykarǵı orında turǵan. Bul tovarlar sawdası puqaralar arasında tovardı zatqa almastırıw (zamanagóy tilde barter) tiykarında ámelge asırılǵan. VII ásirdiń birinshi shereginde bunday sawda baylanısları tez jedellesip ketken. Chay sawdasınıń paydalı ekenligin túsinip jetken sawdagerler shet ellerge barıp, onıń paydalı ekenligin úgit-násiyat etken.

Tan dáwirinde chay sawdası sonday dárejede paydalı sawdaǵa aylanıp ketken edi, kóplegen túrkstanlılar Qıtay qalalarında, ásirese Chananda chay dúkanların ashıp, Qıtay chayı eksportınıń tiykarǵı bólimin óz qollarına kirgizip alǵan. Húkimet qaznası bolsa bunnan úlken payda kórgen. Qıtay chayı eksportınıń kóbeyiwi sebepli import etilgen atlar esabına tólenetuǵın jipek gezlemelerdiń jetispewshiligine shek qoyılǵan.

Shıǵıs Túrkstandaǵı Turfan qalasınıń janında jaylasqan Ostina degen orınnan ashılǵan 187-sanlı qábir ishinen chay uzatıp atırǵan hayallar súwreti salınǵan jipek gezlemeler tabılǵan. Hár tárepleme úyreniw hám analizlerden soń Qıtay alımları bul súwret VII ásirge tiyisli bolıp, ol Batıs mámleketlerinen kelip qıtay chayın alıp ketip baratırǵan sawdagerlerge tiyisli bolıp tabıladı degen juwmaqqa kelgen. Usı tiykarda olar VII ásirde Turfanda chay menen miyman kútip alıw ádetke kirgen eken, degen pikirdi ortaǵa qoyǵan.



780-jılı chay ósiriwshi, alıwshı hám satıwshılardan dáslepki ret salıq alınǵan. Al, 792-jılı chaydan salıq alıw haqqında arnawlı nızam qabıl etilgen. Bul nızam «chay nızamı» (chafa) dep atalǵan. Usıǵan shekem chay sawdası salıqsız ámelge asırılǵan. «Chay nızamı» boyınsha, chay ósiriw hám jetistiriwshilerdi dizimge alıp, olar arasında «bovjya» sisteması engizilgen. Bul sistema boyınsha, chay menen shuǵıllanıwshı hár 10—15 shańaraqlar bir topar (bov)ǵa ajıratılǵan bolıp, olardan birewi nızamdı buzsa barlıq topar aǵzaları teń juwapkershilikke tartılǵan. Sonıń menen birge, iri qalalarda «chay bazarları» shólkemlestirilgen hám chay sawdası tek ǵana usı bazarlarda ámelge asırılıwı belgilep qoyılǵan. Chay jetistiriwshiler menen chay satıp alıwshılar arasındaǵı baylanıslar húkimet tárepinen qatań túrde qadaǵalawǵa alınǵan. Nızam engizilgennen soń chay sawdasınan alınǵan payda Tan dinastiyası qaznasın toltırıwshı tiykarǵı derekke aylanıp qalǵan.

VIII ásirdiń úshinshi shereginde Tibette shólkemlestirilgen Tubo mámleketi kúsheyip Xeshi ótkeli hám Shıǵıs Túrkstannıń qubla bólimi arqalı ótken sawda jolların óz qadaǵalawına alǵan edi. Bunnan keyingi bir ásirge jaqın dáwir dawamında (anıǵıraǵı 849-jılǵa shekem) bul aymaqlar arqalı Qıtay menen Jaqın Shıǵıs hám Qubla Aziya mámleketleri arasındaǵı sawda baylanısları tibetliler qarawında boldı. Bunda Batıs penen Qıtay arasındaǵı sawda baylanıslar Mongoliyadan ótken arqa jol arqalı ámelge asırılǵan. Usı zamanda bul jol Uyǵur qaǵanlıǵı (744—842) arqalı ótedi. Bul jaǵday olarǵa júdá qolaylı keldi. Nátiyjede uyǵur sawdagerleriniń xalıqaralıq sawda baylanıslarında tutqan ornı kúsheydi.

X ásirden baslap chay Qıtay mámleketine jaqsı payda keltiriwshi tiykarǵı eksport ónimine aylanǵan. Máselen, Shishya mámleketi átirapındaǵı áskerler birneshe jin (sol zamanda 1 jin 597 grammǵa, házir bolsa 500 grammǵa teń) chayǵa bir dana qoy almastırǵan, degen maǵlıwmat ushırasadı. Sonlıqtan Arqa Sun dinastiyası (960—1127) chay jetistiriw hám onı satıw menen baylanıslı barlıq proceslerdi óz monopoliyasına ótkerip ǵana qoymastan, al chay sawdasına baylanıslı bolǵan barlıq shaxslardı dizimge alıp, olardıń ústinen qatań qadaǵalaw ornatqan[58].

---

[58] Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Тошкент, 2007, 188 б.

Dereklerden belgili bolıwınsha, Arqa Sun dinastiyası dáwirinde Batıs mámleketlerden, sonıń ishinde Túrkstannan kelgen sawdagerler kóp muǵdarda chay satıp alǵan. Al, Qıtayda ishki siyasiy jaǵdaydıń keskinlesiwi sebepli, chay jetistiriw hám tayarlaw salmaǵı tómenlep bahası kóterilip ketken. 1104-jılı qıtaylılarda bir 4—10 jasar úlken attıń bahası 56 kg joqarı sortlı chay bahasına teń bolǵan. Usı sebepli qıtaylılar chaydı tek atqa almastırıwǵa háreket etken. Húkimet te bul isti qatań qadaǵalaw astına alǵan. Qubla Sun dinastiyası dáwirinde (1127—1279) attıń bahası qımbatlap, chaydıń bahası tómenlep ketiwi bayqalǵan. Bunnan soń chaydı tek atqa ǵana emes, al basqa tovarlarǵa da almastırıw yamasa altın hám gúmis aqshaǵa satıwǵa ruqsat etilgen.

Qıtayda mongollar ústemligi ornatılǵannan keyin bul mámlekette at satıp alıw mashqala bolmay qalǵan. Nátiyjede attı tek chayǵa almastırıw zárúrligi joq etilgen. Degen menen, chay jetistiriw hám onıń xalıqaralıq sawdadaǵı ornı artıp barǵanlıǵı bayqalǵan. Musılman sawdagerleri arqalı Qıtaydan alıp ketiletuǵın tovarlar arasında chay tilge alınbay qalmaydı. Biraq, Tan dinastiyası dáwirinde xalıq arasında keń tarqalǵan «At – chay sawdası» degen túsinik birinshi orınnan túsip qalǵan.

Qıtaylılar mongollar ústemligin awdarıp ózleriniń Min hákimiyatın shólkemlestirgennen keyin attı import etiw máselesi jáne átiraptaǵı sharwa xalıqlar hám mámleketler qarawında qalǵan. Sonlıqtan, zárúrlik nátiyjesinde Min dinastiyası olardan at satıp alıw máselesine úlken itibar berip, onı siyasat dárejesine kótergen. Hátte, bul jaǵday Min dinastiyasınıń at baǵılatuǵın jaylawların óz qolına alıwǵa qaratılǵan strategiyalıq siyasatınıń qáliplesiwine de tásirin tiygizgen. Bunday jaǵdayda jılqıshı sharwa xalıqlardıń chay ishiwge úyrengenligi hám chay importına zárúrligi oǵan qolaylı kelgen. Usı dáwirdegi húkimet siyasatı «chayǵa at almastırıp átiraptaǵı qońsılardı xoshametlew hám usı jol menen Qıtay (Chjungtuo)dıń qúdiretin arttırıw», degen túsinikte óz sáwleleniwin tapqan. Chay jetistiriw hám satıw menen baylanıslı barlıq tarawlar jáne Sun hám Tan mámleketleri sıyaqlı mámleket monopoliyasına alınǵan. Chay jetistiriwshiler hám chay egiletuǵın jerler qaytadan tekserilip dizimge alınǵan. Chaydı bir orınnan ekinshi orınǵa tasıw jumısları áskeriy bólimler



baqlawı astında bolǵan. Chaydı jasırın eksport etkenler hám buǵan jol qoyǵan hámeldarlar ólim jazasına húkim etilgen. Nátiyjede chaydıń bahası ósip ketken. 1392-jılı 340 bas atqa 300 mıń jin (házirgi esapta 150 mıń kg) chay almastırılǵan. At sawǵa etip ákelgen elshilerge úlken húrmet bildirilgen. XIV ásirdiń sońǵı shereginde Qıtaydıń batıs hám arqa shegara wálayatlarında joqarı hasıl tuqımlı at 40–50, orta dárejedegi at 30–40, tómen dárejedegi at 20–30 jin chayǵa teńlestirip bahalanǵan. Qıtaydıń ishki úlkelerinde bul baha keminde 800 ese qımbat bolǵan. Máselen, Sichuan wálayatında 1 bas ortasha at bahası 1800 jin chayǵa teń bolǵan. Usınnan belgili bolǵanınday, húkimettiń ózi chay sawdasınan úlken payda alǵan. Álbette, chaydıń bahası tez-tez ózgerip turǵan, lekin Qıtaydıń shegara wálayatlarındaǵı baha menen ishki úlkelerdegi baha arasında ayırmashılıq úlken bolǵan.

Chay sawdasınıń qımbatlap ketiwi Qıtayǵa import etiletuǵın atlardıń sanınıń azayıp ketiwine alıp keldi. XV ásir ortalarında at importın kóbeytiw maqsetinde Min dinastiyası jeke sawdagerlerge de chay sawdası menen shuǵıllanıwǵa jol ashıp beriwge májbúr boldı[59].

Qıtayda Min dinastiyası awdarılıp, onıń ornına manjurlar tárepinen shólkemlestirilgen Cin dinastiyası dáwirinde chaydı tek atqa almastırıwdıń zárúrligi qalmaǵan. Manjurlar Qıtaydı iyelegennen soń Mongoliya, Tibet, Cinxay, Shıǵıs Túrkstan sıyaqlı at jetistiriwshi mámleketlerdi de ózine boysındırıw imkaniyatına iye bolıwı buǵan alıp kelgen edi. Endi olar at satıp alıwshılar emes, al at baǵıw hám kóbeytiwdiń iyesine aylandı. Chay sawdasın mámleket monopoliyasında uslap turıwdıń da zárúrligi qalmadı.

## ULLÍ JIPEK JOLÍNÍŃ SHIYSHE SAWDASÍNDAǴÍ ÁHMIYETI

Qıtay tilinde shiyshe «ci» yamasa «cichi» dep ataladı. Tiykarında aq ılaydan tayarlanǵan ıdıs «ci» dep atalǵan. Bunday ıdıslar, ádette, «baytao» delingen. Keyinirek qumbızda joqarı basımda pisirilgen aq reńli ıdıs-tabaqlar ci dep atalǵan. Sonlıqtan,

59. Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва таклирлар. —Тошкент, 2007, 191 б.

Dereklerden belgili bolıwınsha, Arqa Sun dinastiyası dáwirinde Batıs mámleketlerden, sonıń ishinde Túrkstannan kelgen sawdagerler kóp muǵdarda chay satıp alǵan. Al, Qıtayda ishki siyasiy jaǵdaydıń keskinlesiwi sebepli, chay jetistiriw hám tayarlaw salmaǵı tómenlep bahası kóterilip ketken. 1104-jılı qıtaylılarda bir 4—10 jasar úlken attıń bahası 56 kg joqarı sortlı chay bahasına teń bolǵan. Usı sebepli qıtaylılar chaydı tek atqa almastırıwǵa háreket etken. Húkimet te bul isti qatań qadaǵalaw astına alǵan. Qubla Sun dinastiyası dáwirinde (1127—1279) attıń bahası qımbatlap, chaydıń bahası tómenlep ketiwi bayqalǵan. Bunnan soń chaydı tek atqa ǵana emes, al basqa tovarlarǵa da almastırıw yamasa altın hám gúmis aqshaǵa satıwǵa ruqsat etilgen.

Qıtayda mongollar ústemligi ornatılǵannan keyin bul mámlekette at satıp alıw mashqala bolmay qalǵan. Nátiyjede attı tek chayǵa almastırıw zárúrligi joq etilgen. Degen menen, chay jetistiriw hám onıń xalıqaralıq sawdadaǵı ornı artıp barǵanlıǵı bayqalǵan. Musılman sawdagerleri arqalı Qıtaydan alıp ketiletuǵın tovarlar arasında chay tilge alınbay qalmaydı. Biraq, Tan dinastiyası dáwirinde xalıq arasında keń tarqalǵan «At – chay sawdası» degen túsinik birinshi orınnan túsip qalǵan.

Qıtaylılar mongollar ústemligin awdarıp ózleriniń Min hákimiyatın shólkemlestirgennen keyin attı import etiw máselesi jáne átiraptaǵı sharwa xalıqlar hám mámleketler qarawında qalǵan. Sonlıqtan, zárúrlik nátiyjesinde Min dinastiyası olardan at satıp alıw máselesine úlken itibar berip, onı siyasat dárejesine kótergen. Hátte, bul jaǵday Min dinastiyasınıń at baǵılatuǵın jaylawların óz qolına alıwǵa qaratılǵan strategiyalıq siyasatınıń qáliplesiwine de tásirin tiygizgen. Bunday jaǵdayda jılqıshı sharwa xalıqlardıń chay ishiwge úyrengenligi hám chay importına zárúrligi oǵan qolaylı kelgen. Usı dáwirdegi húkimet siyasatı «chayǵa at almastırıp átiraptaǵı qońsılardı xoshametlew hám usı jol menen Qıtay (Chjungtuo)dıń qúdiretin arttırıw», degen túsinikte óz sáwleleniwin tapqan. Chay jetistiriw hám satıw menen baylanıslı barlıq tarawlar jáne Sun hám Tan mámleketleri sıyaqlı mámleket monopoliyasına alınǵan. Chay jetistiriwshiler hám chay egiletuǵın jerler qaytadan tekserilip dizimge alınǵan. Chaydı bir orınnan ekinshi orınǵa tasıw jumısları áskeriy bólimler



baqlawı astında bolǵan. Chaydı jasırın eksport etkenler hám buǵan jol qoyǵan hámeldarlar ólim jazasına húkim etilgen. Nátiyjede chaydıń bahası ósip ketken. 1392-jılı 340 bas atqa 300 mıń jin (házirgi esapta 150 mıń kg) chay almastırılǵan. At sawǵa etip ákelgen elshilerge úlken húrmet bildirilgen. XIV ásirdiń sońǵı shereginde Qıtaydıń batıs hám arqa shegara wálayatlarında joqarı hasıl tuqımlı at 40–50, orta dárejedegi at 30–40, tómen dárejedegi at 20–30 jiń chayǵa teńlestirip bahalanǵan. Qıtaydıń ishki úlkelerinde bul baha keminde 800 ese qımbat bolǵan. Máselen, Sichuan wálayatında 1 bas ortasha at bahası 1800 jiń chayǵa teń bolǵan. Usınnan belgili bolǵanınday, húkimettiń ózi chay sawdasınan úlken payda alǵan. Álbette, chaydıń bahası tez-tez ózgerip turǵan, lekin Qıtaydıń shegara wálayatlarındaǵı baha menen ishki úlkelerdegi baha arasında ayırmashılıq úlken bolǵan.

Chay sawdasınıń qımbatlap ketiwi Qıtayǵa import etiletuǵın atlardıń sanınıń azayıp ketiwine alıp keldi. XV ásir ortalarında at importın kóbeytiw maqsetinde Min dinastiyası jeke sawdagerlerge de chay sawdası menen shuǵıllanıwǵa jol ashıp beriwge májbúr boldı[59].

Qıtayda Min dinastiyası awdarılıp, onıń ornına manjurlar tárepinen shólkemlestirilgen Cin dinastiyası dáwirinde chaydı tek atqa almastırıwdıń zárúrligi qalmaǵan. Manjurlar Qıtaydı iyelegennen soń Mongoliya, Tibet, Cinxay, Shıǵıs Túrkstan sıyaqlı at jetistiriwshi mámleketlerdi de ózine boysındırıw imkaniyatına iye bolıwı buǵan alıp kelgen edi. Endi olar at satıp alıwshılar emes, al at baǵıw hám kóbeytiwdiń iyesine aylandı. Chay sawdasın mámleket monopoliyasında uslap turıwdıń da zárúrligi qalmadı.

## ULLÍ JIPEK JOLÍNÍŃ SHIYSHE SAWDASÍNDAǴÍ ÁHMIYETI

Qıtay tilinde shiyshe «ci» yamasa «cichi» dep ataladı. Tiykarında aq ılaydan tayarlanǵan ıdıs «ci» dep atalǵan. Bunday ıdıslar, ádette, «baytao» delingen. Keyinirek qumbızda joqarı basımda pisirilgen aq reńli ıdıs-tabaqlar ci dep atalǵan. Sonlıqtan,

[59] Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Тошкент, 2007, 191 б.

alımlar arasında eki túrli pikirler bar bolıp, olardıń biri boyınsha, ci Shang hákimligi dáwiri (b.e.sh. XVI –XI ásirler)nde, ekinshisine qarağanda, Batıs Jin (Siczin, 265—316) dáwirinde payda bolğan. Birinshi pikir tárepdarları aq ılaydan tayarlanğan ıdıslardıń payda bolğan waqtına, ekinshi pikir tárepdarları shiysheni ılaydan tayarlaw kórkem óneri payda bolğan waqıtqa tiykarlanadı. Qıtay ádebiyatında shiyshe ıdıs tayarlaw kórkem óneri Qıtaydıń iri oylap tabıwlarınan biri bolıp tabıladı dep táriyiplenedi.

Shiyshe ılayı, yağnıy kaolin topırağı birinshi mártebe Qıtaydıń Czyansi úlkesindegi Jingdechjen wálayatı janındağı Gaoling dep atalatuğın orınnan tabılğan. Sonlıqtan, Jingdechjen wálayatı shiyshe ıdıs-tabaqlar tayarlaw kórkem óneriniń birinshi márte payda bolğan orını esaplanadı.

Shiyshe soğıwshılıqtıń dáslepki dáwirlerinde kaolin topırağınan tayarlanğan buyımlar aq, kók (toyğın aspan kók reń) hám aralas reńli sıyaqlı úsh qıylı bolğan. Kók reńli shiyshe ıdıs-tabaqlar qıtay tilinde «chingci» dep atalğan bolıp, olar qıtay xalqı arasında kóbirek itibarğa sazawar bolğan. Sol sebepli «chingci» Qıtay shiyshe soğıwshılıq kórkem óneriniń tiykarğı bağdarına aylanğan. Sebebi, birinshiden, uzaq ótmishte ching sózi shığıs, kók reń, qara (ullı) mánisinde qollanılğan. Ekinshiden, aspandı quday (tyan), imperatordı qudaydıń perzenti (tyanzi) dep bilgen qıtay xalqı aspan reńi bolğan kók reńdi júdá úlken húrmet penen qádirlegen. A.Xojaevtıń pikirinshe, «Túrkiy xalıqlar tilindegi shiyshe ataması tikkeley usı «chingci» sózinen kelip shıqqan»[60].

VII - VIII ásirlerde, yağnıy Qıtayda Tan dinastiyası ústemlik etken dáwirde kók shiyshe soğıwshılıq (chingci) kórkem óneri júdá jetilisti. Usı kórkem óner bir qansha túrlerge hám mekteplerge bólindi. Tan dáwirinde kók shiyshe ıdıslar Ullı Jipek jolı hám teńiz jolları arqalı shet ellerge, sonıń ishinde Oraylıq Aziya mámleketlerine kóp muğdarda eksport etildi. Shiyshe buyımlardıń eksportı menen birge, shiyshe ıdıs-tabaq tayarlaw texnologiyası da shet elge tarqaldı. VII - VIII ásirlerde shiyshe ıdıs-tabaqlar eksportınıń kóbeygenligi usı dáwirde Qıtay shiyshesine bolğan talaptıń óskenliginen derek beredi. Dúnya

[60] Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Тошкент, 2007, 192 б.



bazarlarınıń talabı boyınsha Qıtayda kókten tısqarı aq, jasıl, sarı reńlerdi az yamasa toyğın etip qollanıw, bul reńlerdi aralastırıp jańa reń payda etiw esabına qıtay shiysheleriniń hár qıylı reńdegi túrleri kóbeygen[61].

Usı dáwirlerde islengen qıtay shiyshe ıdısları házirgi Awğanstannan Mesopotamiyağa shekemgi orınlarda, Kavkaz, Siriya hám basqa mámleketler aymaqlarında tabılğanlığı olardıń dúnya kóleminde Ullı Jipek jolı arqalı keń tarqalğanınan derek beredi.

## ERTE ORTA ÁSIRLERDEGI ORAYLÍQ AZIYANÍŃ SAWDA JOLLARÍ

Erte orta ásirlerge kelip, Oraylıq Aziyanıń baylanıs-kommunikaciya jolları sistemasında áhmiyetli ózgerisler júz berdi. Aymaqlardağı ishki hám sırtqı ekonomikalıq-mádeniy baylanıslardıń ózine tán ózgeshelikleri, bağdarlarına bul dáwirde payda bolğan siyasiy jağday, úlken Oraylıq Aziya aymağında júz bergen sociallıq-siyasiy ózgerisler úlken tásir tiygizgenligin kóremiz. Shığıs Túrkstan hám Jetisuw arqalı Orta Aziyağa Xioniyler hám Kidariylerdiń kirip keliwi, V ásir ortalarına kelip bul aymaqta Eftalitler mámleketiniń ústemlik etiwi, al VI ásirdiń ekinshi yarımında Túrk qağanlığı quramına kirgiziliwi aymaqta jańa geosiyasiy jağdaydı payda etti. Al, bul óz gezeginde, burınğı dáwirlerde qáliplesken dástúriy ekonomikalıq-mádeniy baylanıslar hám baylanıs jolları bağdarlarına óz tásirin tiygizdi. Erte orta ásirlerde-aq áyyemgi dáwir hám antik dáwirde payda bolğan tranzit baylanıs-kommunikaciya jollarınıń ayırım bağdarları óziniń áhmiyetin joyıttı, olardıń ornına sol dáwirde qáliplesken sociallıq-siyasiy jağdayğa baylanıslı jağdayda xalıq-aralıq tranzit sawda jollarınıń jańa tarmaqları payda boldı. Usığan tiykarlanıp, erte orta ásirlerdegi xalıqaralıq qatnasıqlar, mádeniy, sawda-ekonomikalıq baylanıslar rawajlanıwında birinshi gezekte áskeriy-siyasiy faktorlar jetekshi orın tutqanlığı haqqında juwmaqqa keliw múmkin.

Erte orta ásirlerde, Eftalitler hám Túrk qağanlığı dáwirinde Oraylıq Aziyada jergilikli basqarıw sisteması hám jergilikli

[61] Ртвеладзе Э.В. Великий Шёлковый путь. —Т., 1999, с. 120.

hákimiyat tolıǵı menen saqlanıp qaldı. Oraylıq hákimiyatqa bolǵan múnásibeti hám tiyisli sociallıq-ekonomikalıq jaǵday sebepli aymaqtaǵı wálayatlardıń ishki hám sırtqı ekonomikalıq-mádeniy baylanıslardaǵı qatnasıwı, abırayı kóterilip yamasa kerisinshe, tómenlep turǵanlıǵın aytıp ótiwimiz kerek. Bunday jaǵday, óz náwbetinde, aymaqtaǵı ishki sawda jollarınıń áhmiyetine hám baǵdarlarına da sezilerli tásir kórsetetuǵın edi. Máselen, V ásir aqırı VI ásirdiń birinshi yarımınan baslap Ullı Jipek jolınıń házirgi Ózbekstan aymaǵı arqalı ótken baǵdarları ishinde Batıs Sogdınıń ekonomikalıq hám mádeniy rawajlanıwında úlken orın tutqan Samarqand–Buxara baǵdarı hám onıń tarmaqlarınıń áhmiyeti artıp ketedi. Ullı Jipek jolınıń bul jańa tarmaǵı Zarafshan dáryasınıń shep jaǵalawı boylap ótken bolıp, erte islam dáwiri jazba dereklerinde «Shax jolı», «Bas jol» ataması menen atap ótilgen. Bul baǵdar Samarqandtan Qubla Sogd, yaǵnıy Qashqadárya alabı arqalı Ámiwdáryanıń orta aǵısındaǵı ótkeller arqalı Toxarstan qalalarına qaray ketken eski baǵdarǵa qaraǵanda sawda kárwanları ushın ádewir qolaylı hám nátiyjeli bolıp shıqqan. Bul baǵdar orta ásirlerde Orta Aziyanıń eki iri siyasiy hám mádeniy orayları bolǵan Samarqand hám Buxara qalalarınıń rawajlanıwında áhmiyetli orın tutqanlıǵı hám bul sawda jolınıń áhmiyetinen derek beredi.

Eftalitler dáwirinde Qubla Sogdınıń (Qashqadárya alabı) siyasiy hám ekonomikalıq abırayı ádewir artadı. Tómengi Qashqadáryadaǵı Naxshab qalasınıń Eftalitler húkimdarınıń rezidenciyalarınan biri bolǵanlıǵı, Kesh qalası belgili bir múddette pútkil Sogdınıń paytaxtına aylanǵanı hám eń áhmiyetli, aymaq arqalı áyyemnen Ferǵana alabı, Tashkent hám Samarqand Sogdıdan Qubla-shıǵıs Iran, Awǵanstan hám Hindstandaǵı sawda qalalarına alıp barıwshı jollar ótkenligi Qubla Sogdınıń Oraylıq Aziyanıń ishki hám sırtqı baylanıslarında úlken áhmiyetke iye bolıwına alıp kelgen. Samarqandtan qublaǵa ketetuǵın tiykarǵı jollardıń bir baǵdarı házirgi Kókdala dalańlıqları hám Qońırtawdıń janbawırları arqalı ótken. Bul aymaqta erte orta ásirlerde otırıqshı mákanlar da ushırasıp, tiykarınan kóshpeli sharwa qáwimlerdiń awıllıq qonısları hám qudıqlar bar bolıp, olar Samarqand-Naxshab jolınıń áhmiyetli bándirgileri sıpatında da úlken áhmiyetke iye edi. Samarqand—



Naxshab aralıǵındaǵı dalańlıqlarda, erte orta ásirlerde-aq iri bekinisler kórinisindegi qorǵanlar payda bolǵan.

Samarqand hám Buxaradan keliwshi jollar tómengi Qashqadáryanıń eń iri qalası Naxshabqa tutasıp, bul jerden Ámiwdáryanıń orta aǵısındaǵı ótkellerge (Kelif, Kerki, Burdalıq) yamasa Subax – Xuzar – Temir Dárwaza arqalı Termizge shekem barǵan. Bul dáwirge tiyisli qıtay jılnamalarında (Beyshi) bul qala Noshebolo sıpatında atap ótilgen[62]. Házirgi payıtta Gúzar dáryanıń oń jaǵalawında Qashqadáryaǵa quyatuǵın orınnan 7—8 km uzaqlıqta Jalpaqtóbe esteligi tabılıp ashılmaqta. Sogdiananıń áhmiyetli sawda jolları kesispesinde jaylasqan (Samarqand – Kesh – Subax hám de Buxara – Naxshab –Subax – Aqrabat – Temir Dárwaza – Termiz) bul estelik b.e.sh. I ásir eramızdıń VIII ásirlerinde házirgi Gúzar rayonınıń iri adminstrativlik hám sawda orayı bolǵan hám Sogdiananıń ishki sawda-ekonomikalıq baylanıslarında úlken orın iyelegen[63].

Erte orta ásirlerde, sonıń ishinde Túrk qaǵanlıǵı dáwirinde Kesh qalasınıń da ekonomikalıq-siyasiy áhmiyeti ádewir artqan. Kesh qalası VII ásir Qıtay dereklerinde (Tanshu) Shi, Kyuysha sıyaqlı atamalar menen atap ótiledi[64]. Kesh ataması bolsa jergilikli húkimdarlar (Axurpat, Ixrid hám basqalar) atınan basıp shıǵarılǵan teńgelerde ushırasadı. Erte orta ásirlerde Kesh belgili bir waqıt (VII ásir ortalarında) Sogd konfederaciyasında jetekshilik orınǵa shıǵıp alǵan bolıp, Qıtay menen siyasiy-ekonomikalıq hám mádeniy baylanıslar ornatılıwı da bunı dálilleydi. Kesh qalasınıń rawajlanıwında aymaq arqalı ótken áhmiyetli sawda jolları, sonıń ishinde Ferǵana, Shash alabı hám Samarqandtan Aqrabat hám de Temir Dárwaza arqalı Toxarstanǵa alıp barıwshı jol úlken orın tutatuǵın edi. Erte orta ásirlerde Keshten Xisor tawları arqalı Toxarstanǵa alıp barıwshı taw jolları (Tasqorǵan, Kelteminar biyiklikleri)nan paydalanıw ádewir jedellesti. Qıtay dereklerinde Sogdiana hám Toxarstan shegarasında jaylasqan

[62] Бичурин Н.Я. Собрание сведений о народах, обитавших в Средней Азии в древние времена. —Алматы, 1998, с. 273

[63] Мавлонов У. Марказий Осиёнинг кадимги йўллари. —Т., «Академия», 2008, б.134

[64] Бичурин Н.Я. Собрание сведений о народах, обитавших в Средней Азии в древние времена. —Алматы, 1998, с. 284.

«Temir Dárwaza» haqqında keltirilgen maǵlıwmat[65] hám Xisor tawı biyiklikleri arqalı ótken jollar xızmetinen derek beredi. Ulıwma alǵanda, Qashqadárya alabı arqalı ótken sawda jolları, tek Sogdiananıń ǵana emes, sonıń menen birge, aymaqtıń ishki hám sırtqı ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarında áhmiyetli orın tutqan.

Sogdianadan qublaǵa ótetuǵın jollar erte orta ásirlerde Toxarstan ataması menen atala baslaǵan Surxan alabı hám Qubla Tájikstan aymaqları arqalı ótken. Bul dáwirde Sogdıdan Temir Dárwaza arqalı Surxan alabına ótken Qıtay sayaxatshısı, budda monaxı kúndelik dápterinde Toxarstandaǵı qalalardıń kárwan jollarında, sawda baylanıslarında tutqan ornı haqqında áhmiyetli maǵlıwmatlar bar. Bul boyınsha, Chaginyan (Budrach esteligi) hám Termiz qalaları Surxan alabınıń iri sawda orayları bolǵan[66].

Bul dáwirde Xorezm úlkesi Afrigiyler mámleketi quramında bolıp, paytaxt Kat qalası Ámiwdárya suw jolı hám Sogdianadan Vizantiyaǵa barıwshı kárwan jolı ótken iri sawda qalası edi. Úlkeniń basqa qala hám kárwan jolları boyında jaylasqan iri awılları hám aymaqtıń ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarında óz ornına iye bolǵan.

Erte orta ásirlerde aymaǵımızda Ustrushana atın alǵan jáne bir tariyxıy-mádeniy wálayat qáliplesti. Ayırım qánigeler bul wálayattıń eń áyyemgi atamasın Sutrushana sıpatında atap ótedi. Erte orta ásir Qıtay dereklerinde bul wálayat «Shıǵıs Cao» dep atalıp, jáne onıń Ustrushanaǵa jaqınlaw bolǵan Shuaydushana, Suduyshana, Sudushini sıyaqlı atamaları da atap ótilgen[67]. Samarqandtan Ferǵana hám Shashqa ketetuǵın áhmiyetli sawda jolları bul wálayattıń kóplegen qala hám awılları arqalı, burınǵı dáwirlerde payda bolǵan baǵdarlar boylap ótken.

Erte orta ásirlerde Shash alabı da aymaqtıń ishki hám sırtqı ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarında úlken orın tutatuǵın edi. Bul dáwirde Shashta 32 jańa qala bolıp, olardıń kópshiligi jańa qalalar edi. Bul dáwirge tiyisli Qıtay dereklerinde Shash alabı

[65] Бул да сонда, с. 329.

[66] Камаладдинов Ш.С. Историческая география Южного Согда и Тохаристана. —Т., «Фан», 1996, с. 47-48

[67] Бичурин Н.Я. Собрание сведений о народах, обитавших в Средней Азии в древние времена. —Алматы, 1998, с. 323.



Shi yamasa Chjesi qalası ekenligi, onıń qubla-shıǵısında jaylasqan tawlarda merwert tası bar ekenligi atap ótiledi. Bul úlke arqalı aymaqtıń shıǵıs (Ferǵana alabı) hám arqa dalańlıq aymaqlarınan Ámiwdárya ótkeline qaray ketiwshi jollar ótken. Shash alabı arqasındaǵı dala sharwaları Sibir hám Qıtay menen baylanıslarda da tiykarǵı orın iyelegen aymaqlardan biri edi[68].

Ferǵana alabınıń da erte orta ásirlerde aymaǵımızdıń ishki hám sırtqı ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarında áhmiyeti úlken edi. Úlkede jaylasqan iri qalalar aymaq kóleminde de, aymaqtıń sırtqı baylanıslarında da iri sawda oraylarınan bolǵan.

Ulıwma alǵanda, aymaqtaǵı erte orta ásirler ishki sawda jolları sırtqı sawda jollarınıń, Ullı Jipek jolınıń áhmiyetli tarmaqları bolǵan. Erte orta ásirlerge kelip, Orta Aziya aymaǵı arqalı ótken tranzit sawda jolları sistemasında áhmiyetli ózgerisler júz berdi. Áyyemgi dáwir hám antik dáwirde qáliplesken tranzit sawda jollarınıń ayırım baǵdarları óz áhmiyetin joyıttı, olardıń ornına bar sociallıq-siyasiy jaǵdayǵa baylanıslı bolǵan xalıqaralıq tranzit sawda jollarınıń jańa tarmaqları payda boldı.

Áyyemgi dáwirde-aq Orta Aziya, sonıń ishinde Ózbekstannıń Hindstan, Qıtay, Kavkaz, Qarateńiz boyları mámleketleri menen baylanıstırıwshı qurǵaqlıq hám suw jolları qáliplesip bolǵan edi. Bul dáwirde Shıǵıs hám Batıstı baylanıstırǵan úsh tiykarǵı transaymaqlıq jol bolǵan. Birinshisi, qubla, yaǵnıy suw jolı bolıp Mısırdan Hindstanǵa, ol jerden Qubla-shıǵıs Aziya mámleketlerine ótken. Al, ekinshi jol Rimnen baslanıp Jer Orta teńizi arqalı Siriya qalası Gieropolǵa, ol jerden Mesopotamiya, Arqa Iran, Orta Aziya arqalı Shıǵıs Túrkstan hám Qıtayǵa barǵan. Orta Aziyanıń oraylıq wálayatlarınan Baqtriyaǵa, Toxarstan, Hindstanǵa hám kerisinshe, Hindstannan Baqtriya, Sogd, Shash hám Buxara sawda kárwanları ushın tiykarǵı jol Sherabad, Dárbent awılı hám Temir Dárwaza arqalı Aqrabatqa alıp baratuǵın edi. Úshinshisi, arqa jol, Xan jılnamaları boyınsha, Tyan-Shannnıń qubla jaǵalawı, Ferǵana alabı hám Orta Aziyanıń eki dárya aralıǵınan tómengi Volgaǵa ótken.

[68] Буряков Ю.Ф., Грицина А. Мавераннахр на Великом Шёлковом пути. Самарканд– Бишкек, 2006, с.20

Erte orta ásirlerde Orta Aziyanıń xalıqaralıq baylanıslarında tiykarǵı orındı Qıtay iyeleydi. V ásirdiń aqırı VI ásir baslarında Orta Aziyadan tısqarı Shıǵıs Túrkstannan Turfan (479-j.), Urumchi (490—497-jj.), Qashǵar hám Qarasháhár (497—507-jj.) hám de Toxarstannıń qublası hám Hindstannıń arqa bólimleri de Eftalitler mámleketi quramına kirdi. Usılayınsha, Eftalitler Ullı Jipek jolınıń Qıtaydan Oraylıq Aziya aymaǵı arqalı Irandaǵı Sasaniyler mámleketi hám Vizantiya imperiyasına baratuǵın tiykarǵı sawda jolları ústinen óz qadaǵalawların ornattı.

Eftalitler mámleketiniń kúsheyiwi Qıtaydıń Orta Aziyanıń bul jańa qúdiretli mámleketi menen siyasiy-ekonomikalıq baylanıslar ornatıwına bolǵan umtılıwın kúsheytti. Bunı erte orta ásirlerde, V ásirdiń 20—50-jıllarında Qıtaydaǵı Arqa Vey dinastiyası (386—550-jj.) tárepinen Orta Aziyaǵa 3 elshilik missiyaları jiberilgen mısalında da kóremiz. 125-jılı jiberilgen birinshi elshilik missiyasına sayaxatshılar (Qıtaysha – Xin-jin yamasa Sin-jen) Van Eyshen hám Xey Van basshılıq etken. Qıtaydan jujanlar jurtına jetip kelgennen soń, bul jerde olar tutqınǵa alınadı hám bul elshilik missiyası nátiyjesiz juwmaqlanadı[69]. 437—438-jılları jiberilgen ekinshi elshilik missiyasına saray hámeldarları Tun Yuan hám Gao Mın basshılıq etken. Olar Qıtaydan Shanshanǵa (bul jerde olar Shıǵıs Túrkstandaǵı toǵız patshalıq wákillerin qabıl etedi), bul jerden Ullı Jipek jolınıń arqa baǵdarında háreket etip Usunlar jurtına jetip keledi. Usunlar húkimdarı olardı dilmash hám jol basshılar menen támiyinlegen. Qıtay elshileri Polon (Ferǵana) arqalı Chjeshi (Shash) úlkelerine shekem jetip keledi. Olar ózleri menen Qıtayǵa Usun, Polon hám basqa 16 úlke elshilerin sawǵaları menen qosıp alıp qaytadı.

444—453-jılları ámelge asırılǵan úshinshi elshilik missiyası Qıtaydan Mimi úlkesine jiberilgen. Bul elshilik missiyaları haqqındaǵı maǵlıwmatlar sáwlelengen «Beyshi» jılnamasında (Arqa dinastiya tariyxında) Suli (Qashǵar)den batıstaǵı birinshi úlke Mimi (Daydan 12100 li), keyingi Batıs úlke Sivan Czin (Samarqand) (Daydan 12720 li qashıqlıqta jaylasqan) ekenligi aytıladı[70]. Joqarıdaǵı pikirden kelip shıqqan ayırım qánigeler,

[69] Бичурин Н.Я. Собранис сведений о народах, обитавших в Средней Азии в древние времена. —Алматы, 1998, с. 249.

[70] Мавлонов У. Марказий Осиёнинг кадимги йўллари. —Тошкент, «Академия», 2008, б.139.



úshinshi elshilik missiyası ótken Chjechjiba hám Mimi úlkelerin Qashǵar hám Samarqand aralıǵında, Ustrushana aymaǵında jaylasqanlıǵın aytıp ótedi[71].

V – VI ásirlerde Qıtay hám Orta Aziya arasındaǵı sawda hám mádeniy baylanıslar rawajlanıwınıń jańa basqıshı baslanıp, Qıtaydı Batıs úlkeler menen baylanıstırıp turǵan jollar tarmaǵı keńeyip bardı. V ásirge tiyisli Dunvan elshilik missiyası kórgen-bilgenleri sáwlelengen «Beyshi» jazba dereginde Qıtaydı Batıs úlkeler menen baylanıstırıwshı jollardıń tómendegi 4 tarmaǵı atap ótilgen:

1.Yuymen shegara qorǵanınan kóshpeli qumdı kesip ótip – Shanshanǵa (Pshamshan).

2.Yuymen shegara qorǵanınan kóshpeli qumdı arqa baǵdarda kesip ótip Cheshi (Turfan) qorǵanına.

3.Shache (Yarkent)ten batısqa – Pamir taw tóbeshiklerine (100 km.) – Czyabeyge.

4.Shache (Yarkent)ten qubla-batısqa – Cunlin tawınan – Boluga.

VI – VII ásir baslarına tiyisli derekte, Qıtay geografı Pey Czyuydıń «Batıs úlkeler táriyipi hám kartası» shıǵarmasında Ullı Jipek jolınıń Dunxuannan Jer Orta teńizine shekem bolǵan úsh baǵdarı atap ótiledi:

1. Arqa baǵdar: Xami – Borkól - Íssı kól – Qubla Qazaqstan – Arqa Kavkaz – Vizantiya – Jer Orta teńizi.

2. Oraylıq baǵdar: Turfan – Qarashar – Kuchu – Pamir taw biyikligi – Ustrushana – Samarqand – Buxara – Merv – Iran – Jer Orta teńizi.

3. Qubla baǵdar: Dunxuan – Lobnor kóli – Takla Makan shólistanlıǵı – Vaxon koridorı – Toxarstan – Iran – Jer Orta teńizi.

Bul tiykarǵı baǵdarlarǵa táriyipleme bergen Pey Czyuy bul baǵdarlar bir-biri menen kesip ótiwshi jollar tarmaǵı arqalı baylanısqanın, olar arqalı Ullı Jipek jolınıń barlıq úsh baǵdarı bir-biri menen baylanısqanın atap ótedi[72].

[71] Негматов Н.Н. Уструшана в древности и раннем средневековье. Душанбе, 1957, с.129

[72] Ртвеладзе Э.В. Великий Шёлковый путь. —Ташкент, «Ўзбекистон миллий энциклопедияси» Давлат нашриёти, 1999, с. 121

Qıtaydan úlkemiz aymağı arqalı Batıs mámleketlerine ótken sawda jolları boylap ekonomikalıq-sawda hám mádeniy baylanıslardıń rawajlanıwında húkimdar Túrk qağanları qáwenderliginde bolğan Sogd sawdagerleri úlken úles qosqan. Sogdlardıń Ullı Jipek jolı boylap Shığısqa jılısıwı bul xalıq-aralıq sawda jolı óz xızmetin baslağan erte dáwirlerge tuwra kelip, Shığıs Túrkstanda Sogd sawda wákilxanaları b. e. sh. I ásirde-aq payda bolğan edi. Erte orta ásirlerde Ullı Jipek jolı boylap xalıqaralıq sawdada jetekshilikti óz qollarına alğan sogd sawdagerleriniń sawda wákilxanaları Shığıs Túrkstandağı qalalarda, Qıtaydıń Lanchjou, Dunxuan, Chanan sıyaqlı iri sawda qalalarında bolğan. Bul dáwirge tiyisli Qıtay dereklerinde (Tanshu – Txan dinastiyası tariyxı) sogdılar sawdada sheberligi, er adamları 20 jasqa tolıwı menen sawda-satıq islew ushın payda kóbirek tabatuğın qońsı mámleketlerge jol alatuğını haqqında mağlıwmat saqlanıp qalğan[73]. Qánigelerdiń pikirinshe, Qıtaydıń hár qıylı qalalarınan tabılğan sogd jazıwları da sogdılardıń Ullı Jipek jolı bağdarları boylap keń tarqalğanın kórsetedi[74]. Qıtaydan tabılğan sogd jazıwları ishinde Shığıs Túrkstannan Samarqandqa jiberilgen xatlardıń tabılıwı, bir tárepten sogdlarda sawatlılıq dárejesi joqarı ekenliginen, ekinshiden, bul dáwirde baylanıs-pochta xızmeti dárejesin dálillep turıptı. Dereklerdi úyreniw sonı kórsetpekte, erte orta ásirlerde sogd sawdagerleri hátte Yaponiyağa da kirip barıwğa erisken. Yaponiyanıń áyyemgi paytaxtı Nara qalasındağı ibadatxanalardıń birinde sogd tilinde jazılğan qoljazba saqlanıp kiyatırğanlığı, 1987-jılı Yaponiyada Ullı Jipek jolına bağıshlap shólkemlestirilgen kórgizbeniń «Jipek jolı Narağa alıp baradı» dep atalıwı da bul pikirdi tastıyıqlaydı[75].

Túrk qağanlığı dáwirinde Qıtaydı Orta Aziyanıń oraylıq aymaqları menen baylanıstırıwshı jollar bağdarların anıqlawda bul dáwirge — tiyisli Qıtay dereklerindegi mağlıwmatlar úlken

---

[73] Бичурин Н.Я. Собрание сведений о народах, обитавших в Средней Азии в древние времена. —Алматы, 1998, с. 323.

[74] Ртвеладзе Э.В. Великий Шёлковый путь. —Ташкент, «Ўзбекистон миллий энциклопедияси» Давлат нашриёти, 1999, с. 106.

[75] Байпаков К.М. Средневековые города Казахстана на Великом Шёлковом пути. —Алматы. 1998, с. 12.



orın tutadı. Máselen, VII ásirge tiyisli «Suy shi» (Suy mámleketi jılnaması) boyınsha, Qıtaydan Batıs úlkelerge jiberilgen náwbettegi elshilik missiyası Suli (Qashğar) – Baxan (Ferğana) – Suduyshana (Ustrushana) – Kan (Samarqand Sogd) bağdarında háreket etken.

Ulıwma alğanda, erte orta ásirlerde tranzit baylanıs-kommunikaciya jolların 2 bólimge – qubla, oraylıq hám arqa bağdarlarğa bólip shığıw múmkin. Ullı Jipek jolınıń qubla bağdarı Toxarstannan Pamir taw biyiklikleri arqalı Qashğarğa alıp shıqqan bolsa, oraylıq bağdar Ámiwdárya ótkellerinen (Kelif, Kerki, Amul) Buxara, Surxandárya hám Qashqadárya alabındağı qalalar arqalı ótip Samarqandqa, bul jerden Jizzax, Shash hám Ferğana alabı qalaları boylap Samarqandtan Qubla Qazaqstandağı qalalar (Yassı, Isfijob, Taraz hám basqalar) arqalı ótip, Shığıs Túrkstanğa barıw múmkin edi[76]. Bul jollar ishinde Ózbekstan qálaları arqalı ótken oraylıq bağdar áhmiyetli orın tutqan.

Erte orta ásirlerde Irandağı Sasaniyler mámleketi menen Eftalitler, sońınan Túrk qağanlığı arasındağı siyasiy kelispewshilikler sebepli Iran aymağı arqalı Jer Orta teńizi portlarına alıp barıwshı baylanıs-kommunikaciya jolı xizmeti belgili bir waqıt óz áhmiyetin joğaltadı. Bul sırtqı siyasattıń ekonomikalıq-mádeniy baylanıslar bağdarlarına tásiri úlken ekenliginiń ayqın dálilleriniń biri.

Túrk qağanlığı dáwirinde Oraylıq Aziya sawda jolları sistemasında úlken ózgerisler júz berdi. Túrk qağanlığınıń Vizantiya menen baylanıslarında Jetisuwdan Qazaqstan dalańlıqları arqalı hám Xorezm oypatlığınan Mańğıshlaq, tómengi Volga boyı, Kavkazartı hám Qarateńizden Trapezund arqalı Konstantinopolğa alıp barıwshı sawda jolı júdá úlken áhmiyetke iye bola basladı. Bul bağdarda xorezmliler hám xazarlar áhmiyetli sawda dáldalshılıq wazıypasın orınlağan. Bul joldıń áhmiyeti keyingi dáwirde, Arqa Kavkaz hám Shığıs Evropa wálayatları menen ekonomikalıq hám mádeniy baylanıslar jedel rawajlanğan dáwirde, ásirese ósti. Arqa Kavkazda, Kislovodsk janında Afrigiyler dáwirinde basılğan gúmis teńgeler, gúmis ıdıslar hám basqa da materiallıq tabılmalardıń tabılıwı Ámiwdáryanıń tómengi ağısınan Aral boyı hám Kaspiy teńizi arqa tárepin

---

[76] По Великому Шёлковому пути. —Т., 1991, с. 14.

boylap tómengi Volga, bul jerden Kavkaz hám Qarateńizge alıp barǵan sawda jolı xızmetiniń ayqın dálilli bolıp tabıladı.

568-jılı Túrk qaǵanı elshisi sıpatında Vizantiyaǵa barǵan ataqlı Sogdı sawdageri Maniax ta joqarıdaǵı baǵdar boylap Qarateńiz jaǵalawındaǵı portlarǵa hám suw jolı arqalı Konstantinopolǵa jetip barǵanı belgili[77]. Vizantiya húkimdarı Yustin II niń Zemarx basshılıǵındaǵı elshileri de Ullı Jipek jolınıń arqa tarmaǵı boylap, yaǵnıy Qarateńizden Kaspiy hám Aral teńizi, Qubla Qazaqstan aymaǵı arqalı Jetisuwǵa – Túrk qaǵanı rezidenciyasına jetip baradı. Bul elshilik haqqında maǵlıwmat qaldırǵan Menandr Vizantiya elshileriniń qaytqan payıtta Oix dáryası – Úlken bir kól – Ik dáryası – Daix dáryası arqalı ótkenligi haqqında xabar beredi[78]. Eger Oix dáryasın Sırdárya, úlken kóldi Aral teńizi, Ik dáryasın Emba hám eń sońında Daix dáryasın Jayıq (Ural) dáryasına sáykes keliwin esapqa alsaq, bul dáwirde Vizantiyanı Qıtay menen baylanıstırıwshı jol – Ullı Jipek jolınıń arqa tarmaǵı baǵdarları ekenligine jáne de isenim payda boladı.

Ullı Jipek jolınıń joqarı dárejede rawajlanǵan dáwiri VI –XII ásirlerge tuwrı keledi. Oǵan tómendegi iri waqıyalar sebep boladı. VI ásirde úlken abırayǵa iye bolǵan túrkler kúsheyedi. Tariyxıy saxnaǵa Túrk qaǵanlıǵı (552—742) kirip keldi. Qıtaydıń batıs shegarası Jingyuyguannan baslap, batısta Qarateńiz boylarına shekem bolǵan aymaq usı xanlıqtıń tásirine ótip, ol jerdegi sawda jollarınıń qáwipsizligi támiyinlendi.

618-jılı túrkler járdeminde Qıtay birlesip, ol jerde Li Yuan basshılıǵında oraylasqan Tan mámleketi (618—907) shólkemlestiriledi. Bul mámleket Ullı Jipek jolı arqalı bolatuǵın sawda baylanıslarına úlken qızıǵıwshılıq penen qaradı. Onıń ústine Tan dinastiyası dáwirinde Qıtay ekonomikası tez rawajlanıp, mámleket tovarların eksport etiw zárúrligi ósedi. Onıń ústine qıtaylılardıń turmıs dárejesi kóteriliwi menen import tovarlarǵa qızıǵıwshılıǵı da kúsheyedi. Bul zárúrlikti qanaatlandırıw maqsetinde Tan dinastiyası jol qáwipsizligin támiyinlewden tısqarı,

---

77. Ртвеладзе Э.В. Цивилизации, государства, культуры Центральной Азии. — Ташкент, 2005, с. 242.

78. Мавлонов Ў. Марказий Осиенинг кадимги йўллари. —Т., «Академия», 2008, б.143.



paytaxt Chanan qalasın hám joldaǵı birneshe qalalardı shet el sawdagerlerine ashıp beredi. Sonıń menen birge, olarǵa zárúr jeńillikler de berildi. Nátiyjede Chanan qalası xalıqaralıq sawda orayına aylandı[79].

Tan dinastiyası kúsheyiwi menen ol Ullı Jipek jolın qadaǵalaw huqıqın óz qolına alıwǵa hám tásir kólemin keńeytiwge háreket etti. Nátiyjede Tan mámleketi Túrk qaǵanlıǵı menen soqlıǵısıp qaldı. Uzaq dawam etken gúresler tek ǵana ishki jánjellerdi kúsheytiwge alıp kelip qoymastan, al Túrk qaǵanlıǵınıń eki bólimge bóliniwi hám sońında joq bolıp ketiwine sebep boldı.

Usılayınsha, Túrk qaǵanlıǵı dáwirinde Ullı Jipek jolınıń Arqa baǵdarı, Shıǵıs Túrkstan hám Jetisuwdı Qarateńiz jaǵalawları menen baylanıstırıwshı qısqa jol da payda boladı. Oraylıq Aziyanıń arqasındaǵı dalańlıqlar arqalı ótip, Qarateńiz jaǵalawlarına shekem jetip barǵan bul jol áyyemgi Dasht jolı baǵdarlarına sáykes kelip, baylanıs jolları baǵdarları qolaylı siyasiy-ekonomikalıq jaǵdayda óz áhmiyetin tez tiklep alǵanına mısal bolıp tabıladı.

Sol payıtta Orta Aziyada bir tárepten Tibettiń, ekinshi tárepten arablardıń tásiri kúsheyedi. 747-jılı Tan dinastiyası batıs tárepke áskeriy júris etedi. Etnikalıq kelip shıǵısı koreyalı bolǵan Gao Shanchji (Syan) basshılıǵındaǵı qıtay áskerleri Tarim alabındaǵı qalalarǵa hújim shólkemlestirdi. 748-jılı olar Toqpaq (Suyye) qalasına, 750-jılı Shash (Tashkent) qalasına júris etedi. Shashta bolıp ótken sawashta jergilikli húkimdar Djabshi (Chebishi) tutqınǵa alınıp, Qıtayǵa jónetildi, onıń balası qashıp barıp Xorasandaǵı arablar wákili Ábiw Muslimnen járdem soradı. Arablar wákili bul ótinishke unamlı qatnasta bolıp Qıtay áskerlerine qarsı júris etti. Arab hám qıtay áskerleri 751-jılı Talas (Taraz) dáryası boyında ushırastı. 5 kúnge sozılǵan sawash arablar paydasına sheshildi. Bul sawashta Gao Shanchji áskerleri qatarındaǵı karluklardıń arablar tárepine ótip ketiwi úlken áhmiyetke iye boldı. Arab dereklerinde kórsetiliwinshe, Talas dáryası boyında júz bergen úlken soqlıǵısıwda 50 mıń qıtay áskerleri qurban bolǵan, 20 mıń adam bende bolıp qolǵa túsken. Qıtaydıń jeńiliwi onıń sırtqı siyasatına úlken tásir etti. Bunnan

---

79. Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Тошкент, 2007, б. 171.

keyin Qıtay uzaq ásirler dawamında Oraylıq Aziyaǵa ásker jiberiwdi rejelestirmegen. Lekin, bul aymaq penen diplomatiyalıq hám sawda baylanıslarıń belsendilik penen saqlap qaldı[80].

Belgili bolǵanınday, Qıtaydıń Batıs úlkeleri menen baylanıslarında jipek hám onnan tayarlanǵan buyımlar mámlekettiń ishki bazarında onsha úlken orın tutpaǵan. Natural xojalıq ústemlik etip turǵan jaǵdayda jipek buyımlar tek ǵana Qıtay imperatorı, onıń shańaraǵı hám hámeldarlardıń zárúrligine qollanılıp[81], jipekke, tiykarınan, sırtqı bazarda talap úlken bolǵan. Qıtay menen bolǵan sawda-satıqtan, birinshi gezekte, jipek sawdasınan úlken payda alǵan Sogd sawdagerleri Shıǵıs Túrkstan hám Qıtaydaǵı óz sawda faktoriyaları arqalı Qıtay jipegi hám basqa ónimlerdi tikkeley óndiriwshilerden alıp, olardı Ullı Jipek jolı boylap, tek Orta Aziyaǵa ǵana emes, al Vizantiyaǵa hám basqa batıs mámleketlerine de alıp barǵan.

Ullı Jipek jolınıń xızmeti baslanǵan dáslepki dáwirlerde Qıtay jipegi bahalı hám qımbat ónim sıpatında júdá qádirlengen. Túrk qaǵanlıǵı dáwirinde Qıtaydan Sasaniyler Iranı hám Qarateńiz arqalı Vizantiyaǵa alıp barıwshı xalıqaralıq sawda jolı hám jipek sawdası qadaǵalawın qolǵa kirgizgen túrkler hám olardıń qáwenderligi astında sawda-satıq penen shuǵıllanǵan. Sogd sawdagerleri Oraylıq Aziyada jipek sawdası ústinen tolıq qadaǵalaw ornatqan. Jipek sawdası, tek ǵana ekonomikalıq emes, sonıń menen birge, júdá úlken strategiyalıq áhmiyetke iye bolǵan áskeriy-siyasiy wazıypalardı sheshiwde de úlken orın tutqan. Máselen, Túrk qaǵanları Qıtaydan salıq túrinde hár jılı úlken muǵdarda jipek alıp turǵanlıǵı belgili. Qıtaydan alıp kelingen jipektiń ishki máplerden awısıp qalǵan úlken bir bólimi sırtqı bazarǵa, máselen, jipekke talap joqarı bolǵan Vizantiyaǵa shıǵarılǵan. Máselen, Vizantiyada Qıtay jipegi altın hám basqa qımbat bahalı taslarǵa teń bahaǵa iye bolıp, ol Konstantinopol sarayı hám hámeldarlar zárúrliginen tısqarı jallanba áskerge haqı tólewde de tiykarǵı ónim esaplanǵan[82]. Bul jaǵday Vizantiyaǵa tiyisli bolǵan qubla aymaqlarda (Siriyada) jipekshilik jolǵa qoyılǵanǵa shekem dawam etti.

[80] Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Тошкент, 2007, б. 172.
[81] Гумилев Л. Древние тюрки. —Санкт-Петербург, 2003, с. 56.
[82] Гумилев Л. Древние тюрки. —Санкт-Петербург, 2003, с. 48.



Erte orta ásirlerden baslap, Qıtaydan aymaǵımızǵa joqarı bahalanǵan mineral – qımbat bahalı nefrit (yuy-shi) alıp keliw jáne de keńeydi. Shıǵıs Túrkstandaǵı Tarim dáryası alabında, Xutannan alınatuǵın bul bahalı mineral áyyemgi dáwirden baslap Qıtay húkimdarları hám joqarı bay qatlam wákilleri arasında júdá qádirlengen. Bul Shıǵıs Túrkstannan Qıtaydıń ishki aymaqlarına qaray ketken «Nefrit jolı» qáliplesiwine de alıp kelgeni belgili[83].

Hár qıylı dereklerdegi maǵlıwmatlardı analiz etsek, nefrit qazıp alıw orta ásirlerde de bolǵanın, yuy-shiden (nefrit) qıtaylı ónermentshiler hár qıylı taǵınshaqlar, bezeniw buyımları islegeni, ulıwma bul mineral orta ásirlerde Qıtaydıń qubla aymaqlarında da keń tarqalǵanın kóriw múmkin.

Solay etip, V – VIII ásirlerde Orta Aziyanıń sırtqı baylanısları geografiyası toqtawsız keńeyip bardı. Máselen, Orta Aziya – Vizantiya baylanısları tiykarında tariyxıy-mádeniy baylanıslardıń jańa baǵdarları payda boldı. Túrklerdiń Sasaniyler Iranı menen kelispewshilikleri Túrk qaǵanlıǵınıń Vizantiya menen bekkem sawda-diplomatiyalıq baylanısları ornatılıwına hám tiyisli baylanıs jolları baǵdarlarınıń rawajlanıwına alıp keldi. Bul dáwir Orta Aziyanıń Qıtaydan Jer Orta teńizi jaǵalawlarına shekem jetip barǵan Ullı Jipek jolı xalıqaralıq tranzit kommunikaciya jolı boylap ámelge asırǵan ishki hám sırtqı ekonomikalıq-mádeniy baylanısları tariyxında, baylanıs-sawda jolları sistemasınıń rawajlanıwında ayrıqsha áhmiyetli basqıshtı quraydı.

## IX–XIII ÁSIR BASLARÍNDAǴÍ ORAYLÍQ AZIYANÍŃ SAWDA JOLLARÍ

IX–XIII ásir basları sawda hám mádeniyat orayları bolǵan iri qalalardıń kóbeyiwi hám rawajlanıwı dáwiri bolıp, ishki hám sırtqı sawda-ekonomikalıq hám mádeniy baylanıslardıń ósiwinde áhmiyetli orın tutadı. Ullı Jipek jolınıń oraylıq baǵdarları boyında jaylasqan Mawaraunnahr qalaları, tek Shıǵıs dúnyasında ǵana emes, al úlken Evroaziya aymaǵı kóleminde ámelge asırılatuǵın

[83] Кобзева О.П. Великий Шёлковый путь: история и современность. —Т., «Фан», 2005, с. 6-8

tranzit baylanıslarda úlken áhmiyetke iye boldı. Ekonomikalıq-mádeniy baylanıslardıń rawajlanıwı sawda jolları tarmaqlarınıń keńeyiwine hám olardıń xızmetiniń kúsheyiwine alıp keldi. Erte musılman oyanıw dáwiri sıpatında kóriletuǵın bul dáwirde Orta Aziyada ishki sawda jollarınıń áhmiyetli baǵdarları sırtqı tranzit baylanıslarda da úlken áhmiyetke iye bolǵan. Bul jollar ónermentshilik hám mádeniyat orayları bolǵan qalalar, awıllar, shiyki zat derekleri paydalı qazılma baylıqları alınatuǵın kánler menen, qalalar hám wálayatlardı bir-biri menen baylanıstıratuǵın edi. Jergilikli áhmiyetke iye bolǵan sawda jolları qatarında Buxara, Samarqand, Nasaf, Shásh, Ferǵana hám Xorezm oypatlıǵı arqalı ótken jollar úlken áhmiyetke iye bolıp, olar tranzit sawda jollarınıń áhmiyetli quramalı bólimleri esaplanǵan. Olardıń kelip shıǵıwın X ásirde Samaniyler mámleketi paytaxtı bolǵan dáwirden baslap aymaqtıń siyasiy turmısında, ishki hám sırtqı ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarında jetekshi orın tutqan Buxara qalasın qońsı qalalar menen baylanıstırıwshı baylanıs jollardan baslaw maqsetke muwapıq keledi.

Erte islam dáwiri dereklerinde Numujkat, Fahira hám basqa atamalar menen atalǵan Buxara qalası[84] Mawaraunnahrdıń bul dáwirdegi iri sawda qalalarınan biri edi. Buxara X – XIII ásir baslarında ark, shaxristan hám rabattan ibarat iri qala bolıp, aymaqlıq hám xalıqaralıq sawda baylanıslarında úlken orın tutatuǵın edi. Sawda jolları Buxaranı Mawaraunnahr, Jetisuw hám Xorasannıń hár qıylı qalaları hám olar arqalı Shıǵıs hám Batıstıń sawda orayları menen baylanıstırǵan edi. Bul qalanıń sawda baylanısları haqqındaǵı maǵlıwmatlardı Narshaxiy, arab geografları Ibn Xavqal, Xurdodbek, Istaxriy hám basqa orta ásir avtorları shıǵarmalarınan alıw múmkin. Olardı tariyxıy ádebiyatlardaǵı maǵlıwmatlar menen salıstırıp Buxara qalası arqalı ótken jollarǵa qısqasha táriyip berip ótemiz.

Mawaraunnahr qalaların Buxara arqalı Iran hám Xorasannıń sawda qalaları menen baylanıstırıwshı kárwan jolları bul dáwirde de ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarda áhmiyetli orın tutıp, bul kárwan jolınıń birinshi áhmiyetli bólimi Buxara – Paykent –

---

[84] Мавлонов Ў. Марказий Осиёнинг кадимги йўллари: шаклланиши ва ривожланиш боскичлари. —Т., «Академия» нашриёти, 2008, б. 146.



Amul ótkeli – Merv baǵdarı bolǵan. Bul baǵdardaǵı birinshi áhmiyetli qala Paykent bolıp, dereklerde «Mıs qala», «Sawdagerler qalası» sıyaqlı epitetler menen atalǵan qala átirapında mıńnan aslam rabatlar qurılǵanı, paykentlilerdiń Qıtay hám Ámiwdárya suw jolı arqalı baratuǵın basqa mámleketler, múmkin Kaspiy boyındaǵı qalalar menen xalıqaralıq sawdada qatnasıp júdá bay jasaytuǵınlıǵı haqqında maǵlıwmatlar bar[85]. X – XII ásir arab geografları Istaxriy, Muqaddasiy, Ibn Xurdodbek hám basqalardıń shıǵarmalarında da Paykent áhmiyetli sawda jolı boyında jaylasqan iri qala sıpatında esletip ótiledi. Buxara hám Paykent arasındaǵı aralıqtı Ibn Xurdodbek 5 farsax[86], Samaniy bolsa bir kúnlik jol sıpatında atap ótken bolsa[87], ayırım izertlewshiler, dereklerge tiykarlanıp, Buxara-Paykent arasındaǵı aralıq 7—8 farsax átirapında ekenligin jazǵan[88]. Paykenttiń qarabaxanaları Buxaradan 55 km qubla-batısta jaylasqanlıǵın esapqa alsaq, sońǵı pikir haqıyqatqa tuwrı keletuǵının kóremiz[89].

Buxaradan keliwshi jol Paykentten Ámiwdáryanıń orta aǵısındaǵı keshiw janında jaylasqan Farabqa kelgen. Paykent hám Farab aralıǵındaǵı aralıq 12 farsaxtı qurap, qumlı shólden ibarat bolǵan. Narshaxiydıń maǵlıwmatı boyınsha Farabtan Ámiwdáryaǵa shekemgi aralıq 1 farsax bolıp, dárya suwı kóbeygen payıtlarda bul aralıq qısqarıp (yarım farsaxqa shekem), geyde suw Farabqa shekem de jetip kelgen.

Ámiwdáryanıń orta aǵısındaǵı Amul keshiwi kórip atırǵan dáwir rawajlanǵan orta ásirlerde, Mawaraunnahr hám Xorasannıń ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarında úlken áhmiyetke iye edi. Házirgi Charjaw qalası janındaǵı bul keshiw arqalı Buxaradan Xorasannıń iri sawda oraylarınan esaplanǵan Merv qalasına ótiwshi tranzit sawda jolı ótken bolıp, ol orta ásirlerde Xorasannıń

---

[85] Бартольд В.В. Туркестан в эпоху монгольского нашествия. Соч. в девяти томах. —М., Изд-во восточной литературы, 1963, с. 169.

[86] Ибн Хурдодбек. Книга путей и стран.. —Баку, 1986, с. 25.

[87] Мавлонов Ў. Марказий Осиёнинг кадимги йўллари: шаклланиши ва ривожланиш боскичлари. —Т., «Академия» нашриёти, 2008, б. 147.

[88] Адылов Ш.Т. Историческая топография одной из средневековых дорог по направлению Бухара-Хорезм. Археология и история Центральной Азии. К 70 летию со дня рождения академика Академии наук Республики Узбекистан Юрия Федоровича Бурякова. —Самарканд, 2004, с. 19.

[89] Мавлонов Ў. Марказий Осиёнинг кадимги йўллари: шаклланиши ва ривожланиш боскичлари. —Т., «Академия» нашриёти, 2008, б. 148.

Mawaraunnahrdaǵı sawda qalaları menen baylanısında úlken orın tutqan. IX – X ásir arab geografları Amuldan Qaraqum arqalı Mervke shekem bolǵan aralıqtı 36 farsax, 6 kúnlik jol dep atap ótken. Aralıq punktler sıpatında 5 hám 7 mákan tilge alınadı. Jazba derekler hám maǵlıwmatlardı arxeologiyalıq tekseriwler menen tolıqtırǵan M.E.Masson Amuldan Mervke shekemgi kárwan jolında jaylasqan Al-Aqir (5 farsax), Ospan qudıǵı (3 farsax), Al-Axsa (3 farsax), Al-Mansaf yamasa Narak rabatı (8 farsax), Devob (Dev suwı) yamasa Rabat al-Xadid (Temir rabat) (6 farsax), Kushmayxan (5 farsax) sıyaqlı mákanlardı atap ótedi. Olardıń ishinde Ayritam hám Dúnyatóbe sıyaqlı keshte kárwanlar adaspawı ushın ot penen signal beriwshi minaralar bar ekenligi áhmiyetli bolıp tabıladı. Ferǵana, Shash, Samarqand hám Buxaradan Amul keshiwi arqalı Mervke alıp barǵan bul sawda jolı Ullı Jipek jolınıń aymaǵımız arqalı ótken tiykarǵı baǵdarlarınan biri bolıp, Mervten bul trans aymaqlıq sawda jolı Irannıń Nishapur, Tus sıyaqlı qalaları arqalı xalifalıq paytaxtı Baǵdadqa alıp barǵan.

Buxara qalası X ásirden baslap Mawarannahrdıń arqasındaǵı mámleketler – Bulǵar xazarlar jurtı, Kiev Rusi hám Shıǵıs Evropa menen baylanıslarında da oraylıq orın tuta basladı. Bul aymaqlardan hám Baltik boyınan Samaniyler dáwirine tiyisli gúmis dirxamlardıń tabılıwı Mawarannahrdıń Shıǵıs Evropa mámleketleri menen baylanısları jaqsı bolǵanlıǵınan derek beredi. Paytaxt Buxaranıń bul baylanıslarında Xorezm oypatlıǵı áhmiyetli tranzit aymaq sıpatında úlken rol oynaydı. Bul máselege tiyisli maǵlıwmatlardı analiz etip, Buxaradan Xorezmge ótken sawda jolınıń tómendegi birneshe baǵdarları bolǵanlıǵın kóriw múmkin:

Buxara – Paykent – Farab – Ámiwdáryanıń oń jaǵalawı boylap Qıyatqa alıp barıwshı sawda jolı. Bul baǵdarda Ámiwdáryanıń oń jaǵalawında X – XIII ásir baslarına tiyisli bekkemlengen kárwan saraylar hám rabatlar bar. Olardıń ishinde Farabtan tómende jaylasqan Aqrabat, Nargizqala, Jigitqala hám Qızılqala, Kukartli, Qızılrabat, Sartarosh, Eshakrabat, Doslıqala, Meshekliqala sıyaqlı mákanjaylardı aytıp ótiw múmkin[90].

---

[90] Итина М.А. Археологические памятники на древних торговых путях вдоль берегов Амударьи. Древности Южного Хорезма. ТХАТЭ. — М., 1991, с. 22.



Izertlewshiler bul baǵdar al-Muqaddasiy shıǵarmasında esletip ótilgen – Buxara – Amza (Amdiza qalası) – Tasrabat (Aqrabat) – Shuruk bándirgisi – Tuǵon bándirgisi – Dnigarband (Jigarband) baǵdarına sáykes keletuǵının atap ótedi[91].

Buxaradan Ámiwdáryanıń oń jaǵalawı boylap Qıyatqa alıp barıwshı sawda jolı Afrigiyler dáwirinde (305—996-jj.) úlken áhmiyetke iye edi. Afrigiyler mámleketi paytaxtı bolǵan Qıyat qalası áhmiyetli sawda-ekonomikalıq hám mádeniy oray bolıp, «Tarixi Tabariy»de bul qala Xorezmniń eń iri hám bekkem qalalarınan biri sıpatında esletip ótiledi[92]. «Xudud al-alam» shıǵarmasında Qıyat (Kaj) túrklerdiń sawda orayı hám Guzlar mámleketi dárwazası sıpatında atap ótiledi. Beruniydiń jazıwınsha Afrigiyler dinastiyasınıń tiykarın salıwshı Afrig tárepinen Qıyat qalası Xorezm paytaxtına aylandırılǵannan soń, bul jerde ılay hám qam gerbishten qala qurılǵan edi. Al-Fir atı menen atalǵan bul qala bir-biriniń ishine jaylasqan, úsh qabat etip qurılǵan qorǵannan ibarat bolıp, onıń tóbesinde Yamandaǵı ǵumden sıyaqlı patshalardıń sarayları bolǵan[93]. X ásir aqırlarına kelip óz aǵısın ózgertken Jayhun suwı Qıyat qalasın basıp kete basladı. Máselen, Muqaddasiy Qıyat Ámiwdáryanıń shıǵıs jaǵalawında jaylasqanlıǵı hám ol úlkenligi jaǵınan Nishapurǵa jaqın turatuǵınlıǵın, shax sarayı qalanıń orayında jaylasqanlıǵı hám arktı dárya suwı basıp ketkenligin esletip ótedi. Ayırım maǵlıwmatlar boyınsha 993-jılı dárya suwı Qıyat arkin birotala wayran etken. Lekin, ataqlı sayaxatshı Ibn Battuta XIII ásirdiń 30-jıllarında bul qalada bolǵanı, onı kishigirim hám sulıw qala sıpatında bayan etkeni belgili[94].

Buxaradan Xorezm oypatlıǵına ótiwshi sawda jolınıń jáne bir baǵdarı Varaxshadan Qızılqum arqalı ótip Ámiwdáryanıń oń

---

[91] Адылов Ш.Т. Историческая топография одной из средневековых дорог по направлению Бухара-Хорезм. Археология и история Центральной Азии. К 70 летию со дня рождения академика Академии наук Республики Узбекистан Юрия Федоровича Бурякова. Самарканд, 2004, с. 20.

[92] Мавлонов Ў. Марказий Осиёнинг қадимги йўллари: шаклланиши ва ривожланиш босқичлари. —Т., «Академия» нашриёти, 2008, б. 150.

[93] Беруний. Қадимги халқлардан қолган ёдгорликлар. —Т., «Фан», 1968, том 1, с. 71.

[94] Ибрагимов Н. Ибн Батутта и еги путешествие по Средней Азии. —М., «Наука», 1988, с. 79.

jaǵalawındaǵı Eshakrabat hám Doshqala kárwan sarayına alıp barǵan. Bul jerden Meshekli kárwan sarayı arqalı Qıtayda yamasa Doshqala janındaǵı keshiwden ótip, Sadvar qalası janındaǵı X ásirde qurılǵan Chashqala kárwan sarayı arqalı Xazaraspqa ótiw múmkin bolǵan[95]. Arab geograflarıBuxaranıń Faraxsha (Varaxsha) awılınan sholistanlıq arqalı Xorezmge 8 kúnde barıw múmkin ekenligin, bul jolda rabatlar joq ekenligi, tek sharwalardıń jaylawları bar ekenligi haqqında maǵlıwmatlar beredi. Buxaradan Ámiwdáryadaǵı Jigarband rabatına alıp barıwshı jol bolsa Buxaradan 2 barid (2 farsax) qashıqlıqta jaylasqan Amza (Amdiza) awılı hám de bir-birinen bir kúnlik jolda jaylasqan Tasrabat, Shuruq, Qumlıq (Ar-raml), Tuǵon rabatı arqalı ótken[96]. Bul jerdegi keshiwden ótkennen soń, Amuldan Ámiwdáryanıń shep jaǵalawı boylap kelgen jolǵa qosılıp Xorezmniń jáne bir iri qalası Úrgenishke qaray ketiwi múmkin bolǵan.

Buxaradan Úrgenishke ótken tiykarǵı jol Paykentten Farab janındaǵı Ámiwdárya keshiwi (Amul keshiwi)nen dáryanıń shep jaǵalawı, bul jerden qurǵaqlıq boylap jaylasqan hám bul baǵdarda X—XII ásir baslarında sawda kárwanlarına xızmet etken kóplegen kárwan saraylar, qalalar hám qorǵanlar arqalı ótken. Istaxriy Amuldan Ámiwdáryanıń shep jaǵalawı boylap Xorezm paytaxtına ótken jolda bir-birinen bir kúnlik jol aralıqta jaylasqan Viza, Mardus, Isbas, Sayfana, Al-Toxiriya, Darǵon, Jigarband, Sadvar, Xazarasp sıyaqlı qorǵanlar hám qalalardı esletip ótedi. Olardıń ayırımları antik dáwirde hám derlik pútkil orta ásirlerde xızmet kórsetken bolıp, olardıń ishinde Xorezm oypatlıǵı shegarasında jaylasqan Doya Xotin kárwan sarayı, Ketmonchi rabatı, Darǵan qalası, Aqrabat, Jigarband, Sadvar Xazarasp qalaları úlken áhmiyetke iye bolǵan. Bekkem qorǵanıw diywalları menen qorshalǵan Xazarasp qalası qarabaxanaları házir de jergilikli xalıq tárepinen Dev Salǵan esteligi atı menen ataladı.

Jazba dereklerde Xorezmde Úrgenish (Gurganj) atı menen atalǵan eki qala bolıp, olar bir-birlerinen 3 farsax qashıqlıqta

---

95. Итина М.А. Археологические памятники на древних торговых путях вдоль берегов Амударьи. Древности Южного Хорезма. ТХАТЭ. - М., 1991, с. 26.

96. Бартольд В.В. Туркестан в эпоху монгольского нашествия. Соч. в девяти томах. М., Изд-во восточной литературы, 1963, с. 209.



jaylasqanlıǵı, olardıń biri Xorezmshaxlar mámleketiniń paytaxtı, ekinshisi iri sawda qalası bolıp, Gurganj yamasa Al-Jurjaniya dep atalǵanı esletip ótiledi[97]. Buxaranı Xorezm oypatlıǵı menen baylanıstırıwshı birinshi baǵdardıń áhmiyeti Afrigiyler dáwirinde úlken áhmiyetke iye bolǵan bolsa, Úrgenish qalası Mamuniyler tárepinen Xorezmniń paytaxtına aylandırılǵan dáwirden, yaǵnıy X ásirdiń aqırınan baslap ekinshi baǵdardaǵı sawda jolınıń da áhmiyeti artıp barǵan.

Rawajlanǵan orta ásirlerde Xorezm ekonomikalıq jaqtan kúsheyedi hám bul dáwirde qalalar sanınıń artıp barıwın bayqawǵa boladı. XI –XIII ásir baslarında Xorezm oypatlıǵında Úrgenishten keyingi iri qala Darǵan esaplanǵan. Xorezmniń qublasında, Amuldan 5 kúnlik, Toxirstannan eki kúnlik qashıqlıqta jaylasqan bul qala aymaqtıń Iran hám Xorasan menen baylanıslarında áhmiyetli orın tutqan. Orta ásir avtorı Yakut bul qalanı Mervten Xorezmge ótken joldaǵı áhmiyetli punkt sıpatında eske alıp ótedi. Xorezmniń iri qalaları ishinde Sadvar (Darǵannan bir kúnlik qashıqlıqta jaylasqan), Xiywa, Xazarasp, Kardaran-Xos (Xiywadan 5 farsax qashıqlıqta jaylasqan) hám basqa qalalardı aytıp ótiw múmkin. Dereklerde Xazarasp Xiywadan bir farsax qashıqlıqta jaylasqanlıǵı, Xiywada iri juma meshiti bar ekenligi, Kardaran-Xos hám Xazarasp bolsa bekkemlengen qala ekenligi atap ótiledi[98].

Orta Aziyanıń eki áhmiyetli ekonomikalıq-mádeniy orayları bolǵan Buxara hám Xorezmdi Ámiwdárya jaǵalawları boylap ótken jol arqalı baylanıstırǵan baǵdarda birqansha áhmiyetli ótkeller xızmet kórsetken. Máselen, dáryanıń oń jaǵalawındaǵı Kukartli kárwan sarayınan dáryanıń shep jaǵalawındaǵı Barǵanataǵa, Sartarash rabatınan Jigarbandqa ótiw múmkin bolǵan[99]. Ayırım izertlewshilerdiń pikirinshe, orta ásir arab geografları (Muqaddasiy) shıǵarmalarında atap ótilgen Shuruq bándirgisi Nargizqala esteligine sáykes kelip, onıń janında Buxara

---

97. Камаладдинов Ш.С. «Китаб ал-Ансаб» Абу Саида Абдулкарима ибн Мухаммада ас-Самани как источник по истории и культуры Средней Азии. Ташкент, «Фан», 1993, с. 51.

98. Мавлонов Ў. Марказий Осиёнинг кадимги йўллари: шаклланиши ва ривожланиш боскичлари. —Т., «Академия» нашриёти, 2008, б. 153.

99. Итина М.А. Археологические памятники на древних торговых путях вдоль берегов Амударьи. Древности Южного Хорезма. ТХАТЭ. - М., 1991, с. 26.

hám Xorezm aymaqların baylanıstırıwshı joldaǵı eń áhmiyetli keshiwlerden biri jaylasqan[100].

Orta ásir avtorları Buxara hám Xorezm qalaların baylanıstırıwshı sawda jolları haqqında jazǵanda hár qıylı qalalar hám xalıq punktleri aralıǵındaǵı qashıqlıqtı da keltirip, bul aymaqlarda qansha rabat, qala hám awıl bolǵanlıǵın esletip ótedi. Máselen, Ibn Xurdodbek Amuldan (házirgi Charjaw) Buxaraǵa shekemgi qashıqlıqtı 19 farsax bolǵanlıǵı haqqında maǵlıwmat beredi. Maqdisiy bolsa Buxaradan Xorezmge ótken jolda jeti rabat, eki qala (Shoraxan, Qıyat) hám altı toqtaytuǵın orın bar ekenligin esletip, Buxaradan Xorezmge shekem on úsh kúnlik jol bolǵanlıǵın atap ótedi.

Xorezm arqalı Shıǵıs Evropadan Xorasanǵa, Qıyat hám Úrgenishten (X ásirden baslap) Iranǵa, Oguz shólistanlıǵı arqalı Xazar hám Bulǵar patshalıqlarına, aymaqtıń arqasındaǵı dalańlıqlarǵa da jol ótken. Máselen, Xiywa (bir kúnlik kárwan jolı), Kaspiy boyındaǵı Jurjaniya (úsh kúnlik jol), Artaxushmasan (bir kúnlik jol), Nuzvar (tórt kúnlik jol) arqalı ótken baǵdar Xorezmniń Afrigiyler dáwirindegi paytaxtınan Kaspiy teńiziniń qubla jaǵalawları boylap Iran aymaǵına ótken tiykarǵı jol edi[101].

Rawajlanǵan orta ásirlerde Xorasannıń iri ekonomikalıq-mádeniy orayı bolǵan Merv qalasınan Xorezm qalaları menen baylanıstırıwshı kárwan jolları da aymaqtıń baylanıs-kommunikaciya sistemasında úlken orın tutqan. Dereklerdegi maǵlıwmatlardı analiz etip, X – XIII ásirlerde Merv – Úrgenish jolı, tiykarınan, eki bólimnen ibarat ekenligin kóriwge boladı. Onıń birinshi bólimi Qaraqum arqalı ótken arqa jol esaplanadı. Bul baǵdar tómendegi mánziller: Shavval, Pashan, Xurmuzfarra, Abdanganj, Suran Rabat, Choxi Xak, Choxi Soxibi, Chox Xaruk, Nushagird Rabat, Singobod rabatı hám basqa birneshe qudıqlar arqalı ótken. Bul baǵdar Mervti Xorezm menen baylanıstırıwshı eń qıyın jollardan biri esaplanadı. Ekinshi jol da Qaraqum arqalı

---

100. Адылов Ш.Т. Историческая топография одной из средневековых дорог по направлению Бухара—Хорезм. Археология и история Центральной Азии. К 70 летию со дня рождения академика Академии наук Республики Узбекистан Юрия Федоровича Бурякова. Самарканд, 2004, с. 20.

101. Мавлонов Ў, Маххамова Д. Маданий алокалар ва савдо йўллари. —Т., «Академия», 2004, б. 74.



Merv—Amul baǵdarında ótken. Bul jerde Buxaradan kelgen jolǵa qosılıp, Ámiwdáryanıń shep jaǵalawın boylap Xazarasp arqalı Úrgenishke (Góne Úrgenish) hám Xorezmniń basqa qalalarına alıp barǵan.

Bul dáwirde Xorezmniń ishki jolları sistemasında Ámiwdáryanıń tómengi aǵısındaǵı dárya jaǵalawları boylap ótken baylanıs jolı áhmiyetli orın tutqan. Arab geografı Maqdisiy Ámiwdáryanıń tómengi aǵısındaǵı jollardıń tómendegi baǵdarların keltirip ótedi: Mizdaxkan – Darsan (2 pochta bándirgisi) – Kerder (bir kúnlik jol) – Juvikan (2 pochta bándirgisi – Barategin awılı (bir kúnlik jol) – Kól (Aral teńizi) (bir kúnlik jol)[102].

Xorezm oypatlıǵı Mawaraunnahrdıń arqadaǵı jurtlar menen bolǵan ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarında úlken áhmiyetke iye bolǵan. Mawaraunnahrdıń Bulǵar patshalıǵı hám Kiev Rusi qalaları menen ekonomikalıq-sawda baylanısları Xazar qaǵanlıǵı arqalı alıp barılǵanı belgili. Mawaraunnahrdı Xorasan, Xorezm hám Volga boyı menen baylanıstırıwshı sawda jolları haqqında 921—922-jılları Baǵdadtan Buxara hám Xorezm arqalı Bulǵar patshalıǵına barǵan Ibn Fadlan da maǵlıwmat beredi. Xalifa Jafar al-Muqtadirdiń Susan ar-Rassi basshılıǵındaǵı elshilik missiyası quramında birden-bir sawatlı adam bolǵan Ibn Fadlanǵa elshilik xatkeri wazıypası júklengen bolıp, bul saparda kórgen-bilgenlerin Ibn Fadlan «Risola»sında tolıq bayan etken. Elshiler Baǵdadtan Damǵon – Nishapur – Seraxs – Merv – Ámiwdárya keshiwi arqalı Buxaraǵa kelip Samaniy húkimdarı Nasr II ibn Axmed (914—942) qabıllawında bolǵan. Buxarada 28 kún bolǵan elshiler jáne Ámiwdáryaǵa qaytıp, kemelerde Xorezm paytaxtı Qıyatqa jol aladı. Baǵdad xalifasınıń elshileri Xorezmshaxtıń kelisimi menen Qıyattan Gurganjǵa barıp, qattı suwıq qıs ayların sol jerde ótkizedi hám erte báhárde Volga Bulǵariyası tárepke jolǵa túsedi. Gurganjlı jol baslawshılardıń qáwendirliginde elshiler túrkler jurtı shegarasındaǵı Zamjan rabatı, kóshpeli túrkiy qáwimler (oguzlar, qıpshaqlar, bashqurtlar hám basqalar) jerleri arqalı hám Jayıq dáryasınıń tómengi aǵıslarınan Itil dáryası boyındaǵı Bulǵarlar jurtına jetip baradı. Ibn Fadlan Gurganjdan

---

102. Мавлонов Ў. Марказий Осиёнинг кадимги йўллари: шаклланиши ва ривожланиш боскичлари. —Т., «Академия» нашриёти, 2008, б. 155.

Bulǵar húkimdarı rezidenciyasına shekemgi qashıqlıq 70 kúnlik jol ekenligin esletip ótedi. Ibn Fadlan shıǵarmasında bir tárepten, xalifalıq paytaxtı Baǵdadtı Buxara menen baylanıstırıwshı, ekinshi tárepten, Buxaradan Xorezm qalaları – Qıyat hám Úrgenish arqalı Volga boyına barıwshı jollar baǵdarı tolıq bayan etilgenin kóremiz.

Ulıwma alǵanda, Mawaraunnahr hám Xorasannıń sawda qalalarınan aymaqtıń arqasındaǵı dalańlıqlarǵa, Volga boyı qalaları hám Shıǵıs Túrkstanǵa ótken jollar kesispesinde jaylasqan Xorezm oypatlıǵınıń qolaylı genografiyalıq awhalı aymaqtıń ishki hám sırtqı ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarında júdá úlken áhmiyetke iye edi. Arab geografları da Xorezmniń baylıǵı kóshpeliler menen sawda baylanısları bar ekenliginde dep atap ótedi[103].

Rawajlanǵan orta ásirlerde Mawaraunnahrdıń eki paytaxt qalası Buxara hám Samarqandtı Iran, Awǵanstan hám Hindstan menen baylanıstırıwshı tranzit sawda jolları Qashqadárya alabı arqalı ótken. Bul dáwirde Qashqadáryanıń bas qalası Nasaf esaplanıp, ol úsh bólimnen – kuxandiz, shaxristan hám rabattan ibarat iri qala edi. Ibn Xavqal (X ásir) qala bazarı rabata, Gubdin dárwazası janında, hákim sarayı hám juma meshiti aralıǵında jaylasqanlıǵı, Samaniy (XII ásir) dáwirinde Nasafta úsh máhálle, tórt kóshe, eki meshit bolǵanlıǵı haqqında maǵlıwmat beredi[104]. Qalanı dárya kesip ótken bolıp, qala dárwazaları atınan qońsı iri qalalarǵa sawda jolları baslanǵan. Nasaf qalası diywalınıń qubla-shıǵıs bóliminde Kesh dárwazası jaylasqan bolıp, onnan Qashqadáryanıń shep jaǵalawı boylap Kesh qalasına alıp baratuǵın jol, arqa-shıǵıs bólimindegi Samarqand dárwazasınan Jam arqalı Samarqandqa alıp baratuǵın kárwan jolı, arqa-batısta jaylasqan Buxara dárwazasınan Buxaraǵa alıp barıwshı jol, qubla-batıs bólimindegi Gubdin dárwazasınan Ámiwdárya keshiwlerine (Kelif, Kerki) alıp barıwshı jollar baslanǵan. Nasaf rabatı da diywal menen qorshalǵan bolıp, onıń da tórt dárwazası (Samarqand, Kesh, Najariya hám Gubdin) bolǵan. Kórip otırǵanımızday, qala

103. Бартольд В.В. Туркестан в эпоху монгольского нашествия. Соч. в девяти томах. —М., Изд-во восточной литературы, 1963, с. 124.

104. Камаладдинов Ш.С. «Китаб ал-Ансаб» Абу Саида Абдулкарима ибн Мухаммада ас-самани как источник по истории и культуры Средней Азии. — Ташкент, «Фан», 1993, с. 100.



hám onıń rabatı dárwazalarınıń atı tómengi Qashqadáryanıń bas qalası bolǵan Nasaftıń ekonomikalıq-mádeniy baylanısları baǵdarlarınan derek berip turıptı.

Bul dáwirde Buxara — Balx sawda jolınıń birinshi áhmiyetli bólimi Buxara – Nasaf baǵdarı bolıp, dereklerdegi (Maqdisiy, Istaxriy, Ibn Xavqal hám basqalar) maǵlıwmatları boyınsha, 30 farsax aralıqtı quraǵan Qarachun, Mienqal, Maymurg arqalı ótken bul joldı kárwanlar 4 kúnde basıp ótken. Nasaftan Balxqa eki jol menen: Nasaf – Subah – Kindik awılı – Temir Dárwaza – Termiz – Balx yamasa Nasaf – Kelif – Balx baǵdarlarında barıw múmkin edi[105]. Ámiwdáryanıń orta aǵısındaǵı áhmiyetli keshiwlerden bolǵan Kelif Termizden 2 kúnlik jolda, Balxtan 18 farsax qashıqlıqta jaylasqan edi. Muqaddasiydiń jazıwınsha, bul keshiw atı menen atalǵan Kelif qalası Ámiwdáryanıń eki tárepinde jaylasqan bir orın edi.

Ámiwdáryanıń batıs tárepinde Kaspi hám Bezda awılları jaylasqan bolıp, olar ózleriniń qolaylı geografiyalıq jaǵdayı sebepli Buxaradan Termiz, Balx hám Xorasannıń basqa sawda qalalarına ótken kárwan jolları sistemasında áhmiyetli orın tutqan. Tranzit sawda jolları boyında jaylasqan Kaspi hám Bezda X–XII ásirlerde Mawaraunnahrdıń iri awıllarınan bolıp, olarda juma meshitleri xızmet kórsetken. Kaspi Nasaftan 4 farsax uzaqlıqta, Buxaraǵa barıwshı jolda, Bezda bolsa Nasaftan 6 farsax uzaqlıqta jaylasqan bolıp, dereklerde Buxaradan Kaspi arqalı Termizge, Bezda arqalı Kelif keshiwine (olar arasında Jiken, Góne Rabat, Said qudıǵı, Bezda, Xoran Rabatı, Buxaralılar awılı, Xorezmliler awılı hám Balxan sıyaqlı aralıq punktler bolǵan) baratuǵın kárwan jolı haqqında maǵlıwmatlar bar. Buxaradan Bezdaǵa shekem bolǵan aralıqtı kárwanlar 4 kúnde, Kelifke shekem bolsa 5 kúnde basıp ótken. Bul baǵdar sawda kárwanlarınıń jolın ádewir qısqartıp, waqıt hám jol qárejetlerin únemlew múmkinshiligin beretuǵın edi.

Samarqandtan qubladaǵı xalıqaralıq sawda jolları menen baylanıstırıwshı jol da áyyemnen Qashqadárya arqalı ótken. Rawajlanǵan orta ásirlerde bul aymaqtıń tiykarǵı qalalarınan bolǵan Nasaf hám Keshten ótken sawda jolları, tek ishki sawda

105. Лунина С.Б. Города Южного Согда в VIII—XII вв. —Т., «Фан», 1984, с. 77.

baylanıslarında ǵana emes, al tranzit baylanıslarda da áhmiyetli orın tutatuǵın edi. Olardıń eń áhmiyetlisi hám belsendi paydalanılǵanı Samarqand — Nasaf baǵdarı bolǵan. Samarqand Jam dalańlıǵı arqalı Nasafqa kelgen jol bul jerde birneshe tarmaqqa bólingen. Bir baǵdarı Buxaradan kelgen jolǵa qosılıp Subah, Kindik awılı, Temir dárwaza arqalı Termizge de alıp barǵan. Kindik awılı Nasaftan hám Keshten 3 kúnlik jol aralıǵında bolıp, bul jerde Samarqandtan Kesh arqalı keliwshi sawda jolı Nasaf – Termiz sawda jolına qosılǵan[106].

Samarqandtan Nasaf arqalı Ámiwdáryadaǵı ótkellerge (Kelif, Kerki, Amul) de barǵan. Nasaftan Kaspi hám Amul ótkeli arqalı Mervke barıwshı joldan bul dáwirde turaqlı túrde paydalanılǵanı haqqında juwmaqqa keliw múmkin[107].

Samarqandtan, sonday-aq Jam shólistanlıǵı – Chiraqchi Xuzor (ǵuzor) baǵdarı arqalı Temir dárwazaǵa hám Chaginyanǵa (Surxan alabı) barıwshı jol da bolǵan. Qashqadáryanıń orta aǵısında, dáryanıń oń jaǵalawında qarabaxanaları Altınbastóbe hám Chandaraktóbe atları menen saqlanıp qalǵan estelikler – bul joldıń baǵdarların ańlawǵa járdem beredi. Ǵuzardáryada jaylasqan Xuzor (ǵuzor) rawajlanǵan orta ásirlerde Kesh wálayatınıń úlken áhmiyetke iye bolǵan oraylarınan biri edi.

Hindstan hám Awǵanstannıń sawda qalaların Samarqand, Tashkent, Ferǵana menen baylanıstırıwshı Shıǵıs Xorasan sawda jolı da rawajlanǵan orta ásirlerde áhmiyetli orın tutatuǵın edi. Qánigelerdiń pikirinshe, Ámiwdáryadan ótip, Kelif hám Shurab keshiwlerinde bul jol eki tarmaqqa ajıralǵan. Birinshisi, Kelif—Nasaf—Jam aralıǵındaǵı dalańlıqlar hám Zarafshan tawınıń batıs janbawırı arqalı Samarqandqa ótken bolsa, ekinshisi Shurab keshiwinen Jekkebaǵ janbawırının jaǵalap Keshke hám Taxtaqaracha biyikligi arqalı Samarqandqa ótken[108]. Samarqandtı Kesh penen baylanıstırǵan jol haqqındaǵı Maqdisiydiń maǵlıwmatı boyınsha Samarqandtan Keshke shekem eki kúnlik jol bolǵan hám olar arasındaǵı toqtaytuǵın orın Drizdex esaplanǵan. Samarqand Kesh penen jáne bir jol –

---

106. Бартольд В.В. Туркестан в эпоху монгольского нашествия. Соч. в девяти томах. М., Изд-во восточной литературы, 1963, с. 191.
107. Лунина С.Б. Города Южного Согда в VIII—XII вв. —Т., «Фан», 1984, с. 103.
108. Сагдуллаев А.С. Древние поселения Кашкадарьи. —Т., 1979, с. 35



Kishmishtóbe (házirgi Chiraqchi aymaǵı) hám Jam arqalı da baylanısqan. Samarqand shaxristanınıń qubla dárwazası Kesh atı menen atalıwı da bul eki qala arasındaǵı bekkem baylanıslardan derek beredi[109].

Bul dáwirde Kesh Qashqadárya alabınıń ishki hám sırtqı ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarında áhmiyetli orın tutqan qalalardan esaplanǵan. Jazba dereklerde Keshke tiyisli bolǵan úsh qala tilge alınadı, arxeologiyalıq izertlewler dawamında Qashqadárya alabınıń shıǵıs bóliminde rawajlanǵan orta ásir qalalarınan 14 iniń qaldıqları anıqlanǵan. Bul qalalar óziniń ólshemi hám jaylasqan ornına qaray wálayatlardıń adminstrativlik birlikleri – adminstrativlik oraylar bolǵan.

Aymaq ushın áhmiyetli bolǵan ishki sawda jolı Qashqadáryanıń shep jaǵalawı boylap ótken bolıp, bul joldıń baǵdarı arxeologiyalıq izertlewler nátiyjesinde, iri orta ásir awıl hám qalaları qaldıqlarına qarap anıqlanǵan. Máselen, Zuxratóbe, Kamaytóbe, Altıntóbe, Kishmishtóbe hám basqa estelikler Nasaf-Kesh sawda jolında boy kótergen. Dereklerde bul baǵdarda, eki qala aralıǵında jaylasqan Naukat Kuraysh qalası da esletip ótiledi. Bul qala qarabaxanaların M.E.Masson Chim awılı janındaǵı Kamaytóbe, basqa izertlewshiler Altıntóbe ornında kóredi.

Mawaraunnahrdıń orta ásirlerde Awǵanstan hám Hindstandaǵı sawda orayları menen ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarında Surxandárya hám Qubla Tájikstan aymaqları da áhmiyetli orın tutqan. Bul dáwirde Ámiwdáryanıń joqarǵı aǵısı shep jaǵalawında, Panj hám Vaxsh aralıǵında, Surxob hám Kulobdárya basseyninde jaylasqan Xuttalon, Vaxsh dáryası basseynin iyelegen Vaxsh wálayatı, Vaxsh hám Kofirnixon aralıǵındaǵı Vashgird hám Kubadien wálayatları aymaqları da jergilikli áhmiyetke iye tarmaqlarına iye bolǵan. Bul jollar Pamir — Alay tawlarınan baslanıp, Ámiwdáryaǵa qaray aǵıwshı dáryalar hám olardıń shaqapshaları boylap jaylasqan qalalar, qorǵanlar hám iri awıllar arqalı ótken. Bul wálayatlar aymaǵında Ámiwdáryanıń joqarǵı aǵısı hám onıń shep tárepindegi shaqapshalarındaǵı áhmiyetli keshiwler jaylasqan bolıp, olardıń ishinde Badaxshan keshiwi, Kofirnixon dáryası tómengi aǵısındaǵı Ayvaj (Ayzaj, Uzaj) keshiwi,

---

109. Лунина С.Б. Города Южного Согда в VIII—XII вв. —Т., «Фан», 1984, с. 77.

Vaxsh dáryası tómengi ağısındağı Mela keshiwi, Ámiwdáryanıń Arxen keshiwi hám basqalar jaylasqan edi[110].

Ámiwdáryanıń shep jağalawında jaylasqan Termiz rawajlanğan orta ásirlerde Ámiwdárya suw jolındağı iri bándirgige iye bolıp, Mawaraunnahrdıń qublasındağı strategiyalıq áhmiyetke iye qalalardan esaplanğan[111]. Ámiwdáryadağı áhmiyetli keshiwdi qadağalap turıwshı bul qala janındağı ataw («Payğambar ataw») Ámiwdáryada ponton kópir qurıw imkaniyatın beriwshi faktorlardan bolıp, bul da qalanıń aymaqtıń baylanıs-kommunikaciya jolları sistemasındağı áhmiyetin arttırıp turadı. Termizden Shığıs Xorasannıń eń iri qalası, arab dereklerinde «Umm al-Bilod» («qalalar anası») dep atalğan Balx qalasına ótiwshi kárwan jolı baslanıp, dereklerde olar aralığında Siyaxgird atamada iri awıl bolğanı atap ótiledi[112].

Balxtan shığısta Badaxshanğa, qublada Hindukush taw dizbekleri arqalı Qabuldárya basseynine hám de qubla-batısta Merv hám Merverrudqa (Bala Murğab) ótiwshi jollar bolğan. Badaxshan Balxtan Tibetke ótiwshi jolda jaylasqan áhmiyetli wálayat bolıp, orayı házirgi Fayzabad (Awğanstan) qalası edi. XI ásirde Qıtayğa ótiwshi taw jolındağı musılmanlar tásirinde bolğan eń shettegi qala esaplanğan bul qala menen Balxtı baylanıstırıwshı jol Talxan (Badaxshan orayınan 7 kúnlik jol), Varvaliz (Talxannan 2 kúnlik jol) hám Xulm (Balxtan 2 kúnlik jol) sıyaqlı orta ásir qalaları arqalı ótken. Balxtan Mervke Hindukush tawı janbawırındağı aylanba jollar arqalı Murğab dáryası basseynine alıp barğan bolsa, Merverrudqa Shapurkan (Ushpurkan), Farab hám Talxan arqalı ótken.

Iran hám Xorasannan Nasaf, Kesh hám Buxara arqalı Qıtayğa ótken sawda jolınıń tiykarğı bağdarı Samarqand, Shash, Ferğana arqalı ótken. Bul iri tranzit sawda jolınıń birinshi áhmiyetli bólimi Buxara – Karmana – Samarqand bağdarı bolğan. Narshaxiy (X ásir) Karmana Buxaradan 14 farsax, Samaniy (XII ásir) 18

[110] Бартольд В.В. Туркестан в эпоху монгольского нашествия. Соч. в девяти томах. М., Изд-во восточной литературы, 1963, с. 123.

[111] Камаладдинов Ш.С. «Китаб ал-Ансаб» Абу Саида Абдулкарима ибн Мухаммада ас-Самани как источник по истории и культуры Средней Азии. Ташкент, «Фан», 1993, с. 55.

[112] Бартольд В.В. Туркестан в эпоху монгольского нашествия. Соч. в девяти томах. М., Изд-во восточной литературы, 1963, с. 126.



farsax qashıqlıqta jaylasqan dep atap ótedi. Dereklerde «shax jolı» atı menen ataqlı bolğan Buxara – Samarqand jolı 37 yamasa 39 farsax aralıqqa teń ekenligi, bul jolda Sharg (Jarg), Tavavis (Tovus), Karmana, Dabusiya, Arbinjon (Rebinjon), Zarmana, Qasr al-Alqama sıyaqlı qala hám qorğanlar jaylasqanı atap ótiledi. Karmana janında jaylasqan Rabatı Malik esteligin úyrengen qánigeler bul orın X – XII ásirlerde Buxara — Samarqand sawda jolındağı áhmiyetli bándirgilerden biri bolğanın atap ótken. Mawaraunnahrdıń ishki hám sırtqı sawda jolları sistemasında áhmiyetli orın tutqan Samarqand wálayatına tiyisli qalalardan Dabusiya, Arbinjon, Kushaniya sıyaqlılar da sawda baylanıslarında áhmiyetli orın iyelegen iri xalıq punktleri edi.

Samarqand orta ásirlerde iri mádeniyat orayı sıpatında ğana emes, al iri sawda orayı sıpatında da ataqlı bolıp, bul jerde kóplegen xalıqaralıq áhmiyetke iye bolğan iri bazarlar, ónermentshilik máhálleleri, kárwan saraylar bar bolğan. Bul qalanıń sawda baylanısları da jazba dereklerde ayrıqsha atap ótiledi. Ibn Xavqal Samarqand ark, shaxristan hám rabattan ibarat qala ekenligin, iri bazarlar, kárwan saraylar, turaq jaylar, birneshe ónermentshilik máhálleleri bar ekenligin atap ótedi. Bul avtordıń mağlıwmatı boyınsha IX – XII ásirlerde Samarqandtıń tórt dárwazası bar bolğan: shığıs dárwaza – Qıtay dárwazası dep atalğan hám tóbeshikte jaylasqan. Batıs dárwaza – Nawbáhár, arqa dárwaza – Buxara dárwazası, qubla dárwaza – Úlken dárwaza yamasa Kesh dárwazası dep atalğan. Qala dárwazalarınıń bunday atalıwı Samarqandtıń ekonomikalıq-mádeniy baylanısları bağdarların ańlatıp turğan.

Samarqandta iri sawda dúkanları bolıp, olardıń xızmetinde bul aymaqtan ótken sawda jollarınıń áhmiyeti úlken edi. Oraylıq Aziyanıń iri sawda qalası bolğan Samarqand aymaqtıń qubla-batıs wálayatların Ustrushana, Tashkent hám Ferğana menen baylanıstırıwshı áhmiyetli kárwan jolları kesispesinde jaylasqan edi.

Mawaraunnahrdıń eki iri paytaxt qalaları Buxara hám Samarqandtıń, sonday-aq, Surxan hám Qashqadárya alabınıń Jetisuw hám Shığıs Túrkstan qalaları menen baylanıslarında Tashkent alabı áhmiyetli orın tutqan. Rawajlanğan orta ásirlerde Tashkent alabı Shash hám Iloq atı menen atalğan bolıp, Iloq Angren dáryası, Shash bolsa Parak dáryası (Chirchiq)na tuwra keledi.

Shashtıń rawajlanǵan orta ásirlerdegi paytaxtı Binkat Samaniyler dáwirinde Shash hám Ilaqtıń iri qalalarınan biri bolıp, XI ásirden jańa at penen - Tashkent dep atala baslaǵan. Shaxristan hám arkke iye bul qala IX – XII ásirlerde, tek adminstrativlik oray sıpatında ǵana emes, sonıń menen birge, Mawaraunnahrdıń sawda-ónermentshilik oraylarınan biri sıpatında da kózge taslanadı.

Orta Aziyanıń ishki hám sırtqı ekonomikalıq-sawda baylanıslarında Ferǵana alabı arqalı ótken sawda jolları úlken áhmiyetke iye edi. Ibn Xavqaldıń maǵlıwmat beriwinshe, aymaqtıń áhmiyetli wálayatlarınan bolǵan Ferǵana úlken aymaqtı óz ishine alǵan hám kóplegen qala menen awıllarǵa iye bolǵan. Onıń paytaxtı Axsikent bolıp, Samaniy maǵlıwmatı boyınsha ol Ferǵananıń eń gózzal qalalarınan esaplanǵan. Kóplegen bazarlar xızmet kórsetken bul qalanıń 5 dárwazası (Murdakush, Kasan, Juma meshiti dárwazası hám basqalar) bolǵan.

Arab sayaxatshısı Istaxriy Ferǵananı gúllep-jasnaǵan úlken wálayat, bul jerdegi Osh, Uzgen qalaların Túrkstan dárwazası dep atap, bul jerdegi tawlarda gúmis, altın kánleri bar ekenligin, bul wálayattıń Xojent penen shegaralasqanın atap ótedi.

IX – XIII ásir basları aymaqtıń kárwan jolları joqarı rawajlanıwǵa erisken dáwirlerden biri bolǵanlıǵın atap ótiw zárúr. Bul dáwirde aymaqtıń ishki baylanıs-sawda jolları barlıq iri qalalar hám awıllardı, paydalı qazılmalarǵa bay kánlerdi hám keń jaylawlardı óz ishine alǵan, taw tóbeshikleri, dárya keshiwleri, dalańlıqlar hám shólistanlıqlar arqalı ótken, kárwan jollarında jetilisken xızmet kórsetiw sisteması jolǵa qoyılǵan.

Orta Aziya aymaǵın Hindstan, Qıtay, Iran, Kavkaz, Qarateńiz boyları mámleketleri menen baylanıstırıwshı áyyemnen bar bolǵan tranzit jollar rawajlanǵan orta ásirlerde Mawaraunnahr qalalarınıń rawajlanıwına, sawda-satıq, ónermentshiliktiń rawajlanıwına unamlı tásir etken. Bul dáwirde úlkemiz aymaǵı boylap Shıǵıs hám Batıstı baylanıstırǵan eki tiykarǵı trans aymaqlıq jol ótken. Birinshisi, Jer Orta teńizi jaǵalawlarınan baslanıp xalifalıq orayı Baǵdad arqalı Iran hám Orta Aziyaǵa, bul jerden Shıǵıs Túrkstan hám Qıtayǵa, al ekinshisi Mawaraunnahrdan Xorezm arqalı Volga boyına, Xazar hám Bulǵar patshalıqlarına, Shıǵıs Evropaǵa alıp barǵan.



## ULLÍ JIPEK JOLÍ SHAǴATAY ULÍSÍ DÁWIRINDE

Shıńǵısxan hám onıń miyrasxorları dáwirinde monǵollar mámleketi adamzat tariyxındaǵı eń iri saltanatlardan birine aylandı. XIII ásir ortalarında Qıtay, Shıǵıs Túrkstan hám Jetisuw, Mawaraunnahr hám Xorezm, Xorasan hám Iran, Mesopotamiya, Kavkaz hám Shıǵıs Evropada monǵollar ústemligi ornatıldı. Shıǵıs Túrkstan, Jetisuw, Mawaraunnahr hám Xorezmniń arqa bólimi Chaǵatay ulısı quramına kirgen bolıp, bul aymaq óziniń geografiyalıq ornı boyınsha Shıńǵısxan tiykar salǵan úlken saltanattıń ishki hám sırtqı ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarında, elshilik múnásibetlerde úlken orın tutqan. Máselen, Shıńǵısxan hám onıń dáslepki miyrasxorları dáwirinde saltanat paytaxtı bolǵan Qaraqurım, sońınan Xanbalıq (Pekin) qalaların Deshti-Qıpshaqtaǵı Altın Orda hám Irandaǵı xulaguylar mámleketi menen baylanıstırıwshı júdá áhmiyetli baylanıs sawda jolları monǵollar saltanatınıń orayında jaylasqan Shaǵatay ulusı húkimdarları Ullı Jipek jolınıń oraylıq baǵdarın qadaǵalaǵan bolsa, Joshı ulusına Ullı Jipek jolınıń arqa baǵdarın qadaǵalaw tapsırılǵan. Bul baǵdarda Volga boyı qalaları menen birge, Xorezm oypatlıǵı úlken orın tutqanlıqtan, Xorezmniń batıs bólimi Joshı ulusı quramına kirgizilgen. Ulıwma alǵanda, Shıńǵısxannıń Qıtay, Oraylıq Aziya hám Deshti-Qıpshaqtı qolǵa kirgiziwi túrk-monǵol aq súyeklerine Ullı Jipek jolınıń tiykarǵı baǵdarları ústinen tolıq qadaǵalaw ornatıw imkaniyatın berdi.

Monǵollar basqınshılıǵı nátiyjesinde Ullı Jipek jolınıń Oraylıq Aziya aymaǵı arqalı ótken baǵdarları XIII ásirdiń birinshi yarımında sawda kárwanları ushın derlik háreketsiz bolıp, bul jollardan sawda kárwanlarına da qaraǵanda kóbirek áskeriy-siyasiy maqsetlerde hám elshilik baylanıslarında paydalanılǵan. Shaǵatay ulusında, máselen, Mawaraunnahrda tek ǵana XIII ásirdiń 60—70-jıllarınan baslap qalalar tiklenip, ónermentshilik hám sawda-satıq jumısları jolǵa qoyıla basladı. Bul ózgerislerde Shaǵatay ulusı xanınıń Mawaraunnahrdaǵı nayıbı Masudbek (1237—1272-jj.) tárepinen ótkizilgen aqsha reforması, salıqlardıń tártipke salınıwı, ishki hám sırtqı ekonomikalıq baylanıslardı tiklewge xızmet etken basqa ekonomikalıq ilajlar úlken orın tutqan edi.

Bul dáwirde de Orta Aziya aymaǵı arqalı ótken baylanıs-sawda jolları xızmeti oraylıq hákimiyat qadaǵalawında bolıp, bir kúnlik jol aralıǵında arnawlı bándirgiler – yomlar qurılǵan. Sawda jolları boylap háreket etken elshilik missiyaları, mámleket xızmetshileri hám arnawlı sawda kárwanları Ullı xan buyrıǵı menen hárbir bándirgide (yomda) jetkilikli azıq-awqat, atlar, arnawlı qorǵawshılar hám basqa zárúrli zatlar menen támiyinlengen bolıp, pochta-baylanıs xızmetleri ushın zárúr qárejetler menen támiyinlew kárwan jolları boyında jaylasqan qala hám awıllar xalqı moynına júklengen edi[113]. Bul Evraziyanıń úlken aymaǵın óz ishine alǵan monǵollar imperiyasında pochta-baylanıs xızmetiniń ózine tán tareplerinen derek beredi.

Bul dáwirdegi baylanıs-sawda jollarınıń tiykarǵı baǵdarları, járdemshi tarmaqları hám basqa da áhmiyetli máselelerdi Evropa mámleketleri húkimdarları tárepinen monǵollar saltanatı paytaxtı Qaraqurumǵa hám Pekinge jiberilgen elshilik missiyaları basıp ótken baǵdarlar arqalı da kóriw múmkin. Aziya materiginiń arqa-shıǵıs aymaqlarında monǵollar ústemligi ornatılǵan bul dáwirde Jaqın Shıǵıs hám Jer Orta teńiziniń shıǵıs bóliminde krest atlanısları dáwirinde dúzilgen kishigirim xristian mámleketleri hám olarǵa qáwenderlik etiwshi Rim papası hám Batıs Evropa katolik korolları da seljuk túrkleri hám Mısır mamlyukları tárepinen qattı qısımǵa alınǵan edi. Usı sebepli xristian mámleketleri musılman húkimdarlarına qarsı góreste monǵollar menen awqam dúziwge, olardan járdem alıwǵa háreket etti. Usı maqsette XIII ásir ortalarında Mongoliyadaǵı Ullı xan rezidenciyası bolǵan Qaraqurum qalasına Evropadan – Rim papası hám Evropa mámleketleri húkimdarları atınan elshiler jiberile basladı. Bul elshilik missiyaları esabatlarında Batıs Evropanı Mongoliya menen baylanıstırıwshı jollar haqqında áhmiyetli maǵlıwmatlar bar hám olarǵa súyenip, Ullı Jipek jolınıń tiykarǵı tarmaqları haqqında ádewir keń túsinikke iye bolıwımız múmkin.

Rim papası Innokentiy IV tiń 1245-jılı Ullı Jipek jolınıń qubla tarmaǵı boylap monǵollar imperiyası paytaxtı Qaraqurumǵa

[113] Мавлонов Ў. Марказий Осиёнинг кадимги йўллари: шаклланиши ва ривожланиш боскичлари. –Т., «Академия» нашриёти, 2008, б. 174.



jibergen elshileri (Dominikan ordeni monaxları) Siriya, Iraq, Iran arqalı Xorezmge shekem ǵana jetip kelgen. Bunnan keyin Evropa korolları hám Rim papaları tárepinen Qaraqurumǵa jiberilgen elshilik missiyaları, tiykarınan, Ullı Jipek jolınıń arqa tarmaǵı boylap háreket etkenligin kóremiz. Máselen, Rim papası Innokentiy IV tiń Plano Karpini basshılıǵındaǵı elshileri 1245-jılı Franciyanıń Leon qalasınan Alp tawları hám Oraylıq Evropa aymaǵı arqalı ótip, Altın Orda mámleketiniń paytaxtı Saray Berkege, bul jerden Batıyxannıń arnawlı qorǵawshılarınıń baqlawında tómengi Volga boyı, Jayıq (Ural) dáryasınıń tómengi aǵısı – Alakól kóli – Ulyunǵur kóli alabı, yaǵnıy Qazaqstan dalańlıqları hám Shıǵıs Túrkstan arqalı Qaraqurumǵa jetip barǵan.

Saray Berkeden Qaraqurumǵa shekemgi bolǵan joldı 3 yarım ay dawamında basıp ótken Plano Karpini basshılıǵındaǵı elshiler 1247-jılı arqa jol boylap jáne Franciyanıń Leon qalasına qaytıp barǵan. 2 jıldan kóbirek waqıtqa sozılǵan bul sayaxat haqqında Plano Karpinidiń esabat shıǵarmasında sáwlelengen bolıp, sol sebepli evropalılar Ullı Jipek jolınıń Oraylıq Aziya arqalı Qıtayǵa alıp barǵan baǵdarları, bul aymaqta jasawshı xalıqlar, olardıń sawda-satıq hám ónermentshilik dástúrleri, mádeniy turmısı haqqında kóplegen maǵlıwmatlarǵa iye boldı.

Franciya korolı Lyudovik IX tárepinen Qaraqurumǵa 1249-jılı Franciskan ordeni monaxı Andre Lyumjyume jiberiledi. Bul koroldıń jáne bir elshisi flamandiyalı Gilon Rubruk (Villem Reysbruk) 1253-jılı Konstantinopoldan Qarateńiz arqalı Saldayo (házirgi Qırımnıń qublasındaǵı Sudak) portınan Saray Berkege, bul jerden Ullı Jipek jolınıń arqa tarmaǵı boylap Aral teńiziniń arqasındaǵı dalańlıqlar hám Jetisuw, Qara Irtısh alabındaǵı Junǵar dárwazası arqalı Qaraqurumǵa jetip barǵan. Bul elshi 1255-jılı keyinge qaytıp, 1256-jıldıń jazında óz mámleketine qaytıp keledi.

XIII ásirde Evropadan Aziyaǵa sayaxat etken hám óz óziniń saparında alǵan tásirlerinde Ullı Jipek jolınıń baǵdarları hám bul aymaqlardaǵı xalıqtıń turmısı, mádeniyatı haqqında áhmiyetli maǵlıwmatlar qaldırǵan adamlar ishinde veneciyalı sawdager hám sayaxatshı Marko Polo ayrıqsha itibarǵa ılayıq. Onıń «Dúnyanıń ájayıpları haqqında kitap» shıǵarması 1298-jılı Genuya

qalası qamaqxanasında jazılǵan bolıp, onı Marko Polonıń eske túsiriwlerine súyenip, qamaqxanadaǵı birge bolǵan pizanlı Rustichana eski francuz tilinde jazıp bergen.

Aǵa-inili Pololar (Marko Polonıń ákesi hám ákesiniń inisi)dıń birinshi sayaxatı (1254–1269-jj.) Ullı Jipek jolınıń aymaǵımız arqalı ótken baǵdarları boylap ámelge asırılǵan. Bul sayaxat Veneciyadan Konstantinopol arqalı Qarateńizdegi Sudak portına, bul jerden Volganıń orta aǵısındaǵı Berkexan rezidenciyası (Saray Berke)na jetip barıwdan baslanadı. Bul jerde olar arnawlı ruqsatnamaǵa iye bolıp, Altın Orda jerleri boylap Kaspiy artı dalańlıqları hám Ústirt biyikligi arqalı Xorezmniń bas qalası Úrgenish (Góne Úrgenish)ke, bul jerden Ámiwdáryanıń shep jaǵalawı boylap Amul keshiwi hám Zarafshan dáryasınıń tómengi aǵısınan *Buxaraǵa jetip* barǵan. Bul qaladan olar Irandaǵı Elxaniylar mámleketiniń tiykarın salǵan Xulaguxannıń Ullı xan rezidenciyasına baratırǵan elshisi menen birge, Samarqand – Otrar – Jetisuw hám Tyanshan tawınıń arqa janbawırı boylap Ili dáryası alabına keledi. Bul jerden, yaǵnıy Batıs Túrkstannan olar Shıǵıs Túrkstanǵa (Sinczyanǵa) eki jol arqalı: 1. Ili dáryasınıń joqarı aǵısı boylap Kuljaǵa yamasa 2. Alakól kóli (Balxash kóliniń shıǵısındaǵı kól) janınan Junǵar dárwazası (Alataw hám Tarbaǵataydaǵı Junǵar sistemaları aralıǵı) arqalı ótiwi múmkin edi. Shıǵıs Túrkstannan Pololar Shıǵıs Tyanshan boylap Qıtaydan Oraylıq Aziyaǵa ótken Ullı Jipek jolınıń boyındaǵı áhmiyetli qalalar – Xamige, bul jerden qublaǵa – Sulexe dáryası alabındaǵı Shachjouǵa (házirgi Dunxuan) keledi. Shachjouda Ullı Jipek jolınıń arqa tarmaǵı Qashǵardan kelip qubla jol menen qosılǵan. Sayaxatshılar bul qaladan Ganchjou arqalı Ullı xan – Qıtay imperatorı Xubilay rezidenciyasına – Xanbalıqqa (Pekin) jetip baradı[114].

Marko Polonıń (óz ákesi hám ákesiniń inisi menen) sayaxatı Ullı Jipek jolınıń qubla tarmaǵı boylap ámelge asırıladı. Arqa Palestinadaǵı Akka qalasınan Kishi Aziya – Irak – Iran aymaǵı arqalı Arqa Awǵanstanǵa kelgen sayaxatshılar Balxtan Pamir tawı biyiklikleri arqalı Qashǵarǵa keledi. Bul sayaxat Balx –

[114] Магидович И.Связи Европы с Китаем до XIII в. Вступительная статья в «Книга Марко Поло о разнообразии мира, записанная пизанцем Рустикано в 1298 г. от р. Х». Алама-ата, «Наука», 1990, с. 19.



Tawlı Badaxshan – Vaxon bólekshesi (Pamir tawınıń qubla janbawırı) – Qashǵar (joqarı Tarim basseynindegi dáryalar boyındaǵı aymaq) baǵdarında bolǵan. Bul jerden Takla Makan sahrasın qubladan aylanıp ótip (Xutan, Kerii, Cherchen alabı arqalı), Sulexe dáryası alabındaǵı Shachjou alabına, bul jerden bolsa Xanbalıqqa alıp baratuǵın jol boylap háreket etken[115]. Solay etip, Marko Polonıń kitabında Evropanı Qıtay menen baylanıstırıwshı baylanıs-sawda jolları baǵdarı jaqsı bayan etilgen bolıp, olardıń ishinde Orta Aziya, máselen, Ózbekstan qalaları arqalı ótken jol xalıqaralıq baylanıslarda áhmiyetli orın tutqanlıǵın da kóremiz.

Evropalılardıń Oraylıq Aziyaǵa hám Qıtayǵa sayaxatı XIV ásirde de dawam etti. Máselen, Veneciyalı sayaxatshı Franchesko Pecholattidıń Oraylıq Aziyaǵa sayaxatı (1348–1355-jj.) Ullı Jipek jolınıń arqa baǵdarı, yaǵnıy bul dáwirde aymaǵımızdaǵı júdá úlken áhmiyetke iye sawda jolları boylap ámelge asırılǵanın kóriwimiz múmkin. Ol Konstantinopoldan Azov – Donnıń tómengi aǵısındaǵı Qıpshaqlar qorǵanı – Astraxan (25 kún) – Kaspiy teńizi boylap (8 kún) – Ural dáryasınıń tómengi aǵısı – Kishi Saray (házirgi Gurev wálayatı. Saraychik awılı) baǵdarında Úrgenishke (Góne Úrgenishke) 2 túye qosılǵan arbada 20 kúnde jetip keledi.

XIII ásirdiń ortalarınan baslap Oraylıq Aziyada quramalı siyasiy jaǵday júzege keldi. Máselen, Qıtayda dúzilgen Yuan dinastiyasınıń qaǵanı Xubilay ózin Shıńǵısxan taxtınıń miyrasxorı dep esaplap, bul aymaq húkimdarların ózine boysınıwdı talap etti. Ol óz talabına unamlı juwap ala almaǵannan soń kúsh isletiwge urınıp kórdi. Lekin, onıń áskeriy háreketleri nátiyje bermedi. Xubilayǵa qarsı shıǵıwda Oqtaydıń aqlıǵı Xaydu (1235–1301) jedel háreket etti. 1294-jılı Xubilay óliminen soń onıń aqlıǵı Temur Chengeung atı menen taxtqa otırıp (1295–1308) babasınıń jolınan baradı. Lekin, onıń háreketleri bosqa ketken. Nátiyjede Qıtay menen Batıs arasındaǵı Ullı Jipek jolı arqalı bolatuǵın sawda baylanısları qıyınlasıp qalǵan.

XIV ásirde bir tárepten Shaǵatay áwladları arasında kelispewshilikler kúsheyse, ekinshi tárepten olar menen Mongoliya xanları arasındaǵı qarama-qarsılıqlar háwij aldı. Onıń ústine,

[115] Марко Поло. Книга о разнообразии мира. —М., 2005, с. 72.

Oraylıq Aziya xalıqları arasında mongol húkimdarlarına qarsı háreketler baslanıp ketedi. Qıtayda da mońgollar jergilikli xalıqtıń qarsılıǵına ushıraydı. 1368-jılı júzege kelgen qolaylı jaǵdaydan paydalanǵan Qıtay hámeldarları hám jer iyeleri Yuan dinastiyasın awdarıp, Min dep atalǵan xanlıqtı (1368—1644) shólkemlestirdi. Bul waqıyalar Ullı Jipek jolındaǵı turaqlılıqtı buzıp, Túrkstan arqalı ámelge asırılatuǵın xalıqaralıq sawda baylanısların júdá tómenletip jiberdi. Sonıń ushın Ullı Jipek jolınıń áhmiyeti keskin tómenlep ketti.

Veneciyalı sayaxatshı Francheskо Pecholattidiń sońǵı sayaxatınıń baǵdarı Ullı Jipek jolınıń arqa tarmaǵı arqalı ótken. Góne Úrgenishten Ámiwdárya arqalı Sırdáryanıń tómengi aǵısına barǵan hám dárya aǵısın boylap Otrar janındaǵı ótkelge shekem (arbada 40 kún, qudıqlar bolǵan shólistanlıq arqalı) bul qalaǵa ótilgen. Bul jerden sayaxatshılar Ullı Jipek jolınıń arqa tarmaǵı boylap Almalıqtan (Qulja-Shaǵatay ulısı xanlarınıń Alma-ata *tawları* boyındaǵı rezidenciyası) Tyanshan taw biyikligi arqalı Kassayǵa (Xanchjou), bul jerden – Xuanxe dáryası boylap (qayıqta 30 kún) Xanbalıqqa (Pekin) barǵan. Bul sayaxatshı basıp ótken baǵdarın, yaǵnıy Qarateńizdiń arqa tárepinen Xanbalıqqa shekem bolǵan joldı jolawshılar ádette, 270—275 kúnde basıp ótken[116].

Bul sayaxat dawamında atlardan, túye qosılǵan arbalardan hám suw jolınan paydalanılǵan bolıp, bul maǵlıwmatlar orta ásirlerdegi qurǵaqlıq arqalı ótken transport quralları haqqındaǵı bilimlerimizdi jáne de keńeytedi.

Bul dáwirde Xorezm oazisiniń Altın Orda qalaları menen baylanısları jáne de jedellesti. Xorezmde Azakda basıp shıǵarılǵan teńgelerdiń ushırasıwı, Xorezm gúlalshılıǵına tán bolǵan súwretler túsirilgen keramikadan islengen plitalardıń Altın Orda qalalarınan tabılıwı bunı dálilleydi[117].

Oraylıq Ústirtte S.P.Tolstov tárepinen Ural dáryasınıń tómengi aǵısınan Úrgenishke ótken jol boyında kárwan saraylar tabılǵan. Bul kárwan saraylarda jolawshılarǵa xızmet etiw jaqsı jolǵa

---

[116] Мавлонов Ў., Махкамова Д. Маданий алоқалар ва савдо йўллари. —Т., «Академия», 2004, б. 94

[117] Мавлонов Ў. Марказий Осиёнинг кадимги йўллари. —Т., «Академия», 2008, б. 179.



qoyılǵan. Olardıń ishinde Belewli, Qosbulaq sıyaqlı kárwan saraylar jaqsı úyrenilgen[118].

Oraylıq Aziya aymaǵındaǵı baylanıs-sawda jolları haqqında ataqlı sayaxatshı Ibn Battuta sayaxatı bayan etilgen shıǵarma da áhmiyetli maǵlıwmatlar beredi. Máselen, Altın Orda mámleketi paytaxtı Saray Berkeden aymaǵımızǵa sayaxat etken Ibn Battuta tómendegi baǵdarda háreket etkenligin kóremiz: Saray Berke – Saraychik – Ural dáryası tómengi aǵısı, Xorezm paytaxtı Góne Úrgenish – Qıyat – Buxara – Qarshı – Termiz – Balx – Hindstan[119].

Bul dáwirde Ullı Jipek jolı boylap xalıqaralıq hám úlkeler aralıq baylanıslar rawajlanǵan bolsa da, Shıńǵısxan basqınshılıǵı Oraylıq Aziyada hám oǵan qońsı aymaqlarda burın kórilmegen ekonomikalıq hám ekologiyalıq krizisti keltirip shıǵarǵanlıǵın atap ótiw lazım. Qala hám awıllardıń wayran etiliwi, ekonomikalıq túskinlik, mıń-mıńlaǵan adamlardıń qırılıp ketiwi hár qıylı juqpalı awırıwlardıń háwij alıwına sebep boldı. Dereklerden sonı kóriwge boladı, XIV ásirdiń 30—40-jıllarında Qıtaydan baslanǵan xolera awırıwı Ullı Jipek jolı tarmaqları boylap hátte Evropaǵa shekem jetip barǵan. Nátiyjede, úlken Evraziya aymaǵınıń qala hám awıllarında sawda ulıwma, hárqanday baylanıslar uzaq jıllar toqtap qalǵan.

## ULLÍ JIPEK JOLÍ ÁMIR TEMUR DÁWIRINDE

XIII ásirdiń ortalarınan baslap Oraylıq Aziyada quramalı siyasiy jaǵday júzege keldi. Máselen, Qıtayda dúzilgen Yuan dinastiyasınıń qaǵanı Xubilay ózin Shıńǵısxan taxtınıń miyrasxorı dep esaplap, bul aymaq húkimdarların ózine boysınıwdı talap etti. Ol óz talabına unamlı juwap ala almaǵannan soń kúsh isletiwge urınıp kórdi. Lekin, onıń áskeriy háreketleri nátiyje bermedi. Xubilayǵa qarsı shıǵıwda Oqtaydıń aqlıǵı Xaydu (1235–1301) jedel háreket etti. 1294-jılı Xubilay óliminen soń onıń

---

[118] Мамбетуллаев М. Хорезм и Великий Шёлковый путь. // Великий Шёлковый путь Культура и традиции. Прошлое и настоящее. Материалы международной научно-теоретической конференции. Т., 2006, СС. 22-23.

[119] Ибрагимов Н. Ибн Баттута и его путешествие по Средней Азии. —М., «Наука», 1988, с. 62.

aqlıǵı Temur Chengeung atı menen taxtqa otırıp (1295–1308) babasınıń jolınan baradı. Lekin, onıń háreketleri bosqa ketken. Nátiyjede Qıtay menen Batıs arasındaǵı Ullı Jipek jolı arqalı bolatuǵın sawda baylanısları qıyınlasıp qalǵan.

XIV ásirde bir tárepten Chaǵatay áwladları arasında kelispewshilikler kúsheyse, ekinshi tárepten olar menen Mongoliya xanları arasındaǵı qarama-qarsılıqlar háwij aldı. Onıń ústine, Oraylıq Aziya xalıqları arasında monǵol húkimdarlarına qarsı háreketler baslanıp ketedi. Qıtayda da monǵollar jergilikli xalıqtıń qarsılıǵına ushıraydı. 1368-jılı júzege kelgen qolaylı jaǵdaydan paydalanǵan Qıtay hámeldarları hám jer iyeleri Yuan dinastiyasın awdarıp, Min dep atalǵan xanlıqtı (1368—1644) shólkemlestirdi. Bul waqıyalar Ullı Jipek jolındaǵı turaqlılıqtı buzıp, Túrkstan arqalı ámelge asırılatuǵın xalıqaralıq sawda baylanısların júdá tómenletip jiberdi. Sonıń ushın Ullı Jipek jolınıń áhmiyeti keskin tómenlep ketti.

Veneciyalı sayaxatshı Franchesko Pecholattidiń sońǵı sayaxatınıń baǵdarı Ullı Jipek jolınıń arqa tarmaǵı arqalı ótken. Góne Úrgenishten Ámiwdárya ótkeli arqalı Sırdáryanıń tómengi aǵısına barǵan hám dárya aǵısın boylap Otrar janındaǵı ótkelge shekem (arbada 40 kún, qudıqlar bolǵan shólistanlıq arqalı) hám bul qalaǵa ótilgen. Bul jerden sayaxatshılar Ullı Jipek jolınıń arqa tarmaǵı boylap Almalıqtan (Qulja–Chaǵatay ulısı xanlarınıń Alma-ata tawları boyındaǵı rezidenciyası ) Tyanshan taw biyikligi arqalı Kassayǵa (Xanchjou), bul jerden – Xuanxe dáryası boylap (qayıqta 30 kún) Xanbalıqqa (Pekin) barǵan. Bul sayaxatshı basıp ótken baǵdarın, yaǵnıy Qarateńizdiń arqa tárepinen Xanbalıqqa shekem bolǵan joldı jolawshılar ádette, 270–275 kúnde basıp ótken[120].

Bul sayaxat dawamında atlardan, túye qosılǵan arbalardan hám suw jolınan paydalanılǵan bolıp, bul maǵlıwmatlar orta ásirlerdegi qurǵaqlıq arqalı ótken transport quralları haqqındaǵı bilimlerimizdi jáne de keńeytedi.

Bul dáwirde Xorezm oazisiniń Altın Orda qalaları menen baylanısları jáne de jedellesti. Xorezmde Azakda basıp shıǵarılǵan

120. Мавлонов Ў., Махкамова Д. Маданий алокалар ва савдо йўллари. –Т., «Академия», 2004, б. 94



teńgelerdiń ushırasıwı, Xorezm gúlalshılıǵına tán bolǵan súwretler túsirilgen keramikadan islengen plitalardıń Altın Orda qalalarınan tabılıwı bunı dálilleydi[121].

Oraylıq Ústirtte S.P.Tolstov tárepinen Ural dáryasınıń tómengi aǵısınan Úrgenishke ótken jol boyında kárwan saraylar tabılǵan. Bir-birinen bir kúnlik jol aralıǵında jaylasqan, qudıqlarǵa, sardobalarǵa hám shólistanlıq aymaǵında háreket etkenler ushın kerekli basqa tiyisli infradúzilmelerge iye bolǵan bul kárwan saraylarǵa hám jolawshılarǵa xızmet etiw jaqsı jolǵa qoyılǵan. Olardıń ishinde Belewli, Qosbulaq sıyaqlı kárwan saraylar jaqsı úyrenilgen[122].

Oraylıq Aziya aymaǵındaǵı baylanıs-sawda jolları haqqında ataqlı sayaxatshı Ibn Battuta sayaxatı bayan etilgen shıǵarma da áhmiyetli maǵlıwmatlar beredi. Máselen, Altın Orda mámleketi paytaxtı Saray Berkeden aymaǵımızǵa sayaxat etken Ibn Battuta tómendegi baǵdarda háreket etkenligin kóremiz: Saray Berke – Saraychik – Ural dáryasınıń tómengi aǵısı – Xorezm paytaxtı Góne Úrgenish – Qıyat – Buxara – Qarshı – Termiz – Balx – Hindstan[123].

1370-jılı Mawaraunnahrda Samarqand qalasın oray etken sahıpqıran Ámir Temur (1336—1405) mámleketi dúzildi. 35 jılǵa jaqın dáwir ishinde bul mámlekettiń kólemi júdá úlken aymaqtı óz qadaǵalawına alǵanlıǵı hám Ullı Jipek jolınıń qáwipsizligi támiyinleniwi nátiyjesinde bul jolda xalıqaralıq sawda baylanıslarınıń qaytadan rawajlanıwına tiykar jaratıldı. Ámir Temurdıń ózi de bul joldıń rawajlanıwına úlken itibar berdi. Ol óz mámleketi kólemindegi ishki sawda jumısların ǵana emes, sonday-aq, xalıqaralıq sawda baylanısların rawajlandırıw mámlekettiń ekonomikalıq rawajlanıwı ushın zárúr ekenligin jaqsı ańlaǵan edi. Sonlıqtan, ol hákimiyatqa kelgennen baslap ishki hám sırtqı sawda jumıslarına úlken

121. Мавлонов Ў. Марказий Осиёнинг кадимги йўллари. –Т., «Академия», 2008, б. 179.

122. Мамбетуллаев М. Хорезм и Великий Щёлковый путь. // Великий Шёлковый путь Культура и традиции. Прошлое и настоящее. Материалы международной научно-теоретической конференции. Т., 2006, СС. 22-23.

123. Ибрагимов Н. Ибн Баттута и его путешествие по Средней Азии. М., «Наука», 1988, с. 62.

itibar bere basladı. Eń dáslep kárwan jollarınıń qáwipsizligin támiyinlep, olarda kárwan saraylar qurıw jumıslarına ayrıqsha itibar berdi.

Oraylıq Aziya, sonıń ishinde, házirgi Ózbekstan aymaǵı Ámir Temur hám temuriyler dáwirinde xalıqaralıq sawda hám mádeniy baylanıslarda áhmiyetli orın tutqanlıǵı málim. Ámir Temur Mawaraunnahrda hákimiyattı óz qolına alǵannan soń, oraylasqan hákimiyat dúziwge, xalıqaralıq kárwan jollarınıń qáwipsizligin tolıq támiyinlewge eristi. Sonlıqtan da, XIV ásirdiń 70-jıllarınan baslap Ullı Jipek jolınıń Mawaraunnahr arqalı ótken oraylıq tarmaǵı arqa baǵdarına qaraǵanda xalıqaralıq ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarda áhmiyetli orın tuta basladı. Mawaraunnahr boylap xalıqaralıq sawda kárwanları háreketiniń qaytadan kúsheyiwi qalalardıń rawajlanıwına, ekonomikalıq-mádeniy baylanıslardıń kóteriliwine alıp keldi[124].

Bul dáwirde mámleket paytaxtı Samarqandtan Mawaraunnahr hám Xorasannıń iri qalaları menen baylanıstırıwshı jollar aymaqtaǵı ishki sawda *jolları sistemasınıń* bas buwının quraytuǵın edi. Kárwan jollarında qáwipsizlikti támiyinlew tarawında alıp barılǵan ilajlar, kóplegen jol boyı qurılısları (kárwan saraylar, sardobalar, kópirler hám basqalar) qurılıwı, ishki hám sırtqı sawdanı rawajlandırıwdıń mámleket siyasatı dárejesine kóteriliwi Ámir Temur mámleketiniń sociallıq-ekonomikalıq siyasatınıń tiykarǵı baǵdarlarınan edi.

Ámir Temur hám temuriyler dáwirinde úlken áskeriy-strategiyalıq áhmiyetke iye baǵdarlarǵa Xorasandaǵı temuriyler mámleketiniń paytaxtı Xirattı Mawaraunnahrdıń iri qalaları menen baylanıstırıwshı baylanıs jolların da kirgiziw múmkin. Olardıń ishinde Xirattan Merv arqalı Buxara hám Úrgenishke hám Balx arqalı Samarqandqa alıp barıwshı jollar aymaqtıń ishki hám sırtqı ekonomikalıq, mádeniy hám siyasiy turmısında úlken orın tutatuǵın edi.

Ámir Temurdıń Qıtay qaǵanı Tayczuǵa jollaǵan xatında «Kárwan saraylar arasında jollar ashıldı, jollardaǵı qaraqshılar joq etildi, uzaq jurtlarǵa barıwshılar ózlerin erkin sezetuǵın

---

124 Агзамова Г.А. Савдо йўллари. // Темур ва Улуғбек даври тарихи. —Т., 1996, б. 154.



boldı»[125] dep atap ótilgen. Sonıń menen birge, Ámir Temur Vizantiya, Veneciya, Ispaniya, Franciya, Angliya sıyaqlı Evropa mámleketleri menen ekonomikalıq baylanıslar ornattı.

Ámir Temur hám temuriyler dáwirinde Qıtay menen baylanıslar da jedel bolǵanın aytıp ótken maqul. 1368-jılı Qıtayda mońgollardıń Yuan dinastiyası saplastırılıp, jergilikli Min dinastiyası hákimiyat basına keldi. Min imperiyası (1368—1644)nıń Qıtaydıń arqasın mońgol húkimdarlarınan isenimli qorǵaw, shegaraların bekkemlewge umtılıp alıp barǵan siyasatı hám usınıń menen baylanıslı áskeriy-siyasiy ilajlar nátiyjesinde Orta Aziya – Qıtay múnásibetlerinde de belgili bir múddet úzilisler júz berdi. Ámir Temur 1389-jılı Mongoliyaǵa júris etip bul jerdi boysındıradı hám Mawaraunnahrǵa Mongoliya tárepinen bolatuǵın qáwipti joq etedi. Bunnan keyin Mongoliya hám Shıǵıs Túrkstan arqalı ótiwshi kárwan jolı qáwipsizligin támiyinlew, Qıtay menen sawda-elshilik qatnasıqların tiklew imkaniyatı payda boldı. XIV ásirge tiyisli Qıtay deregi bolǵan «Min shu li»de bul haqqında áhmiyetli maǵlıwmatlar bar. Máselen, 1389—1398-jılları Ámir Temur atınan Qıtayǵa 9 mártebe elshiler kelgenligi, Qıtaydan da 1395-jılı Fu An basshılıǵında Samarqandqa elshiler jiberilgenligi atap ótilgen[126].

Qıtay alımlarınıń izertlewleri boyınsha, Ámir Temur Min xanlıǵınıń paytaxtı Pekin (Xanbalıq) qalasına 8 márte elshiler jiberip, Qıtay menen diplomatiya hám sawda baylanısların rawajlandırǵan. 1387- hám 1389-jılları gúzde Mavlono Xafiziy, 1388-jılı Taj-ad-Din (Tamuding), 1391-jılı Shoxalil (Shaxali), 1392-jılı Niǵmat ad-Din (Nimaopuding), 1394- hám 1395-jılları Darvish (Dielibeyshi), 1396-jılı Alomat ad-Din (Alamadan) basshılıǵında Pekinge Ámir Temur atınan elshiler kelgen. Bul elshiler arqalı sahıpqıran Qıtay xanına at, túye hám basqa nárseler jibergen. Qıtay xanı bolsa onıń ornına gúmis aqsha, jipek gezlemeler qaytarǵan. 1396-jılı Ámir Temur Alomat ad-Din arqalı Qıtay xanına xat jollap, onıń jibergen nárselerinen kewli tolǵanlıǵın atap ótken.

---

125 Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Т., 2006, б. 198.

126 Буриев О., Калганов А. Об одном участке Великого Шёлкового пути. // На Среднеазиатских трассах Великого Шёлкового пути. Очерки истории и культуры. —Т., «Фан», 1990, с. 106.

Usı dáwirde Samarqandtan Pekinge 6 ayda jetip barǵan. Gúzde jolǵa shıqqan kárwan keyingi jılı báhárdiń aqırında yamasa jazdıń basında mánzilge jetip alǵan.

Ámir Temur óliminen keyingi 100 jılǵa jaqın dáwir dawamında Túrkstannan Qıtayǵa 107 márte, sonıń ishinde 1415–1440-jılları Ulıǵbek Mırzanıń atınan 22 márte elshiler toparı kelgen.

Qıtay dereklerinen málim bolıwınsha, sol zamanda Qıtaydıń basqa qalalarına da samarqandlı sawdagerler kelip, bazarlarda at satqan. 1390-jılı erte báhárde samarqandlı Sho Juraali (Shachieer Aliyi) Langchjou qalasında 670 at satqan. Jergilikli hákim bul haqqında Tayczuǵa esap berip, bul sawdagerdi Pekinge jiberiwdi soraǵan.

Samarqandtan Qıtayǵa jiberilgen elshiler menen birgelikte úlken sawdagerler toparları da qosılıp barǵan. Tayczunıń Ámir Temurǵa jollaǵan bir xatında bayan etiliwinshe, ayırım samarqandlı sawdagerler Qıtayǵa kelgennen soń eline qaytpastan sawda isleri menen shuǵıllanǵan hám ayırımları úy-jay satıp alıp bala-shaǵalı bolıp qalǵan. Min dinastiyası áskerleri Qıtaydıń arqasında jasap atırǵan tatarlarǵa qarsı júris payıtında bende bolıp qolǵa túskenler arasında birneshe júzlegen samarqandlı sawdagerler bolǵanlıǵın anıqlaǵan[127]. Bul mısallar Ámir Temur sawdagerleri tek Qıtay aymaǵında ǵana emes, al onıń arqasındaǵı jaylawlarda da sawda isleri menen shuǵıllanǵanın dálilleydi.

Min dinastiyası da Samarqandqa birneshe márte elshiler hám sawdagerler jibergen. Máselen, 1395-jılı Samarqandqa Pekinnen Bo An basshılıǵında 1500 adamnan ibarat bolǵan elshi hám sawdagerler toparı, 1397-jılı Chin Deven basshılıǵında qıtay elshileri hám sawdagerleri kelgen.

Keltirilgen maǵlıwmatlardan kórinip turıptı, Ámir Temur dáwirinde kóp waqıttan berli toqtap qalǵan Túrkstan – Qıtay diplomatiyalıq hám sawda baylanısları tiklenip, Ullı Jipek jolı qayta ashıladı. Eki táreptíń ámelge asırılǵan baylanıslarǵa kózqarasları birdey bolmaǵanlıǵı sebepli Ámir Temur mámleketi menen Min xanlıǵı arasında jańa ideyalıq mashqalalar payda boldı.

---

127. Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. –Т., 2006, б. 199.



Qıtay húkimdarlarınıń dástúriy túsinikleri boyınsha qaǵan «xuandi» (imperator) dep atalıp, ol Tańiriniń jer álemindegi balası («tyanzi») esaplanǵan. Sonlıqtan, Ámir Temur elshileri Min dinastiyası tárepinen «gungshi», olar alıp barǵan sawǵalar bolsa «gungfu», yaǵnıy puqaralar húkimdarına tóleytuǵın salıq dep qabıl etilgen. Usı jerde túsinik berip ótiw zárúr, qıtay tili sózliklerinde, máselen «Qıtay tili jazıwı sózligi»inde kórsetiliwinshe «gung» dep áyyemgi waqıtları Tańiri perzentine (Tyanzi), yaǵnıy imperatorǵa onıń qol astında bolǵanlar tárepinen sawǵa etiletuǵın nárseler hám diyqanlar tárepinen ónimleriniń húkimetke túsiriletuǵın bólimi aytılǵan. «Sózler teńizi» («Cixay») hám «Sózlerdiń kelip shıǵıwı» («Ciyuan») sózliklerinde jazılıwınsha «gungfu» sózi húkimdar tárepinen puqaralar moynına júklengen salıq atı esaplanǵan[128].

Qıtay imperatorları ózlerin jer áleminiń iyesi dep esaplaǵan dástúrdiń tásiri Qıtay alımları shıǵarmalarında da óz kórinisin tapqan. Máselen, Vang Chjilay óz shıǵarmasında «átirapqa islegen áskeriy júrisler jeńis penen juwmaqlanǵannan soń, Temur kúsheyip ketti. Bunnan keyin ol Min dinastiyasına boysınıwdan hám Qıtayǵa (Chjungtuoǵa) salıq tólewden (gungfu) bas tarttı, sonıń menen birge Qıtay elshilerin alıp kelip, qaytıwǵa ruqsat bermedi» dep aytadı. Ekinshi bir orında tariyxshı jazadı: «Joqarıda aytıp ótilgenindey, Temur kóp márte Min sarayına salıq tólewshi elshiler (gungshi) jiberdi. Olardıń ayırımları salıq alıp keliw hám sawda islew menen sheklendi, ayırımları (Qıtaydaǵı) jaǵdaydı úyreniw hám maǵlıwmat toplaw menen shuǵıllandı».

Álbette, Ámir Temurǵa qoyılǵan bunday ayıp taǵıwlar tiykarsız edi. Min shańaraǵınan ǵárezsiz túrde shólkemlestirilgen hám Túrkstandı birlestiriwde úlken xızmet etken mámleket húkimdarın óziniń xızmetkeri dep biliwi úlkenlik hám ózgelerdi mensinbewshilikten basqa hesh nárse emes edi. Máselege bunday qatnasta bolıw haqlı túrde Ámir Temurdı qattı qapa etken edi.

Qıtayda mongollar húkimdarlıǵın awdarıp, qıtaylar hákimshiligin qayta tiklegen Chju Yuanjang (1368–1398-jılları Tayczu atı menen taxtqa otırǵan) burıńǵı xanlardıń dástúriy filosofiyası menen qurallanıp, jer júzindegi barlıq mámleketler

---

128. Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. –Т., 2006, б. 201.

ústinen qadaǵalaw júrgiziwshi joqarı húkimdar dep esaplawı ózge xalıqlar, mámleketler hám xanlar ushın túsiniksiz bir jaǵday bolıp hám olardıń máplerine qarsı keletuǵın edi.

Ámir Temurdan Qıtayǵa birinshi márte (1387-jılı) elshi bolıp Mavlona Xafiz barǵanda, Tayczu bul túsinik tiykarında onıń jibergen sawǵaların ózine bolǵan boysınıwshılıq belgisi dep qabıl etken. Onıń bunday múnásibeti Ámir Temurdan keyingi jılları jiberilgen elshilerge hám sawǵalarǵa da saqlanıp qalınǵan. Qıtay qaǵanı óziniń Ámir Temurǵa juwap retinde jibergen sawǵaların bolsa, onıń «ústemligin qabıl etkeni» ushın kórsetilgen húrmet belgisi dep esapladı. Usı tiykarda Tayczu Ámir Temurǵa jollaǵan xatında onı Qıtay xanına boysınıwshı xan sıpatında kórsetken. Qıtay xanı sahıpqırannıń abırayı menen esaplaspaǵan. Onıń xatı menen tanısqannan soń, Ámir Temur qattı qapa bolıp, Samarqandqa 1395- hám 1397-jılları kelgen Bo An, Chen Deven basshılıǵındaǵı qıtay elshilerin uslap qalǵan. Olar eline Ámir Temur óliminen keyin qaytqan. Elshilerdi Samarqandta uslap qalıwdıń bunnan tısqarı jáne bir sebebi bolgan, olardıń birinshisi, Bo An 1500 adam menen birgelikte Xiratqa barmaqshı bolǵanlıǵı Ámir Temurda gúman payda etkenliginde, ekinshisi, Min qaǵanı 100 mıń musılmandı ólimge húkim etiw haqqında párman bergen degen xabardıń Ámir Temurǵa jetip kelgenligi bolıp tabıladı. Qıtayda óltirilgen musılmanlardıń sanı 100 mıń bolmawı da múmkin. Degen menen, monǵollar húkimdarlıǵı dáwirinde túrkstanlı musılmanlardıń jámiyettegi abırayı bálent bolǵanlıǵı hám olardıń wákilleriniń joqarı dárejeli mámleket xızmetine tartılǵanı ushın, Min dinastiyası olardıń kóp bólegin jazalaǵanı tariyxıy haqıyqat bolıp tabıladı.

Tiykarında, Ámir Temur Qıtay xanına elshiler arqalı sawǵalar jiberip, onıń esesine qıtay tovarlarınıń alıp keliniwi arqalı eki mámleket arasındaǵı teń huqıqlı sawda baylanıslarınıń tikleniwin názerde tutqan edi. Bul haqqında jergilikli dereklerde kóp maǵlıwmatlar ushıraydı. Tilekke qarsı, Oraylıq Aziya derekleri menen Qıtay dereklerin salıstırıw tiykarında ilimiy-izertlewler alıp barıw imkaniyatına iye bolmaǵan ayırım tariyxshılar, sonıń ishinde qıtay tariyxshıları Ámir Temurdıń bul niyetin durıs bahalay almaǵan. Olar Qıtay xanları jarlıǵı hám saray tariyxshıları tárepinen jazılǵan dereklerdegi kórsetpelerin «haqıyqat» dep qabıl etken.



Onıń ústine Túrkstanlı sawdagerlerge Qıtayda erkin sawda etiwge jol qoyılmaǵanlıǵı hám turanlı musılmanlardın óltiriliwi Ámir Temurdıń ǵázebin keltirgen. Qıtay tariyxshılarınıń shıǵarmalarında kórsetiliwinshe, Min dinastiyası xanınıń múnásibetinen qapa bolǵan Ámir Temur oǵan qarsı áskeriy júris etpekshi bolǵan. Bunnan xabar tapqan Min dinastiyası bolsa táshwishke túsip, urısqa tayarlıq kóre baslaǵan. Ámir Temurdıń 1405-jılı Otrar qalasında dúnyadan ótiwi menen onıń niyeti ámelge aspay qalǵan.

Bul tariyxıy waqıyalardan kórinip turıptı, Túrkstan menen Qıtay arasındaǵı xalıqaralıq múnásibetlerdiń tiykar hám huqıqların túsiniwge hám sawda baylanıslarınıń turaqlı túrde rawajlanıwına Ámir Temur menen Qıtay xanları arasındaǵı múnásibette teńdey húrmet bolmaǵanı jol qoymaǵan.

Ámir Temur kóplegen shıǵıs hám batıs mámleketleri basshılarına jazǵan xatlarında eń dáslep xalıqaralıq sawda-satıq hám isbilermenlerge úlken jeńillikler beriw lazımlıǵı hám mámlekettiń rawajlanıwına jeke isbilermenler úlken tásir etiwi múmkin ekenligi haqqında ayrıqsha atap ótken.

Máselen, Evropa korollarına «Siz sawdagerlerińizdi biz tárepke jiberseńiz, biz olardı qızǵın, barlıq húrmet-izzetlerin óz ornına qoyıp kútip alayıq. Biziń sawdagerlerimiz Siz tárepke barsa hám olarǵa da sonday izzet-húrmet kórsetseńiz. Meyli, olar hesh qanday qáwip-qátersiz, qarsılıqsız jol júrsin. Dúnyanı sawdagerler abat etedi, degen naqıldı biykar etiw paydasız»[129] mazmunındaǵı xatlardı jibergen.

Sahıpqırannıń bul is-háreketlerin alımlar diplomatiyada «qol sozıw siyasatı» dep atamaqta. Haqıyqatında da, ol Evropaǵa doslıq hám birge islesiw jolında qol sozǵan birinshi musılman patshası bolıp tabıladı.

Ullı Jipek jolında óziniń diplomatiyalıq wazıypasın atqarǵan Rui Gonsales de Klavixo ózine hám Mısır elshilerine kórsetilgen itibar haqqında ayrıqsha atap ótken. Máselen, Mısır elshileri 20 atlı ásker saqshılıǵında Samarqandqa jol alǵan edi[130].

---

[129] Буюк Ипак йўлининг ўтмиши ва хозирги куни: Ривожланишининг ижтимоий-маданий, тарихий, сиёсий ва иктисодий йўналишлари. Халкаро илмий-амалий конференция материаллари тўплами. Т., 2013, б 137.//

[130] Руи Гонсалес де Клавихо. Самаркандка Әмир Темур саройына саяхат күндэлиги (1403—1406-жыллар). —Т., Өзбекстан, 2010, б.107.

Rui Gonsales de Klavixonıń maǵlıwmatları boyınsha, elshilerdiń kólikleri hár kúni jańasına almastırılıp turılǵan, bir kúnlik qashıqlıqtıń sońında geyde 100, geyde 200 jańa atlar jolawshılar ushın tayarlap turılǵan[131].

Klavixo «Bunday atlar hesh adam joq jerde de tayarlap qoyılǵan. Adam joq jerlerde Ámir Temurdıń pármanı menen arnawlı músápirxanalar qurılǵan. Atlardı baǵıp qarawshı arnawlı at baǵıwshılar topar bolǵan» dep atap kórsetken.

Olardan bir-ekewi hátte kárwanlar menen ekinshi mánzilge shekem birge barǵan hám sol atlar menen basqa jolawshılardı alıp keyinge qaytıp kelgen.

Ullı Jipek jolınıń dástúriy transport quralı at hám túyeler bolǵan.

Klavixo jollarǵa qoyılǵan arnawlı belgiler haqqında jazıp qaldırǵan. Bul belgiler kárwan jollarınıń aralıq ólshewi bolıp, olar bir shaqırım jerge ornatılǵan.

Klavixo Ámir Temur mámleketinde tezlik penen basıp ótiw usılı engizilgeni haqqında xabar bergen. Úsh kúnde jetiw múmkin bolǵan aralıqtı olar bir kúnde basıp ótken. Patsha tez baylanıs quralları arqalı óz jerleri hám aymaqlarınıń hámme shetlerinen birneshe kún ishinde xabar alıp turǵan.

Bul faktorlar sol dáwirde ózine tán informaciya, kommunikaciya hám pochta sisteması bolǵanınıń dálili bolıp tabıladı.

Jergilikli hákimiyat bul kárwanlardıń háreketleniwine juwapker bolǵan. Nátiyjede kárwanlardıń bir mánzilden ekinshi orınǵa qáwipsiz jetip barıwı támiyinlendi. Sahıpqıran kárwan jollarında kimde-kim zıyan kórse bunday huqıq buzıwshılıqqa juwapkershilikti sol aymaqlardıń hákim hám basqa adminstratorlarına júkledi. Zıyandı hámeldarlar esabınan óndiriw qaǵıydasınıń engiziliwi xalıqaralıq sawda jolındaǵı huqıqıy kepilliklerden biri bolıp qalǵan.

Ullı Jipek jolı boyında jaylasqan qalalar, eń dáslep Samarqand Ámir Temur dáwirinde joqarı dárejede rawajlanǵan.

Samarqandqa dúnyanıń barlıq táreplerinen sawdagerler kelip ketken, bul jerde kóplegen dúkanlar, bazarlar, ónermentshilik

131 Бул да сонда, 127 б.



ustaxanaları júdá kóp bolıp, jergilikli ónimler de shetke satılǵan.

Sawdagerler bul proceslerdiń tásirinen qatlamlanǵan hám olar eń abıraylı qatlam bolıp, olar tiykarınan sırtqı sawda menen shuǵıllanǵan.

Rui Gonsales de Klavixo Ullı Jipek jolınıń eń iri qalalarınan Tabriz qalası haqqında ádewir tolıq maǵlıwmatlar berip ótken.

Ol: — «Qalanıń eń keń hám tar kóshelerinde hár qıylı nárseler satıladı. Kóshelerde jaqsı qurılǵan dúkanlar bar. Kóshe hám tar kósheler aralıǵında kóp esikli imaratlar bolıp, bul imaratlardıń ishinde ıqsham dúkanlar jaylasqan. Bul kóshelerde sandal, jip gezlemeler, jipek hám merwertler satıladı. Sawda dúkanında jáne kóplegen hár qıylı nárseler bar. Tabriz shawqım-súrenli, kópshilik jıynalǵan sawda qalası»[132] — dep bul qalanıń sawda orayı bolǵanı haqqındaǵı basqa qızıǵarlı maǵlıwmattı keltirip ótedi.

Sahıpqıran Ullı Jipek jolın bekkemlew arqalı óz mámleketi hám qońsı mámleketlerdiń qorǵanıw hám qáwipsizligin támiyinlew maqsetlerin ámelge asırıwǵa da háreket etken. Ámir Temur zamanında mámleketlerdiń barlıq aymaqlarında iri bajıxanalar qurıldı. Olardan biri Kavkaz taw sistemalarınıń Kaspiy teńizine jaqın jerinde jaylasqan Darbent bajıxanası, ekinshisi de usı atama menen atalıp, Samarqand penen Balx arasında jaylasqan Shaxrisabzden eki kúnlik aralıqta qurılǵan. Áne usı bajıxanalar oraylıq qaznaǵa hár jılı júdá úlken muǵdarda qárejet ótkizetuǵın edi.

Maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, bul dáramatlar Avstriya yamasa Daniya mámleketleriniń jıllıq dáramatlarınan qalıspaytuǵın edi. Ayırım jılları bul dáramatlar hátte Ámir Temur qol astındaǵı barlıq mámleketlerden keletuǵın jer salıǵı muǵdarı menen teń keletuǵın edi[133].

Ullı Jipek jolı arqalı Ámir Temur tek qorǵanıw, tınıshlıq, turaqlılıq, jaqsı qońsıshılıq hám sawda-ekonomikalıq baylanıslardı rawajlandırıp ǵana qoymastan, sonday-aq, geosiyasiy maqsetlerin de ámelge asırǵan.

132. Руи Гонсалес де Клавихо. Самарканддка Әмир Темур сарайына саяхат күнделиги (1403—1406-жыллар). —Т., Өзбекстан, 2010, б.109-110.

133. Амир Темур жахон тарихида. Т., «Шарк», 2001, 90 б.

## ULLÍ JIPEK JOLÍ TEMURIYLER DÁWIRINDE

XV ásirde temuriyler mámleketiniń is júzinde eki paytaxtı bolıp qalǵan Samarqand hám Xirat qalaları saltanatınıń arqa bólimleri, sonıń ishinde, Xorezm oazisi menen baylanıstırıwshı jollar da bul dáwirde úlken áhmiyetke iye bolǵan. Temuriy húkimdarlarınıń Altın Orda menen bolǵan baylanıslarında tiykarǵı tranzit aymaq esaplanǵan Xorezmniń bas qalası Úrgenishten Xiratqa tiykarınan Murǵab oazisi arqalı ótken. Úrgenish hám Xorezmniń basqa qalalarınan qublaǵa ketken jol Merv qalasında baylanısqan. Mervten Xiratqa alıp baratuǵın jol Murǵab dáryasınıń shep jaǵalıǵı boylap ótip, Murǵab hám Kushka dáryaları qosılǵan jerde ońǵa burılǵan hám Kushka dáryasınıń shep jaǵalawı boylap dawam etip Kushkaǵa barǵan. Bul jerden Rabati Sangi Poin hám Rabat arqalı Xiratqa barǵan.

Xirattan Samarqandqa barıwshı jollardıń birinshi bólimi Ámiwdáryanıń orta aǵısındaǵı ótkeller arqalı ótken. Temuriyler dáwirinde Xorasannıń bas qalası bolǵan Xirat Sabzak – Kalai-Nan – Murǵab-Maymana –Andxoy-Kelif baǵdarı arqalı Mawaraunnahr qalaları menen baylanısqan. Xirattan kelgen jol Andxoyda tarmaqlanıp, bir baǵdarı Shibirǵan, Balx, Xayrabad arqalı Termizge barǵan.

Kelif ótkelinen hám Termizden Samarqandqa ótiwshi jol Qashqadárya alabındaǵı Kesh (Shaxrisabz) yamasa Qarshı qalaları arqalı ótken. Hindstan hám Awǵanstannan Kelif ótkeli arqalı kelgen jollar Mawaraunnahrdıń oraylıq qalalarına, tiykarınan Qarshı arqalı ótken. Xafizi Abru Naxshab (Qarshı) qalasınıń tegislikte jaylasqanlıǵı, bul áyyemgi qala arqalı Buxaradan Samarqandqa jol ótkenligi haqqında maǵlıwmat beredi. Samarqandtan Kesh arqalı Surxan alabına hám Hindstanǵa ótiwshi baǵdar da bul dáwirde jedel paydalanılǵan jollardan edi. Sharafaddin Ali Yazdiydiń maǵlıwmat beriwinshe, Ámir Temur Samarqandtan Hindstanǵa júrisi dáwirinde Samarqadtan 7 shaqırım alıslıqta, Kesh jolında jaylasqan tawda bir baǵ hám qorǵan qurdırǵan hám oǵan «Taxti Qarocha» dep at bergen edi[134].

[134] Шарафаддин Али Яздий. Зафарнома. —Т., 1997, 191 б.

Ámir Temur hám temuriyler dáwirinde Evropa hám Aziyanıń kóplegen mámleketleri menen xalıqaralıq baylanıslar alıp barıldı. Paytaxt Samarqandtan qublada Hindstan, Xorasan, Iran, Irak, Mısır, arqa batısta Altın Orda qalaları, shıǵısta Shıǵıs Túrkstan hám Qıtay menen baylanıstırıwshı áhmiyetli xalıqaralıq jollar ayrıqsha áhmiyetke iye edi. «Ámir Temur dáwirinde barlıq jollar Samarqandqa alıp baratuǵın edi»[135].

Bul dáwirde kóp mıń jıllıq Orta Aziya – Hindstan baylanısları dawam ettirildi. Hindstannan 1411—1416- hám 1421-jılları Shaxrux sarayına elshiler kelgeni, 1422-jılı Abduruzzax Samarqandiy basshılıǵında elshiler teńiz jolı arqalı, yaǵnıy Xirat-Kirmon – Xurmuz portı – Kalikut baǵdarında Qubla Hindstanǵa barǵanı dereklerden málim[136]. Parsı qoltıǵında jaylasqan Xurmuz portı Ámir Temur hám temuriyler mámleketinen Hindstanǵa baratuǵın suw jolı baslanatuǵın áhmiyetli bándirgi sıpatında úlken áhmiyetke iye bolǵanın bul dáwirge tiyisli Evropa derekleri de tastıyıqlaydı.

Jazba dereklerde, máselen, ataqlı «Baburnama» shıǵarmasında Hindstannan Kabul hám Kandagar arqalı Orta Aziyaǵa ótiwshi taw bálentlikleri haqqında da maǵlıwmatlar keltiriledi. Bul boyınsha Qashǵar, Ferǵana, Túrkstan, Samarqand, Buxara, Balx, Hisor hám Badaxshannan Kabulǵa Hindukush tawlarındaǵı 7 taw jolı arqalı barǵan. Hindstannan Kabulǵa Xaybar tawları arqalı 4 jol bolıp, Kabul hám Kandagar aralıǵındaǵı Xorasan jolında taw bálentlikleri bolmaǵan[137].

Ámir Temur óliminen soń onıń perzentleri taxt ushın gúresip atırǵanda, sahıpqırannıń qudası bolǵan Mongoliya xanı Xizrxoja Ullı Jipek jolınıń Túrkstan – Qıtay bólegindegi áhmiyetli buwınlarınan bolǵan Qumul (Xami) qalasın qolǵa kirgizedi. Nátiyjede Min dinastiyasınıń Qumul ushın kóp jıllar dawamında alıp barǵan gúresi waqıtsha toqtaydı. Bul waqıya Ullı Jipek jolında tınıshlıq ornatılıwına unamlı tásir kórsetti.

Ámir Temur áwladları Ullı Jipek jolın rawajlandırıw maqsetinde sheshiwshi háreketler etken. Olar Qıtay menen tınıshlıq kelisimlerin dúzgen. Máselen, 1388—1500-jıllar dawamında

[135] Мавлонов Ў. Марказий Осиёнинг кадимги йўллари. —Т., «Академия», 2008, 182 б.
[136] Бул да сонда, 182 б.
[137] Захриддин Мухаммад Бабур. «Бабурнама». —Т., 1989, 117 б.

Tashkent, Samarqand, Xorasan, Sheroz, Xirot, Isfaxan sıyaqlı qalalardan 120 dan aslam elshi toparları Qıtayǵa barǵan. Olardıń kópshiligi orta esapta 8–10 adamnan ibarat bolǵan. Ayırım elshiler toparına 200 adam átirapında sawdagerler qosılıp barǵan. Sawdagerler Qıtayǵa at, túye sıyaqlı sharwa malları, qımbat bahalı taslar hám olardan tayarlanǵan buyımlar, dárilik ósimlikler hám hár qıylı jergilikli ónermentshilik ónimlerin alıp barǵan. Qıtaydan bolsa, tiykarınan, jipek gezleme, shiyshe ıdıslar, chay hám dárilik ósimlikler alıp kelingen.

Dereklerde kórsetiliwinshe, sol zamanda Min dinastiyası Qıtaydan alıp kelinetuǵın tovarlar kólemin sheklep qoyǵan. Ayırım ónimlerdi, sonıń ishinde metalldan islengen qurallardı arnawlı ruqsatsız Qıtaydan alıp ketiw qadaǵan etilgen.

Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń Shıǵıstanıw institutınıń xızmetkeri Maxmud Qutluqovtıń qıtay, arab, parsı hám basqa dereklerdi salıstırıw tiykarında shıǵarǵan juwmaǵı boyınsha, Jipek jolında óz abırayın arttırıw ushın Qıtay qaǵanları kóp márte batıs tárepke qaray áskeriy júrisler shólkemlestirgen. Olardıń hámmesiniń nátiyjesiz tamamlanǵanı sebepli Qumul ushın bolǵan gúres sheshiwshi baǵdar alǵan. Bul qala júz jıldan aslam dáwir dawamında birese qıtay, birese monǵol húkimdarları qolına ótip turǵan. Álbette, bul gúresler Ullı Jipek jolındaǵı sawda múnásibetlerine unamsız tásir kórsetken.

1499-jılı Qumul qalası waqıtsha Min dinastiyası qolına ótkende, sawda baylanıslarınan mápdar bolǵan túrkstanlı sawdagerler Mongoliya xanı Axmedjannan tutqınǵa túsken qıtay hámeldarların watanına qaytarıp berip, Min shańaraǵı menen kelisim dúziwdi talap etken. Bunda Tashkent hákimi Maxmudxannıń Qıtay qaǵanına jazǵan xatı úlken rol oynap, belgili bir múddetke shekem Túrkistan – Qıtay arasındaǵı sawda baylanıslarınıń jaqsılanıwına unamlı tásir kórsetedi.

Xalıqaralıq sawda baylanıslarına bolǵan talap hám Ullı Jipek jolındaǵı siyasiy jaǵdaydan kelip shıǵıp, Min dinastiyası teńiz jolı arqalı háreket etiwge sheshiwshi túrde urınadı. Teńiz jolın Qıtay ushın ashıw wazıypasın Maxmud Qutluqov (Chjeng Xe) qa tapsıradı. Al, Maxmud Qutluqov monǵollar dáwirinde Qıtayǵa barıp qalǵan ózbekstanlılar áwladınan bolǵan.



Bunnan kórinip turıptı, Qıtay menen Batıs arasındaǵı sawda baylanıslarınıń teńiz jolı arqalı rawajlanıwına Ullı Jipek jolındaǵı quramalı siyasiy jaǵday túrtki bolǵan. Teńiz jolınıń rawajlanıwı, álbette, bul dáwirde dúnya kóleminde keme soǵıwshılıqtıń rawajlanıwı menen baylanıslı bolǵan. Óz náwbetinde, teńiz jolı arqalı xalıqaralıq sawda baylanıslarınıń rawajlanıwı Ullı Jipek jolınıń áhmiyetiniń tómenlep ketiwine alıp keldi.

Shahrux Mırza húkimdarlıǵı dáwirinde de Qıtay menen baylanıslar dawam etti. Bul dáwir jazba dereklerinde 1409- hám 1420-jılları Xiratta Qıtay elshileri kelgeni, óz náwbetinde, temuriy húkimdarlar da Qıtayǵa birneshe márte óz elshilerin jibergeni málim. Bul maǵlıwmatlardı analiz etsek, aymaǵımızdı Qıtay menen baylanıstırıwshı Ullı Jipek jolınıń áhmiyetli tarmaǵı bolǵan sawda jolları, tiykarınan, Mawaraunnahrdıń orayınan Ferǵana hám Jetisuw arqalı Shıǵıs Túrkstanǵa, bul jerdegi sawda qalaları arqalı Qıtay paytaxtı Pekinge alıp barǵanın kóremiz. Bul áhmiyetli sawda jolı baǵdarları 1419—1422-jılları Shahrux Mırzanıń Shodixoja basshılıǵında Qıtayǵa jibergen elshilik missiyası aǵzası Ǵiesiddin Naqqosh jazıp qaldırǵan kúndelik dápterinde tolıq bayan etilgen. Bul shıǵarmada keltirilgen maǵlıwmatlar boyınsha elshiler Xirattı Orta Aziya arqalı Qıtay menen baylanıstırıwshı kárwan jolında tómendegi baǵdarda háreket etken: Xirat – Balx – Kelif ótkeli – Samarqand – Sayram – Ashpara (bul qala qorǵanı Ámir Temur tárepinen qurılgan) – Monǵol eli (Bilǵutu – Qońır suwı – Juldız jaylawı) – Turfan – Qaraxoja – Sufiata awılı – Qumul – Qarawıl – Sukju – Qamju – Pinlon – Xanbalıq (Pekin)[138].

Dereklerde Mawaraunnahr hám Xorasan qalalarınan Shıǵıs Túrkstan hám Qıtay paytaxtına shekem bolǵan joldı kárwanlar basıp ótetuǵın múddeti haqqındaǵı maǵlıwmatlar bar ekenligi de itibarǵa ılayıq. Máselen, XV ásirde Xirattan Qıtay shegaralarına shekem bolǵan joldı paraxatshılıq dáwirinde kárwanlar 9 ayda, bul baǵdardıń áhmiyetli quramlıq bólegi bolǵan Shash alabınan Turfanǵa shekemgi aralıqtı 3 ayda basıp ótkeni málim.

Temuriyler dáwirinde Evropa mámleketleri – Franciya, Angliya, Ispaniya hám basqa mámleketler menen de diplomatiyalıq

[138]. Мавлонов Ў. Марказий Осиёнинг кадимги йўллари. —Т., «Академия», 2008, 184 б.

baylanıslar ornatılǵanı málim. Máselen, Jer Orta teńizinen Irak – Iran – Xorasan arqalı 1402—1404-jılları Samarqandqa kelgen Ispaniya elshisi Rui Gonsales de Klivixonıń rasmiy saparı baǵdarına názer taslap, Xorasannan Termiz – Derbent – Temir dárwaza – Aqrabat – Kesh arqalı Samarqandqa kelgen sawda jolları xızmeti haqqında maǵlıwmat alıw múmkin. Ámir Temur hám temuriyler dáwirinde Altın Orda qalaları menen baylanıslar bolıp, olar eki baǵdarda: Xorezm oazisi yamasa Qubla Qazaqstandaǵı qalalar (Túrkstan, Sayram) arqalı ámelge asırılǵan. Bul jol menen Orta Aziya xalıqlarınıń Shıǵıs Evropa xalıqları menen bolǵan áyyemgi baylanısları da kúsheydi. XIV ásirge tiyisli rus jılnamalarında tómengi Novgorod qalasında jasawshı buxaralı hám xorezmli sawdagerler haqqında maǵlıwmatlar bar[139]. XV ásirden baslap, Moskva knyazlıǵınıń abırayı kúsheye baslaǵannan soń, Rus knyazları temuriy húkimdarlar menen elshilik qatnasıqların ornatıwǵa umtıla baslaydı. Tariyxshı Abdurazzaq Samarqandiy (XV ásir) Xirat húkimdarı Abusaid Mırzanıń aldına 1464-jılı rus patshası Ivan III elshileri kelgenligi tuwralı jazıp qaldırǵan bolsa, 1490-jılı Moskvaǵa Sultan Xuseyn Bayqara elshileri barǵanlıǵı málim. Miranshax Mırzanıń da Evropa korollarına jazǵan xatlarınan birinde tómendegiler atap ótiledi: «Sawdagerlerge kelsek, qáler edik, siziń sawdagerlerińiz biziń jurtımızda, biziń sawdagerler sizlerdiń jurtlarıńızda qáwipqátersiz, házirgidey bolıp júrse. Eger isenimimizde parıq bolsa da, báribir hámmemizdiń máplerimiz jolında doslıqtı qádirlewimiz kerek».

Qıtaydan baslanǵan Ullı Jipek jolı Konstantinopolǵa shekem jetip, ol jerden teńiz jolı arqalı Evropa mámleketlerine shekem jetip barıw imkaniyatı bolǵan.

Temuriy húkimdarlardan Shahrux Mırzanıń Qıtay imperatorına jollaǵan xatınan da kárwan jollarına qanday itibar berilgenin ańlaw múmkin. Ol bul haqqında: «Sayaxatshı hám sawdagerler ushın jollardı ashıq qoysa, doslıq hám muhabbat sebepleri atap ótilip, birlik hám awızbirshilik bekkemlense, mámleketler

---

[139] Мавлонов Ў. Марказий Осиёнинг қадимги йўллари. —Т., «Академия», 2008. 138 б.



átiraplarındaǵı xalıqlar toparları ráhátke erisse, puqaralardıń barlıq qatlamları arasında tirishilik jolları tártipke tússe»[140] dep ayrıqsha atap ótken.

Mámlekettiń siyasiy, ekonomikalıq qúdiretin arttırıw, isbilermenlikti rawajlandırıw, diplomatiyalıq hám mádeniy baylanıslardı kúsheytiw maqsetleri birden-bir baylanıs jolına ayrıqsha itibar beriwdi talap etedi.

Bul dáwirde 12000 shaqırım uzınlıqtaǵı Ullı Jipek jolı arqalı kóplegen shıǵıs mámleketleri menen hár tárepleme baylanıslar ornatıldı. Sonday-aq, Ullı Jipek jolınıń Jer Orta teńizine shıǵıwı arqalı Batıs Evropa mámleketleri menen de úzliksiz sawda-ekonomikalıq hám diplomatiyalıq baylanıslar ornatıldı. Ullı Jipek jolı sol dáwirde, úlken strategiyalıq áhmiyetke iye bolıp, ol xalıqaralıq kópir wazıypasın atqarǵan.

Ámir Temur hám temuriyler dáwiri Oraylıq Aziyanıń ishki hám xalıqaralıq baylanıslarınıń rawajlanıwında áhmiyetli dáwir boldı. Bul dáwirde Ullı Jipek jolınıń Altın Orda mámleketi quramında bolǵan Deshti-Qıpshaq jerleri arqalı ótken arqa baǵdarları óz áhmiyetin joǵaltıp bardı, Mawaraunnahr hám Xorasan qalaları bolsa Ullı Jipek jolınıń oraylıq baǵdarları boylap xalıqaralıq ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarda úlken rol oynay basladı.

## ULLÍ JIPEK JOLÍ HÁM DINLER

Batıs hám Shıǵıs arasında mádeniy baylanıslardıń ornatılıwında xristian shirkewiniń hár qıylı baǵdarları wákilleriniń qosqan úlesi ullı boldı. Eramızdıń dáslepki ásirlerinen baslap, missionerler xızmetine baylanıslı hár qıylı baǵdarlardıń tárepdarlarınıń arasındaǵı kelispewshilikler, quwdalawlar nátiyjesinde, xristianlar Orta Aziyaǵa tiykarınan Persiya hám Siriyadan kelip qonıslasqan, sońınan Ullı Jipek jolı trassası boyınsha Shıǵıs Túrkstan hám Qıtayǵa barǵan.

Olardıń arasında pravoslav melkitler, batıs Siriya shirkewi baǵdarlarınıń wákilleriniń biri yakovitler olardıń ataması onıń tiykarın salǵan Yakov Cancalı atı menen atalǵan, tiykarınan Nestoriya tárepdarları nestorianlar boldı. Olardıń keliwi hám

---

[140] Бўриев О. Темурийлер даври ёзма манбаларида Марказий Осиё. —Т., Ўзбекистон, 1997, 123 б.

atap ótilgen ellerdiń xristianlasıwı, tiykarınan siyasiy hám ásirese diniy sebepler menen baylanıslı.

Iranda kópshilik pravoslavlar nestorian táliymatın qabıl etti. Nestorianlar Iranda áhmiyetli rol atqardı, mámleketlik lawazımlardı iyeledi, sawda menen shuǵıllandı, olardıń arasında shıpakerler, alımlar, ónermentshiler boldı[141].

B.e.sh. II ásirlerde, nestorianlar Persiyaǵa ǵalaba kelmesten burın bul jerde úlken xristian jámáátleri boldı. Sasaniyler mámleketinde shax Yazdigard I (399—420-jj.) dáwirinde xristianlardıń tásiri ádewir kúsheydi. Usı dáwirde Persiyadaǵı xristian shirkewi ózin Vizantiyadan ǵárezsiz dep járiyaladı. Nestorianlar Iranǵa kelgennen soń, shah Peruz (459—484-jj) dáwirinde nestorian shirkewi úlken qollap-quwatlawǵa iye boldı hám ol rásmiy túrde qabıl etildi. Al, pravoslav melkitlerdiń tásiri ádewir tómenledi, bul birinshi gezekte siyasiy sebepler menen baylanıslı. Sasaniyler Iranı Vizantiya menen bárqulla urıs jaǵdayında boldı, ol jerden quwılǵan nestorianlar, belgili sebeplerge baylanıslı olarǵa jaqsı qatnasta bolmadı. Soǵan qaramastan nestorianlar hám basqa da xristian baǵdarı wákilleri waqtı-waqtı Persiyada quwdalawlarǵa ushıradı, bunda ózleriniń abırayınıń tómenlep ketiwinen qorıqqan zardushtiy ruwxaniylerdiń belgili dárejede tásiri boldı. Bul V ásirdiń aqırı VI ásirde xristian-nestorianlardıń Irannan Orta Aziyaǵa hám jáne de Shıǵısqa ǵalaba túrde ótip ketiwiniń sebepleriniń biri boldı. Álbette, bunda olardıń missionerlik xızmetin de esapqa almawǵa bolmaydı[142].

Xristian dini Orta Aziyaǵa nestorianlardan ádewir burın kirip kelgen. Xristian dásturi boyınsha Shıǵısta, Hindstan hám onıń qońsılas ellerde, sonıń ishinde Baqtriyada xristianlıqtıń tarqalıwı apostol Fomanıń atı menen baylanıslı. Apostollar arasında dúnyanı bólisiw ushın shek taslaǵanda apostol Fomaǵa Hindstan jerleri tiyisli bolǵan. Fomanıń bul mámleketke barǵısı kelmegen. Bunnan soń quday tárepinen eldiń qublası Gundafarǵa «Hindstan

[141] Бартольд. В.В. О христианстве В Туркестане в домонгольский период. —М, 1964.

[142] Никитин А.Б. Христианство в Центральной Азии (древность и средневековье).// Восточный Туркестан и Средняя Азия. История. Культура. Связи. —М.: 1984.



patshası» etip jiberilgen sawdager Nabbanaǵa jigirma gúmis teńgege onı satıp jibergen. Hindstanǵa Gundafar patshası sarayına kelgen apostol Foma xristian táliymatın násiyat ete basladı, bul dinge patshanıń, onıń inisi Gadtıń hám kóplegen qalalar menen awıllardıń turǵınlarınıń dıqqatın qarattı. Sońınan ol patsha Mazday húkimdarlıq etetuǵın qalaǵa kelip, onıń hayalı Tertiya hám basqa aqsúyek hayallardı da xristian dinine kirgizdi. Onıń háreketleri gúman payda etedi hám ol tórt áskeri menen birge óltiriledi, sońınan apostol Foma patsha qábiristanlıǵına jerlenedi, bul jerden onıń denesi jasırın túrde Batısqa alıp ketiledi[143].

Fomanıń bul háreketleri haqqında ápsanaǵa isenbew múmkin, degen menen Gundafar «Hindstan patshası»nıń tariyxıy adam bolǵanlıǵı basqa derekler menen de belgili. Xristian dásturi boyınsha apostol Foma Gundafaraǵa b.e. 29-jılı barǵan, usı tiykarda onıń basqarǵan waqtı b.e. I ásirine tuwrı keledi. Hindistan — Parfiya húkimdarlarınıń ústemligi uzaq dawam etpegen, b.e. I ásiriniń ekinshi yarımında Kushanlar tárepinen saplastırılǵan. Orta Aziya hám onıń shegaralas aymaqlarda xristian dininiń erte waqıtlarda tarqalǵanın dálillewshi apostol Fomanıń háreketlerinen basqa da isenimlirek derekler bar. Siriyanıń «Eldiń nızamlar kitabı»na sáykes, bir pikir boyınsha Edossoli Verdesan (154—222-jj.), basqa pikir boyınsha III ásir ortalarında onıń shákirtleri tárepinen Baqtriya, Iran hám Midiyada dúzilgen. Usı waqıtları Evangelie tarqalǵan edi. Bul derekte Kushan mámleketi aymaǵında xristian dini bar ekenligi kórsetiledi. Shapur II (309—379-jj.) húkimdarlıǵı dáwirinde Baqtriya hám Kushan elinde Hindstanǵa shekem aralıqta xristianlıqtıń bar ekenligin armyan tariyxshısı Egishe atap ótedi. O. Xansen izertlewleri boyınsha xristianlardıń bul wálayatqa kóshiriliwiniń jáne bir basqıshı sasaniyler shahı Yazdigerd II (438—457-jj.) húkimdarlıq etken waqıtqa tuwrı keledi. Xristian dásturi boyınsha Orta Aziyanı xristianlastırıwda úlken rol Barshabbanige tiyisli bolǵan.

Beruniydiń «Ótmish áwladlardan qalǵan estelikler» kitabında atap kórsetkenindey Xristos tuwılǵannan 200 jıldan keyin Mervke xristianlıqtı alıp kelgen ruwxaniy Barshabbani eski alıw kúni —

[143] Великий Шёлковый путь и мировая цивилизация. —Ташкент, 2002, 48-б.

21-iyun Xorezmde xristian-melkitleriniń liturgiyalıq kalendarına Mervten episkoptıń qatnasqanlıǵı atap ótilgen. Bul fakt xristianlıqtıń keń tarqalǵanınan derek beredi. Xristian shirkewin episkop basqarǵan. Biziń eramızdıń baslarında Orta Aziyada, ásirese Merv hám Baqtriyada xristianlıq ádewir keń tarqalǵan. Olardıń tásiriniń kúsheyiwi nestorianlardıń ǵalaba túrde keliwi menen baylanıslı. Eger de usıǵan shekem xristianlıqtıń tarqalıwı stixiyalı túrde bolǵan bolsa, nestorianlardıń keliwi menen bul process bir maqsetke baǵdarlanǵan baǵdarda boldı[144].

VI—VII ásirlerde Orta Aziyanıń batısında nestorian tilindegi xristianlıqtıń kúsheyiwi sol dárejege barıp jetti, xristian jámáátleri kóbeydi, ayırım qalalarda metropoliyalardıń dúziliwi talap etildi. Siriya xronikalarınıń bayan etiwinshe, patriarx Ieshub II (628—643-jj.) dáwirinde Samarqand, Xirat, sonday-aq, Hindstan hám Qıtayda metropoliyalar dúzildi. V.V Bartold hám Z. Zaxaudıń kórsetiwinshe, Xirattaǵı metropoliyaǵa VI ásirdiń ekinshi yarımında, al Samarqandta patriarx Axan (410—416-jj.) dáwirinde tiykar salınǵan. VI ásirde Mervte, VII ásirde Qashǵar hám Naukentte metropoliyaǵa tiykar salınǵan. Oksus (Ámiwdárya) dáryasınıń arǵı tárepinde jasaǵan túrkiy qáwimler onnan burınıraq xristian dinine sıyına baslaǵan. Feofilant Simokattıń maǵlıwmatı boyınsha, 591-jılı qozǵalań kótergen sasaniy áskerbasshısı Baxram Chubin qıyratılǵan waqıtta, onıń menen awqamlas bolǵan túrkiylerdiń kópshiliginde mańlayında atanaq belgisi bolǵan. Olardıń sózi boyınsha bunday belgi xristianlardıń keńesi menen hár qıylı jamanlıqlardıń aldın alıw ushın jańa tuwılǵanlarǵa qoyılatuǵın bolǵan[145].

V ásirdiń ekinshi yarımı VI ásirdiń birinshi yarımında Orta Aziyada úlken mámleketlerdiń biri bolǵan Eftalitlerdiń bir bólimi xristianlar armyanlar menen awqamlaslıq shártnamasın dúzgende xion-eftalitler «xristianlardıń qatań túrde birlikti saqlaw haqqındaǵı wádesin qabıl etken. Xristian-nestorianlardan tısqarı Orta Aziyada, ádewir pravoslavlar da jasaǵan. VIII ásirdegi hújjetlerdi úyreniw tiykarında S.P.Tolstov sonday juwmaqqa kelgen: Xazar mitropoliyası quramına ayrıqsha Xvaliss, yaǵnıy Xorezm xristian episkop kafedrası kirgen.

144. Беруний. Өтмиш әўладлардан калған естеликлер. —Т, 1-том, 1957, 139 б.
145. Ртвеладзе Э.В. Великий Шёлковый путь. Энциклопедический справочник, —Т, 1999.



Beruniydıń kórsetiwinshe, Xorasan mitropolitiniń turatuǵın ornı Merv qalası bolıp, bul ádewir úlken pravoslav melkitlerden ibarat xristian jámáátiniń bolǵanlıǵın ańlatadı. Óytkeni, eń joqarı mitropolit ruwxıy dárejesine jetiw ushın kóplegen basqıshlardı basıp ótiwi tiyis bolǵan.

Beruniydıń jazıwınsha, Xorezmde Ayrya ayınıń tórtinshi kúninde roza bayramı belgilengen, «Bul kúni shirkewge Jurjaniya rozaların alıp kelgen, onıń sebebi usı kúni Mariya Ioannıń anası Elizavetaǵa birinshi rozanı sıylıq etken»[146].

Islam dinine shekem Orta Aziyada xristian dininiń keń tarqalǵanı materiallıq derekler menen de tastıyıqlanbaqta. Olardıń ishinde shirkew-monastırlar, xristian sıyınıw buyımları, jerlew estelikleri, xristian belgileri menen teńgelerdi atap ótse boladı[147].

Bul dizimniń ishinde shirkew-monastırlar ayrıqsha orın iyeleydi. Olardıń sanı Orta Aziya aymaǵında onsha kóp emes, jazba derekler boyınsha olar Mervte, Samarqandta, Xorezmde, Taraz, Merke, Jetisuwda h.b. xristian jámáátleri jaylasqan jerlerde bolǵan.

Arablar kelgennen soń olardıń kópshiligi qıyratılǵan, basqalardıń ornına musılman meshitleri tiklengen. Narshaxi bılay dep jazadı: ... Buxaranıń ishki qalasına kirseń, házir shep jaǵında kóshe bolıp, ol «Rindan» dep ataladı. Onıń arǵı tárepinde xristian shirkewi jaylasqan, ol jerde házir Banu Kanzada atı menen meshit bar. Narshaxi jáne xabar beredi, Ismail Samaniy 893-jılı Tarazdı basıp alǵan payıtta, kóplegen turǵınlardı islam dinine engizgen, bul qalanıń xristian shirkewi meshitke aylandırılǵan[148].

1938-jılı M.E.Masson Samarqand wálayatınınıń Urgut rayonında monastır qarabaxanaların izertledi. 50-jılları Qubla Túrkmenstan kompleksli arxeologiyalıq ekspediciyası (YuTAKE) Eski Mervten 15 km arqada jergilikli xalıq tárepinen Aroba-Keshuk dep atalǵan qurılısların izertledi. G.A.Pugachenkova onı xristian shirkewi ekenligin anıqladı hám onıń waqtın b.e. V—VI ásirlerine tiyisli dep bahaladı.

146. Беруний. Өтмиш әўладлардан калған естеликлер. —Т, 1-том, 1957, 145 б.
147. Великий Шёлковый путь и мировая цивилизация (окыў колланба) —Т, 2002, 53 б.
148. Восточный Туркестан и Средняя Азия. —М, 1984

Eski Mervte Gáwirqalanıń arqa-shıǵıs tárepinde pravoslav xristian-melkitlerge tiyisli onsha úlken bolmaǵan monastır Qubla Túrkmenstan kompleksli arxeologiyalıq ekspediciyası tárepinen izertlendi. Qırǵızstanda Aq-Beshim qalashasında b.e. VII—VIII ásirlerine tiyisli xristian shirkewi tabıldı[149].

B.e. VII—VIII ásirlerine tiyisli Xristian sıyınıw qurılıslarına kiretuǵın dóńgelek zal imaratı Samarqand wálayatınıń Urgut rayonınan ashıldı. Bunday juwmaqqa keliwge onıń arxitekturalıq ózgesheligi sebepshi boldı. Ol Vizantiyadaǵı xristian xramlarına ádewir jaqın bolıp, bul jerden shoqındırıw máresimin sáwlelendiretuǵın diywalda súwretler tabıldı.

Arab geografı Ibn Xavqal (X) Vazgerdtegi xristian awılı haqqında qızıqlı materiallar bayan etken. Bul haqqında V.V.Bartold bılay dep jazadı: «Samarqandtan qublada Shaudar tawı bar. Shaudar tawında xristian shirkewi bolıp, bul jerde xristianlar toplanadı. Ol jerde men jeri ónimdarlı, hawası taza bolǵanlıqtan barǵan kóplegen iran (mesopotamiyalı) xristianların taptım. Kóplegen xristianlar turaqlı jasaytuǵın shirkew qozǵalmas múlkke iye: bul orın Sogdiananıń úlken bólimin óz ishine alıp, Vazgerd atı menen belgili».

V.V.Bartoldtıń pikirinshe, bul xristian awılı Samarqandtıń qublasında Urgut rayonında jaylasqan. Bul jerde Urgut rayonınıń qubla-batısında jaylasqan úńgirden birneshe siriya jazıwları — atanaqtıń súwretleri tabıldı. Bul maǵlıwmatlar Urgut rayonı ásirler dawamında Orta Aziyadaǵı iri xristian orayı bolǵanlıǵın dálilleydi. Vazgerd xristian awılı Sırdáryanıń boyında házirgi Tashkent wálayatı aymaǵında jaylasqan[150].

Sońǵı waqıtları tabılǵan xristian belgilerindegi Oraylıq Aziya teńgeleri úlken qızıǵıwshılıq payda etpekte. Panjikentten tabılǵan teńgelerdiń birinde nestorian tilindegi atanıń hám sogd húkimdarınıń dinastiyalıq belgisi jaylasqan. Varaxaradan tabılǵan ekinshi teńgede jırtqısh haywannıń súwreti hám nestorian ata jaylasqan. Bul teńgeler sogd xristian jámááti yamasa monastır basshısı tárepinen shıǵarılǵan.

---

149 История народов Восточной и Центральной Азии. —М. Наука, 1986.

150 Бартольд В.В. О христианстве в Туркестане в домонгольский период. —М, 1964.



Nestorian atanıń súwreti salınǵan bronza teńgeler Ustrushana húkimdarı Roxan (VII ásir ) tárepinen shıǵarılǵan. VII ásirge tiyisli Afrasiabtan tabılǵan bronza teńge úlken qızıǵıwshılıq tuwdıradı. Teńgeniń aldı betinde úlken bas kiyimdegi mongoloid húkimdarınıń súwreti salınǵan. Onıń bas kiyiminiń oń tárepinde úlken atanaq, shep tárepinde onsha úlken emes nestorian tipindegi atanaq jaylasqan. Atanaqtıń bunday jaylasıwı xristian Vazantiyasındaǵı teńgelerge tán bolǵan. Máselen, Yustinian (527—565-jj.) dáwirindegi bunday teńgeler Orta Aziyada júdá siyrek gezlesedi. Xristian belgisindegi teńgelerdiń tabılıwı sonı kórsetedi, onı shıǵarǵan túrkiy húkimdar xristian dininiń nestorian shaqapshasına sıyınǵan. Varaxsha qalashasında V.A.Shishkin ekspediciyası tárepinen jıynalǵan teńgeler toplamında, aldı betinde jırtqısh haywan, artqı tárepinde nestorian atanaq sáwlelengen ońlaǵan teńgeler anıqlandı. Teńgeler menen birge, Orta Aziyada xristianlıq belgileri sáwlelengen buyımlar kóplep tabıldı. Olar erte hám rawajlanǵan orta ásirlerge tiyisli. Olardıń ishindegi eń qızıǵarlısı Qubla Túrkmenstanda Geoktóbe qalashasında XX ásirdiń 20-jıllarında tabılǵan erte xristian buyımları bolıp tabıladı. Idıslardıń birinde feniks-qustıń súwreti salınǵan bolıp, ol erte xristianlarda máńgi ómir hám qayta tiriliwdiń belgisi esaplanǵan.

Altın medalondaǵı kórinisler úlken qızıǵıwshılıq tuwdıradı. Onıń bir tárepinde qoydıń, onıń joqarısında atanaqtıń, al ekinshi tárepinde adamnıń kórinisi súwretlengen.

Bul jerde xristian belgileri belgilengenin M.E.Masson dálilledi: qoy — bul qudayǵa sadaqa, adam súlderi — Xristostıń kórinisi.

Qostóbede mórdiń qaldıqları hám eki adam súlderiniń kórinisi salınǵan gúze tabıldı. Onıń birinde uzın kiyimde hám biyik bas kiyimdegi turǵan adam kórsetilgen, shep qolında kitap, múmkin bul Evangelie, oń tárepte, joqarı kóterilgen qolında atanaqtı uslap tur. Bul jerde shoqındırıw máresimi berilgen[151] bolıwı múmkin.

Házirgi waqıtları Ermitajda saqlawlı «Muqaddes Mina Ampulası» dep atalǵan ıdıs Samarqandtan tabıldı. Bul kishkene ıdısta Muqaddes Mina súwretlengen. Súwrettiń joqarısında shep

---

151. Бартольд В.В. О христианстве в Туркестане в домонгольский период. —М, 1964.

hám oń tárepte atanaqtıń, al tómeninde eki túyeniń kórinisi berilgen. Bunday ampulalar IV—VII ásirlerde Mısırda Aleksandriyadan batısta Muqaddes Mina monastırında tayarlanǵan. Bul ıdıslar monastırda shıpalı suwlar menen toltırılıp, Mısırdan tısqarıǵa alıp ketilgen[152].

Orta Aziyada xristianlıqtıń tarqalǵanınıń jáne bir dálili xristian jazba derekleri bolıp esaplanadı. Olardıń ishindegi eń erteregi (740-j. shekemi) Siriya tekstindegi Panjikentten tabılǵan ıdıs sınıqları. Xristian mazmunındaǵı Siriya jazıwları Urgut rayonında ádewir dárejede bar. Olar jaqsı saqlanbaǵanlıqtan oqıwdıń ózi qıyın. IX—X ásirlerge tiyisli sogd xristian jazıwları Qırǵızstannan tabıldı.

Sogd hám Siriya xristian jazıwları Tarazda tabıldı. Gúzeniń sırtındaǵı qısqa sogd jazıwı ruwxıy ataq hám Il-Tag túrk ismin sáwlelendirgen[153].

Gúzege oyıp jazılǵan siriya jazıwı eki xristian ismi: Petr hám Gavriil-xristian yakovitlerdi bayan etken.

Siriya jazıwında orınlanǵan xristian qábirindegi qayraqlar úlken qızıǵıwshılıq tuwdıradı. Olardıń ishindegi eń erteregi Krasnaya Rechka qalashasın qazǵan waqıtta tabıldı. Orta Aziyada qazılǵan júdá kóp sanlı jerlew esteliklериniń ishinde xristian qábirlerin ajıratıp alıwǵa múmkinshilik boldı, máselen Eski Mervte, Taraz, Aq-Beshim, Nauakat, Djamukata hám basqalar. Olarǵa qarasań, Orta Aziyada xristianlar ılay ıdıslarda jerlengen, máselen Aq-Beshim maqbarasında nestorian atanaq salınǵan ılay ıdıslarda jerlengen qábirler tabıldı.

Shıǵıs Túrkstan wálayatlarında nestorian shaqapshasındaǵı xristianlıq VI ásirden burın kirip kelgen. Keyingi ásirlerde olar bul jerde turaqlı orındı iyelegen. Bul wálayatlarda onıń payda bolıwı nestorian missionerleri, sogd sawdagerleri, isenimi boyınsha xristianlardıń xızmeti menen baylanıslı. Olar xristianlıqtıń tek ǵana bul jerde emes, al qońsı Tibette tarqalıwına xızmet etken.

Shıǵıs Túrkstanda xristianlıqtıń keń tarqalǵanın bul jerden tabılǵan xristian shıǵarmaları tekstleri dálilleydi. Bul shıǵarmalar sogd tilinde jazılǵan. Xristian shıǵarmaların óz tillerine awdarǵan sogdlar óz jazıwlarınan paydalanǵan.

152. История народов Восточной и Центральной Азии. —М. Наука. 1986.
153. Лубо-Лесниченко. Е.И. Китай на Шёлковом пути. —М, 1991.



Shıǵıs Túrkstan oazislerinen nestorianlıq Ullı Jipek jolı trassası boyınsha Qıtayǵa kirip barǵan. Qıtay jılnamaları boyınsha, VI ásirde Gansu provinciyasında siriyalı Mar Sarris nestorian shańaraǵı jasaǵan. Onıń ata-babaları bul jerge batıstan kelgen. Bul elde birinshi mitropoliyaǵa patriarx Ieshub III (628—643) tiykar salǵan. Xristianlıqtıń tarqalıwında nestorianlarǵa tán bolǵan belsendi missionerlik xızmet úlken rol atqarǵan. Siriya jılnamaları boyınsha, patriarx Timofey (780—819-jj.) dáwirinde nestorianlıqtı násiyat etiwde úlken xızmet etkenlerdiń biri Subxalashd Kaspiy wálayatı átiraplarınan Orta Aziya arqalı Qıtayǵa barǵan hám túrklerdi, otqa sıyınıwshılardı, manixeylerdi xristian dinine kirgizgen.

Episkop Alobyan basshılıǵında birinshi nestorian elshiligi Chananǵa 635-jılı kelgen. Qıtayda nestorianlar birneshe monastırlarǵa tiykar saldı: sonnan tórtewi Chananda, birewi Loyanda hám tórtewi Siguan, Linuda qurılǵan[154].

Qıtayda nestorianlıqqa tiykarınan shetten kelgenler sıyınǵanı, onıń qıtaylılardıń ózleriniń arasında tarqalǵanı haqqında maǵlıwmatlar joq. Nestorianlıq Qıtayda Tan dinastiyası imperatorları dáwirinde ayrıqsha qáwenderlikke iye boldı. Óytkeni, olar Batıs penen sawda baylanısına mápdar edi, onı ámelge asırıwshılar tiykarınan nestorian sogdlar, parsılar, siriyalılar boldı. Sońınan sisiy awhaldıń ózgeriwi menen nestorianlıq quwdalawǵa ushıray basladı. 845 xristianlar, sonday-aq, manixey hám buddistler Qıtaydan tısqarıǵa shıǵarıp jiberildi. X ásir aqırında xristianlıq Qıtayda tolıq joq etildi. Nestorianlıq Qıtayda az ǵana waqıt ómir súrse de, bul jerde belgili iz qaldırdı, ol monastırlar qurılısı, xristian kitaplarınıń Qıtay tiline awdarılıwı, qıtay filosofiyasına tásir etiwi menen kózge taslanadı. Yaponiya izertlewshisi Saekidiń kórsetiwinshe, ayırım qıtay filosoflarınıń miynetlerinde Evangelieden alınǵan sózler ushırasadı.

Nestorianlıqtıń Qıtayda tarqalıwında siriya missionerleri menen birge Orta Aziyadan shıqqan ruwxaniylerge, toxarstanlı sogdlarǵa, sogd sawdager-xristianlarǵa úlken rol tiyisli bolǵan.

Basqa dinge sıyınıwshılar tárepinen quwdalanǵan xristian-nestorianlar bir elden ekinshi elge óte otırıp, alıstaǵı Siriyadan

154. Ртвеладзе Э.В. Великий Шёлковый путь. Энциклопедический справочник. —Т, 1999.

hám Vizantiyadan Qıtaydağı Chananğa shekemgi mashaqatlı Ullı Jipek jolın basıp ótken. Olardıń kópshiligi ólimge giriptar bolğan, degen menen olarda óz isenimin ózgertiwge hesh nárse tásir ete almadı. Olar ózleri menen qudaydıń sózlerin alıp júrdi hám onı tarqattı.

## ULLÍ JIPEK JOLÍ HÁM QUBLA ARAL BOYLARÍ

Qubla Aral boylarında áyyemgi hám orta ásirlerde kárwan jollardıń birneshe tarmaqları ómir súrgen. Solardıń biri Mizdakxan arqalı Góne Úrgenishke, jáne bir jol Qusxana, Ázizler baba, Qıratataw, Porlıtaw, Baqırğan arqalı ótken. Bunnan basqa Aral teńizine jaqın jerden, Ústirt keńisliginen túskennen soń shığısqa qaray Baqırğan (Qońırat), Kúyikqala, Bağdat, Qırqjigittiń qalası, Qorğansha arqalı jáne bir jol ótken. Ámir Temurdıń Xorezmge sońğı keliwi usı jol menen baylanıslı, bunda házirgi Qaraózek rayonı aymağında jaylasqan Bağdat kanalı atap ótiledi. Bul haqqında Kúyikqaladan tabılğan arxeologiyalıq tabılmalar hám Taxtakópirden tabılğan Iran Sasaniyleriniń V—VI ásirlerge tiyisli teńgeleri gúwalıq beredi[155].

Qubla Aral boyında Ullı Jipek jolı ótken tómendegi qalalar hám qorğanlar bolğan.

Shılpıq Nókis qalasınan 43 km qashıqlıqta Ámiwdáryanıń oń jağalığında jaylasqan. Shılpıqtan tabılğan gúlalshılıq buyımları b.e. dáslepki ásirlerine tiyisli. VII—VIII ásirlerde diywaldıń arqa bóliminde qurılıs jumısları islengen.

Jampıq qala Sultan Wayıstıń qubla-batısında Qarataw posyolkasınan 6 km qashıqlıqta jaylasqan. Áyyemgi gúlalshılıq buyımları b.e.sh. IV—b.e. I ásirlerine tiyisli. IX—XI ásirlerde saray hám qorğanıw diywalları qurılğan.

Aybúyir qala (b.e.sh. V—III ásirler, b.e. I—IV ásirleri, IX—XI ásirler). Maydanı 10 ga.

Bograxan (IX—XII ásirler) Qońırat qalasınıń arqa tárepinde 19 km qashıqlıqta jaylasqan. Qala saray, shaxristan hám bekkem emes rabattan ibarat. Shaxristannıń arqa múyeshinde minara bolğan.

155. Хожаниязов.Г.Хакимниязов.Ж. Караванные пути северной периферии Хорезма. Новые исследования. Вестник КГУ Нукус, 2008,№ 1, стр.106.



Dáwkesken (b.e.sh. IV—III ásirler, XV—XVII ásirler) qalasha Ústirt keńisliginde Shomanay rayonınıń orayınan 60 km qashıqlıqta jaylasqan. Estelik saray, qorğanıw bekinisinen ibarat. Qalashada úsh qudıq, meshittiń qaldığı h.b. bolğanlığı anıqlandı.

Topıraq qala (IX—XIV ásirler) Qońırat qalasınıń arqa-batısında 13—14 km qashıqlıqta jaylasqan. Qalashada meshit, saltanat hám xojalıq xanaları tabıldı. Qalasha kúshli bekkem qorğan bolğan.

Tók qala (b.e.sh. IV b.e. XIII ásirleri) Nókis qalasınıń arqa-batısında 14 km qashıqlıqta Tók taw tóbeshiginde jaylasqan.

Mizdaxkan (Gáwir qala) (b.e.sh IV—XIV ásirler) Xojeli qalasınıń qubla batısında tóbeshikte jaylasqan. Gáwir qala b.e.sh. IV—b.e. XIII ásirlerin óz ishine aladı. Mizdaxkan kompleksinde arxitekturalıq esteliklerden Mazlumxansulıw, xalifa Erejep, Shamun Nabi, Jomart qassap, Qırq shopan ata, júma meshit h.b. bar.

Ketenler (XIII—XIV ásirler) Shomanay rayonınıń orayınan arqa-batısta 18 km qashıqlıqta jaylasqan. Ulıwma maydanı 5 ga.

Monshaqlı (X—XIV ásirler) Shomanay rayonınıń orayınan qubla-batısta 9 km qashıqlıqta jaylasqan, ulıwma maydanı 20 ga.

Bul dáwirde Aral boylarınan Xorezm ústinen sawda kárwanları ótti. Ámiwdáryanı jağalap hám Arqa Aral teńizi boylap sawda kárwanları Buxarağa, Túslik Túrkmenstan, Shığıs Evropağa ketken. Kárwan jolları boylap olardıń qáwipsizligin hám abadanlığın támiyinlew maqsetinde jollar, qudıqlar, kópir hám kárwan saraylar qurılğan. Olardan ayırım kárwan saraylar izertlengen.

Meshekli kárwan sarayı. Meshekli kólemi boyınsha kvadrat tárizli (50x52m), Tórtkúl qalasınıń shığısında, Ámiwdárya boyında jaylasqan. Estelik 1978-jılı Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi arxeologları tárepinen izertlendi[156]. Kárwan saray diywalları paqsadan qurılğan. Biyikligi 5—6 metrge deyin saqlanğan.

Ámiwdáryanın oń jağasındağı kárwan saraylar dizbegin Ishon rabat esteligi tolıqtıradı. Kárwan saray kvadrat tárizli (48x48) Duldul atlağan dep atalgan dárya qısnağına jaqın jaylasqan. Kárwan saray paqsa diywal menen qorshalıp, yarım sheńber

156. Мамбетуллаев.М, Сайпанов.Б, .Кдырниязов.М, Хожаниязов Г. Исследования в Хорезмской области // Археологические открытия 1978.М, 1979, 557-бет.

tárizli bashnyalar kontrforslar járdeminde kúsheytilgen. Kárwan saray ishinde shığıs hám batıs diywalları boylap ishki intererleri bar xojalıq bólmeleri jaylasqan[157].

Dúldúl atlağannan joqarıraqta 45 km qashıqlıqta Sartarash kárwan sarayı bar. Onıń maydanı da kvadrat tárizli (32x32 m), diywallar paqsa bloklardan tiklenip múyeshleri kontrfoslar járdeminde kúsheytilgen. Bul jerde qazılğanda jasaw hám xojalıq bólmelerinen materialıq mádeniyat qaldıqları tabılğan.

Ámiwdárya boyındağı kárwan saraylar sistemasın Dashqala esteligi tolıqtıradı. Bul Ishon rabat esteliginen 3,5 km qashıqlıqta. Estelik tórtmúyeshli formada (100x85m), tas plitalar (50x40x15cm, 110x100x40cm) járdeminde tiklengen. Dárwaza biyik portal menen bezelgen, múyeshleri bolsa sheńber tárizli minara hám diywal ortalarındağı kontrfoslar arqalı kúsheytilgen. Qurılıs xarakteri hám planirovkalıq kórinisi jağınan Dashqala, Ústirttegi kárwan saraylar Belewli, Úshqudıq. Bulaq (XIII—XIV ásir.) t.b. júdá uqsas. Bul jerde hám Ústirtte qurılıs materialları bolıp tas paydalanğan.

Xorezmshahlar dáwiri arxitekturalıq estelikleriniń biri Yarbekir janındağı kárwan saray hám Qabatqala qorğanındağı saray qaldıqları[158] bolıp tabıladı.

Qubla Aral aymağınan ótken kárwan jolları hám olardıń boyında jaylasqan qalalar, kárwan saraylar haqqındağı mağlıwmatlar orta ásir tariyxshıları Istaxriy, Yaqut, Maqdisiy, Muqaddasiy hám basqalardıń shığarmalarında jazıp qaldırılğan. Qıyat qalası áhmiyetli sawda-ekonomikalıq hám mádeniy oray bolıp, aymaq arqalı ótiwshi tranzit sawda jolları hám ishki áhmiyetke iye jollar bul qala arqalı ótetuğın edi. Istaxriy Xiywadan bir kúnlik kárwan jolı qashıqlığında jaylasqan Qıyat hám Kaspiy teńizi boyındağı Jurjaniyanı baylanıstırğan kárwan jolı bağdarın esletip ótedi. Onıń mağlıwmatı boyınsha, qaladan Jurjaniyağa shekem úsh kúnlik jol, onnan Artaxumasanğa shekem

157. Лоховиц.В.А. Караван-сарай. Верхнего Хорезма.Этнография и архсология Средней Азии. —М,1979, стр 115-117.

158. Вактурская Н, Вишневская О. «Памятники Хорезма эпохивеликих хорезмшахов, XII-XIII вв»// МХЭ вып.1.М,1959,151-156-б, Вишневская О. «Археологические разведки на средневековых поселениях левобережнего Хорезма» МХЭ, вып. 7, стр 68-72.



bir kúnlik jol, ol jerden Nuzvarğa shekem tórt kúnlik jol ótken. Bul bağdar Xorezmniń Afrigiyler dáwirindegi paytaxtı Qıyattan Kaspiy boyı arqalı Iran aymağına ótiwshi tiykarğı jol edi[159].

X ásir aqırında Xorezm mámleketiniń paytaxtı Úrgenish qalasına kóshiriledi. Úrgenish (Góne Úrgenish) qalası kárwan jolları kesispesinde jaylasqan iri qalalardan biri boldı. Úrgenish arab dereklerinde «Jurjaniya», mońğol hám túrkiy tilde keyin ala «Úrgenish» dep atalğan.

Orta ásirlerde, ásirese, Mamuniyler hám Xorezmshah-Anushteginiyler dinastiyası dáwirinde qalada keń kólemde abadanlastırıw jumısları alıp barılğan. Qalada kórkem arxitekturalıq imaratlar – kárwan saraylar, bazarlar, sawda dúkanları hám basqa qurılıslar qurılğan. Usı dáwirde qalada ilim hám mádeniyat joqarı dárejede rawajlanğan. Ásirler dawamında qalada xalıq sanı kóbeyip barıwı menen qala aymağı da ádewir keńeygen. Orta ásirlerde qala maydanı 400 ga dı qurağan[160].

Aral boylarınıń XI ásir aqırı XIII ásir baslarındağı qalalar hám ónermentshiliginiń ósiwi sawda qatnaslarına tığız baylanıslı. Jergilikli ónermentshilerdiń zatları dala koshpelilerine hám qońsı wálayatlarğa áketilgen. Sawda qatnaslarınıń bağdarı jazba derekler hám moneta tabılmaları menen tastıyıqlanadı. Iran menen sawda qatnasıqları nátiyjesinde Aral boylarına «lyustra» hám «minay» dep atalğan ónim túrleri taralğan.

XIII—XIV asirlerdegi Aral boyındağı iri qalalardıń biri Mizdaxkan bolğan. Bul qala Xojeli janındağı xalıq arasında keńnen belgili Gáwir qala, Mazlumxan sulıw, Yusup iyshan qoyımshılıqları hám onıń dógeregindegi Altın Orda dáwiriniń qalasın óz ishine qamtıydı. X—XIV ásirlerde qala Xorezm hám Aral boylarınıń eń gúllengen elatlarınıń biri bolğan. Onıń dańqı bul waqıtları Shığıstağı musılman ellerine belgili boldı. Al, Maqdisiydiń mağlıwmatı boyınsha Mizdaxkan qalası «12 mıńnan aslam awıllardıń orayı bolğan». Onıń ústinen ótken sawda kárwanlar qala ónermentshileriniń bahalı buyımların alıp ketip, bul jerge

159. Мавлонов Ў, Махкамова Д. Маданий алохалар ва савдо йўллари. —Т., 2004, б. 78.

160. Кдырниязов М-Ш. Материальная культура городов Хорезма в XIII-XIV веках. Н. 1989, б. 46.

shet el ónimlerin alıp kelgen. Mizdaxkan qalasınıń ósiwi Aral boyı jerleriniń Altın Orda quramında waqtında kúsheydi. Mizdaxkan mońǵollar ústemligi dáwirinde 1349-jılı Xorezm hákimi Qutluq Timurdıń (1321—1358) dúzgen jarlıǵında eske túsiriledi[161]. Altın Orda zamanında payda bolǵan qorǵanıw qurılısları menen bekkemlenbegen, qala házirgi Mazlumxansulıw biyikligi menen Xojeli — Góne Úrgenish tas jolınıń eki qaptalın qamtıydı. Bul jerde sońǵı jılları Altın Orda dáwiri esteliklerinde arxeologiyalıq qazıw jumısları alıp barılmaqta. Solarǵa Qırq shopan ata[162]. Mazlumxansulıw mavzoleyi. Juma meshiti[163] hám sawda-ónermentshilik máhálleleri jatadı[164]. Bulardan basqa Mazlumxansulıw biyikliginde Xalifa Erejep[165], Jomart qassap[166], Shamun-Nabi mazarı hám taǵı basqa da jámiyetlik qurılıslardıń ornı bar[167].

Jergilikli ustalar joqarı sapalı keramikalıq ıdıslar, arxitekturalıq naǵıslı plitalar, temirden, tas ham shiysheden islengen buyımlar shıǵarǵan. Mizdaxkan XII—XIV ásirlerde Aral boyındaǵı iri sawda-ónermentshilik orayı bolǵan. Bul jóninde may, vino shıǵarıw orınları, gúlal, temirshilik ustaxanası, Hind okeanınan ákelingen kauri baqanshaqları, Qıtaydıń seldon, forfor ıdısları, tiyini (monetası), Iran yamasa Vizantiyadan ákelgen qus, arıslan súwretleri bar altın sabaqlı gezlemeler, Altın Orda xanları Ózbek (1331—1342-jj.) Berdibek (1357—1359), Jánibek xanlardıń monetaları usı jerde tabılıwı ayqın dálilleydi.

---

161. Гулямов Я. История орошения Хорезма.Т.1957, стр.128-134.

162. Хожаниязов Г., Юсупов Н.,Кдырниязов М-Ш.. Археологические исследования в некрополе Миздахкана. Вестник ККФАН УзССР, №3.989, стр 65-70.

163. Кдырниязов М-Ш. Материальная культура городов Хорезма XIII—XIV вв. Нукус. 1979.стр.119-121.

164 Кдырниязов М-Ш. Материальная культура городов Хорезма в XIII—XIV. Н.1989, стр.24-38; Туребеков М. Раскопки квартала гончаров Миздахкан в 1988 г. Материалы XIII-ой НТК, НГУ, Нукус, 1988, стр-50..

165. Юсупов К. Уникальный памятник архитектуры средневскового Миздахкана, Археология Приаралья, вып 4, Ташкент, Фан, 1990. стр-166-177.

166 Хожаниязов Г., Юсупов Н., Кдырниязов М-Ш. Археологические исследования в некрополе Миздахкана. Вестник ККФАН УзССР,№3,1989, стр.65-70

167 Кнорозов Ю.Мазар Шамун Наби // СЭ, 1949,№2,стр.82-89; Есбергенов Х.,Ягодин В.Н.Некоторые итоги изучения мазара Шамун Наби // Вестник ККФАН УзССР,1966,№ 4, стр.48



Xorezmniń iri oraylarınıń biri Qıyat boldı. Qala tómendegi Ámiwdárya jaǵalawlarınan Mawaraunnahrǵa keletuǵın sawda jolında jaylastı. Qalanıń kóp ásirlik tariyxı eski jazba dereklerde sáwlelengen. Ibn Batuta 1333-jılı bul jerde bolıp, onı kishkene, biraq sulıw qala dep ataydı. Qıyat Joshılar ulısına emes, al Shaǵatay ulısına tiyisli boldı. Qalanıń XIV ásirdegi tariyxıy jaǵdayı jóninde maǵlıwmatlardı biz Nizamaddin Shami, Sharafaddin Yazdiy shıǵarmalarında ushıratamız.

Joqarıda keltirilgen qalalardan basqa Túslik Aral boylarında XIII—XIV ásirlerde kóp sanlı qala hám qonıslar boldı. Olarǵa Sırdárya boylarındaǵı Jend, Bestam[168], Puljay, Ay-Ata, Belewli (Ústirt), Ketenler, Monshaqlı h.t.b. jatadı.

Shemaxa qala, Ay-Ata qalaları Belewli, Úshqudıq, Qosbulaq usaǵan kárwan saraylarda reńli sırsız keramika úlgileri kóplep ushırasadı. Olar Xorezm oazisinde tayarlanǵan gúlal úlgilerine uqsamaydı, gúzeler sopaq máyek formada kelip, jalpaqsha kelgen uslaǵıshları bar. Sırtqı tárepi onsha áshókeylenbegen. Basqa ıdıslar da tolqın tárizli sızılma naǵıslar hám jıltıratılǵan koncentrikalıq sheńberler, radial jıltıraq sızıqshalardan turadı. Bunday topardaǵı gúlal ıdısları tómengi Volga boyındaǵı keramika úlgilerine júdá usap ketedi. Bul jaǵday Xorezm Aral boyları jerleriniń arqa zonasına Altın Orda dáwirinde Volga boylarınan dáslep sawda jolları menen jańa keramika túrleriniń kelip, sońınan jergilikli ustalar tárepinen ózlestirilgeninen derek beredi[169].

XIII ásir basında júz bergen mońǵol basqınshılıǵı Qubla Aral boyınıń sawda-satıǵına, ekonomikasına úlken zıyan keltirdi. Lekin, az ǵana úzilisten soń áste-aqırın Qubla Aral boyınıń qalaları tiklene basladı hám sawda baylanısları jolǵa qoyıldı. Qıtaydıń jipekleri hám shiyshe ıdıs buyımları Qubla Aral aymaǵı arqalı Evropaǵa jetkizile basladı. Ibn Battuta óz kúndelik dápterinde Xorezmde Irak, Hindstan hám Irannan alıp kelingen buyımlardı kórgenligin jazıp qaldırǵan. Sonday-aq, Ibn Battuta Xorezm qawınları hám qawın qaqları Qıtay hám Hindstanda júdá qádirli ekenligin jazǵan. Genuyalı sawdagerler eline Xorezmde

---

168. Толстов С.П. По древним дельтам Окса и Яксарта. —М.1962, стр.283-294.

169. Кдырниязов М-Ш. Хорезмнин орта әсир археологиясы бойынша жазба дереклер хәм изертлеўлер. —Н., 1995, 67 б.

tayarlanǵan joqarı sapalı, názik jipek gezlemelerin alıp ketken[170].

Orta ásirlerde Xorezmge Persiya qoltıǵı mámleketlerinen ataqlı gezlemeler menen birge azıq-awqat hám xojalıq ónimleri (qant láblebisi, xurma, jipek, gilem, jún, zaytun mayı, ǵoza), taǵınshaqlar hám qımbat bahalı metall buyımlar alıp kelingenligi belgili. Arxeologiyalıq izertlewler payıtında, Iran mıskerlerine tiyisli kóplegen ónimler Xorezm qalalarınan tabılǵan[171].

XIII—XIV ásirlerde Aral boyı xalıqları qońsı eller menen sawda qatnasların dawam etti. Sırtqı dúnya menen tranzit sawdanıń áhmiyeti kúsheydi. Xalıqaralıq sawda jolı qalalar ústinen ótti. Jazba dereklerge qaraǵanda XIII—XIV ásirdegi Túslik Aral boyı qalaları Shıǵıs Evropalı, Iran, Siriya, Qıtay, Rus jerleri menen sawda qatnasların alıp barǵan. XIV ásirde Batıs Evropalı sawdagerler jańa bazarlar izlep Xorezm oazisine kelgen. Florenciyalı F.B.Pegolotti «Sawda praktikası» qollanbasında «kimde-kim Genuya yaki Veneciyadan bul jerlerge hám Qıtayǵa sayaxatqa shıqsa, ózi menen gezlemeler alıp Úrgenishke jetsin. Al, Úrgenishte olardı gúmiske almastırıp arı qaray Qıtayǵa ketsin» dep jazadı. Al, basqa bir jerde: «Aziyanıń túpkirine barıw shárt emes, sebebi Xorezm paytaxtı Úrgenishte Evropa bazarların qızıqtıratuǵın barlıq tovarlardı tabıw múmkin», — deydi.

Saray Batu, Saray Berke hám Úrgenish arqalı Qırımnan Qıtayǵa baratuǵın tranzit sawda jolı ótti. Nátiyjede Xorezm arqalı Qıtayda tayarlanǵan joqarı sortlı seledon ıdıslarınıń úlgileri Novgorod, Moskvaǵa aparıldı[172].

Ámir Temur hám temuriylar dáwirinde Altın Orda qalaları menen baylanıslar bolıp, olar eki baǵdarda: Qubla Aral boyı yamasa Qubla Qazaqstandaǵı qalalar (Túrkstan, Sayram) arqalı ámelge asırılǵan.

Keń kólemdegi sawda qatnasları kóp muǵdardaǵı aqsha shıǵarıwdı talap etti. Usı maqsette sawda qatnaslarında mıs,

170 Бердимурадов А., Индиаминова Ш. Буюк Ипак йўли (Китъалар ва асрлар оша). —Т., «Ўзбекистон», 2017, 177 б.

171 Бул да сонда, 179 б.

172 Авдусина Т.Д, Владимирская Н.С, Панова Т.Д. «Некоторые итоги археологического изучения Московского Кремля» 1974—1982. СА, №3, 1989, с.87-94.



gúmis, altın tiyin, quyılmalar, veksel túrindegi aqsha almasıw boldı[173]. Aral boyı qalalarında shıǵarılǵan Altın Orda dáwirinde Xorezm oazisinde qollanılǵan monetalar mámlekettiń Shıǵıs Evropa bólegi qalalarında shıǵarılǵan tiyinnen awırlıǵı, kólemi, tipleri boyınsha ayırılıp turadı. Altın Ordanıń basqa wálayatlarına qaraǵanda Xorezmde 1363—1384-jılları altın monetalar shıǵarıw tán bolǵan[174].

Kárwan-sawda jollar tómendegi qalalardı baylanıstıradı: Shımbay, Xojeli, Qońırat, Góne Úrgenish, Xiywa menen, jáne bir jol Qońırattan Xojeli, Góne Úrgenishten Xiywaǵa shekem (shep jaǵalıq boyınsha Ámiwdáryanıń). Oń jaǵalıq boyınsha Shımbaydan Qıpshaq ótkeline, sońınan shep jaǵalıqqa ótip Mańǵıt arqalı Xiywaǵa. Sonday-aq, Shımbay arqalı Qazanıeshit Xiywa menen baylanıstırǵan kárwan jol ótti. Jáne bir kárwan jol Xiywa Uralskke Ústirt arqalı Qońırattan alıs emes jerden ótti[175].

Xorezm oazisin bir-biri menen baylanıstırıp turǵan tómendegi jollar boldı:

1) Petro-Aleksandrovsk—Nókis—Shımbay (1234 verst), sonday-aq, Xiywa xanlıǵınıń arqa tárepi Ámiwdárya bólimi menen baylanıstırıp turǵan Nókis-Qońırat tarmaǵı (84 verst).

2) Xiywa—Gazavat—Ílyalı—Góne Úrgenish—Qońırat (260 verst), xanlıqtıń arqa bólimi qubla menen baylanıstırdı.

3) Petro-Aleksandrovsk—Xanka—Xiywa (67 verst) hám Petro-Aleksandrovsk—Xanka—Jańa Úrgenish—Shah-abat—Ílyalı—Góne Úrgenish (219 verst), Petro-Alekandrovsk qalasın Xiywa qalası hám xanlıqtıń basqa áhmiyetli qalaları menen baylanıstırdı.

XIX ásirde qaraqalpaqlardıń arasında bolıp, olardıń jaǵdayın óz kózi menen kórgen Vengriya ilimpazı Xerman Vamberi jol qatnasıqları haqqında bılay dep jazadı.

Qońırattan Xiywaǵa kópshilik jaǵdayda qırǵaqtaǵı jol menen qatnaydı, óytkeni dáryadan órge qaray, keme menen júriw ushın dáryadan 18—20 kún júriw kerek. Sońıń ushın dárya menen órge qaray awır júklerdi keme menen alıp júredi. Qırǵaq menen mına jollar arqalı júredi:

173. Федорова-Давыдов Г.А. Нумизматика Хорезма золотоордынского периода.// Нумизматика и эпиграфика, т. 5,1965.с.219.

174. Бул да сонда, с.201.

175. Камалов С.К. Каракалпаки в XVIII—XIX веках. Т.,1968, с. 111.

1. Jazǵı jol dep atalatuǵın Góne Úrgenish arqalı: bul jazda Oksusten aǵıp bólinip shıǵatuǵın barlıq kóllerdi, tarmaq hám salalardı aylanıp ótedi. Bul jol eń uzaq jol 56 farsax (farsax—uzınlıq ólshemi, hár farsax 6—7 km teń bolǵan).

2. Xojeli arqalı, ol jol menen qısta kóller qatqannan soń júriledi, uzınlıǵı 40 farsax.

3. Oksustiń oń tárepinen bul aylanıs hám qumlıq, dalańlıq jol[176].

Vamberi Góne Úrgenishten Qońırat qalasına alıp baratuǵın jollar haqqında tómendegi maǵlıwmatlardı jazıp qaldırǵan: «Bizler asıǵıs edik. Biraq, sonda da aylanısh jol menen Góne Úrgenish arqalı júriwge tuwra keldi. Baxtımızǵa bizlerge Góne Úrgenishke hám Xiywaǵa baratuǵın jolawshılar gezlesti. Bizler solarǵa qosıldıq. Hámmeniń atları, solardıń ishinde bizlerge bergen atlar jaqsı, kúshli bolıp shıqtı. Usınıń arqasında azıq-awqatımız az bolsa da, kúnniń ıssılıǵına qaramastan kewilli júrdik. Qońırattıń dárwazasınan jol arqa batısqa qaray júredi, dáslep jaqsı islengen egislik jerler, onnan soń dalańlıq penen jol Atulu (at jolı) degen kishkene kólge keledi. Bul Qońırattan 7 farsaxtan qashıqlıqtaǵı birinshi bándirgi bolıp esaplanadı. Al, joldıń tarlaw jerine kópir salınǵan, sonnan jol ekige bólinedi. Bir jol Qazaq jorǵa dep atalatuǵın tawdı boylap Ústirttiń ústi menen Orenburgqa qaray ketedi. Ekinshi jol Góne Úrgenishke ketedi»[177].

Góne Úrgenishte jol teń ekige ayırıladı. Birinshi onshama kóp júrilmeytuǵın jol Porsı, Jılanlı arqalı ketedi. Ol joldan kóp adam bolıp júredi. Óytkeni, onı Tashawızǵa deyingi bólegi shawdır hám yawmıt túrkmenleri tárepinen shabılıwǵa ushırap turadı. Ekinshi bólegin Oksuske jaqınlap oń jaǵası menen qońsı ellerdiń arasınan júredi. Ekinshisi birinshisinen uzaqlaw. Óytkeni, jollarda kanallar, japlar hám basqa ótkeller kóp, sonda da jazda usı jol menen júrgen qolaylı, sebebi birinshi jol menen kárwanlar tek Tashawızǵa deyin ǵana júredi, al ekinshi jol menen Qıpshaqqa deyin baradı, oǵan barǵannan soń Xiywaǵa hám basqa jaqlarǵa ketiw qıyın emes»[178].

---

176. Камалов С.К. Вамбери каракалпаклар туўралы. —Н., 1995, 17-б.
177 Бул да сонда, 17 б.
178 Камалов С.К. Вамбери каракалпаклар туўралы. —Н., 1995, 18-б.



XV ásir aqırındaǵı ullı geografiyalıq ashılıwlar, xalıqaralıq teńiz jollarınıń ashılıwı sebepli Evropa hám Aziyanıń kóplegen mámleketleri menen xalıqaralıq baylanıslar hám sawda jolları sistemasında keskin ózgerisler júz bere basladı. Osmanlı túrklerdiń XV—XVI ásirlerdegi júrisleri hám Batıs Evropa xalıqları menen Oraylıq Aziya arasında burınnan qáliplesken sawda jolları baǵdarlarınıń ózgeriwine alıp keldi. Nátiyjede Qıtaydan baslanıp, Orta Aziya arqalı Jer Orta teńizi jaǵalawına shekem sozılǵan Ullı Jipek jolı boylap bolǵan sawda baylanısları XVI ásirden baslap óz áhmiyetin ádewir tómenlete basladı. Bul, birinshi gezekte, Ullı geografiyalıq ashılıwlar sebepli Batıs Evropadan Qıtay hám Hindstanǵa alıp barıwshı teńiz jollarınıń ashılıwı hám turaqlı paydalanıa baslanıwı menen baylanıslı edi. Bunnan tısqarı, Oraylıq Aziyada bul dáwirde baslanǵan óz ara dinastiyalıq kelispewshilikler oraylıq hákimiyattıń hálsirewine, kárwan jollarınıń qáwipsizliginiń támiyinlenbewine alıp keldi. Bul hám basqa sebepler sebepli ásirler dawamında Qıtaydı Batıs dúnyası menen baylanıstırǵan Ullı Jipek jolı xızmetinde daǵdarıs dáwiri baslandı.

Solay etip, Oraylıq Aziya civilizaciyasında óz ornına iye Qubla Aral boyı úlkesi hám bul aymaqtaǵı eski qalalar úlkemiz arqalı ámelge asırılǵan ekonomikalıq hám mádeniy baylanıslardıń rawajlanıwına óziniń tásirin tiygizdi. Óz gezeginde, úlkemizdi Shıǵıs hám Batıs mámleketleri menen baylanıstırıwshı Ullı Jipek jolınıń Qubla Aral boyları arqalı ótkenligi usı aymaqtaǵı urbanizaciya processiniń rawajlanıwına tásir etti.

## ULLÍ JIPEK JOLÍN TIKLEW BOYÍNSHA XALÍQARALÍQ BIRGE ISLESIWLER

1978-jıldan baslap Qıtaydaǵı ekonomikalıq reformalar nátiyjesinde áyyemgi dáwirlerde Qıtaydan baslanǵan Ullı Jipek jolın qayta tiklew máselesi kóterile basladı.

1991-jılı Qazaqstan—Qıtay temir jol qatnası baslandı. Qashǵar—Andijan áyyemgi kárwan jolınıń ashılıwına dáslepki qádemler qoyıldı. Bul jollar Qıtay ushın ǵana áhmiyetli bolıp qalmastan, jas ǵárezsiz Ózbekstannıń óz qáddin tiklep alıwı ushın da áhmiyetke iye. Óytkeni, bul jol arqalı Ózbekstan óziniń shiyki zatları

menen birge úlken muǵdarda sanaat ónimlerin sırtqa shıǵarıw imkaniyatına iye boladı. Awıl xojalıǵına zárúrli mashinalar, ximiya sanaatı ónimleri, toqımashılıq ónimlerin Qıtayǵa jiberip, sanaat, azıq-awqat hám tutınıw buyımlarına almastırıw jáne de keń jolǵa qoyıw imkaniyatı payda boldı.

Házirgi payıtta Oraylıq Aziyada ǵárezsiz mámleketlerdiń júzege keliwi menen bul áyyemgi kárwan jolında ekonomikalıq, sociallıq hám mádeniy qatnasıqlar óz abırayın qaytadan tiklewge mıyasar bolmaqta. Usı aymaqta bir-birine ekonomikalıq jaqtan talaptıń artıp barıwı bul jerlerde milliy sanaattıń rawajlanıwına sebep bolıp, ruwxıy birlikti jámlestirip, xalıqaralıq doslıqtı bekkemlewge xızmet etedi. Áyyemgi kárwan jolları jaylasqan Turan jerleriniń rawajlanıwı bolsa, Shıǵıs penen Batıs, Arqa menen Qubla ortasındaǵı dástúriy doslıq qatnasıqlardıń qaytadan kúsheyiwi, túrkiy xalıqlar mádeniyatınıń ósiwine óz úleslerin qosıwı shárt.

Dúnyanıń tórt tárepine alıp barıwshı jollarǵa iye bolıw erte dáwirlerden baslap-aq mámlekettiń rawajlanıwınıń tiykarǵı negizi bolǵan. Sonlıqtan da, XXI ásir basında dúnya jámááti óz itibarın eski kárwan jollarǵa qaratpaqta. Házirgi zaman qánigeleri qurǵaqlıqtan ótken «Ullı Jipek jolı»nıń artıqmashlıqların kórsetpekte. Ózbekstan da onıń qatarında basqa Oraylıq Aziya Respublikaları ǵárezsizlikke eriskennen soń ertedegi «Ullı Jipek jolın» qayta tiklew hám rawajlandırıw máselesin házirgi zaman global máseleleri qatarında ortaǵa qoymaqta.

XX ásirdiń aqırı dúnya júzilik kólemde hám geosiyasiy áhmiyeti jaǵınan ayrıqsha ózgerisler menen sıpatlanadı. Dúnya bir pútin hám bir-birine baylanıslı sistemaǵa aylanbaqta. XXI ásir xalıqaralıq globallasıw ásiri bolmaqta. Usınday jaǵdayda Oraylıq Aziya mámleketleriniń integraciyalıq proceslerge hám xalıqaralıq baǵdarlamalarǵa qatnasıwın keńeytiw tek ǵana tariyxıy zárúrlik bolıp qalmastan, sonıń menen birge turaqlılıq faktorı bolıp esaplanadı.

Usı koncepciya kózqarasınan Ullı Jipek jolı dástúrlerin qayta tiklew tek Oraylıq Aziya xalıqları ushın ǵana emes, al pútkil dúnya ushın úlken áhmiyetke iye.

1990-jıldıń aqırında Qıtay Xalıq Respublikasında júz bergen ekonomikalıq reformalardan soń, bul áyyemgi joldan paydalanıw ideyası qaytadan kóterildi.



1990-jılı burınǵı awqamnıń basshılarına Yaponiyanıń En-Eych-Key korporaciyası usınıs penen shıǵıp, Ullı Jipek jolı boyında jaylasqan xalıqlar haqqında film almaqshı boldı. Olar úsh baǵdar boyınsha jumıs alıp bardı. Birinshi baǵdar Surxandárya hám Termiz arqalı ótti. Ekinshi baǵdar Andijan, Ferǵana, Marǵulan, Namangan hám Qoqand arqalı ótti. Úshinshi baǵdar Tashkent, Jizzax, Samarqand, Qashqadárya, Buxara, Gazli, Úrgenish, Xiywa, Tórtkúl, Beruniy, Nókis, Moynaq arqalı ótti. Bul yapon korporaciyası Orta Aziya Respublikaları — Qırǵızstan, Tájikstan, Túrkmenstan hám Ózbekstan arqalı ótken Jipek jolı boyınsha materiallar topladı. Olardı bul respublikalarda jasaytuǵın xalıqlardıń ómiri, turmısı, mádeniyatı, yaǵnıy hámme turmısı qızıqtırdı. Olar xalıqtıń úrp-ádetin, dástúrlerin filmge túsirip aldı.

Bunnan soń Jipek jolı ótken Orta Aziya Respublikalarına birneshe ekspediciyalar keldi. 1988-jılı oktyabr-noyabrde bul respublikalar arqalı Amerika izertlewshileri hám alımları ekspediciya shólkemlestirdi. Olardı Orta Aziya Respublikaları xalıqlarınıń turmısına Ullı Jipek jolınıń tásiri qızıqtırdı.

XX ásir aqırında Ullı Jipek jolın tiklewge qızıǵıwshılıq geosiyasiy jaqtan kúsheydi. Geosiyasattıń óz ara baylanısın úsh áhmiyetli ólshem: waqıt, keńlik hám siyasiy kúshlerdiń salmaǵın esapqa alsaq, Ullı Jipek jolın tiklew áhmiyetli strategiyalıq baǵdarlardan bolıp, ol regionallıq ǵana emes, al global kólemde paydalı bolıp tabıladı.

Geografiyalıq jaqtan Ullı Jipek jolı Evraziyanıń barlıq úlkelerin óz ishine aladı. Geosiyasiy jaqtan Ullı Jipek jolın tiklew zárúrligi tómendegilerden ibarat: Birinshiden, dúnyanıń siyasiy kartasında Oraylıq Aziya hám Kavkazda ǵárezsiz mámleketlerdiń payda bolıwı, olardıń qatnasıwısız Ullı Jipek jolı ulıwma múmkin emes. Ótmishtegi dúnyanıń bólisiliwi Jipek jolınıń qarsılası retinde Transsibir magistralınıń tastıyıqlanıwına sharayatlar jaratıp berdi. Uzınlıǵı 1452 km bolǵan Alma-ata – Semipalatinsk temir jolı Oraylıq Aziyanı hám Transsibirdi Novosibirskke shıǵıw arqalı baylanıstırdı. Ekinshiden, integraciya hám globallasıw procesleri teńiz boyınsha, qurǵaqlıqta hám hawada jańa transport maydanın tabıwǵa, olardı baylanıstırıwǵa májbúr etedi. Bul process óz gezeginde mámleketler arasındaǵı ekonomikalıq

qatnasıqlardı rawajlandırıwdı tezletedi. Ol Ullı Jipek jolın tiklewdegi geoekonomikalıq wazıypa bolıp tabıladı. Úshinshiden, tez pát penen rawajlanıp atırǵan Qıtay ekonomikası energiya dereklerine mápdar. Basqa tárepten Evropa energetikalıq qáwipsizlik ushın Rossiyaǵa ǵárezlilikten qutılıwǵa umtıladı. Sonıń menen birge, Oraylıq Aziya hám Kavkaz mámleketleri oǵada bay neft, gaz qorlarına iye. Olar bazar tártipleri boyınsha erkin sawda etiwge háreket etedi. Usı kózqarastan qaraǵanda Evraziyanıń barlıq qatnasıwshıları Ullı Jipek jolın tiklewden mápdar[179].

Ullı Jipek jolınıń civilizaciyalar tariyxında ózgeshe ornın esapqa ala otırıp YUNESKO xalıqaralıq shólkemi «Ullı Jipek jolı — qarım-qatnaslar jolı» baǵdarlamasın qabıl etti. Baǵdarlamanıń tiykarǵı ideyası kóplegen ásirler dawamında urıslar menen birge eller hám xalıqlar arasında qarım-qatnasıqlar bolıp ótkenligin, al bul proceste baslı faktorlar Ullı Jipek jolı boyınsha ámelge asırılǵan sawda qatnasıqları hám mádeniy almasıwlar ekenligin kórsetiw bolıp esaplanadı. Onıń orınlanıwın hár qıylı qánigelerden dúzilgen xalıqaralıq toparlar óz qolına aldı. Bul baǵdarlamanıń orınlanıwında jergilikli hám shet el dástúrlerin óz ishine qamtıǵan estelikler hám mádeniyatqa iye bolǵan Oraylıq Aziya Respublikalarına áhmiyetli orın berilgen.

Ullı Jipek jolı boyınsha birneshe onlaǵan ilimiy seminarlar hám kóplegen ekspediciyalar shólkemlestirildi. Ótkerilgen ekspediciyalar ishinde: «Marko Polo izinen» (1987-jıl iyun, avgust, Stambul—Pekin), «Teńiz boyınsha» (1990-jıl 23-oktyabr—1991-jıl 23-fevral,), «Oraylıq Aziya Respublikaları boyınsha», Xiywada 1991-jılı arnawlı ilimiy seminar menen juwmaqlandı, «Kóshpeli mádeniyat baǵdarı boyınsha ekspediciya» (1992-jıl iyun-avgust, Mongoliya), «Evropa Jipek jolı» (1995-jıl, Stambul—Lion) hám basqalar.

Ullı Jipek jolına baǵıshlanǵan xalıqaralıq ilimiy konferenciyalardıń ishinde «Oraylıq Aziyada áyyemgi hám orta ásirlerde Ullı Jipek jolınıń qáliplesiwi hám rawajlanıwı» (Samarqand, 1990-jıl oktyabr), «Ullı Jipek jolı boyındaǵı

[179] Адилходжаева С.М. Геополитика возрождения Великого Шёлкового пути. // Буюк Ипак йўлининг ўтмиши ва хозирги куни: ривожланишининг ижтимоий-маданий, тарихий, сиёсий ва иктисодий йўналишлари (халкаро илмий-амалий конференция материаллари тўплами.). —Тошкент, 2013, 20 б.



mámleketlerdiń eposları» (Turkiya, Finlyandiya 1993-jıl 3—7-iyun), «Ullı Jipek jolı boyınıń tilleri hám jazıwları» (Kipr, 1994-jıl 30-sentyabr—1-oktyabr), «Ullı Jipek jolın qayta tiklew: mádeniy turizm hám Ózbekistandaǵı miyraslardı qayta tiklew» (Buxara, 1996-jıl 21—22-fevral) atap ótiwge boladı.

YUNESKOnıń 1987-jılı qabıl etken «Ullı Jipek jolı – qarım-qatnaslar jolı» baǵdarlamasın ámelge asırıw ilimiy izertlewlerdi tezletti hám XX ásirdiń sońǵı sheregi – XXI ásirdiń basında Ullı Jipek jolın izertlewshilerdiń xalıqaralıq birge islesiwine baslama salıp berdi.

«Ullı Jipek jolı – qarım-qatnaslar jolı» baǵdarlamasınıń birinshi basqıshında ekspediciyalar barısında, tiykarınan, materiallardı toplaw hám maǵlıwmatlardı qayta islew (1994-jılǵa shekem) isleri alıp barılǵan bolsa, ekinshi basqıshında Jipek jolınıń tariyxıy-mádeniy miyrasların izertlew hám saqlaw boyınsha YUNESKOnıń ayqın joybarların turmısqa engiziwge baǵdarlanǵan ámeliy jumıslar baslandı. Bul basqısh tiller, jazba derekler, arxeologiyalıq estelikler, Jipek jolınıń kárwan sarayların úyreniw boyınsha keń kólemli xızmetler menen kózge taslanadı. Ayırım kompleksli xalıqaralıq arxeologiyalıq ekspediciyalar shólkemlestrildi, esteliklerdi qorǵaw hám restavraciya etiw, ashıq aspan astında muzeyler dúziw, umıtılǵan ónermentshilikti (keramika, toqımashılıq, Samarqand qaǵazı h.b.) qayta tiklew boyınsha jumıslar baslandı. Jipek jolı ótken mámleketlerde tariyxıy-mádeniy turizmge, folklor toparların hám ansamblerdi rawajlandırıwǵa úlken itibar berile basladı[180].

Shıǵıstıń ayırım ellerinde (Hindstan, Qıtay, Ózbekstan, Shri-Lanka, Yaponiya) Ullı Jipek jolın úyreniw boyınsha arnawlı institutlar dúzilgen.

Ózbekstanda Samarqand qalasında BMSh hám YUNESKOnıń qararı boyınsha Oraylıq Aziyanı izertlew Xalıqaralıq institutına tiykar salınǵan. Onıń jumısınıń joybarlarınıń biri Ullı Jipek jolı qalaların hám baǵdarların úyreniwdi názerde tutadı. Ózbekstan alımlarınıń YUNESKO baǵdarlamasına juwap retinde «Ullı Jipek jolınıń Orta Aziya trassalarında tariyx hám mádeniyat ocherkleri» toplamı 1990-jılı jarıq kórdi.

[180] Кобзева О.П. Великий Шёлковый путь: анализ проблем изучения и перспектив возрождения. Автореферат диссертации на соискание ученой степени д.и.н. —Ташкент, 2010, с.28.

Oraylıq Aziyanı izertlew Xalıqaralıq institutı bul bağdarda belgili bir jumıslardı orınladı (xalıqaralıq arxeologiyalıq ekspediciyalar, ilimiy miynetlerdiń járiyalanıwı, konferenciyalardıń ótkeriliwi). Oraylıq Aziyanı izertlew Xalıqaralıq institutınıń Ustavınıń kóplegen statyaları tek ğana járiyalılıq sıpatqa iye. Házirgi waqıtqa shekem Oraylıq Aziyanıń Hújjetli Orayı dúzilmedi, Oraylıq Aziya aymağındağı tariyxıy hám mádeniy esteliklerdiń kompyuterlik bazaları joq. Keleshekte Jipek jolın úyreniwde birgelikte bağdarlardı islep shığıw boyınsha jumıslardı jetilistiriw zárúr[181].

«Ullı Jipek jolı» bağdarlamasınıń juwmaqlawshı konferenciyası 1997-jılı Parijde bolıp ótti. Sonday-aq, bul jerde Aziya xalıqlarınıń hár qıylı ásirlerdegi mádeniy jetiskenliklerin kórsetken kórgizbe bolıp ótti.

1993-jılı mayda Bryusselde Evropa komissiyası tárepinen Oraylıq Aziya hám Kavkaz, sonday-aq, Evropa awqamı mámleketleriniń wákilleriniń ushırasıwı shólkemlestirildi. Ushırasıwdan maqset Oraylıq Aziya hám Kavkazdağı jańa ğárezsiz mámleketlerdiń ekonomikasın dúnya júzilik ekonomikağa integraciyalaw máselesin qarap shığıw boldı. Bul másele birinshi gezekte transport hám kommunikaciya sistemasın rawajlandırıw menen baylanıslı boldı. Bryussel ushırasıwında Evropa—Kavkaz—Aziya transport koridorı — TRASEKAnı dúziw máselesi kórip shığıldı. Bul ushırasıw Ullı Jipek jolın qayta tiklewde birinshi ámeliy qádem boldı. Bunda Oraylıq Aziya Respublikaları, ekonomikalıq birge islesiw shólkemi (EKO) elleri arasında húkimetler aralıq shártnamağa qol qoyıldı. Bul shártnamağa sáykes Pekindi Stambul menen baylanıstıratuğın TransAziya magistralınıń bir bólimi bolğan Tedjen—Seraxs—Meshxed temir jol bağdarın qurıw ámelge asırıldı. Onıń ámelge asırılıwında áhmiyetli qádem 1996-jılı Seraxsta Oraylıq Aziya hám Iran temir jol magistrallarınıń qosılıwı boldı. Bul transport koridorınıń ashılıwı Ózbekstannıń Shığısta (9 Aziya-Tınısh okeanı úlkesi elleri), Batısta (Turkiya hám onnan arman qaray Evropağa) sırtqı sawda baylanıslarınıń ósiwine múmkinshilik beredi.

---

[181] Кобзева О.П. Великий Шёлковый путь: анализ проблем изучения и перспектив возрождения. Автореферат диссертации на соискание ученой степени д.и.н. —Ташкент, 2010, с.28.



1998-jılı 8-sentyabrde Azerbayjan paytaxtı Bakude Ullı Jipek jolın tiklewge bağıshlanğan xalıqaralıq konferenciya bolıp ótti. Konferenciyada dúnyanıń 32 eliniń wákilleri, sonday-aq, BMSh, Evropanı qayta tiklew hám rawajlandırıw banki, Jer júzilik bank wákilleri qatnastı. Baku konferenciyasında onıń qatnasıwshıları TRASEKA joybarın ámelge asırıw boyınsha Komissiyanı hám baslı orayı Baku bolğan turaqlı sekretariattı dúziw haqqında usınıstı qollap-quwatladı. Temir jol qurılısı menen birge Ózbekstan Qıtay hám Pakistanğa, sonday-aq, Buxara—Seraxs—Meshxed—Tegeranğa shığatuğın Andijan—Osh—Irkishtam—Qashğar avtomobil jolın qurıw hám rekonstrukciyalawğa qatnaspaqta.

Bul transkontinental magistrallardıń ómir súriwi Ullı Jipek jolı bağdarlarına sáykes keledi, Ózbekstannıń Oraylıq Aziya elleri menen sırtqı ekonomikalıq baylanıslarıń rawajlandırıwğa, Aziya-Tınısh okean úlkesindegi ellerge, Aziyada Hindstan hám Qıtayğa, Turkiyağa, sonday-aq, Evropa menen tranzit júklerdi tasıwdı keńeytiwge hám dúnyanıń kóplegen elleri menen turaqlı mádeniy hám turistlik qatnasıqlardı ornatıwğa múmkinshilik beredi.

«TRASEKA» bağdarın ámelge asırıw dúnya ellerin bir-birine jaqınlastırıw menen birge, dúnya elleri arasında ekonomikalıq hám mádeniy birlikti hám jer júzilik tınıshlıqtı támiyinlewge xızmet etedi.

XXI ásir basında Oraylıq Aziyağa siyasiy qızığıwshılıq kúsheymekte. Úlke energetikalıq hám basqa tábiyğiy baylıqlar menen támiyinlengen, óndiristiń joqarı pát penen rawajlanıwı hám eksport potencialınıń joqarılığı, demografiyalıq turaqlılığı izbe-iz ósip barmaqta. Sonlıqtan, Oraylıq Aziya úlkesi AQSh, Evropa Awqamı, Rossiya, Qıtay, Qubla Shığıs Aziya hám Islam dúnyasınıń itibarında bolıp, hár qıylı siyasiy mápler soqlığıspaqta. Bir tárepten Evropağa hám ekinshi tárepten Yaponiya hám Qubla Koreyağa barıp taqalatuğın Ullı Jipek jolı óziniń ekonomikalıq potencialına teń bolğan rawajlanıwdı támiyinleytuğın xalıqaralıq joybar esaplanadı. Ekspertlerdiń esaplawınsha, ulıwma ishki jalpı ónim bul mámleketlerde adam basına 20 mıń AQSh dolların quraydı. Batıs hám Shığıs arasında jaylasqan Ullı Jipek jolınıń oraylıq bólimin qurawshı bes Oraylıq Aziyanıń ğárezsiz mámleketleri hám Qubla Kavkaz xalqınıń turmıs dárejesi Qubla

Koreya, Yaponiya hám Evropa Awqamı mámleketleri turmıs dárejesinen derlik 10 ese tómen. Batıs hám Shıǵıstı baylanıstırıwshı transkontinental avtomobil jolınıń qayta tikleniwi keleshekte Oraylıq Aziya hám Qubla Kavkaz xalqı, Qubla Koreya, Yaponiya hám Evropa Awqamı mámleketleri xalıqlarınıń turmıs abadanlıǵı arasındaǵı parıqlardı joǵaltadı, xalıqaralıq sawda-satıq, mádeniy baylanıslar jáne de rawajlanadı, óz ara integraciyalıq teń salmaqtı támiyinleydi.

Ullı Jipek jolınıń qayta tikleniwi tek ǵana Oraylıq Aziya, Kavkaz elleri, Rossiya, Evropa Awqamı mámleketleri ushın ǵana emes, al dúnyanıń barlıq elleriniń máplerine juwap beredi. Sonlıqtan da, jer júzlik jámáátshilik tárepinen onıń tikleniwi hám rawajlanıwı ushın keń kólemli jumıslar ámelge asırılmaqta.

## ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ ULLÍ JIPEK JOLÍN TIKLEW BOYÍNSHA ILAJLARǴA QATNASÍWÍ

Dúnyanıń tórt tárepine alıp barıwshı jollarǵa iye bolıw tek Ózbekstannıń emes, bálki Oraylıq Aziya hám Kavkazdaǵı basqa mámleketlerdiń de tilegi. Bunıń ushın ata-babalarımızdan miyras qalǵan áyyemgi jollardı tiklew zárúr.

XXI ásir basında transport rawajlanǵan bir dáwirde alımlardıń hám dúnya jámáátiniń dıqqat-itibarın belgili bir zamanda itibardan shette qalǵan eski kárwan jollarǵa qaratıldı. Qánigeler qurǵaqlıqtan ótken «Ullı Jipek jolı»nıń teńiz jolına qaraǵanda ádewir artıqmashlıǵın kórsetpekte. Ózbekstan hám onıń qatarında basqa Oraylıq Aziya Respublikalarınıń ǵárezsiz mámleket sıpatında payda bolıwı áyyemgi «Jipek jolı»nıń qayta tikleniwi hám rawajlanıwında áhmiyetli waqıya boldı.

Ǵárezsiz respublikamız bul Jipek jolınıń áhmiyetli buwının quraydı. Áyyemgi waqıtları hám házir de Jipek jolın mádeniyatı rawajlanǵan Ferǵana oazisi, Tashkent alabı, Zarafshan hám Qubla Aral boylarısız kóz aldıńa keltiriw qıyın.

«Ullı Jipek jolı» búgin jáne bir márte tariyxıy áhmiyetin tappaqta. Tariyx haqıyqatında ullı muǵallim. Ol burınǵı jol haqqında XXI ásirdegi adamlarǵa sabaq bermekte. Bunnan xalıq ruwxıy hám ekonomikalıq azıq almaqta.



Ózbekstannıń ilimiy jámáátshiligi Ullı Jipek jolınıń tariyxıy-mádeniy áhmiyetin qayta tiklew boyınsha arnawlı baǵdarlamasın ámelge asırıwda keń túrde qatnaspaqta. Xalıqaralıq birge islesiw kóleminde ózbekstanlı alımlar hám izertlewshilerdiń Avstraliya, Germaniya, Iran, Italiya, Qazaqstan, Qıtay, Polsha, Rossiya, AQSh, Franciya, Chexiya, Yaponiya hám basqalar menen nátiyjeli birge islesiwiniń mısallarınan kóriwge boladı. Ásirese, xalıqaralıq birge islesiwdiń keleshegi bar baǵdarları – mádeniy óz ara baylanıslar, civilizaciyalar tariyxı, házirgi zaman tariyxı tarawındaǵı birliktegi izertlewler. Ásirese, watan tariyxı menen shuǵıllanıwshı qánigelerge yapon, francuz hám qubla Koreya alımları menen birge islesiwdiń keleshegi bar[182].

Yapon alımları menen ilimiy birge islesiw birliktegi ekspediciyalardı alıp barıwda hám Ózbekstannıń qubla úlkesindegi budda miyrasların (Fayaztóbe, Qaratóbe) qorǵaw boyınsha jumıslarda óziniń unamlı nátiyjelerin bermekte. Bul baǵdarda yapon alımları tárepinen ilimiy izertlewler, konferenciyalar shólkemlestrilmekte, monografiyalar baspada járiyalanbaqta. Bul baslamalardı qárejet penen támiyinlewde xalıqaralıq birge islesiw Yapon Agentligi (LSA) úlken járdem bermekte.

Ózbekstanlı hám francuz qánigeleriniń jumısları tiykarınan arxeologiyalıq baǵdarda (Afrasiabta, Kóktóbede, eski Termizdegi qazıwlar) jaqsı nátiyjelerin bermekte. Francuz alımları Ullı Jipek jolı boyındaǵı qala mádeniyatın, Ózbekstannıń áyyemgi tariyxın hám úlkedegi din tariyxın úyreniwde ádewir úleslerin qostı. Birge islesiwdiń jáne bir áhmiyetli baǵdarı Oraylıq Aziyanı izertlew boyınsha Francuz Institutı (IFEAC) tárepinen alıp barılıp atırǵan mashqalalardı úyreniw barısında pikirler almasıw, seminarlar, kollokviumlar hám konferenciyalarda ilimiy baǵdarlardı islep shıǵıw bolıp tabıladı. IFEAC eki mámlekettiń alımlarınıń birliktegi ilimiy jumısların jámlestiredi, shólkemlestiredi hám qárejet penen támiyinleydi.

Ózbekstan alımlarınıń Qubla Koreya alımları menen birge islesiwi úsh tiykarǵı baǵdarda ámelge asırılmaqta: ilimiy

182. Кобзева О.П. Великий Шёлковый путь: анализ проблем изучения и перспектив возрождения. Авторсферат диссертации на соискание ученой степени д.и.н. –Ташкент, 2010, с.28.

shólkemler menen birge islesiw, izertlew joybarları kóleminde birge islesiw, ilimiy kadrlardı tayarlaw tarawında birge islesiw.

Álbette, eki tárepleme birlikte jumıs islewdiń eń áhmiyetli waqıyası 2002-jılı Ózbekstan (ÓzR IA Tariyx institutı), Qazaqstan (Arxeologiya institutı) hám Qubla Koreya (Aziya rawajlanıw hám mádeniyat institutı) alımları tárepinen Oraylıq Aziya izertlew Xalıqaralıq Associaciyasınıń (IACAS) dúziliwi boldı. Bul Associaciya tárepinen turaqlı túrde shıǵatuǵın «Aziyanı úyreniw xalıqaralıq jurnalı» (IYAS) shólkemlestirildi. Sonıń menen birge, ńátiyjeli birge islesiwdi joqarılatıw ushın birliktegi ilimiy joybarlar, sonıń ishinde ekspediciyalar, baspa da jáer arıyalanǵan miynetler menen almasıw, óz ara stajirovkalar ámelge asırılmaqta.

XX ásirdiń aqırı XXI ásirdiń basında Ullı Jipek jolın úyreniwge hindstanlı qánigelerdiń qızıǵıwshılıǵı kúsheymekte. Sońǵı on jıllıqta járiyalanǵan jumıslar ishinde áyyemgi hám qayta tiklenip atırǵan Ullı Jipek jolı baǵdarında Sinczyan, Tibet, Orta Aziyada ekspediciyalar shólkemlestirilip, onıń juwmaǵında monografiya jazǵan Akida Baxshidı ayrıqsha atap ótiw kerek. Basqa hindstanlı alımlar da Hindstan hám Oraylıq Aziyanıń áyyemgi dáwirlerden baslap tariyxta, siyasatta, ekonomikada birge islesiwin ashıp beriwge arnalǵan fundamental miynetler dóretti. Olarda hindstanlı sawdagerlerdiń Oraylıq Aziya xalıqları menen, sonıń ishinde Ullı Jipek jolı boyınsha baylanıslardıń ornatılıwına múmkinshilik jaratıp beriwdegi roline úlken itibar beriledi. I.Gandi atındaǵı kórkem óner Milliy orayının professorı Radxa Banerji «Ullı Jipek jolınıń alımları, ilimi hám ilimiy resursların birlestiremiz» (Qıtay – Rossiya – Hindstan, 2006—2008-jj.) xalıqaralıq joybarının shólkemlestiriwshilerden biri boldı. Joybar kóleminde simpoziumlar ótkizildi hám Dunxuan kollekciyasın, Oraylıq Aziya hám Ullı Jipek jolı tariyxın izertlew boyınsha ilimiy miynetler járiyalandı. Professor Nirmalo Djoshi basshılıǵında «Hindstan hám Oraylıq Aziya» izertlewler qorı Ullı Jipek jolın jámlestiriw boyınsha úlken jumıslar alıp barmaqta.

Qıtay alımları menen de birge islesiw rawajlanbaqta. Qıtaylı alımlardıń izertlewleriniń aldıńǵı baǵdarları Ullı Jipek jolın úyreniwge baǵıshlanǵan bolıp, olar «Ózbekstannıń áyyemgi



qalalarınıń tariyxı hám mádeniyatı», «Min dinastiyasınıń Ámir Temur dinastiyası menen qarım-qatnasıqların izertlew», «Qıtaydaǵı sogdlardıń tariyxı», «Ózbekstannan shıqqanlardıń Qıtayda islam mádeniyatın tarqatıwda roli» Ullı Jipek jolınıń tariyxıy-mádeniy miyrasların saqlaw mashqalaları bolıp tabıladı. Pekinde Ózbekstan tariyxı hám mádeniyatı Orayı belsendilik penen jumıs alıp barmaqta.

Ullı Jipek jolı haqqında xabarlardı keń túrde tarqatıwda xalıqaralıq kompyuter tarmaǵı Internet áhmiyetli rol atqarmaqta. Ol Jipek jolın úyrenetuǵın akademiyalıq ilimiy hám bilimlendiriw mákemelerine, alımlarǵa elektron pochta arqalı, videokonferenciya járdeminde veb saytlar arqalı baylanıs ornatıw múmkinshiligin inam etpekte. Máselen, Internet global tarmaǵında xalıqaralıq «Dunxuan joybarı» ámelge asırılmaqta. Bul joybarǵa Ullı Jipek jolınıń belgili inglis izertlewshisi S. Vaytfild basshılıq etpekte[183].

Internet global tarmaǵında Ullı Jipek jolı haqqında xabarlardı 5 blokka bóliw múmkin: utilitar xabarlar, turistlik shólkemlerdiń xabarları, rásmiy shólkemlerdiń xabarları, ilimiy xabarlar, siyasiy xabarlar.

Búgingi kúni «Ullı Jipek jolı» túsinigi júdá siyasatlastırıp jiberilgen. Onıń tikleniwi, transport kommunikaciyalarınıń jolǵa qoyılıwı integraciya procesleri, hár qıylı siyasiy bloklar, máqsetler, tásirler menen baylanıstırıladı. Ullı Jipek jolınıń tiykarǵı atqaratuǵın xızmeti hár qıylı eller, xalıqlar, mádeniyatlardı birlestiriw bolıp tabıladı.

2002-jılı Tashkentte tiykar salınǵan «Virtual Ullı Jipek jolı» joybarı Evropa, Oraylıq Aziya, Kavkaz artı elleriniń ilimiy kompyuter oraylarının birlestirdi hám ol bul ellerdiń alımlarınıń integraciyasın keńeytiwge baǵdarlanǵan. Joybar kóleminde Ózbekstan alımları tárepinen UzSeiNet UzZiyoNet ilimiy hám bilimlendiriw tarmaqları islep shıǵıldı, ol xalıqaralıq xabar keńligine kiriw imkaniyatın támiyinleydi, sonday-aq, aralıqtan oqıwdı shólkemlestriw, joqarı sapalı multimediyalı oqıw baǵdarlamaların tarqatıw, Shıǵıs hám Batıs elleriniń ilim hám bilimin integraciyalaw múmkinshiligin usınıs etedi.

183. Кобзева О.П. Великий Шёлковый путь: анализ проблем изучения и перспектив возрождения. Автореферат диссертации на соискание ученой степени д.и.н. —Ташкент, 2010, с. 30.

XX ásir aqırında Ullı Jipek jolın tiklew jumısları is júzinde ámelge asırıla basladı. Evraziya kontinenti ellerin hám hár qıylı úlkelerdi baylanıstırıwǵa baǵdarlanǵan transport sistemaları qurıldı hám rekonstrukciya islendi.

1993-jılı may ayında Bryusselde Evropa komissiyası, Oraylıq Aziya hám Kavkaz mámleketleri, sonday-aq, Evropa Awqamı mámleketleri wákilleriniń ushırasıwı bolıp ótti. Onda kózde tutılǵan maqset, jańa ǵárezsiz mámleketler Oraylıq Aziya hám Kavkaz mámleketleriniń transport hám kommunikaciya sistemaların rawajlandırıw, Evropa hám Aziyanı bir-birine baylanıstıratuǵın, Evropa—Kavkaz—Aziya transport tarmaǵı —TRASEKAnı payda etiw haqqında kelisimge kelindi. Mine, usı xalıqaralıq abıraylı ushırasıw «Ullı Jipek jolın» tiklew boyınsha ámeliy qádem boldı.

TRASEKA joybarın ámelge asırıw teńiz, temir jollar hám avtomobil jolları júklerin kompleksli rawajlandırıwdı názerde tutadı. Házirgi waqıtqa shekem iske túsirilgen jollar tarmaǵınıń uzınlıǵı 130 mıń km ge jetti, al joybardı ámelge asırıwda 31 mámleket qatnaspaqta. Búgingi kúni Qıtay, Oraylıq Aziya, Qubla Kavkaz, Iran hám Turkiya temir jolları bir transport sistemasına aylanbaqta.

«Shıǵıs-Batıs» hám «Arqa-Qubla» koridorların qurıw jolı menen házirgi zaman tranzit Evraziya transport tarmaǵınıń qálipleskeni haqqında aytıwǵa boladı. Is júzinde Transsibir magistralı menen birge, oǵan qaraǵanda 2 mıń km qubla tárepten ótetuǵın transevraziya baǵdarı qurıldı. Transaziya magistralın (Pekin—Alma-ata—Tashkent—Tegeran—Stambul hám onnan arman qaray Evropaǵa) qurıw haqıyqatqa aylanbaqta. Avtomobil jolları, aeroportlar rekonstrukciya islenbekte, gaz ótkizgishler rekonstrukciya etilmekte hám ol álbette, ekonomikanıń rawajlanıwına hám Jipek jolı ellerinde sociallıq qarama-qarsılıqtıń tómenlewine qolaylı sharayatlar jaratıp beredi. Dúnyalıq teńiz jollarına qaray avtomobil hám temir jollar qurıw joybarların ámelge asırıw múmkinshiligi, teńiz terminallarına shıǵıw maqsetinde Oraylıq Aziyanıń transport kommunikaciyaların rawajlandırıw ekonomikalıq máseleden sheshiwshi geosiyasiy mashqalaǵa aylanbaqta. Bul mashqalanıń sheshiliwine tek



úlkemizdiń elleri ǵana emes, al is júzinde barlıq dúnyalıq mámleketler mápdar bolmaqta.

Mámleketimiz ǵárezsizlikke eriskenli berli shet el mámleketleri menen ekonomikalıq baylanıslardı keńeytiw hám rawajlandırıw ushın, sonday-aq, ishki úlkelerdiń jolların jaqsılaw zárúrligi sebepli transport kommunikaciyaları boyınsha úlken jumıslar ámelge asırılmaqta. Máselen, mámleketimizdi Pakistandaǵı Karachi portı menen avtomobil jolı arqalı baylanıstırıw, «Seraxs—Meshxed» temir jolınıń qurılıwı hám paydalanıwǵa beriliwi, «Qońırat—Beynew» avtomobil jolı qurılısı, «Tashkent—Andijan—Osh—Qashǵar» avtomobil jolınıń qurılısı, Poti—Baku—Turkmenbası—Ashxabad—Tashkent baǵdarıń ashılıwı solardıń ishine kiredi.

Ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarında Qazaqstan, Qırǵızstan hám Ózbekstan Respublikaları Rossiya hám basqa sırt ellerge shıǵatuǵın eń jaqsı hám ıqsham Qońırat—Beynew avtomobil jolın salıwǵa kelisip alǵan edi. San mıń baylıqlardıń kózi sanalǵan Ústirt keńisligin basıp ótip, atqaratuǵın xızmeti jaǵınan doslıq baylanıslardı bekkemlew menen bir qatarda bul jol ekonomikalıq jaqtan júdá paydalı. Qazaqstan Respubikasınıń shegarasına shekemgi 330 km jol Qaraqalpaqstanlı qurıwshılardıń payına tiydi[184].

Ústirt keńisligi arqalı ámelge asırılıp atırǵan «Ullı Jipek jolı» baǵdarınıń pitkeriliwi menen elimiz arqalı Orta Aziyanı Evropa menen baylanıstıratuǵın transport arteriyasına negiz salınadı. Bul elimizdiń siyasiy, social-ekonomikalıq hám mádeniy rawajlanıwına, shet eller menen baylanıslardıń kúsheyiwine keń múmkinshilikler jaratıp beredi.

Ǵárezsizlikke eriskennen keyin jer júzilik okeanǵa shıǵıwdı támiyinleytuǵın eń qısqa isenimli transport jolların dúziw maqsetinde transport baylanıslarınıń xalıqaralıq sistemasına ayrıqsha dıqqat bólinbekte.

Bunıń sebebi sonda, respublikanıń geografiyalıq jaylasıw jaǵdayına baylanıslı, birneshe on jıllıqlar dawamında biziń sırt eller menen ekonomikalıq baylanıslarımız tiykarınan temir jollar arqalı ámelge asırıldı. Júkler burıńǵı awqamnıń Qarateńiz, Baltik teńizi, sonday-aq, Yapon teńizi hám Arqa teńiz boylarındaǵı

184. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы 1997-жыл, 30-август.

portlar arqalı tasıldı. Bunday transport jolları menen júk tasıw qımbatqa túsip ǵana qoymastan, al túslik baǵdarda transport kommunikaciyaları is júzinde rawajlanbadı.

Burınǵı awqam tarqalıp ketkennen keyin sırtqı kommunikaciyalar mashqalası Ózbekstan ushın jáne de keskinlesti. Sebebi, endi teńiz portlarına shıǵıw ushın birneshe ellerdiń aymaǵı arqalı ótiwge tuwra kelmekte. Ózbekstan teńiz portlarınan eń uzaqta jaylasqan mámleket bolıp qaldı. Eń qısqa jol 3 mıń kilometrge jaqındı quraydı.

Jer júzilik tájiriybe tikkeley teńizge shıǵa almaytuǵın mámleket sırtqı ekonomikalıq baylanıslarda ádewir utqızatuǵının kórsetpekte. Bul Ózbekstan mısalında jáne bir márte tastıyıqlanbaqta.

Ózbekstan Respublikasınıń birinshi Prezidenti Islam Karimovtıń «Ózbekstan XXI ásir bosaǵasında» kitabında atap kórsetkenindey: «Biz sırtqı ekonomikalıq baylanıslarımızdı transport penen támiyinlew mashqalaların sheshe alatuǵın, jer júzilik okeanǵa shıǵıwdı támiyinleytuǵın alternativlik jollardı izlew menen baylanıslı máselelerdi belsene sheshiwge umtılmaqtamız. Usı maqsette Ózbekstan BMShnıń «Tranzit júk tasıwda birge islesiwdi rawajlandırıw arqalı sawdanı keńeytiw» baǵdarlamasın iske asırıwǵa qatnaspaqta. Bul baǵdarlama kóleminde Oraylıq Aziya mámleketleriniń tranzit transport aralıq jollar dúziw tarawında birlikte ámelge asırılatuǵın ilajlar islep shıǵılmaqta. Bul transport jolları olarǵa teńiz portlarına shıǵıwdı támiyinleydi hám áyyemgi sawda jolı - Ullı Jipek jolınıń tikleniwine járdem beredi»[185].

Oraylıq Aziya Respublikaları, Ekonomikalıq birge islesiw shólkemine (EKO) kiretuǵın basqa mámleketler arasında húkimetler aralıq shártnama dúzildi hám Tedjen—Seraxs—Meshxed temir jolın qurıw ámelge asırıla basladı. Bul temir jol Pekindi Stambul menen baylanıstıratuǵın Transaziya magistralınıń quramlıq bólegi bolıp esaplanadı.

Bul transport jolı arqalı hárekettiń baslanıwı Ózbekstannıń Shıǵısta Aziya—Tınısh okeanı regionındaǵı mámleketler menen hám Batısta Turkiya hám ol arqalı Evropa menen sırtqı sawda

---

[185] Каримов И.А. «Өзбекстан XXI әсир босағасында». —Т.,1997, 268-б.



baylanıslarınıń qosımsha pát alıp kúsheyiwine túrtki boladı. Usınıń menen birge, júk tasıw uzaqlıǵı hár eki baǵdarda da eki eseden artıq qısqaradı.

«TASIS» baǵdarlaması kóleminde Evropa Awqamınıń texnikalıq járdemin ámelge asırıw arqalı «TRASEKA» joybarın júzege shıǵarıw Ózbekstandı kommunikaciya hám transport penen támiyinlewdegi qıyınshılıqlardı saplastırıwda keleshegi júdá úlken áhmiyetke iye. Bul joybar Oraylıq Aziya mámleketlerin, Azerbayjan, Gruziya aymaǵı arqalı Qarateńiz portlarına alıp baratuǵın Transkavkaz magistralın qáliplestiriwdi názerde tutadı.

Ózbekstan temir jollar qurılısında qatnasıw menen birge Qıtay hám Pakistanǵa alıp baratuǵın Andijan—Osh—Irkishtam—Qashǵar, sonday-aq, Buxara—Seraxs—Meshxed—Tegeran hám Termiz—Xirat—Kandagar—Karachi avtomobil jolların qurıw hám qayta islewde úles qosıp qatnasıwǵa da mápdar bolıp tabıladı. Bul jollar Hind okeanına shıǵıwımızǵa múmkinshilik beredi. Usı transport jollarınan paydalanıw EKO mámleketlerine alıp baratuǵın joldı úsh mártebe qısqartadı.

Usı kontinentler aralıq magistrallardı qáliplestiriw hám olardıń texnikalıq jaǵdayın bekkemlew menen Ózbekstan hám Oraylıq Aziya mámleketleriniń sırtqı ekonomikalıq baylanısların ámelge asırıw ushın qolaylı múmkinshilikler dúziledi. Aziya—Tınısh okeanı regionındaǵı mámleketlerden, Hindstan hám Qıtaydan Jaqın Aziya ellerine, Turkiyaǵa, sonday-aq, Evropa mámleketlerine júk hám jolawshı tasıwdı keńeytiw ushın qolaylı sharayatlar jaratıladı. Bunnan tısqarı, ámeliy Ullı Jipek jolınıń baǵdarlarına sáykes keletuǵın bul kommunikaciyalar arqalı dúnyanıń kóplegen mámleketleri menen turaqlı túrde mádeniy, sayaxat hám iskerlik qatnasıqların ornatıwǵa boladı. Tiykarında, bunıń menen ǴMDA hám Oraylıq Aziya regionı mámleketleri ushın jer júzilik bazarǵa alıp shıǵatuǵın «Túslik jol», Túslik, Túslik—Shıǵıs Aziya hám Jaqın Aziya mámleketleri ushın Oraylıq Aziya bazarına alıp baratuǵın «Arqa jol» ashıladı.

Ózbekstan «Ullı Jipek jolında turizm» joybarınıń watanı bolıp tabıladı. 1994-jıldan baslap bul joybarǵa 20 el qosıldı.

Ullı Jipek jolın qayta tiklew joybarı kóleminde xalıqaralıq turizmdi rawajlandırıwǵa úlken áhmiyet berilmekte. Evraziyanıń

basqa mámleketleri sıyaqlı, Ózbekstan Ullı Jipek jolında turizmdi rawajlandırıwdı hár tárepleme qollap-quwatlamaqta. Ózbekstan Dúnya júzilik turistlik shólkemge aǵza boldı. «Ózbekturizm» Milliy Kompaniyası dúzildi. Respublikada xalıqaralıq turistlik yarmarkalar hám turistlik forumlar turaqlı túrde ótkerilip, olarda Ullı Jipek jolında turizmdi rawajlandırıw haqqında Xiywa («Turizm hám mádeniy miyraslardı qorǵaw», 1991-j.), Samarqand («Ullı Jipek jolı baǵdarları», 1994-j.), Tashkent («Dúnya mádeniyatı hám YUNESKO mámleketlerinde oǵan aǵza shólkemlerdiń xızmetleri», 1998-j.), Buxara («Ullı Jipek jolı boyınsha turizm», 2002-j.) Deklaraciyaları qabıl etildi.

2004-jılı Samarqandta Dúnya júzilik turistlik shólkeminiń ofisi ashılıp, onda Ullı Jipek jollı ellerinde jaylasqan turistlik obyektlerdiń elektron kartotekası dúzildi. YUNESKO hám Ózbekstannıń birgeliktegi eń dáslepki baǵdarlamalarınıń biri «Ullı Jipek jolın qayta tiklew: mádeniy miyraslardı qorǵaw hám mádeniy turizmdi rawajlandırıw» boldı. YUNESKOnıń hám onıń Ózbekstandaǵı wákilleri M.Barri Leyn hám A. Paolinidiń qollap-quwatlawları menen respublikadaǵı kóplegen estelikler Dúnya júzilik miyraslar dizimine kirgizildi, olar restavraciya etildi. YUNESKO Ózbekstannıń úlkeleri menen qalalarınan Xorezm (Xorezmniń altın aylanbası), Shaxrisabz hám basqalardı jer júzilik turistlik bazarǵa alıp shıǵıwda bárqulla járdem berip kelmekte.

Ullı Jipek jolında turizmdi rawajlandırıw kewil awdararlıq orınlardı qorǵawda, tariyxıy arxitekturalıq esteliklerdi rekonstrukciya etiwde, ekologiyalıq jaǵdaydı jaqsılawda járdem beriwi tiyis. Ullı Jipek jolında turistlik aymaqlardıń qáliplesiwi transporttıń, miymanxana kompleksiniń rawajlanıwına, soǵan sáykes infrastrukturanıń payda bolıwına dástúriy milliy buyımlardı islep shıǵaratuǵın ónermentshilik kárxanalarınıń qurılıwına hám ol aqır-aqıbetinde xalıqtıń jumıs penen bántligin jaqsılawǵa, jergilikli byudjettiń tolıqtırılıwına hám ekonomikanıń rawajlanıwına alıp keledi.

Ózbekstan Respublikası aymaǵında 4 mıń tariyxıy hám mádeniy estelikler, turistlik industriyanıń 560 subyektleri, suvenirler tayarlaw boyınsha 500 kárxanalar bar. 2019-jılı Ózbekstanǵa



6,7 mıń shet el turistleri keldi. Respublikamız turistlik obyektlerdiń sanı boyınsha dúnyada toǵızınshı orındı iyeleydi.

Solay etip, keń kólemde xalıqaralıq sawdanı hám xızmetti jolǵa qoyıw, transport koridorlarınıń qurılısı hám onı modernizaciya etiw, turistlik infradúzilmelerdi rawajlandırıwdı jolǵa qoyıw ushın júdá úlken tiykar bar. Bul ushın investiciyanı jedel túrde alıp keliw, xalıqaralıq turizm boyınsha ashıq ekonomikalıq zonalardı payda etiw, Ullı Jipek jolı boyınsha Aziya hám Evropa úlkelerin ekonomikalıq, mádeniy hám ilimiy birge islesiwge belsendilik penen tartıw zárúr.

## JUWMAQLAW

Jámiyettiń rawajlanıwınıń eń zárúrli shártleriniń biri xalıqlar hám civilizaciyalar arasında jeterli xabarlardı almasıw bolıp esaplanadı. Mádeniyattıń jetiskenlikleri xalıqlar arasında sawda, jawlap alıw, kóship-qonıslandırıw arqalı tarqaǵan. Nátiyjede tariyxıy rawajlanıwda jańa ózgerisler jańa mazmunǵa iye boladı, jańa formalar rawajlanadı.

Bul proceste kárwan jollar, sonıń ishinde áyyemgi hám orta ásirlerde Qıtay, Hindstan, Orta Aziya, Orta hám Jaqın Shıǵıs, Jer Orta teńizlerin baylanıstırǵan Ullı Jipek jolı ayrıqsha rol atqarǵan.

Ullı Jipek jolı eramızdıń baslarında payda bolıp, 20 ásir dawamında Shıǵıs hám Batıstı baylanıstırdı, kárwan jollar boylap siyasiy, sawda, mádeniy qatnasıqlardı rawajlandırdı. Grek jılnamashısı Gerodot Azov teńiziniń shıǵıs jaǵalawınan Baqtriya, Xorezm hám onnan arman qaray Shıǵısqa Qıtayǵa barǵan sawda jolın esletip ótedi. Ásirese, Oraylıq Aziya aymaǵı keń tarmaqlı kárwan jollardan ibarat boldı. Bul úlkeni onlaǵın kárwan jolı baǵdarları kesip ótti. Mıńlaǵın jıllar dawamında áhmiyetli etnikalıq procesler, mádeniyatlardıń óz ara almasıwı bolıp ótti, keń kólemli sawda isleri alıp barıldı, diplomatiyalıq kelisimler hám áskeriy awqamlar dúzildi. Bul úlkeniń xalıqları ájayıp ilim jetiskenliklerin, kórkem óner hám mádeniyatqa tiyisli shıǵarmalar hám ónermentshilik buyımların tarqatıwda úlken orın iyeleydi. Oraylıq Aziya xalıqları civilizaciyası áyyemgi dáwirlerden baslap qıtay, hind, arab, grek civilizaciyaları menen qońsılas bolǵan. Bul jerde derlik barlıq jer júzilik dinler rawajlanǵan.

Jipek jolınıń baslı artıqmashılıqlarınıń biri oǵan kárwan jolınıń boyında jaylasqan barlıq eller mápdar boldı. Ol mámleketler arasındaǵı ekonomikalıq, siyasiy hám mádeniy qatnasıqlardı rawajlandırdı. Usı kózqarastan qaraǵanda ol xalıqlardı jaqınlastırdı



hám mádeniyatlar almasıwında tariyxıy missiyanı orınladı. Hárbir mámleket kárwan jollar onıń aymaǵınan ótiwinen mápdar boldı. Ullı Jipek jolı áskeriy-strategiyalıq áhmiyetke iye boldı.

Adamzat tariyxında úlken iz qaldırǵan Ullı Jipek jolı óz xızmeti dawamında birneshe tariyxıy basqıshlardı basıp ótken.

B.e.sh. II hám eramızdıń IV ásirlerinde Ullı Jipek jolınıń dáslepki baǵdarları qáliplesti. Máselen, Qıtay hám Orta Aziya arasındaǵı turaqlı ekonomikalıq-mádeniy baylanıslarǵa xızmet etiwshi tiykarǵı jollardıń qubla hám oraylıq tarmaqları ózlestirildi.

Erte orta ásirler (V–VIII ásirler) dáwirinde Ullı Jipek jolınıń tarmaqları jáne de keńeydi. Máselen, Oraylıq Aziya aymaǵında júz bergen sociallıq-siyasiy ózgerisler nátiyjesinde Ullı Jipek jolınıń arqa tarmaǵı xızmeti baslandı. Ullı Jipek jolı boylap pochta xızmeti jolǵa qoyıldı.

IX – XIII ásir baslarında Ullı Jipek jolınıń tiykarǵı tarmaqları xızmeti jáne de rawajlandı. Qashǵardan Baǵdadqa shekem bolǵan kárwan jolında xızmet kórsetiw sisteması jáne de jetilisti, jol boyında kóplegen qurılıslar qurıldı, sawda-satıq penen baylanıslı bolǵan infradúzilmeler payda boldı. Xalıqaralıq sawda baylanıslarında chek penen sawda etiw tártipleri engizildi.

XIII – XIV ásirdiń birinshi yarımında Shıńǵısxan hám onıń miyrasxorları dáwirinde Ullı Jipek jolınıń xızmeti daǵdarısqa ushıradı. Sawda jolları, tiykarınan, áskeriy-siyasiy maqsetlerde paydalanıldı. Usınıń menen baylanıslı kárwan jollarında arnawlı bándirgiler – yomlar qurıldı. Ullı Jipek jolınıń arqa tarmaǵınıń áhmiyeti arttı.

Ámir Temur hám temuriyler dáwiri Ullı Jipek jolı xızmetiniń sońǵı hám rawajlanǵan basqıshı boldı. Sawda jollarında qáwipsizliktiń támiyinleniwi, sawda-satıqtıń mámleket tárepinen qollap-quwatlanıwı, qalalardıń sawda orayları sıpatındaǵı áhmiyetiniń artıwı ishki hám sırtqı ekonomikalıq-mádeniy baylanıslardıń rawajlanıwına alıp keldi. Xalıqaralıq baylanıslardıń jańa baǵdarları qáliplesti hám rawajlandı. Ullı Jipek jolınıń mámleketimizdiń aymaǵı arqalı ótken oraylıq baǵdarları xızmeti rawajlandı.

Ullı Jipek jolı adamzattıń tariyxıy turmıs procesinde mádeniyattan-mádeniyatqa hám basqıshtan-basqıshqa ótkenliginiń

ayqın mısalı bolıp esaplanadı. Jipek jolı xalıqlar tariyxınıń ózgeshe kitabı bolıp, ol xalıqlardıń sawda hám mádeniy jaqtan birge isleskenligin kórsetedi.

Ullı Jipek jolınıń úsh mıń jıllıq tariyxı danalıq kitabı bolıp, ol adamzat sawda mádeniy jaqtan birge islesken jağdayda ğana adamzattıń jasaytuğınlığın, jaqsılıqtıń jamanlıq ústinen jeńiske erisetuğınınan gúwalıq beredi.

Ullı Jipek jolı Aziya hám Evropa xalıqlarınıń turmısında ekonomikalıq hám siyasiy jaqtan úlken áhmiyetke iye boldı. Ol Shığıs hám Batıs arasında ózine tán kópir wazıypasın atqarıp, sonıń nátiyjesinde xalıqlardıń sawda hám mádeniy baylanısları hám bir-birin bayıtıw bolıp ótti. Bul sonı dálilleydi, xalıqlar arasında qarım-qatnasıqtıń eń jaqsı usılı sawda, mádeniyat hám ilim jolı bolıp esaplanadı. Sonlıqtan da, házirgi dáwirde XXI ásirdiń basında Ullı Jipek jolı dástúrlerin tiklew procesi aktual máselelerdiń birine aylandı. Ayrıqsha atap ótiw zárúr, biziń respublikamız bul procestiń ámelge asıwında áhmiyetli qádemler islemekte, Ózbekstan BMShnıń «Birge islesiwdi rawajlandırıw arqalı sawdanı keńeytiw» bağdarlamasın ámelge asırıwda qatnaspaqta. Sonday-aq, teńiz portlarına shığıwdı támiyinleytuğın hám Ullı Jipek jolın tiklewge múmkinshilik beretuğın transport koridorların dúziw máselesi ortağa qoyılmaqta.

Ullı Jipek jolı kóplegen ásirler dawamında hár qıylı xalıqlardıń jaqınlasıwına, ideyalar hám bilimler almasıwına, tiller hám mádeniyatlardıń bir-birin bayıtıwına xızmet etti. Álbette, sol alıs dáwirlerde siyasiy jánjeller bolıp turdı, urıslar kelip shıqtı, biraq Ullı Jipek jolı bárqulla qayta tiklendi. Birge islesiwge hám joqarı abadan turmısqa umtılıw siyasiy hám diniy qarama-qarsılıqlardan bárqulla joqarı turdı. Sonlıqtan, keleshektegi xalıqlardıń óz ara qarım-qatnasıqları hám birge islesiw modelin dúzgende bul isenimli mısaldı paydalanıw zárúr. Ullı Jipek jolınıń tariyxı — bul Shığıs hám Batıs xalıqları arasında keń túrde mádeniy almasıwlar hám paydalı qarım-qatnasıqlardıń tariyxı. Ol tek tığız birge islesiw hám mádeniy baylanıslar tınıshlıqtıń hám pútkil adamzattıń keleshek rawajlanıwınıń tiykarı bolıp tabıladı.

Búgingi kúni xalıqaralıq múnásibetlerde Ullı Jipek jolınıń áhmiyeti kem-kemnen artıp barmaqta. Ol óziniń tariyxıy, sonıń



menen birge zamanagóy transkommunikaciya baylanıslar sistemasındağı áhmiyeti jağınan da bir qansha mámleketlerdiń itibarın ózine tartpaqta. Onıń ústine dúnya mámleketleri sırtqı siyasatında Ullı Jipek jolın qayta tiklew máselesine, ásirese, onıń boyında jaylasqan mámleketler menen baylanıslardı rawajlandırıwğa ayrıqsha itibar berilmekte. Bul tárepten Qıtay Xalıq Respublikasınıń tariyxıy Ullı Jipek jolı hám onıń boyında jaylasqan mámleketler menen birge islesiwge urınıwı úlken áhmiyetke iye. Házirgi waqıtları Qıtay Ullı Jipek jolın qayta tiklew boyınsha bir qansha joybarlar islep shığılğan. Qıtay tárepinen «Bir mákan, bir jol» baslaması usınıs etilip, onı Ózbekstan hám basqa kóplegen mámleketler qollap-quwatlamaqta.

## Ádebiyatlar


1. Ўзбекистон Республикаси Президентиниг 2017 йил 7 февралдаги «Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича харакатлар стратегияси тўғрисида»ги ПФ-4947-сонли Фармони // Ўзбекистон Республикаси конун хужжатлари тўплами, 2017 й., 6-сон.

2. Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. —Тошкент, «Ўзбекистон» НМИУ, 2017.

3. Мирзиёев Ш.М. Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш юрт тараккиёти ва халк фаровонлигининг гарови. «Ўзбекистон» НМИУ, 2017.

4. Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халкимиз билан бирга курамиз. «Ўзбекистон» НМИУ, 2017.

5. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги «Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича харакатлар стратегияси тўғрисида» ги ПФ-4947-сонли Фармони. Ўзбекистон Республикаси конун хужжатлари тўплами, 2017 й., 6-сон, 70-модда.

6. Мирзиёев Ш. М. Танкидий тахлил, катъий тартиб-интизом ва шахсий жавобгорлик — хар бир рахбар фаолиятининг кундалик коидаси бўлиши керак. —Т., «Ўзбекистон», 2017.

7. Мирзиёев Ш. М. Нияти улуғ халкнинг иши хам улуғ, хаёти ёруғ ва келажаги фаровон бўлади. —Т., «Ўзбекистон», 2019.

8. Абу Райҳон Беруний. Қадимги халклардан колган ёдгорликлар. —Т., 1968, 1 том.

9. Агзамова Г.А. Савдо йўллари. // Темур ва Улуғбек даври тарихи. —Т., 1996.

10. Адылов Ш.Т. Историческая топография одной из средневековых дорог по направлению Бухара-Хорезм. Археология и история Центральной Азии. К 70 летию со дня рождения академика Академии наук Республики Узбекистан Юрия Федоровича Бурякова. —Самарканд, 2004.





11. Бартольд В.В. Туркестан в эпоху монгольского нашествия. Соч. в девяти томах. М., Изд-во восточной литературы, 1963

12. Бердимурадов А., Индиаминова Ш. Буюк Ипак йўли (китъалар ва асрлар оша). —Т., «Ўзбекистон», 2017.

13. Бичурин Н.Я. Собрание сведений о народах, обитавших в Средней Азии в древние времена. Алма-ата, 1998.

14. Буряков Ю, Грицина А. Мавераннахр на Великом Шёлковом пути. Самарканд-Бишкек, 2006.

15. Буюк Ипак йўлининг ўтмиши ва хозирги куни:/ Ривожланишининг ижтимоий-маданий, тарихий, сиёсий ва иктисодий йўналишлари. Халкаро илмий-амалий конференция материаллари тўплами. —Т., 2013.

16. Вактурская Н, Вишневская О. «Памятники Хорезма эпохи великих хорезмшахов, XII—XIII вв»// МХЭ вып.1.М, 1959.

17. Гумилев Л. Древние тюрки. Санкт-Петербург, 2003.

18. Ғуломов Я.Ғ. Хоразмнинг суғорилиш тарихи. Т. 1959.

19. Иброхимов Н. Ибн Баттута ва унинг Ўрта Осиёга сайёхати. Т. 1993.

20. Итина М.И, Археологические памятники на древних торговых путях вдоль берегов Амударьи. Древности Южного Хорезма. ТХАТЭ. М., 1991.

21. Жабборов И. Буюк Хоразмшохлар давлати. Т. 1999.

22. Есбергенов Х., Ягодин В.Н. Некоторые итоги изучения мазара Шамун-Наби //Вестник ККООФАНУзССР.1966,№ 4.

23. Камаладдинов Ш.С. «Китаб ал-Ансаб» Абу Саида Абдулкарима ибн Мухаммада ас-Самани как источник по истории и культуры Средней Азии. —Ташкент, «Фан», 1993.

24. Камалов С.К. Каракалпаки в XVIII—XIX веках. Т.,1968.

25. Кнорозов Ю. Мазар Шамун-Наби // СЭ, 1949,№2.

26. Кобзева О.П. Великий Шёлковый путь: история и современность. —Т., «Фан», 2005.

27. Кобзева О.П. Великий Шёлковый путь: Анализ проблем изучения и перспектив возрождения. Автореферат диссертации на соискание ученой степени доктора исторических наук. —Т.: 2010.

28. Кдырниязов М.Ш. Культурные связи средневековых городов Хорезма. // Археология Приаралья. —Т., 1984. - Вып. 2..

29. Кдырниязов М-Ш., Материальная культура городов Хорезма в XIII—XIV веках. Н. 1989.
30. Кдырниязов. М-Ш., Р. Бауетдинов. Торговые связи средневекового Миздахкана. Археология Приаралья. Вып VI. -Н. 2003.
31. Кдырниязов М-Ш. Р. Бауетдинов. Средневековый Миздахкан. Самарканд. 2010.
32. Лоховиц.В.А. Караван-сарай Верхнего Хорезма. Этнография и археология Средней Азии. М,1979.
33. Лунина С.Б. Города Южного Согда в VIII—XII вв. —Т.; «Фан», 1984.
34. Мавлонов Ў. Марказий Осиёнинг кадимги йуллари. — Тошкент, 2006.
35. Мавлонов Ў, Махкамова Д. Маданий алокалар савдо йўллари. Т., 2004.
36. Манылов Ю.П., Юсупов Н. Караван-сарай Центрального Устюрта. //Археология Приаралья. Т.,1982. - Вып. 1.
37. Мамбетуллаев.М., Сайпанов.Б., Кдырниязов М-Ш., Хожаниязов Г. Исследования в Хорезмской области // Археологические открытия 1978.М, 1979.
38. Мамбетуллаев М. Хорезм и Великий Шёлковый путь. // Великий Шёлковый путь Культура и традиции. Прошлое и настоящее: Материалы международной научно-теоретической конференции. Т., 2006.
39. Массон М.Е. Средневековые торговые пути из Мерва в Хорезм и в Мавераннахр (в пределах Туркменской ССР). Труды ЮТАКЕ. Т. XIII. Ашхабад, 1966.
40. На Среднеазиатских трассах Великого Шёлкового пути. Очерки истории и культуры. Т., 1990.
41. Никитин А.Б. Христианство в Центральной Азии (древность и средневековье). // Восточный Туркестан и Средняя Азия. История. Культура. Связи. —М.: 1984.
42. Пьянков И.В. Бактрийский гриф в античной литературе. Сб. История и культура народов Средней Азии (древность и средние века). М., Наука, 1976
43. Ртвеладзе Э.В. Великий Шёлковый путь. —Ташкент, 1999.
44. Ртвеладзе Э.В. Цивилизация, государства, культуры Центральной Азии. Т., 2005.



45. Сагдуллаев А. Қадимги Ўзбекистон илк ёзма манбаларда. Т., 1996.
46. Сагдуллаев А. Қадимги Ўрта Осиё тарихи. —Т., 2004.
47. Толстов С.П. Древний Хорезм. Опыт историко-археологического исследования. —М., 1948.
48. Толстов С.П. По древним дельтам Окса и Яксарта.М.1962
49. Хўжаев А. Буюк Ипак йўли: муносабатлар ва тақдирлар. —Т., 2007.
50. Хўжаев А. Яйлов йўли. Ўз. М.Э. Ташкент, 2005. 10 жилд.
51. Хожаниязов Г., Юсупов Н., Кдырниязов М-Ш., Төребеков М., Авизова А, Сайпанов Б., Богдасарова Н. Археологические исследования в некрополе Миздахкана. Вестник ККФАН УзССР, № 3,1989.
52. Хожаниязов Г., Хакимниязов.Ж. Караванные пути северной периферии Хорезма. Новые исследования. Вестник КГУ Нукус 2008.№ 1.
53. Яголин В.Н. Новые данные к проблеме историко-культурных связей Индии и Хорезма в древности и раннем средневековье.//Индия и Центральная Азия (до исламский период) – Ташкент, 2002.

BERDAQ ATÍNDAĞÍ
QARAQALPAQ
MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI
MÁLIMLEME RESURS
590654 ORAYÍ

## MAZMUNÍ


Kirisiw ........ 3
Ullı Jipek jolın ilimiy úyreniw tariyxı ........ 5
Oraylıq Aziya aymaǵında áyyemgi tranzit jollardıń qáliplesiwi ........ 12
Ullı Jipek jolınıń qáliplesiwi hám onıń baǵdarları ........ 25
Áyyemgi jollardıń jipek gezleme sawdasındaǵı áhmiyeti ........ 30
Ullı Jipek jolınıń at sawdasındaǵı áhmiyeti ........ 35
Ullı Jipek jolınıń chay sawdasındaǵı áhmiyeti ........ 39
Ullı Jipek jolınınıń shiyshe sawdasındaǵı áhmiyeti ........ 47
Erte orta ásirlerdegi Oraylıq Aziyanıń sawda jolları ........ 49
IX—XIII ásir baslarındaǵı Oraylıq Aziyanıń sawda jolları ........ 61
Ullı Jipek jolı Shaǵatay ulısı dáwirinde ........ 77
Ullı Jipek jolı Ámir Temur dáwirinde ........ 83
Ullı Jipek jolı temuriyler dáwirinde ........ 94
Ullı Jipek jolı hám dinler ........ 99
Ullı Jipek jolı hám Qubla Aral boyları ........ 108
Ullı Jipek jolın tiklew boyınsha xalıqaralıq birge islesiwler ........ 117
Ózbekstan Respublikasınıń Ullı Jipek jolın tiklew boyınsha ilajlarǵa qatnasıwı ........ 124
Juwmaqlaw ........ 134
Ádebiyatlar ........ 138



M. SEYTIMBETOV, S. SAYMANOV.


# ULLÍ JIPEK JOLÍ HÁM ONÍŃ ADAMZAT TARIYXÍNDA TUTQAN ORNÍ

*(oqıw qollanba)*


*Qaraqalpaq tilinde*
*«Qaraqalpaqstan» baspası*
*Nókis — 2020*

Redaktor *B. Zivarova*
Tex. redaktor *A. Xojamuratov*
Operator *S. Qurbaniyazova*

Original-maketten basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 18.09.2020.
Qaǵaz formatı 60x84$^1/_{16}$. Ofset usılında basıldı. Garniturası —
«Shkolnaya KRKP». Kólemi 9 b/t., 8,37 shártli b/t.,
7,46 esap b/t. Jámi 70 nusqada. Bahası shártnama boyınsha.
Buyırtpa №40.

Al №114 Licenziyası.

«Qaraqalpaqstan» baspası: 230100,
Nókis qalası, Islam Karimov gúzarı, 109-jay

«Qaraqalpaqstan» baspasında basıldı.